# Ирæф

I

2000





# Ирæф

АЙЙЕВАДОН ЛИТЕРАТУРОН
ÆМА
ÆХСÆНАДОН ПОЛИТИКОН
ЖУРНАЛ

1
2000

ЦÆГÆТ ИРИСТОНИ ФИНСГУТИ
ЖУРНАЛ. АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТГИ
г. ДЗÆУÆГИГЪÆУ
ЕЖЕКВАРТАЛЬНЫЙ ЖУРНАЛ
СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ АЛАНИИ
г. ВЛАДИКАВКАЗ

**ИРÆФ**
**№ 1 2000**

**Цæгат Иристони-Аланти Финсгути**
**Цæдеси журнал.**

Журнал цæун райдæдта 1991 анзи

**Ираф**
**№ 1 2000**

**Ежеквартальный журнал Союза писателей**
**Северной Осетии-Алании.**

Журнал издается с1991 года

**Учредители: СП РСО-Алания, коллектив редакции.**

**Сæйраг редактор:**
**МАЛИТИ ВАСО**

**Редколлеги:**
**ДЖИККАЙТИ ШАМИЛ**
**КОЛИТИ ВИТАЛИ (бæрнон секретарь)**
**СКЪОДТАТИ ЭЛЬБРУС**
**ТЕМИРАТИ ДАУИТ**
**ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ**
**ХÆМИЦАТИ ТАМАРÆ**

Сдано в набор 5.01. 2000г. Подписано в печать 24.02.2000 г. Формат бумаги 60х84/16. Бумага офсетная. Печать офсетная. Усл. печ. л. 16,0425. Заказ №2050. Тираж 600. Цена свободная. 362040 РСО-Алания, г. Владикавказ, пр.Мира, 25

ГПП "Рухс"
362015 РСО-Алания, г. Владикавказ, пр. Коста,11

**© Ираф, 1, 2000 г.**

## ПОЭЗИ ÆМА ПРОЗÆ

**Скъодтати Эльбрус**

# НУРИККОН КАДÆНГÆ

## Цубур раздзурд



*Кадæнгæ "Рæстæг æма Дуйне" ниффинстон, ЦК ХМИ арæзтадон факультети студент уогæй, 21 анзей разæй, фал ибæл, кай зонуй, ицарддæр дæр косун гъæудзæнæй, уомæн, æма си дзурд цæбæл цæуй, еци æносон темитæбæл гъудитæ æййевгæ цæунцæ — бæрæг арæнтæ æма бæлвурд фæткитæ кæмæн нæййес, еци "рæстæг æма дуйней" арæзтбæл, уæдта, уони медæгæ цæрæг адæймагбæл...*

## РÆСТÆГ ÆМА ДУЙНЕ

### I

Рæстæг мæйдармæ æ рохс бæнттæ
Соруй, —
ледзæн мах сæ фæдбæл.
Туххæй баййафæн сæ кæрæнгтæ
'Ма изæрмелтæй тунд гæппæл
Къохти райзайуй, —
цардамæндтæй
Цума раскъунæн егъау хъуæл, —
Фæууæн нæ карзи уотæ 'нгъæл,
Уæдта 'ркæлунцæ нæ байуæнттæ...

Цард фæуурамæн тухрæуæнттæй,
Фал е бафтауй æ цудбæл.
Бæнттæ райзол унцæ æд сæнттæ,
Ходгæй не 'дзæллаг, нæ кудтбæл.

Зелгæй уайунцæ анзафæнттæ,
Кинау æсхъеугæ, усмæгай.
Хауæн се 'рагъæй къахкъуæрæнти,
Фæууæн се 'ндавдæй æнæхай.

Фардæг ниуунцæ уæд сæхуæдтæ,
(Æнзти цæмæн гъæуй нæ сæр?!)
Æрдзæ фесафуй догъи нæдгæ
Гъæдæн æ тарфи кæмидæр.

Ма егар куйтау æвзаггæлстæй,
Стæргæй рæстæги скъуд думæг,
Рауæн цауæни нæуæг нæхстæр, —
Уайтагъд ку 'рбастуй гъизт зумæг.

Нивæ рандæ уй изолгæнгæ,
Уæдта фесæфуй æ кой дæр.
Сахæй байзайæн, нæхе дæнгæ,
Маст дæр хуæруй нæ, фæсмон дæр.

II

Лæгæн æ раст æма æ мæнгæ
Уæллæй Хуцауæй лæвæрд æй:
Кæмæн — æ зæрдæ арви уæнгæ 'й,
Кæмæн — е скъелти æвæрд æй.

Кадæр æ неттæ нæ лæдæруй,
Æ уни нисан — æбæрæг!
Карнæ 'й æ сонти кумæ тæруй,
Уоми фенгъæлуй дзæгæрæг.

Фæууй арази æ уавæрæй, —
(Уогæ ций амонд? — Уоди уаг!)
Уобæл ма ходæ: "Циуавæр æй?" —
Е нæ æнкъаруй æ гъуддаг.

Мæгур ма схонæ уæхæн лæги,
Уой цар стур фудтæ нæ зонуй.
Хъанз æй не 'сафæг, — хумæтæги
Не 'сафæн уой, тæрсгæй уомæй.

Цæвгæй зундгинти æзмæнст догти,
Къумухти здахæн нæ фæндон.
Уонæн ба ес КÆНУН сæ тогти, —
Æнхæст кæнунцæ сæ КÆНОН!

Нæййес уонæмæ уæлдай миутæ:
Гъуди, гурусхæ, хуæдтæрхон,
Бæрцæ афонæ, фæтки зинтæ,
Æгъдау, æфсарм æма фæсмон.

... Ду ба фæрреси зин мæтитæй, —
Дæ нур де 'сон æй, дæ амонд!
Дæхе бартастай цæттæ нивтæй,
Цæмæй басгарай царди конд.

Цæмæй денгизти гулф — æрфити
Дæ сæр, дæ гурæ ниуæрдай.
Цæмæй будурти, цъæх тæрфити
Æвдадзи хуасæ никкæрдач.

Фордау дæ тог кæна ирайгæ,
Уогæй æцæг лæг дæ дзурдæн.
Сæгтгæй цæлхдортæ уайгæ — уайгæ,
Хæссай де 'мбæрцæ уадбурдæн.

Цæмæй æцæг ма сайд равзарай,
Гъæрæй де 'зæри низзарай.
Цæмæй цæрай æдзох азарæй,
Бозæй банцайай дæ зæруай.

Нæ догъ — бæх æй, æз ба, уой саргъау,
Баст дæн уобæл; разнад мегъæ 'й.
Бадуй махбæл, рæстæги маргъау,
Ихæс хурдзинти фур егъау.

Ӕфхæлд мæ зæрдæ, бæхи рагъау, –
Уобæл фудрæстæг, æнæвгъау,
Тæхгæй уæзуй, гъе, æфсæн уаргъау...
Зиннуй разæй ба лæгæргъау.

Разæй хуссунцæ мард фæлгæртæ,
Ледзæн сæ цормæ, ивазæн.
Уонæн фæлдесæн нæ цард–сæргæ
Ма нæхе зинæн фæразæн.

А над зæнхæбæл мах не 'скодтан,
Ӕндæр уайдæ æвæд, хæмпæл!
Кæддæр цудæй си устур цоппай,
Кæддæр хаттæй си нæ фиддæл.

Сорæн хуст дзилли фæсауyонмæ, –
Цалинмæ æрлæууæн бунтон ,
Уæдмæ нæ байиафдзйан гъеууони,
Уæдмæ нæ фембæлдзйан æргон.

Не 'мбæлд кæми уа, раст гъеуyоми
Нивтæ Барастур æй кæрдæг
'Ма нин дзенет, кенæ зиндони
Бунат искæндзæнæй бæрæг.

Кæд ес цæгæй дæр си еститæ –
Цадæй, зæлдæй æма цъизæй, –
Нæ еу ахæссæй кæсæлгитæ,
Нæ иннæ – гæнгуртæ хизæй.

Мард дæр цæруй, дан, фал ци хузи, –
Нæййес æгасæн базонæн, –
Уой туххæн ун гъæуй уой хози, –
Цума æ хæццæ фазон æй,

Уæд балæдæрдзæй Нарти Кæнтæ...
Фал ни ка бафсæдуй хорæй?!.
'Ма нæ сæ цормæ ма уадзæнтæ
Афонæй раздæр цъæх–борæй!

Фæстей ма ес махæн фæлтæртæ,
Уони фазæбæл ку ласæн.
Хæссæн нивонди син нæ сæртæ,
Цæмæй исуонцæ мах асæн.

Æма ма скъуна догти рæхис,
Æзмæлд ма 'рлæууа и дуйней
Махбæл, —
ес нæбæл уæхæн ихæс, —
Уонæн ба сæ барæ сæхей!

...Мах сæ нивværæн царди тонхи,
Ма ни раздахунцæ се 'ргон.
Неуæн сау арвмæ мæрдиронхи, —
Фæцæй дзæгъæл сугъд нæ рохс бон.

Дуйне ку феййевуй æ фæндтæ, —
Фæлтæр февааст кæнуй æ цуд!
Уæууæй, не 'ййафæн син сæ сæнттæ,
Æнхæст и 'ахæссуй сæ нæ зунд.

Е 'донæ суадзæ æригонæн,
Уæд ма зæрондæй ци кæнуй?!
Гъазгæ рандæ уй арви коми,
Майрæн æ къолæ, цо, кæми 'й!

Тухсгæй, бафтуйæн хинтти хизти,
Гурусхи æлхийтæ — хъурбæл,
'Ма нæ фæззонæн, ци —ма—хузти
Тагъддæр суæгъдæ уæн нæ хъурмæй?!

Фал нæ фиддæлтæн фуддæр миутæ
Мах ку кодтан, цид, ирæзгæй, —
Етæ фестиуонцæ доринтæ,
Ма нæ бундор адтæй бæзгæ!

О, евгъуд бонги æримисти
Цæруй федæнмæ тохи нифс.
Цæрис, фæдон, нур дæр мæ финсти,
Нæма дæ, — уоди ба тæлфис!

'Ма ку нæ хинцон дæ фарстатæ,
Агкаг ку не 'суон дæ бæлдæн, —
Ескæд рахатдзæн дууæ хатти
Мæхе дæлзæнхæ, — æнгъæл дæн.

### III

Нæ, нæ хезуй æфсес æстонги,
Мæгури хъæл кæнуй тухсун!
... Æз æвзонг зунди гъæди рони
Бæлæсти 'хсæн биндзæй тæхун.

Зелун цæф арсæй мæ катаййи,
Пихситæбæл къуæрун мæ къах.
Кокойни синдзитæ — мæ цари,
Фæуун хелæгти уиндæй сах...

Уайгæй еу бæласæй аннемæ,
Лæг царди тæлий бахауй.
Уомæн æ тæрнихбæл дуйнемæ
Финст уй, æвæдзи, цъагъар ун.

Фал æй бæлдтитæй сæребарæ,
Хæссуй изолмæ уæзгæ нет
Æма федæни æнзти тармæ
Курмæй калуй е æ сор хед.

### IV

Æрдзæй не 'гас дæр цæмæдес ан,
Еу цардмæ ци базондзæй лæг?!
Фагæ нæй е, æма еу дессаг
Лæг фæууиндзæй, мæнимæллæг!

... Тæрсун, — нихгæндзæй æрвон къума
Дуйней дуæрттæ ескæд æнгон, —
Æнæбæрæг æности гъуна
Нимбæрздзæй стъалути цæсгон!

Алкæд райдайæн кæрон зонуй, —
Изолдæр уæд фæстаг хор бон!

Дуйне кæд райдæдта, кай зонуй,
'Ма кæд æрхъæртдзæй æ кæрон?!.

Æ'ма нæ зæнхæ ци бауодзæй:
Фесæфдзæй; фæззиндзæй нæуæг?!.
Мах ба кæцæйдæр, цардинодæй,
Гæрр, нæ уодзйан æййивд уинæг?!.

Гъай – гъай, уиндзæнцæ фæстагонтæ,
Æ зилд ци 'рдæмæй нæ "цалхæн",
Æма хæсдзæнцæ сæ фæндонтæ,
Фал ци пайда æй е махæн?!

Мах ци нæ бавзарæн нæ доги,
Е некæд уодзæй нæ евгед.
Мах ци нæ ниввæрæн хе тоги,
Уонæй не скæндзйан догти хед.

Фæлтæр гъæуй нæ "нæхе гомæн", —
Æдзох цæфса нæ арти сог.
Нæхе 'ппæлæн си (ма, цæй номæн!),
Æй, дан, бæдолæ мæхе тог.

Хуарз, дан, лæвари некæд киндæй, —
Хæссæг енцегæй æй уæлдæр.
Зйанбæл не 'нгъезуй, æнæниндæй,
Кæун йæ ахилæй гъæрдæр.

Æхе й алкæмæндæр е стæгдар,
Æхе й е 'хсæвæ ма æ бон!
Ку уай æдонуг, — куд ниссæтта
Дæ бæсти де 'донуг фæдон?!

Мæстæй ку тона дæу бицъинæг,
Уæд дин ка райсдзæнæй дæ зин.
Æндис ку 'фхуæра дæ тухст синæг, —
Уæздзæй дæхе рагъбæл хизин.

Цийнæй ку скалай æрдæфæнтæ,
Гъеййе дæр уодзæй дæхе фес.

Нæййес инней бæсти цæрæнтæ,
Бæсти мæлæнтæ дæр нæййес!

## V

Гæрр, мах райгурдан 'ма фесæфдзыстæм,
Цардæй бакайгæй усми тæпп?!
Ма нæбал фæззиндзыстæм еу дзаман?!
Зæрдæ кæнуй фур тухстæй тъæпп.

Фал кæд нæ райгурци агъонмæ
Нæ адтан некæми, некуд, —
Æвæдзи, уæд кæсгæ 'й исонмæ,
Цума кæронмæ, — æвецуг.

* * *

Нæ ун неци æй, — кай лæдæруй?
Ке ан, — ци бæрæг кæнуй е?
Десæй мæлун, дуйней ке цæрун,
Ке фæззиндтæн 'ма куд, дуйней!

Мæстæй мæлун, — ке нæбал уодзæн,
Ци мин кæнгæй, — сагъæс хæссун.
Куд бафсадон мæ зудæ уоди? —
Рæстæг нæхьæртунæй тæрсун.

Æнзтæ лæгбæл хæтгæ цæунцæ,
Уорс мет æ сæрбæл ралæууй.
Кедæр бæллецтæ сæцæгунцæ,
Кадæр тæмæни сугъд фæууй.

Цæй фагæ рауодзæн, — нæй зонун,
Есгæй зæрдæмæ цард хæсдзæф.
Хуарзбæл мæ цийнæ æгæрон æй,
Фуд ба мæ никкæнуй фуддзæф.

Æма рагацау цалхи бунмæ
Мæхе басхуайон æдæрсгæй.
Æма ку ниууон "кири–курмæ", —
Сугтæ суд мæргътæй лæдæрссæй.

Иахх – ах кæндзæнцæ сæхе цардбæл, –
Уонæн сæ радæ исон кей:
Фуд, дан, ма 'рцæуæд дæхе царбæл,
Куйгæ хуæрæнтæ, дан, инней.

Адæм – сау мæргътæ, мæрддзогæнттæ
Нæгæ кæндзæнцæ фур инод.
Еу къуар тондзæнцæ сæ цæсгæнттæ,
Арвмæ ку рандæ уа мæ уод.

Кæнти балдæрдзæн, – хъæрæу уинæ,
Нивæ 'ку нгъæлинæ мæлæт;
Æрдзæй нæ бафсастæн "æзинæ", –
Нур ма есæ донмæ фæрæт!

Ду ба кæсæ æма фæууинæ
Мæйæн æ рохси æ къæлæт,
Нæййес дуйнети хуæздæр цинæ, –
Цардæй дæ хай кæнæ тæлæт!

Арвæн уарзæ æ ирд, æ мегътæ,
Зæнхæн – æ базмæлд уалдзигон,
Хорæн – е 'скаст, хонхæн – æ тегътæ,
Цъетети ферттивд – сæумигон;

Гъæдтæ, будуртæ, цæугæдæнттæ,
Зурæ, хурæ æма мæрæ.
Фæндон суæгъдæ кæнæ дæ рæнттæ,
Косæ, хуæрæ æма цæрæ!

Мæргътæн сæ зармæ æригъосæ,
Се 'гъдау, сæ зунд есгæй дæнцæн.
Деденти кафтæй цъæх æрдози
Дæ уод е 'цæгæй æрцæрдзæй.

Тухæ банкъарæ дæ уедæгти,
Уæлдæф æлвасæ æхсицгон!
Хæтæ мæскъити, арф адæгти,
Елæ уорс гъолтæ донгæрон.

Дор, цид, басхуайæ нидæн цади, —
Уадза тæлитæ æгæрон!
Бæласи буни адгин бати
Æ уод радта дин дæ уарзон.

... Лæгæн æ усмæ еунæг хатт æй,
Е дин ме 'цæг зунд, мæ фæндон.
Мæн цард "зуймон" ма цубур адтæй,
Дæуæн "сæрддон" фæуўæд дæ бон.

Сифтæр гъæдæбæл нидздзæгелæ 'й,
Фæззæг кæнуй ин æ кæнон, —
Тагъд æй рафтаудзæй æ къалеуæй,
Е дæр бавзардзæй фудæбон.

Мардау бафтуйдзæй сау сигитбæл,
Æнцад нимбуйдзæй и циртбæл
Ма исонбони, æгириддæр,
Е дæр нæбал уодзæй "пирт" дæр.

Фал кæд спайда уа уотемæйти,
Зæнхæн — гъæцæнтæ 'ма нæмуг.
Суадздзйан талатæ дууемæй дæр,
Æртæх дардзæй нæбæл æ суг.

... Адзал ку бастуй нæ ком — коммæ,
Уæд нигъыгъарæн, — фæцæй не 'нгъуд.
Бæргæ нæ фæккæсæн æ коммæ,
Уæддæр сæнхæст кæнуй æ дзурд.

Нæ хор сау тари ранигъулуй
'Ма кæмæй фæуўæн мæрдиронх,
Уонæмæ сахирд райидзулуй,
Бауй еци фæлтæри рохс.

Фал е 'сон уодзæй, гъенур ба бал
Змæнтуй ме 'нцад уаг æрдзи конд, —
Цæмæй равзурстæй дуйней арв ба?
Кумæ 'й тæруй æности уод?!

Цӕлхау ку уайдӕ дуйней исконд,
Уӕд ӕрзелидӕ дӕндаггай,
Ескӕд раздахгӕй ӕ фӕстаг бон
Ӕ фиццаг бонмӕ фӕндаггай.

Цӕугӕй фӕстӕмӕ, сидзи — мудзи,
Фӕстӕг ку райса рӕуӕгӕй
Евгъуди бартӕ, уӕд сӕ дудзи
Ескӕд фегъосдзӕйан нӕуӕгӕй.

Ма нӕ дуйнейӕи цидӕр адтӕй —
Лӕгъуз ма хуарз, ӕцӕг, мӕнгӕй,
Етӕ 'рцӕуонцӕ дуккаг хаттӕй,
Нӕ цард ӕносон искӕнгӕй.

Кӕд уӕд фиццагау фӕззиннонцӕ
Зонгӕ гъуддӕгтӕ ма Зӕнхӕ.
Уӕхӕн стъалутӕ сзинг уонцӕ,
Хор дӕр, адӕм дӕр — гъеуӕхӕн.

Уотӕ евонцӕ догти бонтӕ,
Фазон дзамантӕ ба курмӕй
Бӕлвурд еци нӕдтӕ цӕуонцӕ,
Кӕбӕлти хъӕргӕнцӕ "нурмӕ".

Бӕлвурд нурау исуа и ӕрдзӕ,
Фӕлтӕртӕ 'ййевонцӕ нурмау.
Ма бабӕй, мӕн уозгӕй, авдӕнӕй
Мӕ мадӕ фегъоса мӕ "уауу".

Ме 'зинӕй рагухсон а бонмӕ,
Царди рампъохгӕй зонгӕ над.
'Ма бабӕй мӕнами не сонбӕл
Финсон сӕнгтӕ, раст фиццаг хатт!

Кай зонуй, ескӕд ӕрӕздӕхдзӕй
Дуйне фӕстӕмӕ нӕуӕгӕй...
Нур цӕмӕй ресуй сӕри кӕхцӕ,
Уони нӕ финсдзӕнӕн уӕгӕй.

Нæ зонгæй, — ке фæнзун мæ миутæ, —
Мæнмæ кæсдзæй е нæуæг цард,
Фал мæ фæсмæрдæ ке фæззиндтæн, —
Кæндзæн уой тухæй дуккаг мард.

## VI

Фунтæ! Рæстæг рандæ 'й æносмæ,
Евгъуд раевгъудæй æрдзæн,
Ку раздæха, уæддæр мæ усмæ,
Нурмæ куд, уотæ фæццæрдзæн.

Е 'рзелунтæ æнцæ фæндæнттæ,
Хе сайæн гъудитæ, ревæд.
Дуйне феронх уодзæй нæ нæмттæ
Ескæд æма æносмæ, уæд!

Фæиди ниуудзæн тухуаст арф фæд,
Егъау гъуддæгтæ, гъæрдæр ном, —
Нæййес æнæрамæлгæ мæлæт,
Нæййес æнæкæрон кæрон!

Ес уæхæн фæткæ а зæнхæбæл:
Мардæн æгас хæссуй тæрхон!
Ка ци адтæй, цæргæй уæлæбæл,
Уой бæрцæбæл цæрдзæй æ ном:

Ке ном — мин анзи, ке — дæс мини,
Кæмæн ба — æгириддæр нæ!
Кæд исон бонбæл нур нæ зинни, —
Уæд ко дæхебæл нур фæрнæй!

## VII

Дессагæн, цума, куд нимад æй
Æгас дуйнети 'хсæн нæ сæр?!
Кæд неци ан 'ма нин байзадæй
Хезун нæ адзал æрмæстдæр?..

Кæд исфæлдиста кæнгæ незæн
Хуцау зæнхæбæл мах барæй.

'Ма нæ арæнтæй ку рахезæн,
Уæд нæ фесафдзæй бундзарæй.

Арвмæ ку 'вналæн цъумур къохтæй,
Кæнгæй æрдзæбæл фудгириз,
Уæд лæги муггаг е нингъохдзæй,
Цæмæй ма рхæсса фидбилиз.

Кæд нæ лæдæрæн нæ ихæс дæр,
Æви 'и нæ гъæуй лæдæрун
Æма цæуæн донау, æррæстæ,
Æма уомæй ан æнæрун.

Цæмæн æй уотæ — мард сигитæн
Цæрæг, уодгин æй уацайраг.
Фуни си ледзи сосæггити,
Уацæги ба саст æй уæраг.

Ма лæг уозгалуй æ тæрхонмæ,
Зæнхи баст унмæ 'й æвгъайуаг.
Космос дæр хуарз, фал æрвгæронмæ
Кæд бахъæртдзæнæй адæймаг?!

Бæргæ, ку уайдæ нур мæ равгæ
Æрфæни фæдбæл раледзун!
Рæстæг, радтæ мин уæхæн бартæ, —
Фагæй а зæнхи рæхстбетун!

Рæстæг, рæстæг! Берæ 'й дæ хъаурæ,
Де 'здухст конди зин æй зелун.
Аци бон ма исон еу зармæ
Нæ уадзи еухузи семун.

Æдзох æфтауи мах азари,
Кæнунцæ хуарз ма фуд æмцуд.
Изæд сайтанæй райарази,
Уæдта сраст кæнис дæ рæдуд.

Æвдеу дæ, сайд ма мæйнæуæггун,
Дауис дуйнебæл æрвги цар.

Фестуй æ хумæ мæнæуæгун,
Ку ба лæвæнгæ 'ма æдзард.

Лæги ниввæри зулун надбæл,
Цума фæрæти гъæдæ, раст,
Хе знаг исуй ма адæймагбæл
Цæуй æхе 'рдигæй стур маст.

* * *

Арæх ерæн амонд нæ тохти,
Хаттгай е 'рцуд уотид хезæн,
Феййевуй цард æма нæ къохти
"Нивæ" байзайуй нæ незæн.

Æваст нæ равзарæн, — ци 'рцудæй,
Райвулгæй нæбæл цийни дон.
Фал тухамæлтти си ку сбурæн
Хулуй куйтау, неугæй нидæн,

Уæдта балдæрæн, — исмæгур ан,
Рæстæг фездахæн фæсмонæй
Æма, дзæгъæйлаг, — цæмæ кувтан, —
Фæгъгъавæн 'сцох унмæ уомæй.

О, ку фæккæнæн карз дузæрдуг,
Уæд рæдуйгæ дæр фæккæнæн, —
Уарзонбæл æ лæваргонд фæрдуг
Фехсæн, никки ба фæккæуæн!

Мæ цард фазон æй бонигъæдæн,
Халæ халæбæл нæ бæтгун:
Цазæ, уарунтæ, хори тæвдæ,
Фал нифс цъæхъалтæй нæ сæттуй.

Зæрдæ ссурхзинг уй май байсарун,
Соруй ин лæкъун дон æ нез.
Æхсист æууæнкæ нæдæр сайуй,
Царди урдгутæ, хæрдтæ ес.

Ес си хæнхултæ ма къубæрттæ,
Пихсæ, синдзæ, биндзæ, æвæд.
Æгас зæлдæмæ ку рахъæртæн,
Мæлунмæ нæ игетдзæн уæд.

... Ци фарстатæ ес! Лæги сæр сæ
Гъæцуй, цума цæвæг хуасдзау.
Царди хуасгæрци æхе хæрсæ
Хæссуй алкедæр æнiгъæлдзау.

Еуæй — еу хъамилтæ фехсæдуй,
Зин, æнæпайда, дес кæнæн!
Фал си иннанзмæ исæнсæндуй
Бæдæйнаг кæрдæг ескæмæн.

Иннæ ба замманай игуæрдæн
Кæрдуй цæстгай æма пихцил.
Нимбауй карст 'ма иннæ сæрдæ
Уоми исæмпурсуй хъамил.

X

Ци гъуддæгтæ ес лæги царди!
Рæстæг ин куд кунæг ес уагъд!
Куд берæ гъæуй адæймаги!
Цæбæлти фесафæн нæ тахт.

Æнадæ миутæй куд исæфæн,
Фуддæр ку фестæн еминæй!
Цæбæлти тухсæн, цитæ скъæфæн
Кæрæдзей къохтæй: "Е мæн æй!"

Арæх не 'ргъæвуй фудгæнæги
Рæстдзийнади, æфсарми арм.
Фæнди 'й дæмонцæ сæдæ лæги, —
Зæгъдзæй се 'гъдауæн æнæфсар.

Расти ба мæнги фат не 'вгъауй,
Байхуæруй тогдзух берæгъбал,
Фал æй æрдзæ ба нæ рафауй, —
Кæдзосæй иссеруй адзал.

Кæнгæй лæгъузтæн хуарздзийнадæ,
Хæссæн знаггадæ и хуæрзтæн.
Миййаг, ку 'рхъæрта фудди радæ, –
Хуæрзти цæгъддзæнцæ хе гæрзгæй.

Дæдтгæй нæ тухæ раст адæмæн –
Тохи кæндзæнцæ хъаурæгун.
Фудтæн къуæрдзæнцæ сæ къабæзтæ,
Калдзæй дзæгæрæг цардрæзбун.

Рæзæ хуæрдзæнцæ сувæллæнттæ,
Зæнхæ се 'дзулдæй идзулдзæй.
Хатт, цид, ку суасонцæ халæнттæ, –
Сæ маст нæ цийни идуйдзæй.

XI

Лæгæн не 'нгъезуй берæ зонун,
Нур дæр æ хъанзи æгæр е.
Е ранихъуæрдзæй "æд хæдонæ"
Цъæх арв, зæнхæ æма дуйне.

Фал нæ не Скæнæг ку амадта,
Уæд ци куста, уой хуарз зудта.
Фудтæн не 'саразта амæлттæ,
Е нæ раст надбæл ардудта.

Е нæ сдæр – уагъта нæхе барæ,
Цæмæй равдесæн нæ цæсгом.
Мах ба гъæргæнгæй: "Сæребарæ!"
Æгæртæ рахизтан æргом.

Нур ма рохс æй, фалæ еу ескæд
Растдзæй тар усмæ, æгомуг,
Ма неке расдзæй уæззау нæзтæй,
Нæдæр стонг уодзæй, æдонуг.

Дуйне ку феста еугур ревæд, –
Фесæфдзæй цард, мæлæт, рæстæг.
Фал нур ма райсæ æ тæрегъæд, –
Дæ тог ма калæ си, дæ стæг.

Еу бон фæууодзæй æрдзи зар дæр,
Мæлдзæй хе гъæди нæ дарæг,
Фал нур ци 'стъегъи дæхе цар дæр,
Зæнхæн цæмæн дæ æ марæг?!.

* * *

Рæстæг мæйдармæ æ рохс бæнгтæ
Соруй, —
лæдзæн мах сæ фæдбæл.
Туххæй байяафæн сæ кæрæнттæ
'Ма изæрмелтæй тунд гæппæл
Къохти райзайуй, —
цардамæндтæй
Цума раскъунæн егъау хъуæл, —
Фæууæн нæ карзи уотæ 'нгъæл,
Уæдта 'ркæлунцæ нæ байуæнттæ...

Цард фæууорамæн тухрæуæнттæй,
Фал е бафтауй æ цудбæл...

## ИРОН–ДИГОРОН ДЗУБАНДИ

### 11

Хохаг хъæуы уынгæг уынджы цъæхсæр хæдзары дуармæ æрлæууыди "Волгæ". Рахызтысты дзы Гагуыдз æмæ Алыкка. Хæдзары ныхы æмыр къулæн йæ галиу кæронмæ æввахс – дуар. Гагуыдз ыл бахæцыд æмæ байгом. Къæсæрыл бахызтысты æмæ кæрæдзи фæдыл дурын асинтыл ныццыдысты кæртмæ.

Хæдзар – дыууæуæладзыгон, уæллаг уæладзыгæн – ронбасты бæрзæнд ахуырст фæйнæг тыргътæ. Тыргъты æлдаг кæрон – уæллаг уæладзыгмæ ссæуæн фæйнæг асинтæ. Тыргъгы бын къулы астæу – дуар, йæ фæйнæ фæрсты – дыгай рудзгуытæ.

Кæрты фæткъуы бæласы бын йæ гæрстæ æхсын фæуагъта, йæ къухтæ йæ раздарæнæй асæрфта æмæ сæ размæ рауади æрыгон сылгоймаг, даргъдыс, даргъфæдджи къаба йыл. Ныхыл дæлозгомау уагъд фæстæрдæм баст сæрбæттæн. Сылгоймаг фефсæрмдзæстыг.

– Чындз, дæ бонтæ хорз, – йæ къух ын райста Гагуыдз. – Дзæбæхтæ стут?

– О, – йæ сæр батыллта чындз, йæ цæсгом фæрухс.

– Уæрцци куыд у?

– Мæнæ ам ис, – бинаг уæладзыджы дуармæ ацамыдта чындз. – Ахизут мидæмæ.

Гагуыдз Алыккайæн бафæдзæхста:

– Æнæдзургæйæ бацæуæдзыстæм. Цæмæн, уый фæстæдæр бамбардзынæ.

Дуар фæхъыррызт кодта æмæ уæрæх байгом. Гагуыдз дуары æфсæйнаг хæцæн не суагъта, Алыккайы мидæмæ æрбауагъта æмæ дуар ассыдта, ацы хатт йæ хъыррызт райхъуыст хъæрдæрæй. Алыкка йæ фембæрста, ома Уæрцци нæм йæ хъус æрдара.

Зæронд уæлгоммæ хуыссыди хæдзары рахиз рæбинаг къуымы æвæрд никелкъух сынтæджы, къулæмбуар баз – йæ фæсонты бын, йæ сæрыл – йæ кæрæттæ сау нывæфтыдтæй фæлгонцгонд æхсæвхуыссæн нымæтхуд. Коцора–

[1] Кæрон. Райдайæн 1999 азы журнал "Ирæф"–и 4–æг номери.

нгънæг хъуырджын хæдоны фæдджитæ хæлафы æддеты уагъд. Алыкка куыд æнхъæл уыд, Уæрццийы цæсгом афтæ нæ баруад — рустæ бæрæг фæкъуырф сты, рихиты кæ-рæттæ хердмæ скъæдз сты.

Гагуыдз схуыфæгау кодта æмæ сынтæджы цурмæ ба-цыди. Алыкка лæугæйæ аззади, фæлæ йæм фыды æфсымæр нæ хъус куынæ дардта, уæд уый дæр мидæгдæр йæхи бай-ста.

— Дæхи та ныхъхъус кодтай, фæлæ дæ базыдтон, Гагу-ыдз, базыдтон — дæ иу зæвæт дыл комдзог рацæуы, зæххыл йæхи скъуыраг у. — Алыккайы хъустæ æхсызгонæн ахстой зæронды фæлмæн, рæвдауæн хъæлæс. — Гъе, æдзух мын фæлварæнтæ аразыс, Гагуыдз. Хъазæн-худæн замантæ кæнæд Хуыцауæн уарзон адæмыл. Æмæ де 'мбал та чи у?

— Гуырдзиаг лæппу у. Ацырдыгæй йæ цыдæр хъуыддаг ис æмæ мемæ рацыди.

— Уæдæ ма мæм æввахсдæр рацæуæд. — Уæрцци йæ къух систа æмæ йе 'нгуылдзтæ йæхирдæм дыууæ хатты ца-дæггай фæтасыдысты.

Алыкка зæронды уæлхъус балæууыд, уый йын йæ цонг бацагуырдта, йæ уырзтæ лæппуйы къухуæларм асгæрстой, йæ къухты фæтасæнты хъултæм æндзæвдтытæ, йæ цонджы стæг, цонджы норттæ æнгуылдзтæй æлхъывдтытæ кодта, йе уæхск ын йæ армæй æрсæрфта, уый фæстæ æнгуылдзтæ бæхбæттæнтæ бацагуырдтой.

— Æргуыбыр ма мæм кæн, мæ къона, — загъта Уæрцци æмæ йын йæ цонг æривæзта. Лæппуйы сæр зæронды риуыл æрцæйæндзæвыд, афтæ йæм ныггуыбыр кодта. Уæрцци йын йе уæнгтæ фесгæрста, уый фæстæ ма уадултæм, роцъомæ ныхылдтытæ. — Ацы цæринаг гуырд сыгъдæгæй дæр Хъу-лагъары туг-стæг у.

Алыккайы риу æнахуыр æхсызгон цинæй айдзаг, цин рауади ахадгæ æмæ йæ буарыл æнхъæвзта. Хъулагъар сæ рагфыдæлтæй уыди, йæхицæй анымайгæйæ, чи зоны, æв-дæм æви ноджы раздæры фæлтæрæй.

— Гъер мын дæ ном зæгъ, — цонг нæма уагъта Уæрцци.
— Алыкка...
— Гъо, гъо, зонын дæ, — загъта Уæрцци. — Хъусын дын дæ зæрдæрухсы хабæрттæ — Гадзымуры кæстæр фырт.

Дунесфæлдисæджы бафæндæд æмæ дæ фæстæ нæ фæсивæд чиныгзонджыты фæндæгтæ ноджы зæрдиагдæрæй куыд агурой!

— Йæ хицауы йын зонын ныхасмæ, — загъта Гагуыдз. — Алыккайæ бузныг у. Æгас Ирыстонæн зындгонд кусджытæ ис йæ бæрны æмæ уыдонæй кæйдæрты Алыккайæ ныллæгдæр æвæры.

Алыкка йæ къухы фæтылдæй Гагуыдзæн йе 'нæразыйы хъуыды бамбарын кодта, ома, цæмæн мæ æппæлыс?

— Æгæр дзы нæ зæгъут йæ хицау дæр æмæ ды дæр? — бафарста йæ Уæрцци. — Йæ сæр ын ма разилын кæнут.

— Уыцы ныхас дæр æм уыди, — дзырдта Гагуыдз, — фæлæ йын уымæй нæ тæрсы. Кадмæ бæллагæн, дам, фидæн нæй.

— Цы дын зæгъон? — йæ цонг уæззау ист скодта Уæрцци, йе 'нгуылдзтæ йæ армæ къæлæт—къæдзæй аззадысты. — Мæ рæстæг аивылди. Цытæ уыди, куыдтæстæ уыди — æрдуйы бæрц дæр дзы не 'рхæццæ абонмæ. Уæддæр ма мæнæн мæ сымæр къодах лæзæры...

Дуар сабыргай байгом, мидæмæ æрбахызти чындз, йæ сæрыл — арæхдидинæг сæрбæттæн, йæ къаба дæр аивта æмæ ферыгондæр, фæрайдзастдæр.

— Чындз, Гагуыдзы зоныс. Дæ разы лæппу та, нæ мыггаджы ном нын газеты чи рауадзы, уый у, Алыкка... Бабуц сæ кæн, мæ къона, мæ цæстыты рухс. О, о, лæппутæ, цæстырухс мын у мæ чындз. Цыкурайы фæрдыг у.

Чындз фæкъæмдзæстыг æмæ рæвдз ацыди хæдзарæй. Уæрцциййы ныхасы таг нæ аскъуыди:

— Цардæй фæлмæцыдтæн æмæ ма, зæгъын, хъусгæ дæр куынал кæнин. Фæлæ нæм ацы чындз фарны къах æрбавæрдта æмæ мæ бафæндыди цæстæй ракæсын, уысмы дæргъы—иу æй куы ауынин... Æмæ пæ фæмæнг дæн — ауынын, ауынын цыдæртæ. Уæлæ нæ мæсыджы сæрмæ æрцындзцыргъ къæдзæхыл мигъ абада, дзæбидырты митзæйтæ бынноз æртæрой, тæхгæ стъалы нарæг комы сæрмæ ферттива — чындз мæм æрбазгъоры, адзуры мын сæ, цæстырухс мæ бауадзы. Дæсны дохтыр рынчынæн йæ низыхатт йæ цæсгоммæ кæсгæйæ базоны. Гъе, мæнмæ дæр мæ чындз афтæ дæсны у — газетмæ байхъусын мæ кæд бафæнды, фыдæлтыккон таурæгъ, аргъау мæ зæрдæ кæд æрцагуры, уыдæттæй чындз алцыдæр базоны, газет уа, чиныг — радавы сæ æмæ мын сæ бакæсы.

Уæрцци фæхъус ис, йæ бæзджын æрфгуытæ æрлæмæгъ сты, былтæ æмыр æнгом аисты, фæллад улæфт сыхъуысти нæ пакабазыр фындзæй.

— Афæллайы, — загъта Гагуыдз. — Афынæй вæййы, фæлæ йæ фын бирæ нæ хæссы.

— Нæ, нæ батыхсдзæн? — афарста Алыкка.

— Иунæгæй бафæлмæцы. Йæхимæ дзурын куынæ цæуа, уæд дæр истæмæйты фæрсдзæн. Ныр дзырдмондаг у. Ахæм рæстæг æй дзæбæх араз, уæд дзы бирæ базонæн ис.

Уæрцци куы базмæлыди, уæд æм Гагуыдз фæрæвдз ис, загъта:

— Алыккайы бафæндыди Арысханы фыстытæ бакæсын, фæлæ йæ къухы нæ бафтыдысты.

— Цы фесты, Арысханы фæстæ бинонтæ куы баззад. Цы загъынц?

— Гыбытт сæ ракуырдта, сæ хæдзарæй сæ рахаста æмæ ныннатыл нæма сæмбæлдысты. Тæрсын куынал сæмбæлой...

— Йæхицæн сæ рахаста? Цæмæ йæ бахъуыдысты? Уыцы тыфтырыкъуæ та сæ цы кæны?

— Мыггаджы куывд цæттæ кæны, — дзырдта Гагуыдз. — Рагæй æрæгмæ мыггаджы цы уыди, куыд уыди, уыдæтты тыххæй дæр уый дзурдзæн мыггаджы куывды. Афтæ йын афæзмыдтой йæ ныхæстæ...

— Ха, ха—а, ха—а! — уæлдæфæй зæрдæйы фæндон чи нал айдзаг вæййы, уыцы риуæй сыхъуыст ивазгæ худын. Алыккайы хъус ма дзы æнæбоны кæуыны уынæртæ дæр ацахста. — Гъе, уыдæттæ цæмæй фехъусон, уымæн ма у, æвæццæгæн, мæ цард. Куыд дæ æмбарын, Гагуыдз, афтæ—мæй сымахæй дæр никæимæ ауынаффæ кодта уыцы... Ахæмтæй—иу загътой: стæх, мæ лæх, мæ сæрмæ. Алыкка, ды мын бахатыр кæн мæ дæрзæг ныхæстæ.

— Мæсыджы гуыдыр дæр нал ис, — дзырдта Гагуыдз. — Гыбытты федтам. Арысханы фыстытæ рахаста, ууыл сæтты. Дарддæр тлиф кæны...

— Алыкка, мæ къона, цыдæртæ федтон, чысыл азтæ нæ батыдтон, æрыхъуыстаис мын мæ хабæрттæ. Арысхан дæр сæ фæфыста. Науычни ститутæй мæм цыдысты æмæ мæ цæмæй нæ фарстой. Къоста загъта: "Лæгдзарм тæнæг у". Кæмдæрты раст уыди, фæлæ кæмдæрты нагъ — лæгдзарм

фидар у. Хъулагъар дæр бирæ фæцарди. Зæрондæй афтæ загъта, лæгæй цæрын, дам, мæ нал фæнды, сæгъæй, дам, ма ацæрин, Хæрдысæры къуылдымтыл ма нычъылиппытæ кæнин, къудзигæрдæгæй стындтытæ ласин...

— Дзацъа Хъулагъарæй бирæ къаддæр фæцарди? — афарста Гагуыдз.

— Дзацъа бирæгъ-лæг уыди, бирæгъæн та Хуыцау бирæ цæрæнбон нæ радта. О, æмæ цы дзырдтон? Мæрдырох мыл бахæцыд...

— Сæгъæй, дам, ма ацæрин...

— О, мæ хур, Алыкка, ды ахуыргонд дæ. Уæ рæстæг æндæр у. Чындз мын сæ газетæй фæкæсы. Æмæ ныры хицæуадмæ æндæр цыдæр зонд ис. Амæй размæ цы уыди, уыдоны кой кæнын нæ уадзынц. Хъуыдытыл-иу бафтыдтæн: уыцы зондыл цæмæн хæцынц? Æмæ сæ афтæ бамбæрстон: куырмæджы кæй фæдарай, уый æнцондæр здахæн у, кæцырдæм дæ фæнда, уыцырдæм. Уæд иу приходы иу пъырыстыф æмæ иу писыр уыди. Ныр бригадир дæр — пъырыстыф, колхозы — пъырыстыф, партионтæн — сæхи пъырыстыф, къæмсæмолтæн дæр... Цыдæртæ-иу æргом загътон æмæ мæ нæ быхстой.

— Нымады дæр дæм куынæ уыдысты, уæд дæ куыд быхстаиккой, Уæрцци, — сдзырдта Гагуыдз æмæ Алыккамæ баздæхти. — Сосойы къамы фарсмæ паддзах Микъалайы къам бакодта. Лæгъстæ йын кодтой хиуæттæ, зонгæтæ: паддзахы къам раппар, фесафдзысты дæ. Никæмæ байхъуыста. Уæлæ, дам, паддзах нæ зыдта, мæхæдæг кæм цæрын, уый дæр. А — Сосо та, дам, зоны, цал карчы мæм ис æмæ сæ чи цал айчы æфтауы, уый дæр.

— Ахæм хабар дæр уыди, — загъта Уæрцци. — Фæлæ Алыккайы хъæлæс нæ хъусын.

Мæнмæ дзуринæгтæ ницы ис, — загъта лæппу.

— Цæрæнбонты мыл цъутта æвæрдтой. Ды мæм ма смæсты у. Æнхъæлыс, дæ рæстæг дын фауын? Раздæры рæстæг ын йæ ныхмæ æвæрын? Нæ, мæ къона, æз æй куыд бамбæрстон, афтæмæй зæххон цард фыдæбон æмæ хъизæмар йедтæмæ ницы у. Рæстдзинад агуырдтон æдзухдæр, раздæр дæр, ныр дæр, фæлæ йæ нæ ссардтон. Æниу æй кæд чи ссардта?.. Зæххон царды хæрæмттæн æмæ хъулон митæн, æвæц—

...н, кæрон никуы æрцæудзæн. Гуырдз йедтæмæ ницыма ...дт...н мады гуыбыны, уæд æвзарын байдыдтон уыцы хæ– ...мттæ...

Гагуыдз та Уæрццимæ ныхасæппарæн бакодта, Гыбыг– ...рд...м ын здæхта йæ хъуыды, ома, мыггаджы хистæр дæ ...мæ йын исты карз тæрхон рахæсс, фæлæ та зæронд тæ– ...р фынæй аци. Йе 'рцъицынмæ къæрццхъусæй æнхъæл– ... касти Алыкка æмæ, йæ ныхасы хал кæм фескъуыд, уый ...н нæ хъуыдыйыл бафтыдта.

Æмæ ахæм дзуринаг разынди Уæрццимæ.

Уæрццийы мад Айсæду — чындзыты кæстæр — æнхъ– ...лцау уыди Уæрццийæ. Йæ хистæр файнустытæ — цыппар. ... сæргъы лæууыди æфсин, се сулæфт, сæ алы фезмæлд ...ын фæсаууонæй дæр æнкъардта. Уæдæ чындзытæй дæр алчи ...ивæй йæ хъус дардта æфсинмæ, кæд мæ файнустытæй ис– ...ч-й хъулон рæвдыд акæны, рогдæр куыстыл æй бафтауы. ...ицы аирвæзт хистæр чындзытæй, æфсинæн сæ кæстæр файнуст кæй фæадджындæр, уый зæрдæйæ дæр æнкъард– ...ой, цæстæй дæр цыдæртæ уыдтой. Фемзонд сты æмæ сæ кæстæр файнустмæ уазал зæрдæ дарын байдыдтой. Æнхъ– ...лмæ кастысты, сæ маст райсыны фадат сын кæд фæуыд– ...н, уымæ.

Ралæууыдысты хосгæрдæнтæ. Сæрвæттæ хъæуæн нумæйаг уыдысты, уыгæрдæнтæ — хæдзæртты сæрыл уæрст. Алы адджындæф, дидинæгарæх уыгæрдæнты фæфæлвых кæрдæг æмæ йæм кæрдынмæ февнæлдтой, гъе. Хосгæрдд– жытæн сæ хæрды рæстæг дæр кадавар, улæфыны бон сæ нал вæййы. Хæрд, нозт сын чындзытæ радыгай хастой. Уалынмæ ралæууыди, хистæр чындзытæ сæ кæстæр фай– нустæй сæ маст куы райстой, уыцы бон. Бафиппайдтой, кæ– стæр файнустæн йæ арыны рæстæджытæ кæй æрбаввахс сты, мæнæ – мæнæ æруатон уыдзæн. Фæстæдæр – иу æй дзырдтой: Уæрццийы фыд — æфсымæрты кæстæр — æр– хæндæгæй фæцыди уыцы бон хæдзарæй уыгæрдæнтæм. Уыцы райсом æфсин дæр цыдæр æнæвдæлон разынди, хи– стæр файнустæ сæхи рагацау айстой чи сæрвæттæм фос дуцынмæ, чи цыхт ахсынмæ æмæ хосдзаутæн сихор хæсгæ рауади Айсæдуйæн. Сусæны тæвды фондз хосдзауы сæ дойны цæмæй басастаиккой, уый сын махсымæ æмæ суары донæй схæссын хъуыди, чидæр сæ мисын уарзаг уыди æмæ ма сæм

уый хай дæр бафтау. Уæдæ чъирийæ, фыдзгъæлы хæйттæй, дзыккайысыфæй æмбæрзт хъæрм хойрагæй, цæхдонæй дзæкъулты æвæрд æмæ дурынты кондæй сыл схæцыди кæстæр чындз æмæ рахызти сæ кæртæй. Фæндаг йæ разæй алæсти, цадæггай абырыди зына – нæзына хæрды, суади сæ мыггаджы мæсыджы нувæрсты, къæдзæхдурæй амад быруты æхсæнты хъæуæй ахызти. Ам уæрдонвæндагæй йæхи атыдта къахвæндаг, галиуырдæм дзагвæзы бауади, уый фæстæ хæрды уæлæмæ хилын байдыдта.

Айсæду хъусæггагæй зыдта арыны рæстæджы хъизæмары койтæ. Æмæ йын мæнæ ныр райдыдта уыцы хъизæмар æвзарæн рæстæг. Скасти – иу чъырынкъул кувæндонмæ æмæ – иу скуывта, цæмæй йе 'мгъуыдтæ фæфæстæдæр уыдаиккой. Йæхицæн – иу алæгъстæ кодта: ныффæраз, ныббыхс, цалынмæ хосдзæуттæм фæхæццæ уай, фынг сын æрæвæрай... Къахфæндаг йæхи дзæгвæзтæм иста, сæрвæты нарахат фæхстыл – иу агакъон – макъон, æмæ – иу Айсæдуйы нал уырныдта, искуы хосдзæуттæм фæхæццæ уыдзæн, уый. Фæндаг хъуамæ æрцыбыр уыдаид, æмæ Айсæду афæлвæрдта цæхгæр хæрды комкоммæ ссæуыныл. Æмæ фæуæззаудæр сты хæссинæгтæ, хызынтæ – нæудзармыл ласæгау кодта. Уалынмæ райдыдтой йæ мидрæхуыстытæ, йæ сæр разылди æмæ, куы фæуæлгом уа, куы фæцуда, уæд былмæ кæй ныттулдзæн, уый ма фембæрста æмæ йæ бынаты æрбадти... Йæ рис фæмынæгдæр, йæ хъуыды æрæвронг. Йæ бырынцъагуафс дзабыртæ раласта, хызыны сæ нытъыста æмæ, йæ хæссинæгтæ сыфцæй ласгæйæ, йæ цыппæртыл сбырыди хæрды къахвæндаджы онг. Уый фæстæ дæр ма йæ бахъуыди йæ цыппæргыл бырын, къахвæндаг фæлæргæвст кæнын. Цыргътигъ чысдуртыл – иу йæ уæраджы чъиритæ схафта, мычъыртан салбар хæлафы уæрджыгæ рæдывта.

Кæддæр Айсæду хосдзæутты суыдта æмæ бамбæрста, сæ сихоры хæрды афонтæ дзæвгар кæй фæфæстæдæр сты. Хистæр тиуы масты цæхæртæ йыл уырдыгæй ардæм дæр калдысты, уый æнкъардта, фæлæ йæ нæ сыгътой. Хистæр тиуы цур куы лæууыдаид æмæ йыл æхсидæвтæ куы æппæрстаид, уæддæр æй нал бандæвгаиккой, уымæн æмæ æвгъæддоны æвгъæдгæсы æвджид куы хъуамæ аззадаид, уыцы



æмгъуыдтæ йын нал куымдтой фæстæдæрмæ æргъæвын. Куырмæджы ма къахдзæфтæ кодта æмæ ма хосгæрдджыты ранмæ фæхæццæ уыдзæн, уыцы сагъæс дæр æм нал хъардта. Иу хъуыды ма – иу ферттывта йæ сæры: куы сæм фæхæццæ уа æмæ хызынтæ куы æрæвæра, уæд ма йын хъуамæ бантыса йæ алфамблаймæ афæлгæсын, ауына æввахсдæр аууон ран æмæ ма уырдæм баирвæза.

Хосдзæутты цурæй аууон ранмæ куыд фæхæццæ, утæхсæнгæнгæйæ цы фæнæтыд æмæ цы фæбогътæ кодта, æнæвгъæдгæс æвгъæдыбадæджы диссæггыл дисгæнæг цæлхыдзаг хур арвы риуыл ауындзæгæй цас ныффæстиат, уыдæттæн ницуал бамбæрста Айсæду.

Цæлхыдзаг хуры цырен рухс йедтæмæ ницуал уыди арвыл, цæмæй бонил бафта æмæ ныййарæг йæ хъæбулыл бауыла.

Мады дарæстæй ницы рауæлдай – уæд мадард бæгънæг буар хъуамæ равдыстаид æмæ æртыдта кæрдæджы фæлмæнтæ, æвввахс æм разындысты дзыккайысыфтæ, æртыдта дыы, сæ хъæдабæфæрстæ уæлгоммæ, афтæмæй сæ æвæрдта æвзаргæ фæлмæн кæрдæджытыл. Дзыккайысыфтæ ноггуырдæн йæ фыццаг хъæццул, йæ фыццаг цаца.

Уæрцци йæ ныхас фæци æмæ та цасдæр æдзæмæй азади, йæ фæллад риуæй та сыхъуысти, Алыкка та кæуыны хæлгæ кæм айхъуыста, ахæм худын. Йæ худын тагъд айсысти æмæ загъта:

– Æгъдауылмард адæм хонæм нæхи. Æмæ æгъдау цы у? Чи у йæ зонæг?.. Сæ хойрагхæссæджы уæрджыты тугæрхæмттæ нæ федтой? Хæстбойнон сылгоймаг цы уавæры вæййы йæ фæстаг бонты, уый æнæзонгæ уыдысты? Цоты ад куы базыдтой? Уæд сæ иу цæуылнæ фенкъуысти йæ бынатæй æмæ сылгоймæгтæм цæуылнæ фæхабар кодта? Цы сæ схуындæуа? Цы стæм, уый – иу æргом загътон æмæ мæ нæ быхстой.

Уæрццийы чындз фæзынди йæ сойæрттывд, мондæгтæсайæг уæливыхтимæ. Æртыкъахыг фынгыл фæзынди къахырбыл гуыбынджын дурын, æртæ чысылгомау сыкъайы, æртæ авджын арахъыуазæны, фыдызгъæлы кæрдинаг хæйттæ.

Сынтæгæй нецы æхсæн къулрæбын хурыскæсæнырдæм

æргомздæхт къæлæтджыныл йæхи æруагъта Уæрцци, æнæ–фæкъуыхцыйæ ссардта йæ бынат. Сæ бынæттæ бацахстой Гагуыдз æмæ Алыкка дæр. Уæрцци загъта:

— Æнæ сымах кæд бæстæ сæфы, уæддæр уæ нæ ауадз–дзынæн — ахсæв мæ уазæг уæхи бакæнут. Нæ фындæжы кой дæр кæндзыстæм, нæ ныхас дæр нывæнддзыстæм.

Куы скуывта, куы акомдзæгтæ кодтой, уæд хистæр загъта:

— Гагуыдз мæм кæддæрты фæхъуыста. Алыкка, ды мæ цæмæй бафæрсис? Æз дæр дæ–иу цæмæйдæрты афæрсд–зынæн, фæлæ уал дын дæхимæ байхъусон.

— Иу мыггаг куы стæм, уæд нæхи æхсæн дыууæ дихы цæмæн фестæм? Дыууæ хъæстæйы дæр ма фæзæгъынц.

— Фондз æфсымæры кой нæм рауади, мæ мад йæ хъи–зæмары бон сихор кæмæн ахаста... Ныр кæуыл дзурдзы–нæн, уыдон дæр фондз уыдысты, æфсымæртæ. Гъе, мæнæй анымайгæйæ, æвæццæгæн, фондз фæлтæры сæрты акæс. Хæхбæсты уæрдонвæндаг нæ уыди, алцыдæр уаргъæй хас–той, цыдæртæ æккойæ. Тынтæ уæфтой. Цæрмттæ æлдынъы æвæрдтой. Зыдтой сапон кæнын дæр, æлыг, фæныкдон æмæ сойæ. Ис сæрмагонд æлыджы мыггаг, тæмæл æй хуыдтой. Лæг куы цæра, уæд æй цардыхостæ амал кæнын хъæуы, уæдæ куыд. Хуымы гæбаз цæмæй скæнай, уый тыххæй йын йæ хуыр цас фехсæдын хъæуы. Хъæд сыгъдæг кодтой, арæзтой уыгæрдæнтæ, сæрвæттæ. Йæ зæгъын æнцон у — бæлæстæ фæкал, зæхх уидæгтæй ссыгъдæг кæн... Цыппар æфсымæ–ры æмзонд, æмвæндæй змæлыдысты, фæндзæм, кæстæр, тлиф кодта, цуаны–иу афардæг. Цы йын кæнын кодтой, уыдон дæр — цъапп куыстытæ. Хос кæрдгæйæ–иу кæстæр цыди фæсте. Цыппар хистæры уистæ бæрæг дардтой. Кæ–стæры карст–иу хуыбарц бадти, кæм–иу цъиудзагъд рау–ад. Хуыбарц хуыдтой, дæ карст гæрæмтæ куы рауайа, тæл–мытæ–тæлмытæ. Цъиудзагъд карст дæр нымады нæ уыди — уисы райдиантæ–иу аззадысты. Цынæ кодтой сæ кæс–тæрæн, фæлæ йæм ницы хъардта. Уæдæ йæм сæ зæрдæ къæрных митæй дæр фехсайдта, фыддзæсгом сæ кодта... Фондзæй дæр бæхтыл сбадтысты, хистæртæ фæткмæ гæсгæ нывыл, кæстæры сбадын кодтой йе ргом фæстæмæ, афтæ–мæй. Рæгътыл ацыдысты. Фæрсаг кæмттæй цæмдæрмæ ахæццæ сты, уæд ын загътой: "Амæй мидæмæ дыл куы фæ–

[illegible]т уæм — марынæй дыл нæ бацауæрддзыстæм. Амæй
[illegible]дæмæ — дæ бар дæхи". Кæцыдæр бон хъодыгонд æф–
[illegible]р бафтыди иу суадоны былмæ. Хъæдбыны. Ныффæл–
[illegible]ди, адæргъ зæххыл æмæ ныффынæй. Кæддæр куы æрыхъ–
[illegible], уæд кæсы æмæ йæ худы — маргъы айк. Йæ худ иуварс
[illegible]ыди уæлгоммæ фæлдæхтæй, æмæ дзы цыдæр тæхгæ–
[illegible]ргъ айк æрæфтыдта. Цард кæй æрсуры, уый йæ сомбо–
[illegible]ыл дæр æнæ асагъæсгæнгæ кæм вæййы æмæ, дам, загъта:
"Цыдæриддæр у, уæддæр ацы бынат амонддæжын бынат у".
[illegible]лагъудгонд дзы сарæзта, фæстæдæр та сахъарикъул цæ–
[illegible] къуым. Уым æддæдæр иу хъæуы цæрæг хæдзармæ æх–
[illegible]ырсты бацыди. Йæхиуыл фæхæцыди. Уыцы хъæуккаг сиахс
[illegible]ци. Амонддæжын бынатыл кæй банымадта, уым бындурон
[illegible]дзар сарæзта. Цот ын рацыд. Цалдæр лæппуйы. Куы бахъ–
омыл сты, уæд фыды æрфарстой: "Ам иунæг хæдзарæй цæ–
[illegible] цæрæм?" Фыд сæ ницы бамбæхста. Фæцыдысты фыр–
[illegible] сæ фыды райгуырæн хъæумæ, фыды æфсымæртæй
[illegible]рдомтой сæ хуымзæххытæ... Гъе, уыцы хъодыгонд уыди
Дзацъа. Фондз æфсымæры хистæр — Хъулагъар. Иннæ æр–
[illegible]йы нæмттæ афтæ нæ райхъуыстысты. Нæ мыггаг Хъу–
лагъары æмæ Дзацъайы фæдонтыл фæдих сты. Æндæр мыг–
[illegible]ты раз хиуылхæст уыдысты, фæлæ сæхи мидæг — æгъ–
[illegible]тыр, иу иннæйы хъæстæйы æлгъыста... Дзацъайы зæйц афтæ
ныббирæ сты, æмæ, иннæ цыппар æфсымæрæн цы рацыд,
уыдон нымæцæй дæр аййæфтой, мулкæй дæр. Фæстæдæр
фæхъæутæ сты. Уый размæ дæр зæххытæ сæхирдæм гæ–
базгай тыдтой, ныр æппындæр ницæуылуал ауæрстой... Мæ
фыды æфсымæр Гæдойæн цот нæ рацыди. Мæ фыд Гуы–
сийæн — цыппар фырты, æргæ чызджы. Гæдо ныи йæ хæд–
зæрттæ ныууагъта, йæхицæн къаддæр цæрæнтæ балхæдта.
Йæ бинойнаг — алцæмæй æххæст кæмæй акæнынц. Ныл–
лæгъстæ кодта йæ мойæн: "Дыккаг бинойнаг æркæн, кæд
дын зæнæг фæзынид". Иу абадгæйы ракуырдта. Æнхъæлмæ
кæсынц. А–ног бинойнаг–иу бахæстбойнон, йæ афон–иу
æрцыди æмæ та ницы. Сайдта сæ, йæ гуыбыныл–иу пы–
султæ стыхта. Æмæ йæ фæсырдтой. Ус та йæм ныххатыд:
"Нæ бынтæ кæмæн баззайдзысты, иу хатт ма бафæлвар".
Æркодта æргыккаджы Гæдо. Чызг æмæ йын дзы лæппу рай–
гуырди, чызджы моймæ радтой. Лæппу мæнæ йæ лæджы

кары бацæудзæн, зæгъгæ, уæд фесæфти. Дон раивылди æмæ фæрсаг комы фыййæуттæй цалдæр боны ницы хабар уыди. Лæппу бæхыл абадти, хæринæгтæ айста фыййæуттæн, ивылд доны зулаив тæнæгдæр рæтты ауагъта бæхы. Фыццаг хатт дзы нæ бахызти, фæлæ сæ æдкъала бæлас æрæййæфта, фæфæлдæхта сæ. Бæх аирвæзт, лæппу фесæфт. Хистытæ йын фæкодтой. Уыыл афæдз рацыд, уæд та ус Гæдомæ хаты: "Иунæг хатт ма бафæлвар". Гæдо йыл йæхи сцагъта: "Зæронд дæн, ныууадз мæ!" Нæ йæ ныууагъта æмæ фæрæстмæ цыппæрæм хъуыддаг. Лæппу сын райгуырд, Биба. Гадо ма ацарди дæс азы. Биба ралæг. Зæронд ус ын хъуыддаг бакодта. Бибайы æрыгон мад чындзы фæцыди. Бибайæн фыццаг зæнæг куы рацыди, уый фæстæ йæ цардæй ахицæн зæронд ус. Бибайæн рацыди цыппар фырты. Фæкуыстхъом сты, уæд сыл Дзацъайы фæдонтæ сагъуыдысты. Адон, дам, кæвдæсардтæ сты, сæ фыды сын исты фæкæнæм æмæ сæ æххуырстытæ саразæм. Иуахæмы Биба йе стыр мадæрвадæлтæй здæхти, адон йæ размæ бабадтысты. Аныхæстæ, дам, кæнæм. Арахъ ыл калынц, фæлæ Биба нæ расыг кæны. Уæд та йемæ хъæбысæй хæцын райдыдтой. Иугæйттæй йын сæ бон ницы уыди æмæ йæ цалдæрæй сбырстой. Йæ къухтæ, йæ къæхтæ йын бабастой æмæ йæ былмæ фæхæссынц. Уый æнхъæлдта, сæхи ирхæфсынц. Аппæрстаиккой йæ, фæлæ нæ амондæн æрвадæлты лæгты Хуыцау ууылты рахаста. Куыдзæй сæ куыдзæр бакодтой. Уæдæй фæстæмæ Биба йæ хъама нæ астæуæй нал райхæлдта. Мæ фыдæн йæ сиахс пагап радта æмæ нæ Бибайæн балæвар кодта. А—Дзацъайы байзæддæгтæ бавдæлыдысты æмæ йын лæгдыхæй байстой нæ хуымæхсытæй. Сæрвæтмæ йын йæ фос нал уагътой. Биба æркодта пъырыстыфы. Фæлæ йæ Дзацъатæ балхæдтой, æмæ пъырыстыф уайтагъд йæхи айста... Гъе, афтæ бирæ æзты дæргъы Дзацъатæ зæхх лæгдыхæй истой æрвадæлтæй, пъырыстыфы æлхæдтой. Мæстæлгъæд лæг йæхи дæр мары. Биба йæ бинонты не стырмадæрвадæлтæм ахæццæ кодта, хъæумæ аивæй фæзынди æмæ йын йæ уæлæуыл цардæй зындон чи сарæзта, уыдонæй иуы амардта æмæ йæхи айста. Бирæ заманты Бибайæн йæ кой дæр нал райхъуысти, уæд мæ иу лæг бацагуырдта сыгъдæг дыгуронау мын бонхорз загъта. Чи дæ, зæгъын? Уый мын мæ царды хабæрттæ дзу—

рынтæ куы байдаид. Лæдæрис, дан, мæ? Хъæбæр хуарз дæ, зæгъуп, лæдæрун, фæлæ, зæгъын, ды чи дæ? Æз, дам, дæ æрвадæ дæн, де 'нсувæр. Мæ зæрдæ ныссæххæтт ласта, йæ цонгыл ын фæхæст дæн. Мæ зæрдæ суынгæг æмæ мæ бон сдзурын нал баци. Стæй мын уæддæр бантыст йæ зæгъын: "Ды сыгъдæгæй дæр дæ Бибайы байзæддæгтæй". Гъер мах Рæгъатæ стæм.

Биба йæ мыггаг фездыхта æмæ йæхи схуыдта Рæгъиатæй. Йæ цотæн фæдзæхста: сымах дæр, дам, нæма раргом кæндзыстут уæхи, уæ цотæй раздæр чи бахъомыл уа, уый иу Хъулагъары фæдонты хистæры агурæд. Къорд азы фæстæ мæм фæзынди ацæргæ дыгурон, йæхи рахуыдта Рæгъиаты хæрæфырт. Мæ разæй уæм чи уыди, уый, дам, нал ис. Таджикистаны бæстæйы, дам, цардысты. Афæдзы фæстæ, дам, æй Ирыстонмæ хъæуы... Кæм æй бацагурын хъæудзæн, уый сын бацамыдта. Афæдз рацыди, Арысхан фæцыди Дыгургоммæ Бибайы байзæддаджы агурæг, фæлæ нæма фæзынди. Бæрæг та, дам, нæ-иу кæн. Куыд æй агурын хъæуы, уый чындзмæ кæмдæр фыст у. Хъуыддæгтæ змæстмæ рацæуой, уымæй нæ Хуыцау бахизæд, дзацъатаг хъæстæйыл æууæнк нæй.

## 12

Газеты уыцы боны номыры мыхуыргонд æрцыдысты адæмты хæлардзинады темæйыл хуыздæр очерк ныффыссынмæ сидæг конкурсы домæнтæ. Алыкка йын йæ мидис зыдта æмæ йæ кæсинаг дæр нæ уыди, фæлæ йыл уæддæр йæ цыбæл-цымыдис цæстытæ джигулгæнаг згъорд акодтой, иударон уæлвонг ныхæстæ дзы райардтой. Фыццаг преми - æртæ мæйы мыздæй фылдæр. Уый аккаг очерк та дзы уæвгæ дæр нæ разындзæн, фæлæ дыккаг æмæ æртыккаг премитæм хъавджытæ сарæх уыдзысты. Очерктæ джиппыуагъд цæудзысты, фæлæ зæрдæйыл чи æмбæла, ахæм зæгъинæгтæ та никæмæ разындзæн.

Уыцы хъуыдытæ Алыккайыл æнтъыснæг бафтыдтой. Æмæ газет иуварс ассыдта хурæнбæрæг цы у, уыдæттыл ма мæхи цы фæхæрын, зæгъгæ. Æндæр хъуыдыты ахæсты хъуамæ фæкодтаид йæхи, фæлæ дын æм йæ мидзæрдæйы бадæг хъуыдытæ бараг-ураг куы басусу-бусу кæнид: "Раст дæ,

темæйы дидитæ æвдисæн фæрæз сарæзтой, гъемæ ды бав– дæл æмæ лæгдæр разын, дæ судзаг зæгъинæгтæ скал. Гы– быттимæ æрвадæлтæ стæм, зæгъгæ, сырх хæцъилыл урс дамгъæтæй ныффыссын дæ цæсгом кæй нæ бахъæцыд , уыдæттæ фæдзур".

Фыццагдæр йæ кабинетмæ чи 'рбахызт, уый – Дзодзыр. Йæ зæрдæйы ахаст та ницæмæй равдыста, уæддæр ын Алыкка йе 'рбацыдыл бацин кодта.

– Конкурсæн мæм цалдæр ахъаззаг æрмæджы ис, – загъта Дзодзыр, сагъæсæн йæ къæм дæр нæ зынди йæ пуд– рæхъæстæ цæсгомыл. – Иу дзы дæуæн уæй кæнын.

– Дæхæдæг преми куы рамбулис, уæд дæ цы бахъыгда– рид?

– Ды дæ удæй кæй бавзæрстай, ахæм æрмæг у.

– Æмæ йæ уæд мæхæдæг цæуылнæ уынын?

– Гыбытт æмæ дыгурæтты хæларрахæстытæ...

– Нагъ, мæ разæй дæр уый дæу æрмæг у. Ды, æвæдза, уыцы темæ тынг райхалис: Ыхъхъ–уыхъхъ!

– Омæ æз журналистытыл–ництыл нымад кæд уыд– тæн?

Гъе, афтæ, конкурсыл дæр та аивæй бабылысчъилтæ кодта Дзодзыр. Фæлæ йæм æндæр ницы зæгъинаг ис, уый Алык– кайы ницы хуызы бауырныдтаид.

Хуызисæг диваныл йæхи æруагъта æмæ сдзырдта:

– Гыбыттæн дæ раарфæ кæнын нæ фæнды?

– Куысты йæ нытъыстай? Кооперативмæ баирвæзти?

– Уымæй фæфыдæнхъæл, фæлæ горæты стырдæр ду– канитæй иуы къæлæтджыныл абадт.

– Дæ фæрцы, – фидарæй загъта Алыкка, фæлæ йын Дзодзыр цыма йæ ацы ныхас хъусгæ дæр нæ фæкодта, те– лефон йæхирдæм æрбазылдта, хæтæл systa. – Гыбытт фæ– кодта ракæ–бакæ, уæддæр сси дирпродмага. – Хæтæл зил– гæйæ та загъта: – Гъе, фæлæ нырма йæ къæлæтджын йæ быны нæма бахъарм, афтæмæй та йæ сæрмæ мигъы цъупп абадти.

"Цыдæр та æрæфтыд Дзодзыры зæрды, – фæкъæрц– хъус ис Алыкка æмæ йæхицæн басасти, Дзодзыр Гыбыттæй дзæбæх куы ахъазид, уæд ын хъыг кæй нæ уаид. – Гыбытт ын йæ хъæстытæ ма фæкæнæд? Гагуыдз æй куыд суланггæ кодта, уыдæттæ йын ма фæдзурæд?"

— Гыбытт, мæнæ дын де 'рвадæй... Гъо, гъо, хатыр. Де 'рвад нæ, фæлæ де 'фсымæрæй дын — салæмттæ... Чи де 'фсымæр, зæгъыс? Журналистæ — ництæй иу, Алыкка... Йæхиуыл дæр дзурæн дзых ис, фæлæ кæстæр у æмæ дæм къæйных нæу... Гъех, ныр дæ зæрдæйыуагæй иунæг къæр — гты гæбазы къуыбары мур!.. Ау, дæ зæрдæ нæ ныррухс?! Уæддæр цæуылнæ?.. Гъа — а — а!.. Нæ — гъа, нæ мæ ферох, фæлæ сæ ницæмæ æрдардтон... Дæрддзæфмæ йæ федтон... Дæхицæй нæдæр къобор нæу... О, афтæ зæгъынц, фыц — цаджы хæрæфырт, дам, у... Хорз, кæд мын фадат фæуа, уæд абон... — хæтæл æрæвæрдта Дзодзыр, аппарат Алыккайы цурмæ баласта. — Уæллæй, де 'рвады хъуыддæгтæ нæ рæ — стмæ кæнынц. Æндæрæбон ын дзырдæуыди. Фыццаг лæд — жы хæрæфырт, дам, Уæрæсейы кæмдæрты фæзилахар кодта, базарады кусæг, ныр ам æрбалæууыд. Горæты дуканитыл фæзылди æмæ кæд йæ зæрдæмæ фæцыди Гыбытты къæ — лæтджын.

— Уый дæр та дыгурон ма рауайæд?

— Сæ тæккæ саугъостæй. А — Гыбытт æй нæма федта, фæлæ йын йæ сурæг снывкодтой.

— Уыхъхъытæ кæнынц мыхъхъытæ...

— Гæбæлиндзæ цыма у йæ ном.

— Æваст æй куыд?.. Иугыццыл æй кусын нæ бауадзд — зысты?

— Цæвиттон, ацы къобор йæ риуымбæрц цæуы, бауро — мæн, дам, ын нæй...

Алыккайы уырныдта: хуызисæг йæ кусæн уаты кæсæн — мæ кæсгæйæ йæ цæсгом куыд саразы, афтæмæй рацæуы æмæ уый фæстæ йæ æрфгуыты æвæрд нал фехæлы, цæс — гомы норттæй иу уæлдай змæлд нæ бакæны. "Ацы Дзодзыр сыгъдæгæй дæр хæйрæг у, — хуызисæджы ацыды фæстæ хъуыдытыл фæци Алыкка. — Гыбытт — къуымых, къамбе — цы мыггаг, хъазæн — хъул дзы сарæзта æмæ гуырысхо ни — куы ницæуыл фæуыдзæн. Мыггаджы мæсыджы гуыдырæй æз æхца бакуыстон, уый дæр ын йæ хъусы бацагътаид. Дзод — зыр йæхи тæригъæдгæнæг скæны хæрзаг æмæ йын ацы ху — ырым йæ сусæгтæ ракалы. Хъазт йæ тæмæны бацыди, æмæ йæ Дзодзыр æрмынæг кæнын нæ бауадздзæни..."

Алыкка æмæ Гыбытты æхсæн ирдгæуазал дыууæрдæм дымгæ кæй дымы, Дзодзыр уый бæгуыдæр зоны æмæ, ома,

ны дæр къуымых æрвадмæ сдзурынхъом дæр нæ дæ, фæлæ [illegible] дæр мæстытæ дæр райсдзынæн. “Фæлæуу – ма, фæлæуу, – йæ хъуыдытæ йæ сæры ныггуыппар – ныттъыфылтæ сты. – Ау, Арысханы фыстытæ кæй рахаста, уый дæр ын радзырдтаид? Æмæ уæд Гыбытты сæрымагъз ныссæмпæл. Гагуыдз афтæ загъта: Дзацъахъæстæйы хæрам митæ цæмæй гæххæттыл фыстæй ма баззайой, уый тыххæй ахаста Гыбытт Арысханы фыстытæ. Алыкка йæхæдæг та афтæ хъуыды кодта: Гыбытт бацархайдзæн, сæхи хъæстæ рæсугъдæй æвдыст цæмæй æрцæуа, ууыл. Хъулагъары къалиу та афтæ хъуамæ разына, цыма йыл сæмпæл гагатæ йедтæмæ никуы ницы æрзади. Гыгуыдз уыцы хъуыдыйыл бабылысчъил, Гыбытты зонд, дам, уыйонгты не ’ххæссы.

Æмæ мæнæ ныр Алыккайы зæрдæ ныссæххæтт ласта: “Æмæ сæ ма ратгæд? Æгас хæдзарвæндагæй нæ хъазæнхъултæ ацаразид.”

Ацы хъуыдытæ Алыккайы къуырцдзæвæнмæ æркодтой, куырмæджы фæндагсгарæджы хуызæн æнæбон фæкасти йæхимæ. Фимæ æрбалæууыд йæ зæрдыл æмæ йæ æрцардта. Нырма уартæ куысты кæронмæ цас рæстæг баззад, уæддæр ын рагацау цин йæ зæрдæ барухс, басабыр кодта. Фимæйы телефоны номыртæ æрзылдта æмæ айхъуыста: “Да, я слушю!”

– Кæд гæнæн ис, уæд ма мын Фимæмæ фæдзурут!

– Сшас, – дзуапп та йын радта нæлгоймаджы хъæлæс, уый фæстæ хъуыста, уый кæйдæр куыд фарста Фимæмæ фæдзурут, кæм ис?.. Цы дзуапп ын радтой, уый нæ бамбæрста. – Нет е нрботе, – айхъуыста ма Алыкка. Уысмы дæргъы аджих, цыдæр зонгæйы хъæлæс у, зæгъгæ, стæй йæ куы фæхъуыды кæнид – Гыбытт ын дзуапп лæвæрдта. Гыбытт – Фимæйы хицау! Калм битъынайæ тарсти... Фимæ дыгурон у, уый куы базона Гыбытт... Æмæ ма ноджы уыцы дыгурон чызг йе ’рвадæн фæадджын, уый дæр ма куы базона... Йæ фыд Гадзымур æй, Дзацъаты ’рдыгæй дзы иу уæддæр хъуамæ уа, зæгъгæ, чындзхæссæгæн куы бацагура...

Телефоны хæтæл та фелвæста – Фимæ куысты цæуылнæ ис, уый Веринкайæ хуыздæр чи хъуамæ зона. Æрзылдта сын сæ телефоны номыртæ: бипп – бипп – бипп...” Æрæвæрдта хæтæл, чысыл банхъæлмæ касти æмæ йæ мæнæ ныр

фелваса, әфтæ ныззæлланг ласта. Байхъуыста дзурæгмæ:

— Алыкка дæ?

— Уый дæн.

— Æз Дзубæир дæн, айфыццаг дæр ма дæм куы дзырдтон. Æрхъуыды мæ кодтай?

Цалынмæ цæрон, уæдмæ дæр мæ нæ ферох уыдзынæ йын зæгъинаг уыди — әйфыццаг æм æнæхъæн сахәтæй къаддæр нæ фехъуыста. Уæ газеты, загъта, идеологон æгъдауæй зæрдæхсаинаг бынæттæ æгæр сарæх сты. Æз, дам, дын аргъ кæнын Хамырзæмæ гæсгæ дæр, лымæнтæ, дам, стæм. Алыкка йæ ардыдта йæхицæй бæрнондæр кусджытæм. Иу дæр, дам, сæ бынаты нæй.

— Уæ абоны номыр дæ разы ис? — фарста Дзубæир.

— Чидæр мын æй айста, — загъта Алыкка.

— Йемæ мæм афтæмæй байхъус лæмбынæг...

— Æппындæр мæ не 'вдæлы!

— Дæ сæйраг куыст газеты идеологон мидисмæ кæсын нæу? Æмæ дын.

— Мæнæ армукъа! — хæтæл йæ саггомыл æртъæпп ласта Алыкка.

"Кæйдæр мыл сардыдтой, — æнæгуырысхо хъуыды фегуырди лæппуйы сæры. — Дæхиуыл фæхæц, мацæмæ сæ дар..."

Телефоны зæлланг нæ, фæлæ йыл цыма исты æрбасæххæтт ластæуыд. Дзубæир мæм лæбуры, зæгъгæ, ахъуыды кодта æмæ йæм хъусинаг нæ уыди, фæлæ йæхицæн афтæ: "Хæрзаг зæгъид: схъиуы мæ!" Æмæ хæтæл йæ хъусыл авæрдта:

— Хъусын дæм!

— Лыкка, цыдæр тызмæг дæ, — айхъуыста Веринкæйы хъæлæс. — Маст дæ бацыд?

— Цыдæр фыдæмбæлæг мæ размæ фæци сæумæрайсом æмæ мæ бон ныкъкъаппа-къуппа.

— Хъус-ма, Фимæйы тыххæй дæм дзурын. Сабаты, гъе йæ хуыцаубоны нæ федтай?

— Кæцæй. Хъæуы уыдтæн, дæ хистæр хойы цæхæрадджынтæ хæрынмæ...

— Изæрæй хæдзармæ фæзындтæн, стъолыл — гæххæтты гæбаз. Фимæ мæм фыста, афтæ, дам, мæ ма бамбар æмæ

дæм истæуыл фæхæрам дæн æмæ уый тыххæй цæуын. Йæ дзаумæттæ иууылдæр ахаста. Уæдæй нырмæ мæ мидзæрдæйы демæ загъд кæнын, кæд æй, зæгъын, бафхæрдтай?!

Алыкка Веринкайæн цалдæр хатты бафæдзæхста: ме 'мкъул кабинеты бадæгимæ нын иу телефон ис æмæ мемæ куы ныхас кæнай, уæд—иу уый дæ зæрдыл дар. Æмæ Веринка хъавгæ—ныхас фæкæны, ныр йæ зæрды цыдæриддæр уыди, уæлæмæ сæ калдта.

Ныхас фескъуыныныл бацархайдта Алыкка:

— Бауайдзынæн дæм. Æнхъæлмæ мæм кæс.

Хæрамы азар та мæ судзы, зæгъгæ, йын йæ зæрдæ рисы судзин фæрæхуыста, йæ ныфс дзы асасти. Цы фыдбылыз æм кæсы? Кæм фæрæдыдаид?

Алыкка дуар æрæхгæдта дæгъæлæй, диваныл йæхи уæлгоммæ æруагъта, сæр æрæнцад мутакайыл. Фыццаджыдæр йæ зæрдыл Гыбытт æрбалæууыди. Уый ма бафхæрæд Фимæйы?.. Уартæ сæ Веринка киноныв уынынмæ куы арвыста, уыцы изæр дæр афтæ фенхъæлдта, цыма Фимæйы трамвайы чи бафхæрдта, уый Гыбытт уыди.

Агурджытæ уыди Алыккайы — дуарыл дæр—иу ахæцыдысты, телефон дæр йæ зæлланггæй нал æнцади. Иу рæстæджы йын йæ дуар тымбылкъухæй цалдæр цæфы ныччынди, стæй йæм æрбадзырдæуыд: "Алыкка, кæд ам дæ?! Иу дзæбæх Нана дæм ныр кæдæй æнхъæлмæ кæсы!" Нæ йæм сыстади.

Сихоры улæфты рæстæг сæ кусджытæ куы аивылдысты, уæд Алыкка йæ кабинетæй рацыди. Редакцийæ ахизæны лæууæг зæронд усы цæстыкæронæй ауыдта. Морæ сæрбæттæн ын йæ сæрыхъуынтæ кæй æмбæрзта, йæ галиу цонгыл кæлмæрзæн æппæрст кæй уыди, уыдæттæ дæр бафиппайдта. Зонгæйы хуызæн æм фæкасти, фæлæ йæ не 'рхъуыды кодта.

— Ба мин хатир кæнæ, — сдзырдта йæм зæронд ус, æмæ Алыкка æрлæууыд. — Æз ба дæу хезун. Æвæдзи, нæбал мæ бафæсмардтай? Исдæмæ цудтæн уæлуадзугмæ дæр, дæ косæн уат дун иссирдтон, фал дæ дуар æхгæд адтæй.

Алыкка дуарæхгæдæй цæмæн фæбадти, уый тыххæй йæхи срасткæнынмæ нæ фæцарæхсти æмæ зæронд усæй йæ цæстæнгас амбæхста. Уый йæм йæ къух авардта.

— Хуарз дин ке зæрдæ зæгъуй, они фæндæуагæ рауайæд дæ цард. Æз ба дæ зонун, ду Веринкай хуæрифурт дæ, æз ба — Фими Нана.

— Гъер дæ базыдтон! — зæрдæбын цинæй айдзаг сты Алыккайы цæстытæ æмæ зæронд усы зæрдæ рухс агайд кæй фæкодта, уый дæр бафиппайдта. Ныр ын дзурын фенцон уыдзæн. Ныр ын ацахста йæ цæстæнгас æмæ йæм афтæ фæкасти, цыма йын йæ æнæзагъд зæгъинæгтæ æнцонæй рахатдзæни.

— Цæмæн дæ байагурдтон, уой ба лæдæрис?

— Фимæ Веринкайы æвастæй ацыди йæ хæдзарæй, æн-дæр ницы зонын.

— Фæйфарстон сабурæй дæр, загъд дæр имæ фæккод-тон — ка 'й бафхуардта, ци бæллах æрцудæй — стуф дæр дзи нæ фегъустон. Уæд ба æз æ цори сбадтæн æма цæстисуг фæккалдтон.

— Кæд фæзынди уæхимæ?

— Дууæ бони размæ.

— Æз æртæ боны тынг æнæвдæлон уыдтæн æмæ Фи-мæйы нæ федтон.

— Дæу тухæн Фимæйæн æз отæ зæгъун: еци лæппо дин æнæ ести рæуунæ маст не скæндзæнæй. Мæ дзубандитæ аййев нæнцæ, фал мин Хуцауи хатирæ никкæнæ. Кусти кенæ æндæр маст цæстисугæй æхснад æрцæуй, фал кæсун æма Фими ци маст бацудæй, е ба цæстисугæй æхснун нæ комуй, ма тæрсун, еци мастæй æ унгæг реуи æ сугъдæг зæрдæ тæ-гæлтæ ку бауа. Устур хатир ди корун, уайдунтæй кæй нæ дзорун... Нæ кизгæ дæу ку базудта, уæдæй нихходæзмол... Отæ мæмæ кæсуй, æ мастигурæн дæуирдигæй агоргæй. Загътон: дæу еу уинд ракæндзинан æма алцидæр базондзи-ан. Нур æй зонун — æнæгъæуаги ка бафхæруй, ду уасхæн нæ дæ.

— Æз æй цæмæн хъуамæ бафхæрон? Кæд йæ куысты исты ахæм?..

— Æ косгутæ æнгъæлунцæ, сæйгæ кæнуй. — Куы хицæн кодтой, уæд ма Фимæйы Нана загъта: — Зин зæгъæн æй, отæ æхцæуæн мин æй, мæ æнгъæлæ ке нæ фæммæнг æй. Фал мæмæ мæ зæрдæ отæ дзоруй, цума ду зинаргъ кæмæн адтæ... Уæхæн бацудæй уе 'хсæни. Цæй, дæ дзæбæхти ха-

бæрттæ мæбæл æмбæлæнтæ. Цæрæ нивгунæй, ка дæ уарзуй, они хæццæ.

Фимæйы Нана йæ фæстаг ныхæстæ дæр арфæйы хуызы фæлмæн хъæлæсæй загъта, фæлæ Алыккайы зæрдæ фæйлауæгау скодтой. Кæс – ма, Куарæйы кой йын кодта. Æмæ цымæ уыйонгты йæ зæрдæ цæмæн ахсайдта зæронд усæн, кæд ницы зоны, уæд?.. Æмæ сæ зонгæ та кæцæй бакодтаид? Веринкайæ исты базыдтаид? Æмæ уымæн та уæвæн куыд ис?

## 13

Хамырзæ царди, "Пълантæ" кæй хонынц, горæтæн йæ уыцы хайы. Трамвайæ æрхизæнæй ма сæм дзæвгар бауайын хъуыди, æмæ Алыккайæн æхсызгон уыд, йе 'рвады раз йæхи куыд дардзæни, йæ ныхас цæмæй райдайдзæн, уыдæттыл ахъуыды кæныны рæстæг ма йын кæй баззад. Гагуыдзы фæдзæхстмæ гæсгæ йæ сæрыл æрсагъта йæ сæрдыгон шляпæ, йæ уæлæ, урс быдырыл сырх чырынтæ кæуыл уыд, уыцы костюм. Цæвиттон, бæрнон бынаты кусæджы æнгæс куыд рауадаид – Хамырзæ, дам, уыдæттæ тынг нымайы.

Гагуыдзы фидарæй уырныдта, Арысханы фыстытæ Хамырзæйы зондæй кæй рахаста Гыбытт. Къухы ма исты бафта, ууыл йæ зæрдæ тынг нæ дардта Гагуыдз, уæддæр Алыккайы Хамырзæмæ рарвыста. Дæ хъуыды, дам, аивæй зæгъ: фыссын чиныг, ныхас дзы цæудзæн нæ хæдзарвæндагыл, архивты æрмæджытæ дæр бакастæн, ныр фæрсын нæхи æмæ, æрвадиуæг кæимæ кæнæм, уыцы мыггæгты хистæрты, сæмбæлдтæн уал Уæрццимæ... Ома, Арысханы тетрæдтæ куыдфæнды бамбæхсут – рæстдзинад нæ бамбæхсдзыстут.

Алыкка йæхæдæг дæр цæуинаг уыди Хамырзæмæ Хабийы тыххæй. Ацы ныхасмæ тынг зивæг кодта Алыкка, сабыр ныхас нæ бахъардзæн Хамырзæмæ, бадомын æй хъæудзæн: бацу Хабимæ æмæ дзы хатыр ракур, стæй йын зæрдæ бавæр хиуæтты, мыггаджы раз дæ сæназымджын кæндзынæн, зæгъгæ. Йæ зæрдæ ницæуыл дардта æмæ йæ сæры фегуырди: "Сæхимæ куы нæ разынид".

Алыккайыл æддæ цы фондз азы аивгъуыдтой, уыцы рæстæг æй нал æндæвтой æгъдæуттыл хъуыдыгæ, хæстæгхионы мæт. Æмæ йæм ныр Хамырзæты къæсæрыл бакъах–

дзæф æфцæгыл ахизæгау касти.

Цъæхсæр, бæрзонд бындурыл æвæрд агуыридуркъул хæдзарæн, нæ сæм сыххæссыдаид, ахæм уæлæуæз парахат рудзгуытæ. Цыллæхуыз тюль рудзынгæмбæрзæнтæн сæ нывæфтыдтæ тæмæнтæ калдтой.

Кулдуары цæджындзы къуырфгонд зиллачы астæу цæп–пузыргонд нылхъывта Алыкка. Исдуг афтæ фенхъæлдта, цыма нæм Гыбытт рауайдзæн. Уыцы хъуыдыйæ йе уæны æнтъ–ыснæг абадт. Фæзынди йæм Хамырзæ, йæ сæрыл – æх–сæвдарæн гопп–худ. Хæдоны дыстæ æмæ хъуыры æгъ–нæджытæ гом, йæ галиу къухы – кæсæнцæстытæ.

– Мæнæ сыгъдæгæй дæр Гуыдзан мæрдтæй рацыди! – нæрræстгæнæгау стахтысты Хамырзæйы цæнгтæ. – Къæ–цæл дæр никуы самадта, æдзухдæр фосимæ. Йæ дарæстæ дыл баппар æмæ дæ хъæуы уæ кæртæй бавдис, уæд Гадзы–мур фæуыргъуыйау уаид, мæ фыд мæрдтæй рацыд, зæгъгæ. – Дуар парахат байгом, æмæ лæппу кæртмæ куы бахызт, уæд ын Хамырзæ йæ дæлармы йæ цонг фæцавта æмæ йæ комкоммæ шиферсæр сарамæ ахуыдта. Лæг хæдзармæ бахъæр кодта: – Алло! Цы фæдæ?

Хæдзарæй рауади, йæ чызгон рæсугъды æууæлтæй ма йæ цæсгомыл цыдæр фæдтæ кæмæн аззад, уæнгтæй та – уæлхъæдæй хус бæлас.

– Хъæрæсейы чызг, тæбынг скæнын йæ бон кæмæн нæ уыди – фæрæтæй къуыргæ–къуыргæ æмæ та йын–иу ныццыбыр, уыцы Гуыдзаны койæ зоныс, ныр ын мæнæ йæхи дæр фен!..

– Шляпæ дардта, уый мын куынникуы загътай? – Алык–кайы къух райста æфсин, Хамырзæйыл йæ къух ауыгъта. – Ма йæм хъус, йæ хъазæн ныхæстæ йын дæ зæрдæмæ ма ис.

– Газеты куы куыста Гуыдзан, уæд уый дæр раст ахæм шляпæ дардта, – худти Хамырзæ, йе 'фсинæн сæрдыгон хæдзармæ ацамыдта. – Ды дæ куыст кæн.

Сарайы царыл фанеры æмыйас цæстытæ хуыд. Къулæм–буар – даргъ стъол, йæ фæйнæ фæрсты – йе 'мдæргъæн фæйнæг бандæттæ. Сарайы чъырæйцагъд къулы астæу стъолы сæрмæ уыгард нывæфтыдтæй фæлгонцгонд фæл–гæтæй касти Сталин.

Алыккайы зæрдыл цыдæр æхсызгондзинад сæмбæлд, æвæццæгæн, ма йæ кæй федта æмæ, дзыллæтæ йæ кады

денджызы сæхи куы надтой, уæд дзы куыд сæрыстыр уыди, уыдæттæ та кæй бавзæрста. Фæлæ дзы нæ рох кодтой, фæтæджы сурæт уынгмæрзæн машинæйы ныхы авгыл ныхæстæй кæй федта, базары йын йæ фæлурсист къамтæ кæттагыл хуртуантыдæй кæй æрæвæрдтой къæхты бын...

Сарайы стъолыл — газеттæ. Хамырзæ уым фæбады. Сосойы бынмæ, уый фембæрста. Ныр дæр йæ кæсæнцæстытæ гом газетыл æрæвæрдта æмæ йæхи хъæдабæцъар тымбыл базыл æруагъта, йæ фарсмæ ацамыдта Алыккайæн, ома, дæ бынаг æрцахс.

— Уæ редакторы афæрсын дæуæй, — загъта Хамырзæ. — Бузныг дæ у. Маладец! Уæ куыст тынг бæрнон у. Пæлитикæ хъуамæ дæ фындзыхуынчъытæй дæр æмбудай, фынæйæ дæр дæ ма байрох уæд. Джиппыуагъд фыстытæм сæдæ цæстæй кæсгæ у. Гъер дзырдæй иу дамгъæ куы фæхъæуа, — дамгъæ схъиугæ дæр фæкæны, исчи дын æй барæй дæр фелвасдзæни, — ныззыгъуыммытæ уыдзысты дæ хъуыдытæ æмæ уæд дæ гуырæй райгæ у. Истæмæй дзы батыхсыс?

— Чысыл цыдæргæ змæлын.

— Жулыччытæ сымах æхсæн дæр разыны. Иуахæмы иу хъæзуатон кусæджы газеты куыдæй рауагътой?.. Йæ бæзджын чупп, дам, сфаста. Афтæмæй йæ сæр раджы ныггæмæх. Гъæд та, партимæ нæма бацыдтæ?

— Нæма.

— Дзæгъæлы! Дæ размæ нысан сæвæр æмæ йæм тырн. Размæ тындз. Партионыл ис æууæнк. Нæ мыггаджы кад нын бæрзонд хъуамæ сисай. Ууыл нæ ахъуыды кæныс?

— Ууыл никуы хъуыды кодтон.

— Жря! Ног царды сæрапп онд йæ чъиухид чи ныккалдта, уыдоныл хъуамæ уа дæ ныхасы сæр. — Хамырзæ цæрдæг фестади. — Æз ныргæккæ, — æмæ хæдзармæ ауади.

Уæдæй нырмæ – иу Алыкка фæтæджы къаммæ æхсгæ каст фæкодта æмæ йæ мидзæрдæйы афтæ банкъардта, цыма сарайы нæ бадынц, фæлæ, йæ къæсæрæй бахизгæйæ, адæймаг йæхи цæсты дæр кæм нал фæахады, æдæрсгæ акъахдзæф кæнынмæ кæм нал фæарæхсы, ахæм бæрзондкъул нылыстæг тымбылцæджындз галуаны бадынц. Ныр фæтæгимæ сарайы иунæгæй куы аззадысты, уæд лæппу айхъуыста йæ мидзæрдæйы райгуыргæ хæрамнæбыхсæг, рæстылдзурæг

хъæлæс: "Фæтæджы къам зæххыл æвæрд ныллæг сарайы къулыл ауыгъд æрцæуа, уый кæй зонд скарста?" Уыцы уавæрæй уайтагъд æрчъицыдта, уымæн æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты, Хамырзæ Сосойыл иууылæнувыддæртæй кæй рауади... Йæ цыртытæ, йæ дурын сурæттæ йын сæ бынæттæй исын кæй байдайдзысты, уый, дам, рагацау базыдта Хамырзæ æмæ хæдзар нал бацагуырдта. Иутæ загътой: равзæрста Сосойы дурын сурæттæй йын адджындæр чи фæци, ахæм. Дурын фæтæджы адавынмæ, дам, алцыдæр бацæттæ кодта, — машинæйæ, уæзласæнæй... Цыдæр заводы хъалагъуры балхæдта æмæ цыртдзæвæн раласта. Алыкка хъуыды кодта: "Фæтæджы цыртдзæвæн ардæм, уæ хæдзармæ æрластай, зæгъгæ, йæ куы бафæрсон, уæд ын æхсызгон уыдзæн æмæ мын æй фенын кæндзæн". Сосо йæ зæххон хуыцау кæмæн сси, уыдон, дам, æм ардæм уынынмæ цæуынц, зæгъгæ, дæр æрыхъуыста Алыкка.

Хамырзæ æвзыгъд къахдзæфтæ кæнгæ рауади хæдзарæй, йæ дæлармы — нæрст папкæтæ.

— Дæ куыстмæ дæм бауаинаг вæййын æмæ та мын нæ бантысы. — Хамырзæ папкæтæй иуы бостæ райхæлдта, рахæлиу æй кодта. — Адон дын мæ Хъуыран. — Телын къæндзытæй иумæты фидаргонд гæххæтты сыфтæм — иу æркасти, иста сæ æмæ сæ иннæрдыгæй дæлгоммæ фæлдæхта. — Документытæ... Хъуыддæгтæ... Цыдæртæ. Мæнæ адон та...

Хæдзарæй райхъуысти телефоны дзæнгæрæджы зæлланг.

— Уæдæй нырмæ дæр нæ куыд хорз ныууагътой! — фестади Хамырзæ, куыд азгъордта, уымæ гæсгæ, телефонæй чи бафæлмæцыд, ахæмы ахаст ын нæ уыди. Хæдзары фæмидæг, цыма йæ удхос кæй къухы ис, ахæм адæймаг æм æрбадзуринаг уыди.

— Хъусын дæм, алло! — райхъуысти йæ хъæлæс, уый фæстæ ницуал фехъуыста Алыкка.

Лæппу йæхи баивæзта, гомæй чи аззад, уыцы къухæй фыст сыфмæ, ома йæ мæ цæстыкæронæй иу уынд акæнон. Йæ цæст анызæвыд цыргъцъупп куы лыстæгдæр, куы ставддæр дæлдæртæ — уæлдæртæ бадæг дамгъæтыл.

Хабийы фыд Азырæты чи фесæфта, растдæр уыцы дамгъæты халдихтæ. Хабийы мады йæ иунæг хомбыл сабиимæ

иунæгæй чи ныууагъта сидзæргæсæй, уыцы дамгъæтæ, Хабийæн фыды ад бавзарын чи нæ бауагъта.

Йæ пиджачы мидæггаг дзыппы ацагуырдта Дæнесени — нæ разынд йæхимæ. Куыннæ йæ рахаста?! Йе 'рцыдмæ йæ сыфты фарсмæ авæрдтаид, дæлгоммæ фæлдæхт сыфы фарсмæ афтид бынаты Хамырзæ Дæнесени ауыдтаид, аджих уыдаид, стæй йæ цыргъцъупп дамгъæтæ ныххæррæтт ластаиккой...

Хамырзæ хъæрæй дзургæйæ рахызти хæдзарæй:

— Цæй тыххæй не 'рбадзурдзысты? Хæдзараразæг шиферыл нæ хæст кæны. Гъемæ мæ ныр главснабы хицаумæ цæуын хъæуы. Уый хъуамæ адзура таварни двормæ... — йæ бынат бацахста Хамырзæ æмæ та йæ кæсæнцæстытæ йæ фындзырагъыл æрфидар сты. — Фысджытæй иуимæ иу рæстæджы санаторы улæфыдыстæм. Хъаст кодта: давлени мæм ис æмæ фынæй нæ кæнын. Æмæ, зæгъын, уый дæ хъуылсах куы абадт, æнæхуыссæг рæстæгæй пайда кæн, чингуытæ фысс. Нæ йæ 'мбæрстон, æнхъæл вæййынц, фыссæг йæ зæрдæйыдзæбæхæн сбады æмæ, къахкъæлæттæ дзода митыл куыд цъыгъуытт ласой, афтæ пъеро гæххæттыл абыры. Ныр мæхæдæг бавзæрстон уыцы фыдæбон. Зæгъын, мæхи тухæнтæ, мæ хабæрттæ гæххæтмæ рахæссон. Цыдæртæ ныххылы—мылытæ кодтон. Иу фарс мын кæд æмæ кæд байдзаг вæййы. Æмæ мæ уд...

Хамырзæйы телефоны фыццаг зæлланг йæ къæхтыл авæрдта æмæ та хæдзармæ згъоргæ. Дуар ын гомæй аззади æмæ йæ хъæлæс дзæбæх азæлыди:

— Чи фæзиан?! Де 'мхæрæфырт? Рухсаг уæд. Уый йе 'нусон хæс бафыста, фæлæ де 'мхæрæфырты кæстæрæн хъуыддаг куы бакодтай, уæд мæ цæуылнæ бацагуырдтай? О, о, цины сахат дæ ферох вæййын? Æнæуи та, цыма пæхæронни бюро дæн...

Сæрдыгон хæдзары къæсæрæй ракасти Хамырзæйы бинойнаг æмæ Алыккамæ радзырдта:

— Ныр æм куынæ æрбадзырдтаид, бынтон диссаг уæд фæуыдаид. Де 'фсымæры ды нæ зоныс...

Хамырзæ кæртмæ рауад æмæ æфсин сæрдыгон хæдзары фæмидæг.

— Сæр схъил кæныны бон нæй адæймаджы, — дзырдта Хамырзæ. — Ацы зиантæй та бынтон мæ сæрæн нал дæн. — Ныггуыбыр та кодта йæ фыстытæм. — Цыдæр дзырдтон æмæ нæ ныр хæйрæг æрхъуыды кæнæд...

— Фыссæджы куыст уæззау кæй у... — загъта Алыкка.

— Уæззау чысыл загъд у, дæхæдæг дæхи ахæстоны бакæн. Сæ дæсныты куыст бæрæг дары, фæлæ хъæды æрмæст бæрзæндтæ нæ вæййы, къаннæгдæр бæлæстæ дæр сфидауынц бæрзæндты цур. Жуличчытæ кæм нæй, фæлæ кæсын дæсныты чингуытæ æмæ дзы кæмæндæрты...

Хæдзармæ бахизæн дуары тæккæ сæрмæ ныззæлланг ласта дзæнгæрæг.

— Кæдæй — уæдæй нæм Алыкка æрбацыд æмæ нæ сныхасы бон фæуыдзæн. — Хамырзæ сыстади зивæггæнгæ æмæ кулдуарырдæм акъахдзæфтæ кодта. Кæртмæ æрбацæуæн дуар байгом кодта хæдзары хицау æмæ гобийæ аззад. Кулдуары ауон лæууæг ын бонхорз загъта, Хамырзæ ма уæддæр æгæрон даргъ уысмы дæргъы хъусæй алæууыд.

— Гъа — а — а, Дзодзыр! — сдзырдта Хамырзæ. — Куынал дæ базыдтон? Исты хабар?

— Æвзæр хабарæй хызт ут, Хамырзæ. Мæнæ Агысайы хъустыл æрцыди, Сталины цыртыл къæм дæр нæ абадт, афтæмæй йæ кæй бахъахъхъæдтай. Уымæн, дам, уæвæн нæй...

— Æнæхъæнæй цæмæн баззад зæгъинаг стут? — йæ дæрзæг хъæлæсыуагæй, йæ мидбынаты уыйбæрц кæй нæ фезмæлыд, уыдæттæй сын æмбарын кодта: мидæмæ уын нæ зæгъын, аздæхут.

— Нагъ, Хамырзæ! — райхъуысти Дзодзыры хъæлæс. — Агысайæн йæ фæсонæрхæджы дæр ахæмæй...

Агыса дæр цыдæр загъта, фæлæ йæ Алыкка нæ фехъуыста.

— Дыууæ уæзласæн машинæйы дæм айфыццаг цы гуырдзиæгтæ фæзынди, уыдоны кой йын куы ракодтон...

— Рацæут! — зыст хъæлæсæй сдзырдта Хамырзæ, йæ чъылдым сæм фæзылдта æмæ Алыккайырдæм ратындзыдта. — Хæддзу уазæгæй дæр цух нæ дæн. — Стъолы цурæй ма иу каст фæкодта æрбацæуджытæм æмæ йæ пянкæ бафæлдæхта.

"Кæдæмыты æххæссынц Дзодзыры хæттæнтæ", — йæхицæн загъта Алыкка, Дзодзыры æвæлмон цæсгом ауыдта

æмæ, йæ фæстæ къæдз лæдзæджы æнцæйгты бæгъæвва-дæй сындзытыл цæуæгау чи кодта, уымæ лæмбынæг ныккасти. Федта ма йæ, фæлæ кæм?

Дзодзыр Алыккамæ йæ цæст æрныкъуылдта, ома ам дæр та мæхи æдзæллагæй нæ равдисдзынæн. Лæдзæгджын салам радта сæры фæтылдæй. Йæ хъуыры нуар фæтынг ис, цæсгом æнхъырдтæй аззад, сæр галиуырдæм фæкъул. "Хабиимæ сабиты парчы цады был чи бадти, уый у! – базыдта Агысайы Алыкка. – Ай дæр та Дзодзыры зонгæ".

– Нæ уæ бахъыгдардзыстæм бирæ, – загъта Агыса. – Сосойы иу уынд акæнæм...

Хамырзæ Алыккамæ сдзырдта:

– Ды дæр рацу. – Сарайæ цæхæрадонмæ дуарыл разæй ахызти хæдзары хицау.

Цæхæрадон разынди, кæрт æд хæдзар, æд сара цы ахста, уымæй дыууæйыйас. Цæст фыццаджыдæр цæмæ фæкомкоммæ, уый уыди фæстæг. Йæ уæлæ – кител, уыди бæгъæмсар, йæ сæрыхъуынтæ хæрдмæ лæмбынæг фаст, йæ рахиз цонг сæры æмбæрзæндæн ист, йæ арм бынырдæм, пæлæхсаргом æнгуылдзтæ фæлмæн æркъæдз сты. Сæ кæроныл цæст нæ хæцыд, фæтæг цыма утæппæт дзыллæты сæрты фæлгæсыд кæдæмдæр. Йæ лæууæн бындур æххæссыди ронбасты онг. Сарайæ рахизæн дуарæй йæ цурмæ, лыстæг мургонд агуыридур кæм æрнадтой, ахæм фæндаг, йæ фæйнæ фæрсты – сырх æмæ урс уардитæ. Цыртдзæвæны фæйнæ фæрсты æмæ йæ фæстæ – фæткъуыбæлæстæ.

Цырты цурмæ хонæг фæндагыл алæууыд Хамырзæ æмæ сдзырдта:

– Ардыгæй йæм бакæсут.

– Цы лæг уыд æмæ йын цытæ бакуыстой! – загъта Дзодзыр.

– Цæхæрадонгæс дзы сараезтой, – загъта Агыса, йæ хъуыры нуар та æрдынивæзт аци, йæ цæсгом анхъырдтæ æмæ та сæр сонткъул фæци.

– Раст загъта Сталин? – фæзылди Агысамæ Хамырзæ.

– Тынг раст загъта, – æмæ йæм йæ амонæн æнгуылдз ныддардта. – Социализм йæ рæзты фæндагыл цас даргдæр цæуа æмæ фидардæр кæна, уыйас йе знæгтæ фылдæрæй фылдæр кæндзысты. Уыцы знæгтæ ам дæр сты, Мæскуыйы дæр сты.

Пыртæккæ дзы иуы уæхи цæстытæй фендзыстут. — Хæдзары хицау рахизырдæм фæзылди, бауади сарайы фæскъул фæйнæгæй конд куыдздон кæнæ скъæтгондмæ. Къулыл цыгъд куыси райста, тъæпæнæджы йæ атъыста æмæ дзы æнтыд фелвæста, æркодта йæ тæгæнайы, скъæтгонды дуар фегом кодта æмæ хъæрæй басидти:

— Китæ, Никитæ! Китæ, Никитæ! Никитæ Сергевич!

Хуыгист хъох—хъохгæнгæ рауади, тæгæнайы йæ бырынкъ фæцавта æмæ æнтыд сцъелф—цъелф ласта.

Дзодзыр зæрдæбынæй худти, йæ къухтæ—иу кæрæдзиуыл æрцавта.

— Хадзырæг, уый дæхæдæг æрхъуыды кодтай?!

— Мæнæ мын æй де 'мбал бацамыдта, — Хамырзæ фæстæмæ фæкасти, фæлæ Агысайыл йæ цæст нал æрхæцыд. — Адæмы знаг куыд фæлидзæг ис! — Уый фæстæ Дзодзырмæ фездæхти: — Чи у, уый нæ зоныс? Цæмæн мæм æй æрбахуыдтай?!

— Ныллæууыди, Сталины цыртдзæвæнтæй, дам, иу дæр ныхъæн нал ис. Мæрдджоны, дам, лæзæрынц.

— Нæ мæ хъæуынц дæ ныхæстæ! — Дзодзырмæ дæр та не 'нгуылдз ныццыргъ кодта. — Ды дæхæдæг кæцытæй дæ?

— Хатыр, Хадзырæг. Хатыр дæ курын, — йæ сæрæй акуывта Дзодзыр. — Хæрзизæр, Агысайы фæдыл акæсон, — æмæ рæвдз ацыди.

"Агысаимæ æнæмæнг хæснаг скодтаид, — Дзодзыры тыххæй хъуыдытæ кодта Алыкка. — Фæлæ ацы хатт йæ хъазт нæ фарсæй фæци. Ам ын Гыбытт нæй".

Хадзырæт ферхæндæг, йæ хъæлæс фæмынæг. Йæ къух папкæтæм нал батасыд. Рæхджы дæм куыстмæ бауайдзынæн, зæгъгæ, йын зæрдæ бавæрдта.

Хадзырæттæй Хабитæм кæд уыди фынддæс минуты цыд, æмæ Алыкка уыдоныл йæ фæндаг акодта. Уынгмæ йæм рауади ацæргæ сылгоймаг, байхъуыста йæм æмæ йын уырыссагау бамбарын кодта: сæ хæдзар сын балхæдтам æмæ дзы ныр цæрæм къуырийы бæрц. Йæ иннæ фарстыгæй йын дзуапп ницæмæн радта.

## 14

Алыкка æмбæрста: Хамырзæимæ сæ фембæлд куыд ра–уад, уый зонын Гагуыдзы куыд тынг фæндыд æмæ йæм куыд æнхъæлмæ кæсы, фæлæ йæ аизæр никæйуал фенын фæн–дыди. Фæстаг автобус горæтæй Гагуыдзты хъæумæ ацæуы æхсæвы дæс сахатыл æмæ уым сбаддзæни – кæд фыды æфсымæр йе рцыдмæ бафынæй уаид.

Фæхты хосты хуызæн ныддæн, зæгъгæ, дзураг у йæ фыд Гадзымур. Уæнгдых куыстæй куы бафæллайы, афтæ уæд фæзæгъы æви царды хæрæмттæй йæ уд æрдуйы нарæгæн куы свæййы, уæд?.. Æви йе стад, йæ нуарлæмæгъ, æргъиу–ивæзт къабæзтæ æддæгуæлæ куынал фæхæцынц, уæд фæ–кæсы йæхимæ фæхты хосты хуызæн?

Къуырийы дæргъы Алыккайы уæнгтæ къанторы бадгæ–куыстæй амæлынц æмæ батагъд кæны хъæумæ. Уым та уæн–гдых куыст кæд нæ разыны, – февналы æмæ нал æрын–цайы, цалынмæ йе уæнджы нуар хъандзал–хъæддых нæ ныввæййы... Кæцыдæр рæстæг цæсты фæтъæбæртты дæргъы бавзары, маргъы йæ базыртæ куы сисынц, уыцы æрвон цин...

Здæхти Алыкка Хамырзæтæй æмæ ма искуы йæ зæр–дæйы æнтъыснæг ссæудзæн, уый йæ нал уырныдта. Хабийы рæстдзинад мыггаджы размæ рахæссинаг кæй у, уыцы хъу–ыды йæ æнæнцой кодта, срастгæнæн ын кæй ис, уыцы ныф–сæй–иу йæ зæрдæ фæрухс.Уый, цалынмæ Хамырзæйы нæма федта, уæдмæ. Ныр Алыкка йæхи æфхæрдта: "Хаби æгас мыггаджы æхсæн йæ зæрдæ æрмæстдæр мæныл дардта. Æмæ цы? Ницы! Йæ лсæрыл сдзурын кæмæн æмбæлди, цы зæгъын хъæуы, уый чи зыдта æмæ йæхи нæхъусæг, нæзонæг чи скодта, уыдоны фарсмæ балæууыдтæн æз дæр. Цалынмæ фæлыгъди Хаби, уæдмæ нæ базмæлыдтæн. Кæддæр Биба йе 'фхæрæг æрвадæлтæй иуы мæрдтæм барвыста æмæ йæ бæ–стæй йæхи айста. Ныр фæзынди йæ фæдон. Ныр та Дзацъ–атæй лæг Хамырзæйы азарæй раздæр фесæфти Азырæт, ацы бонты та йæ фырт Хаби фæлыгъди Ирыстонæй, йæ мыгга–гæй, нæ хъæстæйæ йæхи ссыгъдæг кæндзæни... Уыцы Хад–зырæт йæхи банымадта, ног царды сæраппонд йæ туг, йæ чъиухид чи фæкалдта, уыдонимæ. Уыдоны мысинæгтæ чин–гуытæй уадзынц, æмæ уæд Хамырзæйы ном дæр рохуаты цæмæн хъуамæ баззайа? Йæхи къухæй йæхицæн цыргд–зæвæн хъуамæ самайа..."

Ныр ын нæ бантыст, фæлæ йæм Хадзырæт куыстмæ куы фæзына, уæд æй афæрсдзæн: санаторийы кæимæ фæлы — мæн дæ, уыцы фыссæджы бар цæуылнæ кæныс дæ мыси — пæгтæ? Ауыл Дзодзыр — дæлимон ма сагъуийæд? Фыссæг дæ рауайдзæн, зæгъгæ, дзы ныфс ма бауадзæд? Аргъ ын чи кодта, уыдонæн хъазæнхъул куыд феста, гæххæтты рæмпæг æй куыд рахоной.

Хамырзæ быдыргъау цæсты куыд нал сахада, ахæм цы — дæр фессонæнтæ, къахфæдарæнтæ йын агуырдта Алыкка, фæлæ йæ хъуыдытæй ныффæллад æмæ йæхицæн басасти: "Абон Хамырзæйы бон уыди, æз та, дедагæ кæмæй фæкæ — нынц, ахæм хыссæ, æви пластилин? Лæдзæджы æнцæйтты цæуæг Агыса æмæ дзы бынтыдзог Дзодзыр лидзæг фесты. Райсом дæр та Хамырзæ паддзахады къæбицæй кæмæдæр цыдæртæ фæбырын кæндзæн, æмæ та йæхицæн цæсгом скæндзæн... Райсом дæр та Хамырзæйы бон уыдзæн...

Æрвылизæр уыцы иу фæндаг хуыдта Гагуыдзты хъæумæ цæуæг автобусы лæууæнмæ. Ацы уынджы уынæн цы уыди, уыдонæй йæ цæст бафæллади æмæ ницуал фиппайдта.

Мæнæ фæстаг тигъыл фæзылди Алыкка æмæ йæ цæст аныдзæвыди йæ ныхмæ æрбацæйцæуæгыл. Сылгоймаг у, уый цы раиртæста, æндæр ын йæ дарæстæй дæр ницы бафип — пайдта, баивгъуыдтаид йæ фæрсты, фæлæ сылгоймаг æр — лæууыд æмæ йæм йæ цонг æрбаивæзта. Æмæ йæм фæкасти Алыкка.

Бонрухс дыдзымынæг нæма æрци æмæ сылгоймаджы фæстæмæфаст сæрыхъуынтæ хæмпус кæй бадтысты, уый дæр бафиппайдта. Йæ кофтæйы сырх — тæмæн йæ рустæм сæнхъæвзта. Йæ хъоппæггом цæстытæй йæм ракалди уда — исты æгомыг фæдис. Йæ цонг æруагъта, фæлæ та йæм æй рæвдз æрбаивæзта æмæ цыдæр амæлттæй сфæрæзта:

— Алыкка.

"Фимæйы амæй бацыди маст! — æнæгуырысхо хъуыды риссаг рæхуыст фæкодта Алыккайы зæрдæ. Йæ Нана йæ уайтæккæ дæр бамбæрста. Æз та гуырысхо дæр ницæуыл фæдæн".

— Дæ изæртæ хорз, Алыкка.

— Мæ ном дын сæнцондзурæн ис? — загъта лæппу, чыз — джы ном ын хъуамæ сдзырдтаид, фæлæ йе 'взаг нæ батасыд.

— Ницы ферох уыдзæн... дæуæй дæр... мæнæй дæр...

— Рæстæджы сæг бирæ цæуылдæрты ныббады...

— Ныссуйтæ дæн, Алыкка... Ды йæ дæхæдæг нæ зоныс, цы адæймаг дæ... Зын дзурæн мын у... Ӕви мын дзурыны бар уæвгæ дæр нæй?

Алыккайы цæсты йæхи æвæрын зыдта. Уарзон ма йын кæй уыди æмæ уыцы иу рæстæг сæ дыууæимæ дæр кæй æмбæлы, цалынмæ уыдæттæ базыдта Алыкка, уæдмæ нæ бамбæрста, Куарæ йын йæхи кæй кадджын кæны, фæлварæнтæ йын кæй аразы. Къухылтухгæ цыллæ бæттæн хъуамæ суыдаид Алыкка Куарæйы фæндиаг...

Уыцы Куарæ цы фæци?! Мæнæ кæй уыны, уымæ уыцы Куарæйы хуызæнæй куыницуал баззади.

— Цæуылнæ дын ис дзурыны бар...

— Куыд цæрон? — йæ сау дæргъæлвæс ридикюль йæ къухтæй æвдæрзта. — Хъуыды ма кæныс?..

— Ӕнхъæлмæ мæм кæсынц...

— Ма мæ ныууадз ам лæугæ! — йæ ридикюль йæ риумæ балхъывта Куарæ, йæ сæр мæгуыры къул фæкодта.

— Автобус ныртæккæ арæг уыдзæн, зæронд лæг мæм хъæуы æнхъæлмæ кæсы.

— Дæ размæ бабадын... Ныр цал фæлтæрæны скодтон... Дардмæ дæ ауынын æмæ та лидзæг фæвæййын...

— Цы ма баззади не 'хсæн? Цы ма сты дæ фæлтæрæнтæ?

— Уæд та дæм дæ кæддæры зонгæ... Хъуырыцъар ивазгæйæ дын лæгъстæ кæны... Иу ныхасмæ мæм байхъус...

Уынджы тигъыл хæдзары фисыны цырагъ ссыгъди æмæ сæ ныррухс, ныддиди кодта. Лæнну тротуары кæронмæ, бæласы ауонмæ йæхи байста æмæ сдзырдта:

— Дзур, хъусын дæм.

— Афтæ ацæуæм, — чызг ацамыдта, Алыкка кæцæй æрбазылд, уыцы уынгмæ. Иу чысыл мын бабыхс... Размæ кæсгæйæ цæудзыстæм, дæ цæстæнгас дын куы уынон, уæд мын зын дзурæн уыдзæн...

— Хорз, ацæуæм, — загъта Алыкка æмæ араст ис.

Куарæйы — иу цæмæдæр гæсгæ рахиз фæрсты цæуын фæндыд. Кæд ын Алыкка уыцы фадат кæй нæ лæвæрдта, уый фыдæнæн кодта. Иуахæмы йын чызг йæ галиу цонг ныхъхъæбыс кодта æмæ йæ коммæ нал бакаст. Адæм гу-

ылфæй кæм цыдысты, чызг ахæм уынгты тезгъо кæнын уарта. Фæлæ йæ кæддæр Алыкка асайдта æдзæуæг фæсвæд уынгмæ. Къаппа – къуппайы æнгæс æлвыд бæласы бынмæ нæ баздæхта, йæхимæ йæ æргомздæхтæй æрлæууын кодта. Чызг знæт уæрыккау фестъæлфыди, алидзыны фæлтæрæнтæ акодта. Лæппу йын йæ цæнгтыл дзæбæх æрхæцыди, йæ гом цæстытæм ныккæсын æй куыд тынг фæндыди! Лæппу ныццыбæл – Куарæйы хæмпус имонау русты фидыц цæстыдзагæй ауынынæй диссагдæр ницуал уыди уыцы уысм, дидинсыфтау хæрздæфгæнаг хæмпус рустæм йæ нæрст уыртæ мæнгæфсон æндзæвдтытæ, хъуызгæ ныхылдтытæ райдыдтаиккой, фæлæ уал æй зæгъын хъуыди, чызгæн кæлæнтау чи фестадаид, ахæм ныхæстæ. Уыцы ныхæстæ йæ былалгъыл абадгысты, фæлæ Куарæ йæ сæр иуварс акъуырдта, йе уæхск сысхъиудта æмæ сбустæ кодта: "Цæй – ма, дзыпкъахæг йæ амæттаджы талынг къуыммæ куыд батæра!..." Æмæ хъæрæй ныккæл – кæл кодта Куарæ. Алыккайы цæнгтæ æрхаудысты.

Мæнæ ныр чызг бацархайдта, цæмæй йæ рахиз фæрсты цæуа.

– Мæхи сраст кæнон, уый тыххæй дæ не 'рурæдтон. – Куарæйы къахдзæф фæцырддæр, йæ каст – размæ. – Куы базонгæ стæм, уыцы Ногбонæхсæв мæм дæ зæрдæ фехсайдта æмæ мæ афарстай: "Цæуыл тыхсыс?" Афæдз æмæ мæ æрдæджы фæстæ æцæгæлон æмдзæрæны кæимæ федтай, уый дæр уыцы æхсæв уым хъуамæ уыдаид... Бæргæ, афтæ куы рауадаид! Абон ацы уавæр нæ бавзæрстаин. Фæлæ, æвæццæгæн, цы 'рцыди, уымæн æнæ 'рцæугæ нæ уыди. Не 'мдзæрæны вахтеры цур бадтæн уыцы изæр. Рараст у, зæгъгæ, мæм хъуамæ æрбадзырдтаид. Æрбадзырдта æмæ мын афтæ: "Ме 'мхæрæфырт рынчындонмæ бахауди. Ныртæккæ йын хъуамæ скæной операци – прободная язва. Бынæй мæм машинæ æнхъæлмæ кæсы". Цыдæр зæрдæлхæнæн ныхас мын загъта, уæддæр ыл йæ хъæлæс комдзог рацыд, цыма нозтфæллад уыди, цыма кæйдæр узæлæнтæй бафсæсти. Мæ цæссыгтæ æрызгъæлдысты. Мæхи цы фæкодтаин, араевдз дæн æмæ рацыдтæн Ногбонæхсæвмæ. Дæуыл мæ цæст æрхæцыд. Загътон: "Куы мæ бафиппаид, иумæ куы асимиккам". Иу рæстæджы фемдзаст стæм. Ды мæм æрбацыдтæ.

Ӕз мастисæг фестадтæн æмæ дыл мæхи цингæнæг скодтон. Цы къæйных разындтæн – куыддæр симды цагъд айхъуы – стон, афтæ дын мæхæдæг загътон: "Асимæм". Фæндыди мæ, дзæбæх куы банозгаис, уырдыгæй мæ куы рахуыдтаис... Мæ уарзоны æмдзæрæны цур балæууын мæ куыд тынг фæн – дыди! Йæ рудзынгмæ йын скастаин. Уый размæ дæр ыл – иу фæгуырысхо дæн... Сæумæраджы мын загътай: "Уе 'мдзæ – рæнмæ дæ фæхæццæ кæндзынæн". Кой дæр дæ не суагъ – тон. Уæд та мын афтæ: "Ардыгæй иннæ Ногбонмæ нал сæм – бæлдзыстæм? Уыцы минут мæ сæры фæмидæг: "Мæ уар – зонæй мæ маст цæуылнæ исын? Уадз æмæ мæ ацы лæппу – имæ фена æмæ мæстæй цæхæртæ кала". Иу хатт нæ федта иумæ лæугæ. Ӕз æй дæрддзæфмæ ауыдтон, ды куыд ницы бамбарай, афтæ дæ хатыр ракуырдтон æмæ азгъордтон... Иу нæ хъæуккаджы кой – иу ын кодтон æмæ цыма ды уый уыдтæ æмæ æнæнхъæлæджы сæмбæлдыстæм. Мæн фæндыди, ма – стыхос ын куы фæуыдаид, фæлæ ахæмæй ницы равдыста... Мæ мад мæ уарзоныл, йæ фидæны сиахсыл æнувыд уыди – аспирантурæйы ахуыр кодта. Стыр лæг дзы рауайдзæн, йæ чызг царды бахаудзæн, æмæ йын аивæй зæрдæлхæнæнтæ кодта. Поезды мын – иу рарвыста дыргътæ, æвæрд арахъ, хæндыджы цыхтытæ... Ӕмбарын мын кодта – уый дæр – иу æрхъуыды кæн. Ӕдзух мæм мæ мад æртхъирæнтæ, чысыл – дæр, дам, дыл йæ зæрдæ фæхудти!.. Куыд ын загътаин: "Сылгоймаджы рæвдыдæй чи ныфсæсти, де сиахсаг уыдо – нæй у". Куыд ын загътаин: "Аспиранты фыдæнæн гуырыс – хонæзонæг Алыккайы мæхиуыл сардыдтон, сæнувыд код – гон. Ӕнувыдзæрдæ уарзоны узæлæнты ад уымæй бавзæр – стон, дæ сиахсаджы уазал ахæстæй та æргъæвсгæ бакод – тон?" Мæ мад мæм фæзынди, нæ иумæ ист къамтыл йæ цæст æрхæцыди æмæ сæ ныскъуыдтæ кодта, æмдзæрæны. Нæхимæ мыл куы фæхæст уыдаид, уæд мæ мæ дзыккутæй фæралас – балас кодтаид...

Фондзуæладзыгон хæдзары кæртмæ бацæуæны æрлæ – ууыди Куарæ æмæ загъта:

– Ацы хæдзары цæрæгыл ымад дæн. Мæ къæсæрæй бахиз.

– Уый дзы нал хъæуы, – загъта Алыкка.

– Нымадæй цалдæр минуты афæстиат уыдзынæ. Мæ – хицæй дарддæр дзы ничи уыдзæн.

— Дæ ныхас ам фæуы.

— Дæхи цæстæй цыдæр хъуамæ фенай, уæд мæ ныхас æнцондæрæй балхынцъ кæндзынæн.

— Æз дæ цæмæйдæр бафæрсинаг дæн æмæ мæм куы байхъусай, дæ ныхас уый фæстæ балхынцъ кæндзынæ.

— Фæрсдзынæ мæ, уый зыдтон. Гъемæ, кæмæй зæгъын, уый куы фенай, уæд мæ, чи зоны, фæрсын дæр мауал бахъæуа.

Цыдæр гуырысхо фæцагайдта Алыккайы, цыма йын къæппæг аразы, фесхойдзæн æй æмæ уым куы стæлфа... "Нагъ, байхъусын æм хъæуы, — ахъуыды кодта лæппу. — Йæ ныхæстæ йæ рæстзæрдæйæ цæуынц, цæуылдæрты æр — фæсмон кодта".

Бахызтысты Куарæйы фатеры къæсæрæй. Уаты дуары бакомкоммæ къулæмбуар æвæрд стъолыл — сæ иумæ ист къам стырдæргондæй. Сæуæхсиды рухс æм цыма бакалди. Алыкка къаммæ кæсыныл куы фæци, уæд Куарæ загъта:

— Нæ къамгæй ма иу баззади. Фестырдæр æй кæнын кодтон.

— Ацы къамæй загътай, цыдæр фендзынæ, зæгъгæ?

— Ды нæ æцæгæлон æмдзæрæны куы федтай аспиран — тимæ æмæ мæ куы фервæзтæ, уымæй цасдæр рауади, хъу — амæ бацыдаиккам Мæскуыйаг театрмæ. Уымы ирæттæ, æн — хъæлдæн, сегас дæр зыдтой: Тæбæхсæуты Бало уыцы изæр рацæудзæн уырыссаг театры сценæмæ Отеллойы хуызы. Фенхъæлмæ кастæн бæрæг ран аспирантмæ, фæлæ мæм нæ фæзынди. Театырмæ дард уыдтæн, билеттæ — уымæ. Мæ зæрдæйы уыйбæрц маст ныццæнд æмæ йыл æй уыцы изæр куынæ акалдтаин, уæд мæ басыгътаид æмæ фæнык феста — даин... Таксийы абадтæн æмæ Ермоловайы номыл театры цур æрхызтæн. Спектаклмæ цæуын афонтæ раджы аивгъуыд — той, æмæ, театрæй рацæуæнтæ куыд уынон, афтæ баууон дæн... Рацыдысты дыууæйæ. Йе 'мбал сылгоймаг — кæцы — дæр министрады кусæг, йæхицæй фынддæс, ссæдз азы хи — стæр... Аспирантурæмæ йын уый скодта фæндаг. Æз мæхи ныккуыдз кодтон, аййæфтон сæ, сæ разæй фæдæн, иунæг каст сæм фæкодтон фæстæмæ, куыд мæ ауыной... æмæ згъоргæ... Мæ зæрдæ ницæуылуал дардтон, уæддæр дæ фæ — дыл зылдтæн... Бецыкджын чызгимæ уæ федтон, мæ зæрдæ

рацæйтыдта... Мæ базмæ фæкуыдтон, уæддæр не 'рсабыр мæ зæрдæ. Ныр та уый фæстæ бафтыдтæн. Æрбасайдтон дын дæ чызджы, дæ уарзоны. Къам куы фена, уæд цыма Алыкка мæн бауыдзæни... Мæ зонд нылдздзæгъæлтæ...

— Ныр мæнæн куыдгæнгæ у, уый мын дæхæдæг баца-мон, — загъта Алыкка.

— Уый фæстæ йæм хъæумæ фæцыдтæн, фæдзырдтон ын алцыдæр... Тæригъæдджын дæн, хатыр мын нæй... Амар мæ... Цы дæ фæнды, уый кæн, — йæ ридикюлæй дæгъæлтæ фел-вæста, Алыккайы къæхты бынмæ сæ баппæрста. — Дуар сæхгæн æмæ мæ фæхынджылæг кæн. — Диваныл дæлгом-мæ ныххауд, йæ кæуыны хæкъуырццытæ йæ хуыдуг кодтой.

Алыкка стъолæй райста сæ иумæ ист къам, цалдæр скъу-ыды йæ акодта, акалдта сæ паркет пъолмæ æмæ рацыди.

## 15

Æрвадæлтæй телефонтæ кæмæ уыди, Алыкка уыдоны фæфарста, Хаби йæ цæрæн кæдæм аивта, зæгъгæ, фæлæ йын йæ хабæрттæн ничи ницы зыдта. Æмæ сæ уый тыххæй азымы бадаринаг никæй уыди, фæлæ йын дзуапп былыс-чъилæй кæй лæвæрдтой, ома, дымды фæуинаг куы у, уæд æй койы аккаг цы рахуыдтай, уый сын нæ хатыр кодта. Йæ зонд æй нæ ахста, Хаби цардсæст кæй у, йе назым фыдыл цыфыддæр знаджы ном кæй нынныхæстæуыд, уый сæ иумæ куыннæ бахъардта?

Ныр-иу се 'рвадæлтæй искæуыл куы амбæла, уæд-иу йæ зæрдыл æрбалæудзæн, сегас дæр Хабийы раз азымджын кæй сты. "Æмæ уæд афтæмæй кæдæмыты ахæццæ уыдзы-нæ? — йæхи фарста Алыкка. — Де 'рвады уындмæ нал бæл-дзынæ, иувæрсты дзы лидздзынæ... Цæстысындз дын фес-тдзысты. Ды — иу, уыдон — бирæ, æмæ дын кæддæр чидæр зæгъдзæн: "Хабийы нывæн ысу!" Хабийыл хъодыгæнджыты фарсмæ куы балæууай, уæд ды дæр — нæуынаг, нæзонаг, нæриссаг. Рис кæм нал вæййы, уым та — цæстмæмитæ, хъыдзытæ"...

Телефоны зæлланг ыл цыма донау æрбакалдæуыд æмæ дзы йæ уд ауади. Йæ зæрдæ йæм сдзырдта: "Цыдæр маст ма дæм кæсы!" Фелвæста хæтæл æмæ йæ фæстæмæ йæ сад-жил æвæрыныл авæрдта. Фæлæ телефон уæддæр не 'рын-

цади — иу зæлланг иннæйы фæдыл... Æмæ уæд хæтæл йæ къусыл авæрдта Алыкка.

— Лыкка, ды дæ? — Веринкайы хъæлæс — хиуылхæцгæ, цинмынæг.

— Æз дæн, уый нæ уыныс? — сбустæ кодта Алыкка.

— Дæуæн зæгъын дæр ницы хъæуы, фæлæ та мæ зæрдæ нал фæлæууыд...

Фимæйы тыххæй йæм æхсызгон зæгъинæгтæ ис, зæгъ — гæ, фехсайдта йæ зæрдæ. Чызг Веринкайы æвастæй тæргай куы ацыд, уый фæстæ бон дзы йæ мадыхо домдта: "Ссар æй æмæ, цы 'рцыди, уый базон!" Лæппу нæ баразæнгард æмæ та уæд уый загъта: "Æз дæр демæ цæуын, æнцад бадæн дын нал ис." Алыкка афтæ: "Цард диссаг уымæй у æмæ мæ нывтыл карст дæр кæй нæ цæуы æмæ дæ нывтыл карст дæр." Ве — ринка бабустæ кодта: "Уæдæ нын куыдгæнгæ у?" Алыкка загъта: "Ахæм рæстæг хъуамæ кæйдæр цармы бабырай æмæ дæм уæд цы зонд æрцæуа, уымæ гæсгæ архай". "Куы ба — бырай, уæддæр та иу дæхихуызæн æдылыкъоппайы цармы бабырдзынæ æмæ та дæ иу Куарæ — Муарæ тыччыдурау фæхъæздзæни!" — Веринкайы цæссыгæ æрцæйуадысты æмæ феддæдуар.

Мæнæ ныр цинæлхынцъ аци Алыккайы улæфт æмæ сдзурынхъом нал сси.

— Æппын дæм ницуал хъæры? Цы ныхъхъус дæ?

— Кæд дын зын у, уæд мын æй æндæр хатт зæгъдзынæ...

— Нæ, нæ, æз дын æй ныр зæгъын, ныр. Фимæ йæ ку — ысты ис æмæ йæ фен. Æмæ ма — иу базон, йæ фысым чи уыдзæни?

— Йæ фысым чи уыдзæн, уый дын фидарæй зæгъын мæ бон у.

— Федтай йæ?!

— Ме уæны кæсын.

— Иу рæстмæ ныхас ма зæгъ. Кæмæ цæрдзæн?

— Саскатæм.

Зæрдæбынæй ныххудти Веринка æмæ хæтæл æрæвæр — дта.

Чысыл фæстæдæр Алыккамæ фæзынди Дзодзыр, дива — ныл йæ ныхмæ сбадти, сахатмæ æркасти æмæ афарста:

— Алыкка, Нартæн баззадысты сæ таурæгътæ, Царциа — тæн æрмæст сæ кой. Æмæ уæд Царциаты диссæгтæ цы сты?

— Амæй размæ цы не 'рцыди, кæй никуыма федтой, æвæццæгæн, ахæм диссæгтæ.

— Иттæг раст æй бахахх кодтай. Де 'рвад Хамырзæтæм дæр ибон Агыса Царциаты диссæгтæ уынынмæ фæцыди. Афтæ мын: "Дæ ныхас æцæг куы рауайа, уæд уый Царциаты диссаг уыдзæн". Йæ зæрдæйы тугтæ æрлæдæрстысты, афтæ фæци Сосойы уындæй. Йæ маст цæмæй ссыдаид, уымæн ницуал зыдта æмæ, хъуыды ма кæныс? Фæтæджы цы рахуыдта?

— Цæхæрадонгæс цыма...

— Уыцы ныхас де 'рвады амардта.

— Кæрæдзи зонынц?

— Хамырзæ проспекты бульвары бандæттæй иуыл бадти, йæ зæрдæйы дзæбæхæн газет касти. Агысаимæ йæ рæзты ныццыдыстæм. Æз де 'рвадæн салам радтон. Ай йæ, чи зоны, нæ бафиппайдтаид. Ныр æм ныдздзынæг ис, йæ цæсгом ацикъæ, йæ лæдзæг фæхъил кодта. Йæ цонг ма йын ацахстон...

— Æмæ ма йæ цурмæ куыд ныццыди?

— Æнхъæлдта, фæтæджы цыртдзæвæнтæ иууылдæр мæрддоны балæууыдысты.

— Мыййаг æй истæмæй бафхæрдта Хамырзæ?

— Агыса реабилитацигонд у, йæ къæхты бынтæ йын басыгътой. Хамырзæйы кæцæй зоны, уый нæ зæгъы. Йæхиуæтты дæр, дам, уæй кодта. — Дзодзыр та йæ сахатмæ æркасти æмæ сыстади. — Цом, Гыбытт нæм æнхъæлмæ кæсы.

— Мæн нæ хуыдта.

— Кусарт нæ акодта, мæнмæ дæр сæрмагонд хонæг нæ уыди. Цом, йæ ног бынатæн ын арфæ ракæнæм.

Алыккамæ цыма иуварсæй æрбадзырдæуыд: "Фимæйы фенынæн дын æвæджиауы фадат!" — æмæ фестади.

* * *

Дуканийы фарсмæ кулдуарыл кæртмæ бахызтысты Дзодзыр æмæ Алыкка. Кæртæй Гыбытты кабинетмæ — сау лидеринцъæр дуар. Дзодзыр иу каст йæ сахатмæ кодта, иннæ Алыккамæ. Йæ галиу цæст ныкъулыны змæлд бакодта, фæлæ дзы æххæст ныкъуылд нæ рауади. Дуар байгом кодта æмæ бахызтысты нарæг тыргътæм. Тыргъты кæрон дæр — ахæм

дуар. Йæ хæцæн ын батъæпп кодта Дзодзыр æмæ хъæрæй сдзырдта:

— Ам дæ, Гыбытт?! — рахæцыд дуарыл æмæ разынд æхгæд. — Хицау, ам цы уаис?!

Дуары гуыдыры къæпп фæцыди æмæ байгом, къæсæры мидæгæй лæууыд Гыбытт, йæ уадултæ æмæ йæ рустыл сæн — тсырх лыстæг тæгтæ, йæ цæстытæ авгæрттывд фæкодтой, йæ хæдоны дыстæ — уæгъд. Дыууæ тумбочкæйыл цы стъол æнцади, уый уæлхъус бадти дæргъæлвæстдзæсгом, уæлдай фыды мур ыл нæма фæхæцыд, афтæмæй йын дурнад уæн — гæ. Йæ фæстæмæфаст сæрыхъуынтæ æнгом бадтысты. Йæ пиджак бандоны къухыл æрæппæрста. Стъолыл — иугонд гæххæттыты цъæпæратæ, пылыстæг урс къæбæлджын ны — майæн, телефоны аппарат.

— Слушаю вас, — загъта директоры къæлæтджыныл ба — дæг.

— Мах мæнæ амæ æрбауадыстæм, — загъта Дзодзыр æмæ Гыбыттмæ ацамыдта. — Мæнæ хицаумæ...

— Хицау нал дæн, — Гыбытты хъуыры нуар адымст, тъæппæ — ивæзт æй цыма счынди. — Мæн дын дир... Табу — афси, уымæ дзур...

"Ай, æвæццæгæн, Гæбæлиндзæ у!" — фæцымыдис Алык — ка.

— Ци 'хсицгæ гъуддагбæл дæмæ æрбацудæнцæ? — афарста Гæбæлиндзæ Гыбытты, уый йе уæхсджытæ фел — хъывта. — Æйдæ, уæ курдиадæ зæгъетæ.

— Гыбыттимæ уарзон сыхæгтæ стæм, иннæ, — Алык — камæ ацамыдта Дзодзыр, — йе 'рвад, æмæ æрбауадыстæм...

— Дуканимæ цæуæн дуар чидæр уæздан хост æрбакодта.

— Да! — фидар хъæлæсæй загъта Гæбæлиндзæ.

Дуар æрбайгом æмæ ныгъуылдтытæгæнгæ æрбацыди Фимæ. — Оу! — йæ къух йæ риуыл авæрдта æмæ фæстæмæ фæцæйздæхт.

— Рацæуай, — сдзырдта Гæбæлиндзæ. — Зæгъай, ци дæ гъæуй?

Фимæ Гæбæлиндзæмæ джихгæстытæ, стæй Гыбытмæ фæзылд. — Иу лæг сервелат къалбас агуры. Директор, дам, мын загъта. Хъæстинæ йын хъуамæ радтаид къалбас æмæ дохтырмæ ацыди.

— Æйдæ, дæхуæдæг имæ фæццæуай, — Гæбæлиндзæ гом дуармæ ацамыдта Гыбыттæн.

Алыкка йæ цæст нал иста Фимæйæ, куы мæм фæкæса, уæд ын цæстæнгасæй салам ратдзынæн, зæгъгæ.

Фимæ цыма Гыбыттæн фæндаг лæвæрдта, фæстæмæ ракъахдзæфтæ кодта æмæ Алыккайы фарсмæ æрлæууыд, фемдзаст сты. Лæппу ауыдта: чызджы зæрдæ дæр — мæт æмæ сагъæстæй дзаг. Лæппу йæ амонæн æнгуылдзæй йæ — химæ ацамыдта, стæй дзы уæлдæфы къæлæг хахх æркодта, ома, дуканимæ дæм бауайдзынæн.

— Ма нæмæ бацо, — загъта мынæг хъæлæсæй чызг. — Куыстмæ дæм ныдздзурдзынæн.

Дзодзыр æмæ Алыкка директоры уатæй кæртмæ куы ра — цыдысты, уæд хуызисæг афарста:

— Цы федтам, уыдон куыд схонæн ис дæумæ гæсгæ?

— Редакцийы кæй кой кодтам, ахæм диссæгтæ.

— Гъер мæ бауырныдта — Царциатæ кæддæр кæй уыды — сты, ацы хабар уымæн æвдисæн. Уый дын Гæбæлиндзæ! Фæзынди кабинетмæ, лæджы йæ бынатæй сыстын кодта, дæгъæлгæ æмæ мыхуыр райста æмæ бынаг йæхи баци! Дæумæ куы бауадтæн, уымæй чысыл раздæр дзырдтон Гы — быттмæ æмæ ма, мæгуыр йæ бон, уæддæр æйтт — зæгъгæ лæг уыди. Мæнæ де 'рвадыл цы цæфтæ цæуы!

— Æвæццæгæн, æм исты стыр хицау æрдзырдта: "Дæ бынатмæ лæг фервитæм".

— Къанторы бадæг бирæкрат йæхимæ ахæм бæрн исы? Гыбытты цасдæр фæджыбы — джыбы кодтой. Кæд Гæбæ — линдзæ йæхæдæг... Æмæ, дам, гъер Гыбыттæн ма батæригъæд кæн! Мæнæ Царциатаг лæг Гæбæлиндзæ! Нырма хабарæн сæ кусджытæ дæр ницыма æмбарынц. Гæбæлиндзæйы ре — визор исты хондзысты?

Æрдæбон Алыкка Дзодзырмæ дæр æмæ Гæбæлиндзæмæ дæр йæ хъус фæдардта, ома, кæд сусæгвæнды æмархайд — жытæ сты, уæд сæ исчи йæхиуыл æнæрхъуыдыйæ комдзог рацæудзæн. Ахæмæй йæ зæрдæ ницæуыл фæкъæпп кодта, уæддæр æй нæ бауырныдта, цы уыны, уый спектакль нæу, æмæ Дзодзыры зонды чъылдымздæхт, дæлгоммæвæрд, дыз — гъуынтæгонд æвæрæнтæй нæ райгуырд, уый. Спектаклы æрхъуыдыгæнæг дæр йæхæдæг, йæ режиссер дæр — йæ —

хъæдæг. Айфыццаг мын Гæбæлиндзæйы кой куы скодта, уæд спектакль йæ тæккæ цæттæкæнгæйæ уыди, ныр сцæттæ, æмæ театрдзауæй йын цæй спектакль схонæн нæ уыдаид æмæ мæ ам æрбалæууын кодта".

— Цыма фын федтон, — загъта Алыкка. — Æви театры сценæмæ кастæн? Фæлæ цæй сценæ, царды, æвæццæгæн, ахæм диссæгтæ цæуы æмæ дзы сценæмæ бирæ нæ баир — вæзы...

— Куыд федтай, афтæ, — загъта Дзодзыр. — Гыбытты уазал бæгæныйæ дæр ма æнæхай фестæм. Цом, нæхæдæг исты самал кæнæм, Гыбытты хъыгыл фæхъыг кæнæм.

— Телефонæй мæм æрбадзуринаг сты æмæ æз фезгъо — рын, — сдзырдта ма Алыкка, йæ цонг фæхъил кодта æмæ азгъордта редакцимæ.

Тыргътæм айхъуыста телефоны зæлланг, дуар фегом кодта, хæтæлы айхъуыста:

— Фимæ дæн.

Лæппуйы улæфт скъуыдтæ кодта, нывыл сдзурынмæ нæ сарæхстаид æмæ хъусæй лæууыд.

— Алыкка мæ хъæуы, — хатыркурæджы хъæлæсæй та сдзырдта Фимæ.

— Згъоргæ кодтон, гъер мæ чемы æрцыдтæн æмæ дæм хъусын, Фимæ.

— Дæхимæ уыдзынæ? — афарста чызг æмæ, цæуылдæр кæй тыхсы, уый фембæрста Алыкка.

— О, ам уыдзынæн.

— Æртыккаг этаж, 25 уат?

— Адристы бюройы кусæгæн бæззыс.

— Фæцæуын.

Стъолы лагъз цасдæр раласта Алыкка, армы амбæхсæн, ахæм айдæн къуымæй райста, чингуытыл мидæгдæр бахæ — цыд, айдæн сыл банцой кодта æмæ йæхимæ бакасти. Сæры тæккæ тенкайыл та хъуынты бындзыг гопп абадт. Графины донæй йæ армы рауагъта, сæрыхъуынтæ дзы ахуылыдз кодта, уырзтæй ма сæ адудутæ кодта æмæ сæрвасæнæй фасгæ.

Лæппуйы зæрдæ цины схуыстытæ кодта — Фимæ йæм æппындæр нæ фæхæрам, сæ сæрмæ иу мигъы къæм дæр нал бады. Уыцы уысм æм æндæр хъуыды фегуырди: "Дæхи та зæххæй куы атыдтай! Банхъæлмæ уал кæс, цы уац та дын æрбахæссы..."

Фимæ йын йæ дуар æрбахоста нæуæндон къухæй, Алыкка йæ размæ ауади æмæ йын дуар бакодта, диванмæ йын бацамыдта, фæлæ чызг лæууыди, ома, дæхæдæг уал сбад. Йæ фарсмæ сбадын æй фæндыди, фæлæ йыл кæд цымыдистæй искæйы цæст æрхæцыд, уæд сæм гудзитæ кæндзысты. "Гъемæ нæм уыйасдæр кæсæнт, – загъта йæхицæн лæппу, æмæ диваны иу кæрон сбадти, иннæ мутакайы цур хъавгæ йæхи æруагъта Фимæ.

— Куыд хорз дæ рауагътой? – афарста Алыкка. – Куысты рæстæг...

— Нæ хистæр директоры кабинетмæ ацамыдта, абон, дам, сæ махмæ нал равдæлдзæн, кæд, дам, дæ исты æхсызгон хъуыддаг ис... Æфхæрд нæ баййæфтон æмæ мын буц митæ...

— Æгæр æфхæрд дæр ма...

— Нæ, нæ, Алыкка, – чызг йæ къухтæ батылдта. – Ды цы 'нхъæл дæ, уый нагъ... Веринкагæй куы ралыгътæн... Иунæг нæ уыдтæн. Иу лæппу бацыди пæ дуканимæ кусынмæ, Веринка йæ зоны. Уæззæуттæ хæссæг.

— Веринка мын йæ кой кодта.

— Мæ фæдыл бафтыди...

Дуар фегом æмæ машинкæйæ мыхуыргæнджыты кæстæр мидæмæ æрбауад, афарста:

— Де 'рмæг кæм ис, Алыкка? Февдæлон дæн.

Фимæ йын сыстади, диванæй иуварс алæууыд. Уый йæм цæстытæй – джигултæ.

— Абон ма йæ райдайдзынæ? – бафарста Алыкка.

— Уæдæ дын æз цы зæгъын.

Æрмæг ын йæ къухы фæсагъта, æмæ мыхуыргæнæг ацыди. Фимæ сбадти æмæ дарддæр йæ ныхас кодта:

— Ахæм æнахуыр адæймаг у, ахæм... Мæ разы – иу слæууыди æмæ йын цыфæнды дæр дзур...

Телефоны дзæнгæрæг. Хæтæл йæ хъусыл аныхæста Алыкка:

— Хъусын.

— 'Рбауай ма мæм, – айхъуыста бардзырд дæттæджы хъæлæс æмæ хæтæл æрæвæрдта æрбадзурæг.

Сæйраг редактор йæхимæ афтæ фæхоны, уый зыдта Алыкка, фæлæ алкæйы нæ – курдиаты зынг кæмæ нæ разынд кæнæ кæмæ фæхæрам вæййы, уыдоны. Сæйраджы

цалдæрæй хорз фæзмыдтой æмæ йæм уыдонæй исчи æрбадзырдтаид. Хæтæл æрæвæрдта Алыкка, йæ сахатмæ æркасти — куыстгы кæронмæ ма баззади дыууæ сахаты.

— Фимæ, ами дзубандитæ кæнæн дæр нæййес, — загъта Алыкка, — Уынгмæ акæсæм...

— Нæ, нæ, уыцы лæппу хæстæг кæмдæр ис! — бакатай кодта чызг.

— Цавæр лæппу?!

— Кæй кой дын кæнын...

— Æмæ куысты нæй?

— Мæ фæстæ нал рацыди куыстмæ.

— Æмæ ма уæд цы? Ныр дæр ма дæ фæдыл зилы?

— Сымах дирекгормæ куы бацыдыстут, уый размæ йæ нæ чызджытæй иу рудзынгæй рауыдта. Æмæ, дуканимæ бацæуай, уый мæ нæ фæндыд...

— Æцæгæй дзы тæрсыс?

— Æррайы хуызæн сси. Веринкайæ куы лыгъдтæн, уæд мемæ уыди. Цыфæнды йын дзур, нымады дæр æм ницы у. Мæ сумкæ мын айста, автостанцæмæ мæ ныххæццæ кодта, билет мын балхæдта. Æз загътон: "Нал цæуын". Уый та мын мæ сумкæ айста æмæ та мемæ рараст. Кæугæйæ йын лæгъстæ кæнын: "Ныууадз мæ, мауал цу мæ фæдыл". Адæм нæм ныккастысты. Цыдæр хуызон адæн æмæ йæ дзæбæх асхуыстон. Уый мын мæ уадул ныдздзæхст ласта. Автобусæй йæм нæ сыхæгты лæппу рауади ауууонмæ йæ аскъæфта, хылтæгæнаг у нæ сыхаг æмæ йын цытæ бакодтаид. Ныр йæ маст исдзæн... Дæ размæ куы бабада. Ды йæ хуызæй дæр нæ зоныс...

Телефоны дзæнгæрæг та сын сæ ныхас фескъуыдта. Дзырдта Веринка. Алыкка хæтæл Фимæмæ авæрдта, ома дæу агурынц.

— Æмæ æз ам дæн, уый чи зоны? — аджих ис Фимæ.

— Æмæ адæм цы нæ зонынц æмæ цы нæ базондзысты... Чызг хæтæлмæ къуызгæйæ ныддздзырдта:

— Хъусын дæм... Æз... Æз ам нæ кусын. О, редакци. О, Алыкка ам ис... О, Фимæ дæн... — Ныхъхъæлдзæг ис Фимæ, ныххудти. О, тæргæйттæгæнаг, — хæтæл радта Алыккамæ. — Дзуры дæм.

— Аизæр уæ дыууæ дæр цæут нæхимæ, — загъта Ве-

рынка — Аныхæстæ кæнут æмæ мæм-иу æрбадзурут куыстмæ.

Алыкка хæтæл æрæвæрдта æмæ загъта:

— Фимæ, цом, уыцы лæппуйы мын бацамон æмæ дзы мæхи гъæуай кæнон.

Уынджы Фимæ сцырддзаст, лæппу та йæхи ницыфиппайæг скодта. Ацыдысты сабыр фæрсаг уынгмæ.

— Фимæ, зонын, Куарæ дæ йæ фатермæ кæй бахуыдта. Йе стъолыл нæ иумæ ист къам. Йæ ныхæстæ дын комкоммæ нæ афæзмдзынæн, фæлæ дын загъта: Алыкка æмæ мæн Хуыцау кæрæдзийæн... Фимæ, æз дæ басусæг кæныпмæ ницы хъавыдтæн, фæлæ... Цæмæй дын сæ радзырдтаин... Куыд дын æй бамбарын кæнон? Иучысыл уал нæ кæрæдзи базонæм, зæгъгæ, хъуыды кодтон. Алцæмæн дæр йæхи рæстæг ис...

— Алыкка, ма кур хатыртæ. Куарæ фæзындзæн, ды æппындæр уый æнхъæл нал уыдтæ.

— Æндæр изæр автобусмæ фæцæйцыдтæн. Фæталынггæрæттæ. Автостанцæмæ хæстæг мæ размæ фæци. Æнхъæлдтон, мæ фыны дæр æй нал фендзынæн æмæ йæ рох кæнын байдыдтон...

— Алыкка, алцыдæр мын фæдзырдта, нал сæ хъæуы дзурын...

— Фимæ, мæхи æрæмбарон... Уæлæмæ скалинæгтæ мæм ис... Ныллæгъстæ мын кодта, байхъус, дам, мæм. Йæ фатермæ бахызтыстæм. Мæнæ, дам, ацы къам уынынмæ æрбахуыдтон Фимæйы...

— Алыкка, ныр нал... Искуы сыл тынг, тынг бирæ фæддзурдзыстæм.

— Уыцы къамтæ се 'мдзæрæны скъуыдтæй куыд байхæфтон...

— Уый дæр базыдтон — йæ мад сæ ныскъуыдтæ кодта, иу къам ма йæм баззади.

— Уæдæ алцыдæр зоныс...

— Аспирантурæмæ йæ уарзонæн фæндаг чи сарæзта, уыцы сылгоймаджы къам дæр мæм æвдыста... Мæ цæстытыл куыдæй уайыс: æнцад æм фæхъуыстай...

— Къам ныскъуыдтæ кодтон æмæ рацыдтæн... Уыцы миниуæгæй, æвæццæгæн, никуы фервæздзынæн... Маст дын чи скодта, уымæй æнæмæнг æвæстиатæй дæ маст райс...

— Уæдæ æвзæргæнæгæн цы дæ зæрды ис?

— Æвзæргæнæг уыцы уавæрмæ цæмæн æрхауы, уый ба-зонын нæ-иу искуы цæуылнæ бафæнды?.. Никуы бафип-пайдтай, кæмæйдæр загътой иу ран, иннæ ран: афтæ акодта, уфтæ акодта, адæмы æхсæнмæ хъуамæ мауал рацæуа. Ды гуырысхо дæр ницæуыл фæдæ, йæ алы ныхасыл дæр ын бауууæндыдтæ, æмæ уыцы чидæр дæуæн дæр цæстысындз фестад æмæ ды дæр кæмæндæр йæ фыдгой кæныс...

— Алыкка, ныртæккæ дæ нæ бамбардзынæн... Архайд-зынæн, цæмæй дæ бамбарон. Ныр та уал æндæр истæуылты дзурæм...

— Иттæг хорз, Веринка цы фæдзæхста, уый дын загъон?

— Зæгъ, — йæ сæр батылдта Фимæ.

— Фимæйы, дам, ма-иу бафæрс, кæм цæрдзæни? Загътон ын: кæм цæрдзæни, уый æз зонын. Кæм, дам? Дæумæ, зæгъ-ын, куы бацæуа, уæддæр рæстæгмæ. Цæргæ та кæндзæни Саскатæм...

— Саска та чи у?

— Алыккайы мад...

## 16

Æндæрæбон Хамырзæ Алыккамæ йæ куыстмæ æрбаха-ста йæ къухфыстытæ. Чиныгæй, дам, дын сæ рауадзиккам, исчи дын сæ куы барæвдзытæ кæнид, уæд. Чиныгуадзæны кусджытæй кæимæ ныхас кодта, уый кой не скодта, фæлæ дзы раппæлыди, сæрджын лæг, дам, у, йæ къухæй бирæ хорз чиныгытæ рацыди. Æмæ Хамырзæ Алыккайæн бафæдзæх-ста: "Бакæс уал сæ, уый фæстæ ныхас кæндзыстæм".

Уыцы изæр Алыкка йæ фыды æфсымæр Гагуыдзæн кодта Хамырзæйы къухфыстыты кой. Æмæ уый тынг бацымыдис. Алагиры советон власть куы æрфидар, уæд уырдæм урсытæ куыд бабырстой, уыдоны бæлсивиччытæ фæстæмæ куыд расырдтой, уый тыххæй, дам, æнæмæнг фысдзæн æмæ, дам, ма-иу уыцы бынат раздæр бакæс. Йæ фыды æфсымæры куыд бамбæрста, афтæмæй Хамырзæ йæхицæй тыхæй ре-волюционер аразы.

Хамырзæйы къухфыстытæ райста Алыкка æмæ, Гагу-ыдзы фæдзæхст йæ зæрдыл даргæйæ дзы-иу кæм хицæн рæнхъытæ акасти, кæм фылдæр.

* * *

"1917 азы ревæлюционер кой едæмæ ницуал уди ыз загъ – дон хъуамæ ревæлюционер мæхи цæсдæй мæхæдæг фенон уæладжыры комы ысдрдæр хъæуы пърыстывы къантормæ бацыдæн алы хуызон адæймæктæ дзы бирæ федтон Иу лæгл кожыкæ Пърсдывы чингытæй 1 райста æмæ дзы цдæртæ нхæхытæ кодта Пърсдыв схъæртæ кодта куыдæ уæндс уый загъда Микъала патцах нал ис æмæ йæ кой мауал кæнут

* * *

Советон власт адæм влат фæуæлахиз хъæуты сел совет арæсдой Ног сел советы кусчытæн къри бахуыс кодтам æмæ ыз æмæ революцинер горæдмæ рацдыстæм

* * *

1918 азы революционер Авдакин рев къорд сарæсда æмæ къорды мæхи ныфысын кодтон Уй фæсдæ партийы нылæ – уыдæн æмæ нæхи хъæуы гæвзыг цæрæг лæбпутæй нарт йачейкæ сарæсдон

* * *

Граждайнаг хæсды рæсдæг уыдтæн секретар парт йа – чейкæ æмæ урстæй тас уыд æмæ ыз паргизантæм ацыдæн

Йæ кусæн уаты дуар ын сонг гом кæй ачынди, уый æн – къаргæ бакодта Алыкка. Къæсæргæрон лæууæджы цæсты – кæронæй дæр нæма ауыдта, уæд йæхицæн загъта: "Бола мæ йæхимæ хоны". Фæлæ фæхъуыды кодга, хицау æм уай – тæккæ кæй æрбадзуры: "Æрбауай мæм!" æмæ дуар йæ тар – вазыл аныхæсы.

Къæсæргæрон лæууæгмæ Алыкка цымыдис каст фæ – кодта йæ домæн ныхас йæ дзыхæй куыд æрæгмæ хауы, зæгъгæ, æмæ ауыдта йе 'рвад Хамырзæйы.

Хур ацы сахат раст уалæ арвы бæрзæндты æрбахæццæ йæ рудзынджы скомкоммæ, йæ рухс уаты нал цыди, æмæ Алыкка ауыдта Хамырзæйы цæсты бынты дзæкъултæ, цыма сæ уæззау цыдæргæ ныттагъдæуыд, æривæзæгау кодтой. Йæ къæлат фындзырагъ дæр цыма фæцыргъдæр.

Хамырзæ лæууыди йæ мидбынаты, йе 'ргом дæр Алык – камæ, йæ каст дæр.

"Йе знæт дзацъа – туг æй æрбалæууын кодта ам," – фегуырди йæ сæры, æнхъæлдта, Хамырзæ йæхи авæрдзæн бæрзондæй ныллæгмæ кæсæджы уавæры æмæ йæ исты хуызы дзæбæх алхыскъ кæндзæн. Фæлæ бафиппайдта, йе 'рвад ацы сахат уыдæттыл кæй нæу, йæ иу къухæй дуары æхгæд æмбисыл фидар хæцыд, иннæ къухæй чесуча кителы дзыпп æрæмбæрзта, цадæггай йæ æрсæрфта, æлдæн уæлæ авæрдта йæ цæстытæ.

"Нагъ, абон Хамырзæйы бон нæу: " – загъта йæхицæн Алыкка æмæ та ауыдта цардхуызгæнæг мидзæрдæйы рухсæй йæ цæсгом кæй нæ рангас. "Ныртæккæ фæцуддзæни!" – фæдисон хъуыды фестын кодта лæппуйы, йæ размæ бауади.

– Ницы... ницы, – сфæрæзта зæгъын Хамырзæ. – Ма тыхс. – Мидæмæ æрбахызт æмæ дуар æрбахгæдта. – Дзодзыры ссар... Ардæм æй ракæн, – æмæ галиуырдæм ацамыдта.

"Йæ кабинет уыцырдыгæй ис, уый дæр зоны", – загъта йæхинымæры лæппу.

– Ам ис? Абон æй федтай?

– Чысыл раздæр æй федтон.

– Зæгъ ын: чидæр дæ агуры... Ды дæр мæ нæ зоныс...

Дзодзыр та цыма дæсны хуызисæджы хуызисæны раз сбадынмæ йæхи ацæттæ кодта – сæрыхъуынтæй алы 'рду йæ бынаты, итувæрд хæдоныл æнцъылдбæрæг нæма уыди. Йæ разы стъолыл, æвæццæгæн, типографимæ æрвитинаг хуызистытæ, сæ бынмæ цы æмбарынгæнæн ныхæстæ вæййы, уыдон хицæн сыфыл – машинкæйæ мыхуыргонд. Æмæ сæм касти.

– Иу чидæр дæ агуры.

– Фæндаг ын ацамыдтаис, – йæ кæсын нæ ныууагъта Дзодзыр.

– Хетæг хъæдмæ нал, фæлæ, дам, хъæд Хетæгмæ.

– Чи у, чи? Цъæхдзаст – скъуыдчъил? Æви йæ уæззау хуынтæ нал фæразы?

– Цы мын бафæдзæхста, уый дын зæгъын. Мæ кабинеты дæм æнхъæлмæ кæсы, – загъта Алыкка æмæ рацыди.

Йæ баздæхынмæ диваныл бадти Хамырзæ. Æвæццæгæн, йæ бацæуынмæ стъолыл авæринаг уыди агуывзæ, фæлæ йæ

стъолы къероныл бакъуырдта, дон сцӕллахъ ласта ӕмӕ йӕ дысыл ӕркалди. Агуывзӕ сӕвӕрын ын куы бантысти, уӕд йӕ галиу аууон фарсмӕ диванмӕ ӕрӕвнӕлдга. Йӕ кителы дзыппы аивӕй цы атъысинаг уыди, Алыкка уый ауыдта — хосты чысыл флакон.

— Федтай йӕ? — бафарста Хамырзӕ, йӕ дысӕй доны ӕртӕхтӕ ӕрцагъта.

— Ныртӕккӕ ӕрбацӕуыдзӕн.

— Хъусыс... дӕхи дзы бахъахъхъӕ... Ӕнхъӕлдтон, сӕ хъӕстӕ сын скуынӕг кодта Сталин... Цынӕхуызон дзы федтон, чердыгӕттӕ дзы — иу нӕ разынди, фӕлӕ дзы...

Дуарӕй ӕрбахызти Дзодзыр, йӕ астӕу сраст кодта ӕмӕ йӕ риу раразмӕ. Уымӕй уӕле дӕлӕмӕ кӕсӕджы бынагы авӕрдта йӕхи. Диваныл бадӕгыл куыддӕр йӕ цӕст ӕрхӕцыд, афтӕ афарста:

— Мӕсты ма мӕм кӕныс, Хамырзӕ?

— Ды!.. — ныззынг ӕм сты Хамырзӕйы цӕстытӕ, йӕ цонг ӕм топпы хӕтӕлау ныддардта, хӕтӕлы кӕрон — арц — риумӕ хъавӕг ӕмраст ӕнгуылдз. Сонт гӕрӕхтау хъуамӕ сирвӕзтаиккой Хамырзӕйы дзыхӕй карз загъинӕгтӕ, фӕлӕ ӕрлӕмӕгъ ис цонг, ӕруӕззау, хъӕбысмӕ ӕрцӕйхауди, фӕлӕ къух кителы галиу дзыпмӕ баивӕзта йӕхи, фӕлмӕн арм ыл ӕрдӕлгом. Уый фӕстӕ та уыцы армӕй йӕ цӕстытӕ ӕрӕмбӕрзта.

— Хамырзӕ, исты хъыгдарӕг дӕ ис? — афарста Дзодзыр ӕмӕ Алыккамӕ фӕкаст. — Кӕд ӕй дохтыры ӕххуыс хъӕуы?

Хамырзӕ Дзодзырмӕ кӕсгӕ не скодта, бандонмӕ йын бацамыдта:

— Сбад ма.

— Хистӕры ныхас кӕстӕрӕн — закъон, — загъта Дзодзыр ӕмӕ Алыккайы бадӕны рахизырдыгӕй къулӕмбуар ӕвӕрд бандоныл сбадти.

— Дурзӕй рацӕуы... бӕстӕ ныффалгӕрон кӕны... — дзырдта Хамырзӕ, йӕ каст — Дзодзырмӕ. — Зӕй расайы иунӕг дур... Уый алчидӕр зоны... Уыцы дурӕн ссарӕн нал вӕййы... Зӕгъӕн ын нӕй, ахӕм фыдбылыз рачынди... Дысон... Стыр ӕбуалгъ ми рачынди... Зӕй чи расайы, уыцы дурӕн ссарӕн нал вӕййы... ам та ӕбуалгъ фыдбылыз ракӕнӕг хурӕнбӕрӕг у... Чи йӕ самидин кодта, уый дӕр...

— Ацы ныхæстæ нæ дыууæйæн дæр дзурыс?

— Алыккайы дзы ма тъыс... Алыкка, дуар ма сæхгæн...

Алыкка Хамырзæйы курдиат сæххæст кодта.

— Цымæ уæддæр цæй дымæгмæ дзурыс уыцы ныхæстæ, Хамырзæ?

— Æбуалгъ ми кæм рачынди æмæ йæ чи ракодта, уыдæттæ ды зоныс.

— Дæлгом-уæлгом ныхæстæ... Кæй кой кæныс?

— Ибон мæм кæй ныххуыдтай... Алыкка нæхимæ куы уыди...

— Агысайы. Æмæ дæ истæмæй бафхæрдта? Кæм ма йæ федтай?

— Ахст у дæ Агыса... Иумæ дзуапп дæтдзыстут...

— Психатакæ мын аразыс, Хамырзæ?

— Дæ чеппа æрдхорд дысон æбуалгъ ми ракодта, æмæ йæ ды зоныс.

— Алыкка, ацу уал ма, Хамырзæ дæ цуры æргом дзурын нæ уæнды.

— Дысон дæ чеппа фыдгул Сталины цыртдзæвæныл ра-уагъта ахорæн цæимæдæргы æмхæццæйæ... Ныддæвдæг ыл... Сысхъауæн ын нал ис...

— Зæгъыс, Агыса къаланчойы смидæг. Æмæ æз йемæ куынæ дæн, уæд иумæ дзуапп цæмæн хъуамæ дæттæм?

— Фыдгæнæгæн ды бацамыдтай фæндаг.

— Агысайæн æдæрсгæ ацæуын йæ бон куынæ у, уæд уын уæ бæрзонд кулдуары сæрты куыд бабырыд? Æви уын уæ гуыдыртæ басаста?

— Нæ ныхмæ иннæ уынджы зæронд ус цæры... — ныр йæ ныхас Алыккайæн кодта Хамырзæ. — Æхсынæнтæ фæ-уæй кæны... Йæ цæхæрадоны быру хæлд у... — Дзодзырмæ та йе ргом аздæхта. — А-чеппа советон власты цыфыддæр знаг у, мастисæг... Ды йын æхсидав радтай, уый арт баф-тыдта...

— Мингай æназымты сраст кодтой, реабилитацигонд æрцыди Агыса дæр. Газеттæ куы кæсыс, Хамырзæ, æмæ уыцы хабæрттæ тынг хорз куы зоныс. Уыдон сраст сты æмæ ныр та дзырдхæсджытæй, хахуыргæнджытæй дзуапп агу-ырд цæуудзæн.

— Нæ йæм кæсут, куыд суæндон ис!

— Мæн тыххæй дæр дæм зæгъинæгтæ куы ис! Ныронг сæ æмбæхстæй куыд фæдардтай, цы фæрсты фидар дыл уыди?!

— Дæ личнн делæйы нæ бавдыстай дæ редактормæ, дæ фыд кулакгонд кæй уыди...

— Кулак кодтой самангæрдæны тыххæй, нартхорзгъæлæн кæмæ уыди, ахæмты. Дæуæн — иу колхозы фосимæ уыди дæс æмæ ссæдз, ноджы фылдæр бæрнаг фысы, лæвар дын сæ хызтой. Де 'фсымæры фырт Гыбытт "Москвич" багыдта, уый фæстæ йын "Волгæ" йæ бынатмæ батылдта...

— Чепиа знаг у... Фæлæ уый дæ разы у пешкæ, пицых... Ды æгæр æбуалгъ дæ æмæ дæ дæ редактор дæр нæ зоны!

— Хамырзæ, дæ хотых нал кусы, æндæр ды мæнимæ ныхæстыл не схæцис. Афонмæ дæ хырхы дæндæгты хуызæн тигъджын дамгъæтæй фыст бынатыл сæмбæлдаид... Агыса хæрз цъæмæлæй раздæхти, цæй мастисæг ма дзы ис, фæлæ, дæ гуырæй райгæ у — дæ хахуыргы азар кæй басыгъта, уыдонæй ма чидæртæ къахыл лæууынхъом сты... Дысон цы æбуалгъ ми бачынди, уый Агысайæ æнхъæл цæмæн дæ? Дæ амæгтагтæй дын алчидæр тæрхонгæнæг у... — ацы ран Дзодзыры ныхас фескъуыди, йæ бæрзонд ных йæ къухæй бакъуырдта: — Мгъы! Фæлæуу — ма, фæлæуу! Мæ лымæн лæггаг ахордта сæкка. — Телефонмæ бауад, хæтæл систа, æрзылдта номыртæ агурæн цалх, æмæ байхъуыста: — Алло! Ды дæ, лымæн лæггаг? О, æз Дзодзыр — тъуз — къозыр. Агыса уым кæмдæр ис... Де зæды стæн, дæ фарны стæн, ма фæзивæг кæн, фæдзур мын æм. — Телефоны аппарат стъолы кæрон æрæвæрдта æмæ хæтæл бадаргъ кодта Хамырзæмæ: — Гъа, аныхас кæн ахст лæгимæ...

Хамырзæ йæ дзыппæй хосты флакон куыд систа, йæ сæр ын куыд разылдта æмæ йæ йæ арммæ куыд фæкъул кодта, уыдæттæ нæ федта Дзодзыр. Хæтæл æм куы лæвæрдта, уыцы рæстæг Хамырзæ хос йе 'взагыл æрæвæрдта. Скаги хуызисæгмæ, акъуырдта телефоны хæтæл, феуæгъд ис Дзодзыры къухæй æмæ стъолы фарсыл йæ къуин фæцыд.

— Æввахс мæм ма цу, — Хамырзæ йæ къух ауыгъта Дзодзырыл, йæхи фæстæмæ диваныл ауагъта æмæ йæ цæстытæ æрæхгæдта.

— Баулæф, Хамырзæ, æрæнцай, — загъта Дзодзыр æн —

цойбоны сабыр хъæлæсæй. — Кæд ма дæм исты хъарутæ ис, уæд дæ тæригъæдтыл басæтт. Фыссæджы курдиат дæр дæм куы разынди, мемуартæ фыссæджы курдиат. Дæ тæригъæдтыл басæтт, науæд дæ мæрдтæ сæхимæ нæ бауадздзысты.

## 17

Алыкка адæймаджы ном хæссыны бæрн куы банкъардта йæхимæ, уæдæй нырмæ ныры хуызæн никуыма фæбузныг йæхицæй. Сæххæст кодта Уæрццийы курдиат. Йæ удæгасæй ма йæ бафæндыди Дзацъайы фæдонты азарæй æфсымæры марæджы ном кæуыл сбадти, уыцы Бибайы байзæддаджы хъæлæс фехъусын. Æмæ йæ фехъусдзæн мæнæ-мæнæ...

Уæрцци æнхъæл у, æмæ йæ цуры дыууæйæ балæудзысты, Бæрек æмæ йæхæдæг. Фæлæ, йæхæдæг цæйау акæны: цард адæймаджы зонды арæнтæй барст кæй не 'рцыди, уымæй диссаг у. Уæрццийы цур ма æрлæудзысты Бæрекы фырт Смайли æмæ — иу Рæгъатæ — Рæгъиатæ афтæ кæй тыххæй зæгъдзысты: "Таджикстоны дæр нын хæрæфырт-хуæрифурт ис", уыцы саудзагъд Муалим.

Шофыры ауагъта Алыкка æмæ уынгæй Уæрцциты кæртмæ асинтыл ныххызти йæ уазджытимæ. Фæссихоры хуры хъарм зæронды сысаг туджы дæр батавта, æмæ кæрты фæткъуы бæласы бын бадти йæ къæлæтджыны Уæрцци, хъуырджын хæдоны, йæ сæрыл — йæ æхсæвхуыссæн худ.

Асинтæм æрхизæн дуары хъыррызтмæ нæ базмæлыди зæронд, æвæццæгæн, та се 'рбакъахдзæфы размæ тæгæр фынæй аци. Чындз ам æввахс искуы уыдзæни, æмæ къуыттыйы цыд кæныл аивыл нæ нымадта Алыкка, сдзуринаг уыди, фæлæ Бæрек фæразæй асинты цур æрлæууыди, йæ дыууæ цонджы хæрдмæ сæхи сивæзтой, уый фæстæ сæ базыртау фæйнердæм айтыгъта, иуырдæм — иннæрдæм йæ цæст ахаста, арвыл сæнцадысты, хæхты уыцы бæрзæндтыл æмæ риуыдзаг сулæфтимæ йæ зæрдæбын хъæлæс азæлыд:

— Тауæрæхъти бæстæ! Сугъзæринæ фестай, мæ фидæл дуней рохс кæми фæуууидта, ецн тауæрæхъти бæстæ!

Уæрцци базмæлыди. Уый, æвæццæгæн, ныхæстæм хъæл раци, фæлæ сын сæ мидис нал ацахстаид.

Гагуыдз та Уæрццийæн исты хынцинаг æрбаймысыдаид, чи зоны, Бæрекы рагацау дзурын дæр нæма бауагътаид.

Бибайы байзæддаг кæд фæзынд, зæгъгæ, Алыкка дæс боны размæ Дыгургомы балæууыд. Уæрццийы амындмæ гæсгæ бацагуырдта Бæрекы мадырвадæлты. Хæдзары хицау — Гагуыдзы карæн лæг ын рахабæртгæ кодта. Фæцæуын, зæгъгæ, дам, дзы уартæ хабар кæд райстам, нæ цæстыгæ, дам, æм ныуурс сты æнхъæлмæ кæсынæй. Уый бавдæлд æмæ йæхæдæг нæ фæзынди, фæлæ сæм йæ зонгæйы сæрвыста, ме 'рцыдмæ, дам, мын сырды фыд фæхсынгондæй æрцæггæ кæн. Цуанон, дам, цыдæр æнахуыр лæг у. Ахуыдта Алыккайы сæ хæдзары чъылдыммæ æмæ йын фæткъуы бæласмæ самыдта. Алыкка дзы суыдта цъæтджын сынтæг æнæ къухтæй, къалиутæм уыди баст. Гобаныцъары, дам, ног карст хос ныннадта, баз нæ бауагъта, нывæрзæны рдыгæй хос фæфылдæр кодта. Хуыссæн — нымæтæй æмбæрзт.

Алыкка лæмбынæг фæкасти, ома, фынæй адæймаг рахауын дæр зоны, фæлæ дзы йæ цæст ахæмæй ницы æрцахста, рацæйхаугæйæ фынæй лæджы цы фæурæдтаид. Æнæхуыссæг, дам, фестæм фыццаг рæстæг, исты йыл куы æрцæуа, зæгъгæ. Цуаны цæуын куы райдыдтон, уæдæй фæстæмæ, дам, мидæгуат никуы сæвæрдтон мæ сынтæг зымæг дæр. Йæ хил рауагъта æмæ, дам, æй карæй дæр дзæбæх нæ раиртасдзынæ. Егеримæ фæлымæн æмæ цалдæр боны дæр нæ фæзыны хæдзармæ. Загъта, дам, дæс боны дæргъы банхъæлмæ кæсæм Бæрекæн йæхимæ.

Æрыздæхти Алыкка Уæрццимæ, цы федта, цы фехъуыста, уыдон ын радзырдта. Мыгаджы хистæрæй зæрдæрухс æфтауæг худыны мыртæ сыхъуыст, æмæ Алыкка хъуыды кодта: "Уæрцци ма йæ хъаруйыл куы уыди, уæды рæстæгæй цыдæргæ йæ зæрдыл æрлæууыди, æнхъæл нæ уыди, ахæм удæнцой бавзæрста, æмæ уыцы хæзна — хабæрттæй истытæ æнæ радзургæ нæ фæуыдзæн". Уый та йæ афарста: "Æмæ куыд зæгъыс, Алыкка, дæс боны фæстæ та сæм фæцæуддзынæ?" "Уæдæ нæ фæцæудзынæн, — загъта лæппу. — Уыцы цуанон сæ хæдзары нæ уыди æмæ йæ фенон, уый дæр мемæ рахондзынæн".

Иу æрдхорды дæр нæ сæрвыста Бæрек, йæхæдæг иунæгæй æрбалæууыди йæ мадырвадæлтæм. Чысылæй сæм сæф—

тыди Бæрек йæ фыдимæ, уæдæй фæстæмæ йæ нал федтой, таджикаг æмæ уырыссаг æмтъеры æвзагæй сыл цуанон Бæреды саламтæ сæмбæлын кодта.

Цæвиттон, хабæрттæ куы раргом сты, уый размæ бон та цуанон йæхи абæлццон кодта æмæ фæрасти йæ цæуæнты. Æхсæв нæ фæзынди. Уæвгæ сæм кæд фæзындзæн, уымæй сын фидар зæрдæ нæ бавæрдта. Дыккаг бон мадырвадæлтæм фæзынди Бæрек дыууæ лæппуимæ.

Бæрек Душанбейы бакодта бинонты хъуыддаг, йе мтуг, йе 'мдзубанди чызджы цардæмбалæн бацагуырдта, цог сын рацыди, æмæ мæнæ йæ цогы хистæр Смайли сæ цæстыты раз. Хъæддых хъæбыстæ æмæ йын цъиргæ-батæ фæкодтаиккой, фæлæ, дам, сæм-иу Смайли йæ цыргъ рæмбынықъæдзтæ фæдардта. Бæрек гуыргæ Дыгуры хæхбæсты ракодта, фæлæ царды ад Таджикстоны базыдта, æмæ йæ уыцырдыгон хæдзар хæстæгæн куы бацагуырдтой, уæд сын нагъ не сфæрæзта, йæ чызджы зæрдæныахаст дæр зыдта.

Бæреды мадæрвадæлтæй здæхгæйæ Муалим Алыккайы фарсмæ бадти æмæ йæм йæ хъус æнæ даргæ нæ уыди. Алыкка хъуыды кодта: "Йæ мадырвадæлты 'рдыгæй дæр æмæ йæ фыдырдыгæй дæр фарнæй цы ис, уыдон Муалимы туджы куы разыной, уæд ахæм адæймаг басгуыхдзæн, дыууæ адæмы æхсæн арæны къæсæртæ пыл/ ег æмæ æнцонхизæн чи кæна".

О, æмæ мадæрвадæлтæ куы фæцинтæ кодтой уазджытыл, уæд Бæреды афарстой: "Дæ уазæгæй нæ куыннæ фæрсыс, хæмпæлдзæсгом цуанонæй?" Бæрек сын афтæ: "Кæй кой кæнут? Æз уæм куы никæй сæрвыстон". Ныххор-хор кодтой, уый, дам, цытæ дзурыс, цуаноны, дам, ды нæ сæрвыстай? Уæлæ, дам, бæласмæ йæ сынгæг чи сæргъæвта, уыцы цуаноны? Уыцы цуанон, дам, æз мæхæдæг уыдтæн. Ныджджих æм сты, чи-иу къухауун акодта, чи йæм сæр фæкъулкæнгæйæ касти. Æмæ сын афтæ зæгъы, уæ чъылдымтæ, дам, ма мæм сыздахут. Йæ коммæ бакастысты æмæ сын самыдта, цуанон-иу, хæхтæй здæхгæйæ хъæумæ куы æрбаввахс, уæд сын цы зарæг кодта, уый, йæ хъæлæс аивæзта, улæнтæ-улæнтæ азæлыди зарæг.

Фæстаг хатт цуаны нал ацыди Бæрек — Смайли æмæ Муалимы чи сцæйласта, уыцы поезды размæ агагъд кодта.

Ӕмӕ мӕнӕ ныр кӕртмӕ куы ӕрхызтысты, уӕд Алыккамӕ ахӕм хъуыды фӕзынди: Уӕрццийӕн рагацау нӕ зӕгъдзӕн, цуанон ӕмӕ Бӕрек иу адӕймаг кӕй сты, уый. Йӕ айфыццаджы балцы хабӕрттӕ йын куы фӕдзырдта, уӕд Уӕрццийы цы схудын кодта, уый дӕр ныр рабӕрӕг уыдзӕн.

Кӕрты акъахдзӕфтӕ кодта Алыкка ӕмӕ Уӕрццимӕ хъӕрӕй сдзырдта:

— Мах мӕнӕ стӕм, Уӕрцци! Фӕцӕуӕм дӕм?!

— Алыкка, ӕмӕ йыл фӕхӕст дӕ? — Уӕрццийы хъӕлӕс, лӕмбынӕг хъусын ӕм хъуыди, ахӕм мынӕг. — Бӕрек уӕдӕ ӕрхӕццӕ?

Зӕронд лӕджы цур алӕууыд Алыкка, ӕнӕ сыстгӕ нӕ фӕуыдзӕн, зӕгъгӕ, йӕм сдзырдта йӕ зӕрдӕ, ӕмӕ, Уӕрцци къухӕй къӕлӕтджыныл куы ӕрхӕцыд, йӕ гуыр размӕ куы аивӕзга, уӕд йӕ дӕлӕрмтты йӕ къухтӕ атъыста.

— Мӕхӕдӕг сыстдзынӕн, — загъта зӕронд. — Уый ӕнхъӕл та ма кӕм уыдтӕн ӕмӕ ма мыл ахӕм цин сӕмбӕлдзӕн. — Йӕ лӕдзӕг къӕлӕгджыныл банцой кодта. — Рацу ма, рацу, мӕ ныфсы гуырӕн, арвы кӕрӕтты агуринаг мын чи фӕци. Хъуыды дӕр дыл кӕдмӕ кодтаин, рохуаты дӕр дӕ куыд ныуагътаин!

— Дада, ӕцӕгӕлон бӕсти хормӕ никкъӕрес дӕн, ӕринсадтой мӕ оми куройни ӕма мӕ нӕуар дӕр ци базадӕй, ӕма бадунӕй аддӕр ци скӕндзиан? — Бӕрек уал лӕууыди, йӕ цӕнгтӕ ӕрбахъӕбыскӕнынӕввонг цӕттӕ.

— Гъа уӕдӕ, кӕд афтӕ зӕгъыс. Мӕхӕдӕг дӕм цӕуын...

Бӕрек ӕм рӕвдз бакъахдзӕф кодта. Зӕрондӕн йӕ хъӕбыс зӕрдӕвӕндон куыд рауайа, — сабийау Уӕрццийы хъӕбысмӕ йӕхи баппӕрста, йӕ астӕуыл атыхта йӕ цӕнгтӕ.

Алыккайӕ ницы аирвӕзти, ауыдта, Уӕрццийы хус ӕнгуылдзтӕ сгарынтӕ куыд байдыдтой. Бӕрек та йӕ, чи зоны, афтӕ бамбара: зӕронды цинтӕн, йӕ рӕвдыдӕн фӕуӕн нал ис ӕмӕ сӕ уыцы хуызы ӕвдисы. Уӕртӕ Бӕрекы уӕхсджытыл ӕрхаста йӕ къухтӕ, йӕ бӕхбӕттӕнтӕ йын иуырдӕм — иннӕрдӕм сӕрфта.

Йӕ цӕсгом дӕр ын ӕрбӕрджытӕ кодта роцъойӕ, фындзӕй, хъусӕй, цӕстыкъуырфытӕй... Бынтон ӕнувыдӕй та йын йӕ уадулгӕ фесгӕрста. Ӕмӕ, къуырийы размӕ, цуа-

ноны хабæрттæм байхъусгæйæ, куыд ныххудти, ныр дæр та ахæм худтæй ныххудти. Æвæдза, зæронды риуæй цин са-бузтаид, рæмудзгæ-зæллангæй хъуыстаид йæ худын, фæлæ йæ зæрдæйы ауындзæнтæ смæнгæфсон сты, йæ улæфт ныл-лæмæгъ, ныффæсусмынæг.

— Ду, Дада, нур бадгæ скæнæ, — загъта Бæрек. — Ма-хæн дæ цори цирагъау содзун æмбæлуй.

Уæрцци сбадти. Иу зæрдæбын сулæфт ын куы баитыс-таид, уæд йе скъуыддзаг хæр-хæрæй иучысыл фервæзтаид.

Смайли бæласы къалиу æривæзта, хъæбæр фæткъуытæй æртыдгой, иуварс алæууыдысты хъыррызт-комдзаегтæ код-той. Уæрцци йæ къæлæтджыны лæшутырдæм разылди æмæ загъта:

— Уыцы туаг фæткъуытæ кæй зæрдæ бацагуырдга, уыдо-ны мæм цæуылнæ цæуынц?

Сæ цъæм-цъæм дæр сын хъусын, сæ уыцырдыгон ны-хæстæ дæр. — Йæ къух фæиртæсти бадæны къæлæтæй, йе игуылдзтæй сын амыдта: рацæут ма мæм. — Мæ къонатæ, уæхи ма мæм æрбайсут.

Раздæр æм бацыди Смайли, йе уæнгтæ йын фесгæрста æмæ афтæ бакодта:

— Де стæг ныpма æхсидгæ кæны, дæ тæккæ рæзгæйæ дæ. Дзæбæхæй бахъомыл у, уæ фæлтæр фæрнджындæр куыд рауайа! — Йæ ном ын зæгъын кодта, уый фæстæ йæ ба-фарста: — Ду Æргъиати лæхъуæн дæ?

— О, — загъта Смайли.

— Дæ рынгæ мæ гуыбыны.

Муалимæн дæр зæрдиаг хъæбыс, уый уæнгтæ дæр ас-гæрстытæ кодта, загъта:

— Цы номæй дæм дзурынц?

— Не 'взаг ын дзæбæх не 'мбары, — загъта Алыкка. — Йæ ном — Муалим. Таджикаг лæппу у, Æрхиаты хæрæ-фырт.

— Бæрекы цоты цот?! — ныццин и Уæрцци.

— О.

— О, Хуыцау уæ сараза! Гъер æй бамбæрстон, цæмæн ма цардтæн. Нæ мæсгæй фæзæгъæм: цард ницы у. Фæлæ ма кæс, царды диссæгтæ нæ фенгæйæ дыл бонтæ куы азгъо-рой, уæд нæ фæцардтæ. — Цъусдуг фæхъус ис. — Чындз

сыхæгтæм ауади, куыд æрæгмæ у? Ам цы диссæгтæ ис, ныр уый куы зонид!.. Уæдæ Муалим нæ хæрæфырт у? Уæдæ ныр таджиктимæ дæр тугхæстæг стæм?

Чындз фæзынди, йæ хъæбысы алюмин арф къусы — цыхгытæ. Уазджыты цинæй ныррухсдзæсгом, уый дæр сæм кæй æнхъæлмæ касти, уый йæ ахастыл æргом фæбæрæг. Уæрцци йын йе 'рбацыд базыдта, фæдзырдта йæм æмæ йын уазджыты хабæрттæ дзурыныл фæци. Бæрекæн йæ сæрæй акуывта чындз. Уый йын фестади æмæ рацæйцыди, фæлæ чындз йæ цурмæ рæвдз бауади, йæ къух æм уæздан лæвæрд ракодта.

Уæрцци йæ кæстæр фыртимæ баззад цæргæ. Егеры кусысты лæуд у æмæ хæдзармæ æдзух не 'фты. Фæсаууонмæ Алыккайы цæстытыл уади Уæрццийы кæстæр фырт — мадзура, йæ фыды зондæй цæрæг.

— Чындз, мæ къона, Бæрек стыр бæллæхы лæг у. Уыдæттæ дын æз фæдзурдзынæн, — загъта Уæрцци. — Ныр дæ куыст кæн. — Чындз ацыди, æмæ зæронд дарддæр йæ ныхас кодта: — Алыкка, ацы Бæрек кæуылты бæллæхы лæг у! Иубон мын йæ цуанон æрдхорды хабæрттæ куы фæдзырдтай, уæд мæм худæг смидæг æмæ ды хæрзаг загътай: цæуыл фæхуда, ахæмæй куы ницы радзырдтон, уæд ацы зæронд цы бахъæлдзæг? Ды Бæрекы æрдхорды нæ федтай, йæ дæргъ, йæ уæрх цы у, уый дæр мын нæ загътай, фæлæ мæнæн йæ сурæт мæ хъуыдыты йæхи сæвдыста. Æмæ гъер Бæрек дæр зæгъдзæн: зæронд сæнттæ цæгъды. Фæлæ уал мæм байхъусут... Фыдæлтæй баззад: фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы. Æмæ мын, Алыкка, ды уыцы цуаноны хабæрттæ куы дзырдтай, уæд мын райгас ис Гоце, Бæрекæн йæ дадайы кæстæр æфсымæр. Алчидæр нæ адæймаг фæхуыйны, куы райгуыры, уæд, фæлæ æдзух алчи адæймаг не свæййы. Иу бирæгъ — адæймаг свæййы, иннæ рувас — адæймаг. Кæмæ цавæр æфтуан, кæмæ цавæр. Гъе, ацы Гоцемæ æфтуан уыди. Цалы æрхæндæг асырдта, цалы бахудын кодта!.. Амæйраз — мæты дæр — иу Гоце мæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ — иу кусыддæр фæдæн. Зæгъын, ау, нæ мыггагмæ ахæм лæг нал равзæрдзæн? Йæ фарн йемæ фæхаста мæрдтæм? Æмæ мæ иубон дæ ныхæстæ æрцардтой, Алыкка. Гоцейы митæ мысыдтæн æмæ мыл æхсызгон худæг уымæн бахæцыд...

Уæрцци ахæццæ ис æнусы райдайæнмæ... Æртæ æфсымæры цæмæ бæллыдысты, уый сæ къухы бафтыди, сæ фос сбирæ сты. Дардтой æххуырст фыййæуттæ. Зымæг сæ Хъызлары хизæнты дардтой, сæрд — хæххон сæрвæтты. Кæстæр æфсымæр Гоце йæ хистæрты фæндиаг нæ рауад. Цард карз фæлæууын кæм домдта, уым дæр — хатыргæнаг, бараг. Æмæ йæ æххуырст фыййæуттæн цæстдарæг скодтой, ома, ма йæ уынæм, мæстæй йæм ма хæлæм. Гоце — иу хæдзармæ сæфтыди — фыййæуттæн хæлцæй, дарæсæй — æндæрæй цы æмбæлди, уыдæттæ ласынмæ. Уæлæдарæс дæр сын лæвæрдтой, ныхасгонд куыд уыдысты, уымæ гæсгæ, фæлæ — иу дарæстæ сæ ногæй фæдардтой хистæр æфсымæртæ, сæ хъомыл цог. Гоце сын уайдзæф кодта, фæлæ йæм чи хъуыста. Æххуырст фыййæутты истæмæйты барæвдаунын — иу æй бæргæ фæндыди, фæлæ йын алцыдæр бæрцæй лæвæрдтой. Нозт дæр сын — иу аласта. Иуахæмы та фæзынди Гоце хæдзармæ. Фæстæмæ тагъд аздæхинаг уыди æмæ æркасти къæбицмæ — арахъ сæм хуыни дæр нæ. Ныддома, гъе загъд скæна, уый йæ туджы нæ уыди. Йæхицæн афтæ загъы Гоце: "Хæйрæг фест, уæддæр сæм æнæ нозтæй дæхи ма нывдис". Саст хъæлæсæй бинонтæн рахабар кодта. Сæнæхъыз, дам, нын амардис. Хорз хæдзары базæронд, кæсгæрæй, хистæрæй алкæмæн дæр лæггад кодта. Уым, дам, нæм æввахс царди. Иунæгæй баззад æмæ, дам, нæ йæ бинонты кæстæртау бауарзта, хæрдхуыз дæр нæ кодта, æртхуыз дæр. Иу рухсаг, дам, ын цæмæй зæгъæм, уый мын нозт самал кæнут. Æмæ йын ракуырдтой арахъ... Сæнæхъыз сæм æцæгæй дæр уыди, сæ мыстахсаг сыл гæдыйыл ахæм ном сæвæрдтой. Амарди сын, бæрæг ран æй баныгæдтой, цыртæн ын лæдзæг ныссагътой. Уымæн дæр, дам, уд ис... Æндæр хатт дæр хæдзары арахъ нæ разынди, уадзинаг арахъаг сæм — бирæ. Фæлæ йæм æнхъæлмæ кæсын хъуыди, æмæ æрбарынчын Гоце, йæ артæнбынтæ скалдта (кæндысы хъæстæ фæкодта йæхи). Сæнгтæнцæгъдаг рынчынты куыннæ федта Гоце æмæ йæхи ахæм уавæры сæвæрынмæ сарæхсти. Сæ зæронд мæрдтæй йæм цыма чидæр хонæг фæзынди. Арахъ уадзынмæ февнæлдтой, мæрддзæгтæ дæр ын æрцæттæ кодтой. Æппæт дæр — рæвдз, гъе æрмæст ма каст уыди, Гоцейы цæстытæ кæд æрцъынд уыдзысты, уымæ. Йæ уæлхъус лæ—

ууыдысты, фервæзын æнхъæл ын нал уыдысты. Хиуæттæй иу йæ цæссыг æркалдта æмæ йæм сынтæгмæ ныдздзырдта: "Ракæс ма нæм, Гоце. Чындзæхсæв дæр дын куынæма скодтам, уæд сау сыджытмæ цæмæн батагъд кодтай?" Рахъил кодта Гоце æмæ афтæ зæгъы: "Кæд мын чындзæхсæв кæнут, уæд никæдæмуал тагъд кæнын!" Цыдæргæ ма дзырдтой, уый рабадти æмæ афтæ бакодта: "Аржвдз мæ кæнут, афонмæ мæм сæ цæстытæ ныуурс сты".

— Гъе, гъе, Дада хъæбæр рæститæ дзоруй. — Бæрек йæхи баивæзга Уæрццимæ. — Мæ лимæн, еци цауæйнон кай, е дæр Гоцей хузæн бæллахи лæг адтæй...

— Нæ, нæ, Бæрек, — загъта Уæрцци. — Гоцейы æмбисæндтæ уын цæмæн хæссын? Нæма мæ бамбæрсгат? Алыкка уыцы хабæрттæ куы дзырдта, уæддæр дæ базыдтон, Бæрек. Цуанон кæмæй зæгъынц, уый ды дæхæдæг уыдтæ. Алыккамæ æппын лæппуты кой нæ уыди, уыдон фæстæдæр схæццæ сты. Æмæ уæд куыд рауади? Лæппуты ссыдмæ ды цуанон уыдтæ, уый фæстæ с — Бæрек дæ. Исты ма зæгъыс?..

"Чидæр нæ разæй фæци æмæ йын хабæрттæ радзырдта", — ахъуыды кодта Алыкка, йæ гуырысхотæ хъæрæй дæр сцæйдзырдта, фæлæ, цæстджынгæй уынагдæр у кæй фæзæгъынц, уый та йæ зæрдыл æрбалæууыди, ноджы ма кæцыдæр уысм фембæрста, йæ гуырысхотæ тыфтыркъо калд куы скодтаид, уæд зæронды мæнгтæдзурæг рахуыдтаид. Йæхимæ та æрыхъуыста: "Æвзагыл цы абады, уый срæцугъын!"

— Ци ма зæгъон, — сдзырдта Бæрек. — Гоцей туххæй дзубандитæ минкъи æригъустон, фал æй хуарз нæ фæсмæрун. Дада, дæхуæдæг уадзæн байззайдзæнæ. Æз кæми цæрун, еци бæстæй еугур адæми нимадмæ гæсгæ ду дæ Муалим, — йе ба зонæнгин, фæууиндгин, ци адтæй ма ци уодзæнæй — еугурæй дæр сæ зонуй.

— Мацибал зæгъæ, Бæрек, мацибал, — загъта Уæрцци. — Хæлхъой ма кæнæ!

Чындз сын фынг куы æвæрдта, уыцы рæстæг Бæрек касти комы ныгуылæн къæдзæхфæрстæм, изæры хуры тынтæ сæ ирдсырх сахуырстой. Уыцы рæстæджы Уæрцци Алыккайæн бафæдзæхста:

— Кæстæрты тыххæй бакувдзыстæм, лæппутæм фæд—

зурдзыстæм. Гъе, уыцы рæстæг ма – иу мæнмæ дæр æмæ уыдонмæ дæр дæ хъус дар.

Кæстæрты цæрæнбоны тыххæй сидт уадзыны рад куы ралæууыд, уæд Алыкка фæкъæрцхъус: цымæ цы уыдзæн?

Бæрек лæппутæн ацамыдта, фынджы раз куыд хъуамæ лæууой, "Оммен!" дзурын сæ кæй хъæуы.

Хистæр кувын нæма райдыдта, йæ къух æд сыкъа æру – агъта æмæ фынджы кæрон æвæрд чъирийы карст бацагай – дта, къæбæр зæхмæ æрхауди. Лæппутæн цыма сæ каст уæд – мæ уыди, чъирийы карстмæ æмлæбурд фæкодтой. Смайли фæрæвдздæр, фелвæста къæбæр, аба йын кодта æмæ йæ фынгыл авæрдта.

– Æнхъæлдæн, цыдæр аппæрстон, – загъта Уæрцци. – Куырм лæг къодах у.

– Неци, – сдзырдта Бæрек, йæ хъæлæсмæ гæсгæ ни – цæуыл фæгуырысхо. – Уæхæн æгъдау сæмæ ес, хойраг зæнхæмæ æрхаудтæй, гъæуама йæ еске исеса ма йæ еску уæле æрæвæра.

– Гъемæ уæм, мæ хуртæ, нæ кæстæрты цæрæнбонты тыххæй сидын, – сыкъа систа Уæрцци. – Ахæм фарны рæстæджытæ скæнæд уæ фæлтæрыл æмæ цард аразыны зондыл фидар хæст куыд уат. Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд, æмæ бæсты сæрты та куыд æрлæууа закъонхæссæг æмæ æгъдаугæнæг паддзах. Муалим та нын ахæм хæрæфырт ра – зынæд, æмæ дыууæ адæммæ хорзæй цы ис, уыдон йæ туд – жы куыд разынот.

## ÆДЗÆМ ТАРЫ КУВЫН

Æдзæм тары кувын:
"Табу дын, Хуыцау! —
Хуыздæрырдæм разил
Мæ ницæййаг цард..."

Мæхинымæр курын:
"Мæ амонд, фæзын, —
Дæ бахудт, дæ кастæй,
Охх, асур мæ зын".

Æдзæм тары кувын:
"Мæ Хуыцау, дæ фарн
Фæсурæд æнусмæ
Нæ зæххы хæрам..."

Мæхинымæр курын:
"Мæ амонд, æрцу, —
Дæ зæрдæйы фæндон
Мæ зæрдæйæн дзур."

Æдзæм тары кувын:
"Мæ Хуыцау, æркæс,
Фыдæлты уæзæгмæ
Дæ цингæ æрхæсс..."

Æдзæм тары курын:
Фæлмæн мидбылхудт,
Кæд халыл фæхæцид
Мæ уарзтмондаг уд.

Æдзæм тары кувын...
Кæй хъæуы мæ куывд?
Хуыцауæй, дæуæй дæр
Æз нал дæн рæвдыд...

## ФЫДÆЛТЫ МЫСГÆЙÆ

Фыдæлты мысгæйæ мæ цæстытыл уайынц
Зæрæхсиды рухсы æгомыг къæдзæхтæ, —
Цыма та — хæствæллад — сæ цæфтæ нымайынц,
Кæсынц та æнхъæлмæ уым боны дзæбæхмæ.

Фæстаг тын куы ахуыссы урс хохы риуыл,
Куы бахуыссы бæстæ æнæуд мæйдары,
Уæд тары хъæбысы фæкæуын мæхиуыл —
Нæ фыдæлтæй ардæм æз амонд нæ арын.

Фыдæлты мысгæйæ мæ цæстытыл уайынц
Зæрæхсиды рухсы сырххъулон æврæгътæ, —
Цыма та кæйдæр зæххы сæрвæлтау тайынц, —
Уæгъдидонæй здæхынц фæстæмæ сæ бæхтæ.

Фæстаг тын куы асæтты æврæгъты астæу,
Куы бафынæй вæййы мæйдары уæларв дæр,
Уæд сау боны мæгæй, æнæкæрон мастæй
Мæ риумæ нæ хъæры фыдæлтыккон арфæ.

Мæ фыдæлты кадæг у хъарæгау абон:
Йæ мастæй æз руайын, йæ мæтæй дзыназын.
Уæ цннæй æнæхай, уæ уарзтæй æнамонд —
Зæрæхсиды ронгæй мæ цæссыгтæ нуазын.

## САГЪÆС СОМБОНЫЛ

Цæудзæн фыццаджы хуызæн цард,
Фæлæ цы хорздзинад æрхæсдзæн?
Нæ нæрдзæн райсомбон мæ кад, —
Мæ фæдон ме 'мдзæвгæ нæ кæсдзæн.

Мæ зарæг абон у æргом,
Æрмæст мын иу кæстæр нæ хъырны.
Цæрдзæн ма а зæххыл ирон
Мæн уый, цы йæ 'мбæхсон, нæ уырны.

Кæм ма у мадæлон æвзаг
Ныры дуджы, зæгъут, нымад та? —
Хъæбулæн æй ныййарæг фаг
Кæд йе 'хсыримæ никуы дардта...

Нæхи зарæгыл систам къух,
Кæйдæр уæрдоны буцæн бадæм.
Фыдæл цæуыл худти æдзух,
Уый мах нæхи удыл æвзарæм.

Бынтон æлгъыстаг у нæ мард —
Иронау нал райхъуысы хъарæг...
Йæхицæн чи нæ зоны аргъ, —
Йæхи уый развæлгъау фæмары.

Нæ фарн нæ фæсдуармæ лæууы,
Нæ кад дæр фæскъуымæй нынниуы.
Ирон дзырд йе сæфтыл кæуы.
Æз та кæуын, мæ бон, мæхиуыл.

* * *

Кæд у мæлæт æппæт хæрзты хуыздæр! —
Æндæр ай циу? Куы ницыуал æмбарын.
Æнхъæлдтон æз: нæртон зарджытæ зарын,
Кæд уыдон та сты хъарджытæй фыддæр!

Æмæ куыд нæ уа хъарæггаг мæ сæр! —
Мæ фидæн цардмæ рухсы цъыртт нæ хъары,
Фыртыхстæй АБОН ИВГЪУЫДИМÆ барын,
Фæлæ нызгъæлæн цардуынæн кæсæн.

Кæмæн нæй ивгъуыд, уый нæ фендзæн фидæн!
Æз нал зонын: кæцон дæн æмæ чи дæн
Æмæ цæрын æнæхæдзар куыдзау.

Цы у мæ бон? Цæмæ кæсон æнхъæлмæ?
Дамоклы кард ауыгъд ис мæ сæрмæ, —
Куы 'рхауид тагъддæр! Рауадз æй, Хуыцау!

## РОХ ЗАРÆГ

Булæмаргъ къохæй нал зары, —
Атахт сæумæ йæ иуварсты,
Фыдгулы судзгæ азарæй
Ирыл цæхæр арт сирвæзти.

Сау мигътæ бадынц сау хохыл, —
Хуры цæст зæхмæ нал зыпди.
Фыдгулы ныхмæ карз тохы
Иры фæсивæд бацыди.

Цæгатæн Хуссар — фæззонау, —
Иумæ фæкувынц сæ хурæн.
Иры зæхх мадау уарзон у, —
Уæгъды йæм мачи лæбурæд.

Цæргæс та мигътæй кæд тæрсы, —
Йæ тахт уæлæрвтæм акæны.
Тыхы бон тохмæ цæттæ сты
Иры лæппутæ алкæддæр.

Удвидар вæййы тулдзбæлас, —
Нæ тасы уады кæлæнæй.
Цардуарзон Иры судзгæ уарзт,
Цæрæнбонтæм дын мæлæн нæй.

## ЦÆРЫН

Ныхъхъус дæн æз... Нæ дзурын ницы...
Мæ дзых æмыр... Мæ хъуыды баст...
Мæ миднымæр уæрдоны хъинцау
Мæ хъæрзын айхъусын æваст,

Фæлæ нæ райхъуысы æддæмæ, —
Мæ тыхстыл чи батыхсдзæн, зæгъ?
Цæрын ныгъуылд лæгæй. Кæддæрау
Мæ къæхты бын нæ ризы зæхх.

Æмгары бирæмæ бæллыдтæн, –
Мæ зæрдæ сын уыдис æргом.
Уæвгæ фыдбылызау нæ зыдтон
Дзырддаг кæй кæндзысты мæ ном.

Хуыцау æвдисæн: уарзтон алкæй,
Æрмæст нæ уарзта алчи мæн,
Уæддæр мæ растдзинады аргъæй
Мæхицæн агуырдтон цæрæн.

Æмæ цæрын! Уæдæ цы кæнон?!
Хуыздæр цард а зæххыл кæм ис?
Кæд цин фæци, у маст æгæрон,
Уæддæр нæ хъæр кæнын фæдис, –

Мæ мастæй цинцæссыг лæмарын,
Мæ уарзтæй амайын мæсыг
Æмæ мæ зæрдæйы мæйдары
Рæвдауын амонды фæрдыг.

## ИУНÆГ

Æз иунæгæй баззадтæн.
Тар хъæды халонау иунæг дæн,
О, ацы æлгъыст рæстæг
Нал ис мæ алфамблай иу лæг дæр.
Æрдхæрдтæ кæй хуыдтон,
Кæмæн хастон м'армы мæ зæрдæ, –
Мæ фæстæ-иу худти,
Цыма дæн æвзæрты æвзæрдæр.
Æмгар-иу кæй хуыдтон,
Мæ удæй фылдæр-иу кæй уарзтон –
Йæ дам-думты карзæй
Мæн тархъæды сындзмæ ныббаста.
Æрдхæрдтæ, æмбæлттæ!
Цæй диссаг у уастæн сæ ахаст! –
Дзыхæй мæ-иу кодтой
Сæнайы бæрзæндмæ фæндараст,

Фæсге мыл-иу суагътой
Фыдæнæн сæ маргæйдзаг фæттæ
Æмæ-иу æрхаудтой
Æмбойны мæ цардбæллон фæндтæ.
Æрдхæрдтæ, æмбæлттæ!
Æз цардтæн сæ кадæн, сæ номæн, —
Лæггад-иу сын кодтон
Мæ уды фæндиаг æргомæй, —
Мæныл та цыдысты
Мæ хуыздæр æмбæлттæ уæд хинæй,
Æз та-иу ныррызтæн
Мæ хуыздæр æрдхæрдты æлгъинæй.
Сæ иутæ мæ, оххай,
Сæумæйæ уæй кодтой хъазарæй,
Æндæртæ мæ ногæй
Асламæй æлхæдтой изæрæй.
Сæ иугæ мæ схуыстой
Сæрсæфæны арфæн йæ тарфмæ,
Æз та-иу сын кодтон
Зæрдиаг, зæрдæбынæй арфæ...
Æз иунæг дæн абон.
Æз рох дзуары дурау æнкъард дæн.
Нырма дæр нæ зонын:
Цъæх арвы бын цардтæн, нæ цардтæн...
Æз арвы кæсæны
Мæ цæсгом нæма федтон никæд.
Ныхъхъæцын мæ зынтæн, —
Нæ зонын мæхицæн тæригъæд.
Зæрдæйæ мыл чи у,
Мæ тыхмитæн чи у фæразон, —
Æрмæстдæр, мæ боныл,
Мæ иузæрдйон, мадзура ауон.
Дыууæ стæм кæмфæнды,
Дыууæ стæм кæдфæнды æдзухæй, —
Нæ райгуырдæй ардæм
Нæ кæрæдзи марæм мах хурхæй,
Уæддæр та ныббыхсæм,
Ныббыхсæм нæ кæрæдзи уындæн:
Ды хъæзыс мæ удæй,

Æз хъазын æнæвгъау дæ удæй, —
Дыууæйæ фæцæуæм
Фыдæлты рох дзуары бæрзæндмæ
Æмæ та ыскувæм,
Æмæ та ыскувæм нæ фыдæлты зæдмæ.
Цы кувæм? Цы курæм?
Цæрæнбон фæкувæм æмгартæ-æмбæлттæн, —
Уадз, уа сæм, мæ Хуыцау,
Цъæх арвы бын алцы, æппæт дæр,
Фырхъалæй æрмæстдæр
Æхсæртæ зæвæтæй куыд сæттой,
Мæнæй-иу хъæздыгдæр
Куыд цæра сæ гъæла, сæ сæтой...
Мæхицæн цы курын?
Мæхицæн æз ницы фæкурын:
Æрмæстдæр фæлладæй
Æруадзын мæ мæгуыр сæ дурыл, —
Мæ ауоны фарсмæ
Фæкæнын фынæй æз æнæмæт
Æмæ та мæ фынты
Æмгæртты фæуынын æнæмæнг.
... Æз иунæг дæн абон.
Æз рох дзуары дурау æнкъард дæн, —
Цæй, чи мын зæгъдзæни:
Цъæх арвы бын цардтæн, нæ цардтæн...

## НЫСТУАН

Райхъал ис кæддæры амонд:
Мысын ивгъуыд бонты цард.
Зæрдæ, рагзарæг та самон,
Асур рохст уды æнкъард.

Мæн фæнды фæцæуын хæхтæм. —
Сатæг цъититæм æввахс
Кæс, куыд ленк кæнынц æврæгътæ,
Ронгау рогæн уддзæф нуаз.

Мæн фæнды нæ рох мæсгуытыл
Фенын хурзæрины арт,
Ног мæ сагъæссаг хъуыдыты
Раздахын фыдæлты цард.

Мæн фæнды нæ рох уæлмæрдты
Цыртытыл мæ цæст хæссын.
Халон ку'атæха мæ сæрты, —
Ма банкъарон уæд мæ зын.

Рох ныхасы дуртыл радæй
Дард æмбисæхсæвтæм бад,
Сабыр хъисфæндыры зардæй
Кæн дæ рухс фыдæлтæн кад.

Мæн фæнды æдзæрæг хъæуы
Фестын рухстауæг цырагъ
Æмæ уарзтамонд æнхъæлæй
Базонын мæ царды аргъ.

Æз фыдæлы фидар зондæй
Фидæн дугтимæ дæн баст.
Ивгъуыд, абон æмæ сомбон
Сты мæ маст æмæ мæ уарзт.

Цард у, зонын æй, рæстæгмæ,
У æнусон кадыл хæст.
Æз фыдæлты кад хæстæгмæ
Хæхты банкъарын æрмæст.

Зонын: сау ыстъæлф мæ цардыл
Искæд сæвæрдзæн мæлæт.
Бавæрут мæ, курын, кадыл
Хохаг рох уæлмæрдты уæд.

Искæд бон мæ цырты ауон
Иу кæстæр æрлæууынд кæд,
Æз цы фарн агурын абон,
Суынид уымæн кæд йæ фæд,

Кæд æрцæуид, кæд, мæ цурмæ.
Кæд ысуынид, кæд, мæ хуыз! –
Ивгъуыдæй йын фидæн дугмæ
Фестин кæд æрду хид æз.

Фæлæ цалынмæ мæ цардыл
Сау мæлæт æфтауа хин,
Уалынмæ фыдæлты кадыл
Хъæрдзынæн мæхи.

## МÆ ФЫД

Кæддæр ныссагътай диссаджы дыргъдон, –
Æвзонг талатæ айрæзтысты уайтагъд.
Дæ цæстыты цы сусæг цин уыдтон,
Уый абон дæр мæ зæрдæйы нæ батад.

Мæ уарзон фыд, куыд мадзура уыдтæ! –
Фæлæ куыд зыдтай бæлæстæ рæвдауын! –
Æрвылбон-иу сæ сатæгмæ цыдтæ
Æмæ нæ уагътай дыргътæ зæхмæ хауын.

Дыргъы хорзæй нæ уыд нæ хæдзар цух,
Рæдауæй ма сæ сыхбæстыл дæр уæрстай.
Сæ хæрзаддæртæ ме 'рцыдмæ æдзух
Дæхицæй дæр нæ мæкъуылы æмбæхстай.

Дæ цинцæссыг-иу сусæгæй сæрфтай:
"Уыд рагзымæг, йæ хъызт уыди ахъаззаг,
Фæлæ кæсыс, куыд аирвæзт дæ хай,
Нæ сæм бахъардта хосы бынмæ уазал..."

Нæ дыргъдонмæ ныр иунæгæй цæуын,
Дæ сагъд бæлæстыл ног мæ цæст æрхæссын, –
Æнкъарын æй, кæй баззад ам дæ уд
Æмæ мæ фæдыл аивæй кæй кæсыс.

Ды куыд кодтай, кæнын æз афтæ ныр:
Хуыздæр дыргъытæ нæ мæкъуылы æмбæхсын.
Æмæ дын сæ зæрдаивæй, мæ фыд,
Æмбисзымæг фынджыдзагæн æрхæссын.

* * *

Уыдтон æз фын: цыма хæхбæсты
Нæрыд кæйдæр кæрты чындзхаст.
Цыма нæ бабын ме 'мгар хæсты —
Æдзынæг кафты фæзмæ каст.

Цыма йæ цæсткæсæнты бынæй
Кæмæдæр аивæй фæхудт.
Цыма уæларвон хуры тынæй
Æрттывта алырдæм йæ уд.

Цыма йæ цин æмæ йæ уарзтæй
Æгæрон дун-дуне ныррухс.
Фæлæ нæртон рæсугъд чындзхасты
Фæндыры цагъд цæмæн фæхъус?

Æваст æрвдзæнгæрæг кыццагъта,
Фæдисы хъæр фæцыд æваст.
Мæн ме 'мгар хъазтастæу фæуагъта,
Йæхæдæг карз тохмæ фæраст...

Фын уыди уый. Æмæ цъæх арты
Æваст æрбайсæфти. Фæтар.
Пъæззыйау бонрухсмæ ныббадти
Мæ удыл æхсæвы мæйдар.

## ЛÆГ

Нæй рæстдзинад ацы зæххыл, —
Баст у алцы дæр фыдæхыл:
Хъавыс дун-дунетæ уарзын,
Фæлæ маст дæ удæй хъазы.

Бонтæ бонты фæдыл уайынц, —
Уарзтæй сойдзырагъау тайыс,
Фæлæ зилы маст дæ фæдыл, —
Сусæг, сау тынтæ нывæнды.

Уарзты мæтæй зæрдæ батад, —
Иу лæг дын æртхос нæ радта,
Фæлæ гъеуæддæр тыхджын дæ, —
Ничи базыдта дæ зынтæ.

Арвы бын цæрыс æлгъыстæй, —
Ингæнмæ кæсыс дæ тыхстæй,
Фæлæ ма æууæндыс уарзтыл,
Уарзтæй дун-дунемæ баст дæ.

Ма уæд а зæххыл рæстдзинад! —
Ды цæрыс дæ уарзты цинæй...
Цæр, мæгуырæг, цæр, фæрнæй, —
Дуне фидауы дæуæй.

## СÆР—СÆР!
*радзург*

Æригон уогæй ма æнæмæтæй æрвиста бонтæ Борнæф, цæнхæ фагæ нæма бакайдта царди. Гъолонгъæдæ æ усхъи—тæбæл некæд æринцадæй, ахæстдони танхъæр адæ нæ бав—зурста. Хабарæй фæстæмæ бæлвурдæй цæмæй зудтайдæ, адæмæн фидбилиз хæсгутæ, — фудракæнгутæ, си ци æнæ—уаг уæззау уавæрти фæннæтунцæ, тæрхони рæстæг сæбæл куд нийвæзуй, уой. Сосæггаг нæй: ахæститæй беретæ, æвæццæгæн, сæ фулдæр хай, æнæ ести сахъагтæй нæ ра—ервæзунцæ сæребарæмæ, аллихузи уæззау незтæ се 'уæн—гти ниффедар уй æма ухерий бахаунцæ, рохс цард син фе—надæ уй. Уоци æнæхиццаг цардиуаг нæ лæдæргæй, Бор—нæфмæ æ фудмиутæ ниууадзуни фæндæ нæ фестæг кодта. Æ сæртæг сæр æй устурзæрдæй хæртти хаста. Адæймаги зæрдифæндон алкæд гъолæ сах ке нæ фæббадуй, рæстдзи—надæ есгæд ке рабæрæг уй, е æ гъудий кæрони дæр некæд адтæй. Цалинмæ ин есге есбонæй æхе æфсадун æнтæстæй, уæдмæ, бæрцæ нæ зонгæй, размæ æмпурста.

Тарбун æвгитæй æнгом æхгæд фæсарæйнаг дзихъирт нæуæг хуæдтолгæ "Джипп"—бæл бадгæй Борнæф игъæлд—зæгæй сахари устур базари тургъи къундæг рацæуæнæй уоз—гæ—уозгæй сабургай ратулдæй гъæунгæмæ, урух лигъз фæндагмæ. Сигарет "Мальборо" исасугъта æма æй арф ису—олæфидæ. Фур къæсибадæгæй ма æ думди уаг дæр цидæр æнахурæй æвдиста. Тамакуй хъуæцæ уæлдæфмæ скъардта тæлий хузæн тумбулæй æлдæгвæстети æма уомæй дæр ма, мæлæти лæгау, æхемæ ниууидæ, цæмæти, дан, арæхсун. Та—маку думд фæуугæй зæрдибунæй низзардта: "Уой, уæрæйда, уа—рæй—да—а..."

Цæмæннæ гъæуама зардтайдæ зæрдидзæбæхæн кедæр фæллæнттæй цардæфсес уогæй. Сæумæй æмбесбонмæ да—вæггаг къæхæни бæрзæндæн егъау гали фидигъзæл æгасæй дæр фæууæйæй. Базари æргътæмæ гæсгæ æй минкъий ас—

ламбæлдæр рауагъта æма ин ибæл æлхæнгутæ мудибиндзитау никкалдæнцæ. Еу хуни морæ си нæбал райзадæй. Борнæфи дзиппитæ æхцайæй байдзаг æнцæ æма сæрустурæй бæрзæнтти ракастæй естийау. Уотæ имæ фæккастæй, цума сæ гъæуи уомæй кæрзæздугъддæр, рауионциуондæр лæг нæбал разиндзæнæй. Æхе ба давæг нæ худта, фал пайдагæнæг, бизнесмен. Æхцагинæй хæдзарæмæ некæд ратагъд кодта — сахари хуæрæндæнтти рæстæг игъæлдзæгæй æрветунбæл фæййахур æй. Арæхдæр бадидæ кафе "Дигори". Æ ахур нехалгæй аци хатт дæр бабæй уордæмæ фездахтæй. Зелæнгæнæг силгоймаг имæ хецæн уати алцæмæйти фæккастæй. Изæрмæ си фагæ фæккепи кодта, уæдта игъæлдзæгæй расхуста сæхемæ, синхæгти киндзхастмæ рахæлæф кæнгæй. "Мальборо" бабæй æхсицгæй исдумдта æма тамакуй хъуæцæ уæлдæфмæ тæлитæй уадзгæй сæнддадæ кодта. Бони бакустæй зæрдæ барохс æй, устур æхцæуæндзинадæ си æнкъардта. Берæ аллихузи нæуæг гъудитæ игурдæй Борнæфи сæри, фал ин æнай — æнойти раскъудæнцæ. Куддæр сæ гъæумæ бахъæрдтæй, уотæ хуæдтолги кæсæни рауидта рагæй знаги зæрдæ кæмæ дардта, уоци "фудголхæсгути" — горæй — гормæ æ хуæдфæсте тулдæй милици "УАЗ" — ик, худта æй "сау халон". Шофери фарсмæ бадæги уайтагъддæр рафæсмардта — сæ гъæуи участковон инспектор Батраз. Фæстаг бадæнбæл ка бадтæй, уой дæр минкъий фæстæдæр бафæсмардта — райони милици хайади угрой зундгонд сыщик Максим.

— "Мæ фæсте ци бафтудæнцæ, кумæ гъæуама даронцæ сæ над, цума ке агорунцæ?".. — уæззау гъудитæ сæри магъзи еу инней æйййивта. Сæ уиндæй æ зæрдæ нидздзусмулæ кодта, е 'уæнгтæ æркалдæнцæ, ехæнрезæ ибæл бафтудæй. Сæхемæ цæйбæрцæбæл хæстæгдæр кодта, уотæ зæрди дæрæгъдзæгай тухгиндæрæй райдæдта æнкъарун.

— "Кæд ма ести лæдæрун, уæд Батраз угрой сыщики хæццæ æнæнгъæлти мæ фæсте нæ февзурстæнцæ, цидæр исæсмустонцæ", — хатдзæгмæ æрцудæй Борнæф. — Æвæццæгæн, махмæ цæунцæ деголæмæ æма хæдзари давд гали æнаруд сæр ку иссеронцæ, уæд ме 'сæвд æрцудæй".

Цирдæмæ ма ци фæцайдæ, уой нæбал зудта, фал имæ æваст ирд гъуди фæззиндтæй, кæци ин æ зæрди нифс ба-

уагъта. Киндзхаст синхæгтæмæ æ мадæ Радонхан зелæнгæнæгæй архайдта æма уомæн æнæахадгæй бафæдзæхссæй ици æнахаири гали сæр милици косгутæй баримæхсун. Синхæгти размæ исхъæрдгæй фæллæудтæй, "фидбилизхæсгутæмæ" ма еу каст фæстæмæ ракодта, уæдта æваст хуæдтолгæй рагæпп ласгæй тагъд–тагъди цини хæдзари бараггенæй исмедæг æй.

Милици косгути "УАЗ"–ик дæр уомæ хæсдзæф "Джипп"–и размæ тъæртъæргæнгæй батулдæй. Зæронд, сунтой хæрæг догъон бæхи фарсмæ куд фуцъулуз фæззиннуй, уотæ хæриаегъ "УАЗ"–ик дæр нæуæг "Джипп"–и рази æгириддæр нæ федудта. Хуæдтолгæй рахизтæнцæ Батраз æма Максим, шофер æ бунати бадгæ байззадæй – рацимæ игъуста.

Борнæф æрцæуæг адæни астæу Радонхани хъæбæр æхсицгæй райдæдта агорун. Кæмити ба не 'рзилдæй, фал ин цума хингтæ никкиндæй, уойау ибæл æ цæстæ некæми æрхуæстæй. Цалинмæ е тургъи, хæдзари къумти сонтæй кинти зилдæй, уæдмæ милици косгутæ дæр киндзхонтау цини хæдзари тургъæмæ бафецудтонцæ. Лæгзелæнгæнæг син багъардта, фингæбæл рабадетæ, зæгъгæ, фал нæ исарази æнцæ, сæ равгæ уотæ нæ амудта. Фингæбæл исбадун ку нæ бакумдтонцæ, уæд Борнæф хуарзау нæбал адтæй. Фур азарæй ма ци ракодтайдæ, уой нæбал зудта æма уайтагъд кафунбæл фæццалх æй.

Уоци рæстæг къæрцгъаст æ карзи бацудæй. Фæндури рæуæг цагъд æма гъæубæсти игъæлдзæг фæсевæди къæнæндзæгъдмæ Борнæф зурнау низзилдæй гъасти астæу, æхе–еу, къозойау рæуæг, хæрдмæ фехсидæ, къахи финдзтæбæл ислæууидæ. Зелæн кафтмæ, æнгулдзæхтæ кæнунмæ дессаги хуарз арæхстæй æма имæ адæн кæрæдзей сæрти кастæнцæ. Фæсевæд имæ фæйнердигæй уæлдай цибæлæн сæ дзурд гæлстонцæ:

– Хæрдмæ хауæ, Борнæф, хæрдмæ хауæ!

– Дæнг–дæнг, æндзæгъд! – дзуапп син лæвардта Борнæф дæр, истиринг уогæй.

Борнæф, еуварсæй бакæсгæй, игъæлдзæг зиндтæй, æнæуой ба кæми, кæми; зæрди рист æма уоди катайæн фæрæзнæ нæ ирдта – æ "фидбилизхæсгутæ" уæгъдæ нæ уагъ–

тонцæ, къуммæй батардтонцæ. Цауæйнæнттæ дæр ма æзнæт сирди æрдзи æвадуат рауæнмæ уотæ басайунцæ. Гурумухъ рæдуд рауагъта æнæмæтæ, устурзæрдæ фонсдавæг давд гали сæр сæ сарай фидбилизи хуасæн æнæргъудити феронх æй. Уомæй уотæ æма ин кедæр фæллойни фурхуæрдæ алкæддæр тæйдзæнæй, фал аци хатт æ нивæ не 'скуста, къурцдзæвæнмæ æрцудæй æфхуæрд адæни тæрегъæдæй къубулойнæ, дан, цæйбæрцæбæл нæ зела — æ кæрон еу афони разиннуй.

Силгоймæгтæй кадæр хуæрзæнгорæги фæцæй Радонханмæ, дæ фурт дессаги рæсугъд кафуй, зæгъгæ, æма къæбици æ зелæнтæ фæггæлдзгæй, ратомар кодта гъастмæ. Силгоймæгти исолæфтæй, нифси цъитæ фæззиндтæй æ тарст уоди. Сергæ—сергæй имæ æхе баласта æма, милици косгутæмæ цæстæнгасæй райамонгæй, гъæрæй исдзурдта:

— Сæр—сæр, нæ мадæ, сæр—сæр!

— Дæ рунтæ дин бахуæрон, мæ къона, куд хуарз арæхсис кафунмæ, — сæрустурæй загъта Радонхан, цини цæсгисугтæ раздарæнæй расæрфгæй.

Цæмæй лæдæрдтæй Радонхан æ фурт ин "сæр—сæр"—æй ци сосæг гъудитæ зæгъунмæ гъавта. Кафгутæ алкæддæр уотæ фæгъгъæр кæнунцæ.

Нæртон гъасти дзахъула, фæсевæди æстуф: "хæрдмæ хауæ", сæ къохæмдзæгъд, фæндури зæрдæмæцæугæ зæлтæ идардмæ игъустæй. Бало æма Максим кæрæдземæ—еу цæстæ æрникъолгæй адæни хæццæ æмæрдзæф кодтонцæ фонсдавæгæн. Ци син хъор дардта, уадзæ æма, дан, æхе райсæрхæд синхæгти къæрцгъасти. Борнæф е 'мкафæг киндздзон кизгутти еу иннемæй аййивта. Фæстагмæ æ хед финдзи къобалæй лæдæрсун райдæдта, æ хæстуолæфт иссудæй, уæддæр æ кафун ба нæма уагъта. Нæуæгæй бабæй æхе Радонхани размæ баласта кафгæй.

— И гали сæр, зæгъун, баримæхсæ. Дæуæй уотæ ма нæ милицæ мæн кафунмæ кæсунмæ æрцудæнцæ, — нидæнæй загъта Борнæф æ мадæн, уæдта æхе фæззелгæй фæгъгъæр кодта: — Сæр—сæр, фæсевæд, сæр—сæр...

Æппунфæстагмæ ма Радонхан бæргæ æрлæдæрдтæй æ фурти содзгæ катай, фал ин банхус кæнун нæбал бантæстæй. Бало тургъи рацæуæни колдуармæ лæудтæй æма имæ

ædzinæg kastæj. Maksim ba uoci æmrast gъasti astæumæ

рацудæй æма Борнæфи цонгбæл æрхуæцгæй гъазæгау загъта:

— Дæхе кафунæй бастъалдтай, Борнæф, бауолæфæ. Ин-нетæн дæр фæйнæ кавди барæ радтæ.

— Ци, мæмæ дзорис? — рафæлорс угæй, æваст ра-фарста Борнæф.

— Дæуæй уотæ ба де 'мкафæг кизгæмæ дзорун дæ но-мæй? Гъуддаги фæдбæл фæззиндтан æма еуварсмæ рацæ-уæн, ес нæмæ дзурдтаг.

— Эх-эх, нæ мадæ, гæлæхха, — бафæразга ма исдзорун Борнæф, æ мадæмæ æнкъардæй ракæсгæй, æма уойадæбæл нигъгъос æй. Цума бунтибун расуг адтæй, уойау фæккиуд-тæй, къæхтæ фæддонзонуг æнцæ, рахаунмæ'й берæ нæбал багъудæй. Максим æй ралæдæрдтæй æма ин æ цонгбæл федар хуæцгæй гъасти астæуæй гъæунгæмæ дзойдзойгæн-гæй рахудта.

Киндзхастмæ æрцæуæг адæн, нæлгоймагæй-силгойма-гæй, сæ фæсте дессагæн кастæнцæ. Фиццаг нæ балæдæрд-тæнцæ, Максим Борнæфи идарддæр кафун цæмæннæбал бауагъта, фал фæстæдæр ба гъос-гъосай кæрæдземæн дзурдтонцæ: "Цидæр фидбилиз исаразта Радонхани къо-на..."

Гъæунги, адæмæй еуварсмæ рацæугæй, Максим Баломæ дзоруй:

— Цæй, æнбал участковый-инспектор, гъуддаги фæд-бæл райдайæн нæ куст æнæфæсдæтæрæй.

— Гъе, Максим, раст æй дæ гъуди, райдайун гъæуй, — аразий дзуапп равардта Батраз æма Борнæфмæ комкоммæ бакæсгæй бафарста: — Уоци "сæр-сæр" -и нин дæхуæдæг барвæндонæй ратдзæнæ æви куд? Деголæн нæмæ проку-рорæй барлæвæрд ес.

Хуарзæй сæмæ нецæмæй æнгъæлдзау адтæй Борнæф, уомæ гæсгæ ба æ сæр аразий тилд бакæнгæй, рараст æй сæ хæдзарæмæ, Батраз æма Максим, киндзæн къохбæл хуæц-гутау æ фæйнæ фарсемæ, уотемæй.

Сарамæ бацæугæй фæсдуармæ æ къохæй райамонгæй æнкъардæй истауста:

— Уæртæ 'й райсетæ еци æнæхаири гали сæр, сумах æв-загæй ба — æвдесæндар. Æрмæст мæмæ еу курдиадæ ес.

Барвæндонæй уин æй ке равардтон, уой протоколмæ бахæссетæ. Тæрхони бони мин кæд ести агъаз фæууидæ.

— Убæл ба ма тухсæ, дæ зæрдæ ма 'хсайæд, — фæццурд æй Максим гали сæр бор голлаги æвæргæй. — Мах Батрази хæццæ хæран миутæбæл ахур нæ ан. Нуртæкки дин дæхе рази протокол ниффинссинан, байкæссæнæ æма ибæл дæ къох ниввæрдзæнæ.

Борнæфæн синхæгти къæрцгъастæй нæ бантæстæй æ мондæгтæ исуадзун, æнæнгъæлти фудфæндаги бæлццон æрбацæй. Æ гъостæбæл ма уадæнцæ фæндури æхсицгон зæлтæ, фæсевæди къохæмдзæгъд, зæрдæбæл зинг æфтауни игъæлдзæг гъæртæ: "Хæрдмæ хауæ...", фал ма кæцæй, кæцæй?.. Æ рахуæцæни ниппæскъутæ æнцæ, гъолон гъæдæ ибæл æринцадæй, кедæр фæллойнæй пайдатæ æ фарсæй фæцæнцæ. Фæндонæй ма ин ци æнтæстæй, е æрмæстдæр тамаку тамакуй фæдбæл зудæй думун. Æ хъуæцæ ин раздæрау сæнддауæн тæлитæй уæлдæфмæ нæбал скъардта. Е 'уæнгтæ æруадзгæй æ хурфæмæ нийгъуста. Æ гъудитæ еугурæй дæр баст адтæнцæ еу фарстабæл: цума æй цал анзей тæрхон хезуй ахæстдони фæббадунæн, цæй аргъмæ исхеззæнæй гали радавд?

## КЪОДА ГАЛ

Арв еудадзугæй искæдзос æй, еу мегъи пъæсту ибæл некæмибал байззадæй. Хори зæлдагæ тунтæ сæхе парахаттæй ниванстонцæ æрдзи бауæрбæл. Силтанухъи итигъд будурти мæргун зæнхитæ зумæгон мæрдхустæй æрискъидтæнцæ, сæ æхсиргун тулфæ уæлдæфмæ искалдæй. Зæнхкосæг лæг, гъар дарæс раййевгæй, уалдзæги комитулфæй исуолæфтæй æ реуи 'дзаг мондагæй.

Колхози будуйрон бригади иуæнгтæ, даргъ зумæги дæргъци æгустæй ниффæлмæцгæй, базмалдæнцæ, æмдухæй бавналдтонцæ хумгæнттæмæ. Хуæрзхаст, барæуадзæ галтæбæл æмбесбонмæ агъазиау фæзæ усхъуммæ рафæлдахтонцæ. Хумгæнгутæн æнахурæй сæ хед аллирдигæй рагъардта, гæзæмæ бафæллайгæй рæстæгмæ сæ куст нииуагътонцæ. Æмбурдæй æддæгвæсте, хъурройтау нирræхис æнцæ будуйрон цæрæнуатмæ сæ фæллад исуадзунмæ, кæрдзин исахуадунмæ се 'донуг басæдтунмæ.

Ӕгомуг галтӕ бацӕнцӕ хъалагъур Гоппӕлай бӕгъдау-онд. Уӕларвӕй ӕруадзгӕ, ӕнӕмӕтӕ, ӕнӕбитъиз кӕмӕй фӕззӕгъунцӕ, уӕхӕн нецӕйаг лӕг ке адтӕй, карз ниуӕз-тӕбӕл ба ӕновуд, уой бригади хестӕр Смалийӕн амонун нӕ гъудӕй, гъай-гъай, фал ин равгӕмӕ гӕсгӕ хуӕздӕр гӕнӕн нӕ фӕцӕй. Уалдзигон ӕхсицгӕ кусти рӕстӕги си ӕнӕзинадӕ, хъиамӕтуарзон адӕймаг уӕлӕнгай кустмӕ нӕ райадагъта.

Гоппӕла галтӕн дон бадардта, хумгонди кӕрони син ху-аллаг никкалдта ӕма уойадӕбӕл фонси гъудӕй фӕуууӕгъ-дӕй. Тегъгунӕй цалдӕр идзаги карз ниуӕзтӕй ниссурдта ӕма уосонги фарсмӕ хорауууони гъӕмпӕбӕл фусдзӕрдтӕ райтаугӕй ӕхе дӕргъӕй-дӕргъӕмӕ уӕлгоммӕ рауагъта. Удӕн зин некӕд лӕвардта, ӕхебасл аурста, дзӕгъӕл кус-тӕй, дан, дзӕгъӕлхуст берӕ хуӕздӕр ӕй. Уайгагъд ӕ хур-хур исервазтӕй. Сахатмӕ хӕсдзӕф ӕнӕмӕнгӕй рахустӕй Гоппӕла, уӕдта куйти гъӕрмӕ фегъал ӕй. Хомбериндзӕ гӕнгӕй фергъувта ӕ цилпӕ сӕр, фалӕмбулаймӕ ӕрдӕг-цъундӕ цӕстингасӕй ракастӕй ӕма галти сӕ хуӕрӕнуати нӕбал ӕристӕфтӕй — ӕнӕфӕккӕсӕгӕй Силтанухъи итигъд идардтӕбӕл къуӕрттӕ-къуӕрттӕй нирръедзӕхсӕн ӕнцӕ. Хонсарварс туппуртӕбӕл рауӕнӕй-рауӕнти нӕуӕг кӕрдӕг искастӕй ӕма кӕд искомидзаги бӕрцӕмӕ нӕма райрӕз-тӕй, уӕддӕр ибӕл галтӕ ба мондагӕй сӕ дирзӕг цъухтӕ исӕрхстонцӕ. Зумӕгон хуаллагӕй исзӕрдцъӕх ӕнцӕ ӕма сӕ ӕвзонг кӕрдӕг ӕхемӕ сайдта.

Смалийӕй имӕ ести дзурд ӕрхауни азарӕй, Гоппӕла ӕ будуйрон хуссӕнуатӕй фагау фӕггӕпп ласта, бӕрзӕлӕд-зӕг раскъафта ӕма ӕхсгӕ къахӕй рӕдзӕхсӕн галтӕбӕл киуддитӕ гӕнгӕй ӕрзилдӕй, — ӕ ниуӕзтӕ ибӕл фӕббӕ-рӕг ӕй. Уосонги размӕ сӕ ӕртумбул кӕнгӕй, хӕлӕфӕй ранимадта. Нимадмӕ гӕсгӕ галтӕ еу гъӕуагӕ фӕцӕнцӕ.

— "Уанцон нӕй"... — фестъӕлфтӕй Гоппӕла ӕма бабӕй сӕ нӕуӕгӕй лӕмбунӕгдӕрӕй банимадта, фал инсӕй галей нимӕдзӕ, фиццагау, нӕудӕсебӕл ӕринцадӕй. Гоппӕла гал-феддон фӕуунӕй е 'цӕгӕй фӕгтарстӕй. Тъифсгӕй будурти идӕрдтӕбӕл ӕрзилдӕй, фал ӕ къохи неци бафтудӕй, зӕрди рист тухгинӕй-тухгиндӕрӕй лӕдӕрун райдӕдта, исӕвд галӕн иссеруни фӕрӕзнӕ не 'ссирдта. Галӕн ӕхе нӕ, фал

ма æ фæд дæр некæми иссирдта, дæлзæнхæ фæцæй. Исæвд гали иссæруни нифс имæ фæстагмæ нæбал байззадæй æма уæд будуйрон бригади цæрæнуатмæ ледзæги фæцæй, фæ-дес исесгæй:

— Есге ма уи æндæмæ ракæса, гормонтæ, нæ галтæй нин еуей радавдæй!..

— Ци дæбæл æрлæстæй, Гоппæла, цæбæл æй фæдес? — хъалагъури дæлалаймæ цæрæнуатæй рауайгæй бафарста Смали. Хумгæнгутæ еугурæй дæр кæрæдзей сæрти хаугæй ракалдæнцæ æндæмæ.

— Нæ галтæй нин зæгъун еу радавдæй! — нигки гъæр-дæрæй загъта Гоппæла, æ фæтæн тæрнихæй хед армитъæ-пæнæй расæрфгæй.

— Уæд е бабæй циуавæри давд æй, æмбесбони? — деси бацудæй Смали. Еу фæлтæр æнæдзоргæй ралæудтæй, ин-негæ дæр нигъгъос æнцæ, уæдта æй карзæй бафарста: — Барæнай-барæнæ, Гоппæла, æма уæд дæ дингæсæнтæ ба кæми хизтæнцæ? Æвæццæгæн, бабæй си исцумдтай æма дæ галтæмæ кæсунмæ нæбал евдалдæй.

Смалийæн дзуапп радтæг нæ фæцæй. Гоппæла æ размæ æгуппæгæй лæудтæй, кумæдæр еуварсмæ авгин цæстхузæй кастæй.

Нецибал исдзурдта Смали дæр, æ къох ибæл рарæуегъ-гæй галтæмæ ратомар кодта. Хумгæнгутæ æ фæсте ниб-барцæ æнцæ. Гоппæла дæр медбунатæй фезмæлгæй уæнг-мардæй еукъа к-дукъахæй ранæхстæр æй æгасей фæсте. Галтæмæ бахъæрдгæй, Гоппæлайæй фæстæмæ, сæ алке æхе меднимæри банимадта æма десæй кæрæдземæ фæрсæгау бакастæнцæ: галтæ æгасæй дæр адтæнцæ сæ бунати, неци си фæгъгъудæй.

— Хуцау дин ма фæууа, догъи нæ цæй туххæй рауагъ-тай? — фегъæлдзæг уогæй бафарста Смали.

— Куд цæй тухæй? — æ сæр фергъувгæй десгæнæгау бафарста Гоппæла дæр. — Нæ галтæй еу ке фæгъгъудæй, уой уæхе цæститæй нæ уинетæ, мийиаг?

Смали медбилти байдзулгæй загъта:

— Æцæгæй дæр кæд уотæ æнгъæлис, уæд ма сæ нæ рази гъæрæй банимайæ, мах ба дæмæ æмбурдæй байгъосæн. Та-буафси, Гоппæла, æрмæст сабургай, лæмбунæгæй.

— Хуарз, кæд уæ утæ фæндуй, уæд, — исарази æй Гоп–пæла æма гъæрæй райдæдта нимайун: — Е дин нæ къода гал, нур ба идарддæр нимайæн: еу гал, дууæ гали, æртæ гали...

Уотемæй инсæй галей нимæдзæ нæудæсебæл æеринцæдæй. Гоппæлай нимадбæл хумгæнгутæ сæхе ходунæй баф–састонцæ. Кадæр ба ма си фæрсæрдигæй æ пъæртт багæл–ста, "Дессаги хуарз арæхсуй нимайунмæ, фал æй къода гал–бæл æнæргъудити фæррæдудæй".

— Уæу–уæу, уæу–уæй, Дидтой, — фæсномугæй ис–дзурдта Гоппæламæ Смали, — арс дæ ниттона дæ къода гали хæццæ. Ниууадзæ æгæр ниуæзтæ, цалинмæ ди бунгондæр маймули нæма рауайун кодта, уæдмæ.

— Бæргæ 'й ниууадзидæ абони дæр, фал æй æхуæдæг, ниуæзтæ, хебæрагæ нæбал уадзуй. Бунтон тæнзæрдæ ин разиндтæй Гоппæла, — æ айуани хай бабæй кæсдæртæй кадæр багæлста.

Гъай–гъай гъулæг ин адтæй Гоппæлайæн е 'мгъæуггæгти рагафæн дзубандитæ, фал гъосæй лæудтæй — æ фуд æхе–цæн зудта, ниуæзти рæуаги хумæтæги фæдес ке исиста, уой. Æ сæр æй фæстагмæ дæр нæма нийахæста галтæ нимайгæй рæдуд кæми æруагъта — зунд ниуæзтæй фæххæлхъой æй. Хумæтæги нæ фæззагъдæуй: карз ниуæзтæ æ кæнæгæн дæр нæ хатир кæнуй, ка имæ не 'сарæхсуй, уобæл æ фудæнхæ фæууæлахез уй.

## ЗÆРДÆБÆЛДАРГÆ УРОК

Райгурцæй лæги карæмæ ци синхи исирæзтæй, цæнхæ–кæрдзин ке хæццæ кайдта, цини гъуддаги зæгъай æма зиани æгъдауи, уони фонс давунбæл фæццæфстæй Бедиги. Хи–нæйдзаг борхелæ робас дæр ма кæркдæнттæбæл утæ багъ–омпал уй æ "хай" ратонунмæ. Анзмæ цалдæр фиртони ра–давдта; кæмæй гал, кæмæй гъог... Хуарз ин бантæстæй, тар æхсæви сосæг архайди имæ устур курдиадæ разиндтæй. Уойбæрцæбæл æнаггаг арæхсгай архаидæ æма ин милици косгутæ ниййахæссуни фæрæзнæ нæ ирдтонцæ. Ести дав–гæй е 'змæлд, къохи алли арæфсард уионцæ арахсгай, æнæ–стуф. Тикис дæр ма утæ фæгъгъузуй мистæ ахæсгæй.

Бедигий нихмæ æвдесæндар иссерун æнцон нæ адтæй, æ фæсте давæги фæдтæ нæ уагъта. Бæлдатгон фиртон куддæр

æхе 'рдиги фæууидæ, утæ 'й æнæфæстеуатæй уæзласæн хуæдтолги фæснæдтæбæл синхаг гъæумæ е 'рдхуæрдтæмæ баласидæ æма уайтагъд фæффæстæмæ уидæ сæхемæ. Сæ-умæй раги синхбæл давди хабар куддæр райгъусидæ, утæ ба иннетау хъонцци бацæуидæ.

Синхæгтæ алли давди фæсте сæ сæртæ састонцæ, ка уа пæ зиан хæссæг, зæгъгæ, фал берæ фæлтæр неци хатдзæг-мæ æрцудæнцæ. Фæстагмæ сæ гъудитæ Бедигибæл æрин-цадæнцæ, фал æй æнæ æвдесæндартæй кутемæй нийахæссун кодтайуонцæ — закъон нæ амудта уруссæгти загъдау: "не пойман — не вор".

" — Мадта си уæддæр нæ маст естихузи райсæн нæ сай-тани дзилагæй" — æ фæндæ бахаста синхи фæсевæдæй Го-бæф, æма утемæй сæ фæндæ ниллух æй. Баздахдæнцæ æма уорсдони астæу æргъауæй Бедигий æргигæрдуг гал ферта-стонцæ. Ирæфи билæбæл æй сифтæргун бæлæсти буни хо-рауони æнæуæлдай ракæсæ-бакæсæй равгарстонцæ. Ко-сарт еудадзугæй, сæрæй фæстæмæ, дугъосон устур аги ник-калдтонцæ. Изæйрон сатæгмæ фид исфунх æй. Дæргъ-æй-дæргъæмæ фингæ, куд æмбæлуй утæ, æрраевдзæ кæн-гæй косартгæнгутæ синхи лагадæнмæ фæдздзурдтонцæ кувди номбæл. Бедигийæн æхе дæр иронхуати нæ ниууагътонцæ — сæрмагондæй хунд æрцудæй синхи кувдмæ. Фæсевæдæн се 'ргъудий нисан хъæбæрдæр уой медæги адтæй, цæмæй æхуæдæг дæр фидизгъæлæй фегъæстæ адтайдæ.

Ка куд хестæр, утæ синхбæстæ алæмæти рæсугъд æр-дзи гъæбеси идзаг финги фæйнæ фарсмæ кæрæдзей нихмæ, нард фиди æхсицгон тæфагæмæ сæ билти дæнттæ уайгæй, исбадтæнцæ ка цæбæл. Бедигийæй утæ ма æ уазæ къу-дурбæл æруагъта, утемæй ба ин кæстæртæ бадæнæн нив-вардтонцæ косарт гали сæр, бор голлагæй бамбæрзгæй.

Кувддзаутæ æмбесæхсæвтæмæ фæббадтæнцæ кувд кувди фæдбæл уадзгæй, хуарз фæмминасæ кодтонцæ, фæззард-тонцæ. Фæсевæди игъæлдзæг гъæр: "Амменæ хуцау!" уæларвмæ игъустæй. Бедигийæй фулдæр ба си неке гъæр кодта. Карз ниуæзтæй æхемæ хуарз фæккастæй æма æ дзахъула исберæ æй, фур зарунæй æхе мардта. Фæстагмæ имæ кафун дæр æрцудæй, кæстæрти къохæмдзæгъдмæ бунтондæр исцибæл æй, æ бунати æнцад бадун нæбал фæразта.

Æнафæнтти ирд арви уæлкъоппæй æвзестæ мæйи сæц-

цæ кастæй æрдзи къумтæ еудадзугæй бонигонау ку нирроххæнцæ, уæд финги хестæрæн сæ нæртон бадти кæронбæдгæни фæндæ исцæттæй. Медбилти байдзулгæй æма кæсгæртæмæ æ цæстæ фæнникъолгæй Бедигийæн арфитæбæл исхуæстæй:

— Идзаг къох, дæ берекет ахедæд. Ауæхæн парахат фингитæбæл куд бадæн араæхдæр, уо Хуцау зæгъæд. Дæ харзæй нæртон минасæ фæккодтан, хъæбæр хуæрзадæ разиндтæй де 'ртигæрдуги фидизгъæл...

Бедигимæ гиризау фæккастæй хестæри арфæ æма имæ билæскъелтæй дзоруй:

— Ниууадзæ рандæ, нæ хестæр, дæ гириз, финги сæргъи нæ федауй утæ.

— Цæмæн утæ банкъардтай, Бедиги? — уоци еузæлонæй райдæдта идарддæр дзорун, — кæстæртæ мин мæ гъоси куд бацагътонцæ, утемæй абони кувди косартæн дæу гали равзурстонцæ.

— Ци?.. Умæн уæн нæййес! — расонт æй Бедиги.

— Ес ин, ес! — зæрдибунæй нихходгæй ин хестæри бæсти дзуапп равардта æ хуарзсинхаг Гобæф, кæций гал хуæрзæрæги е 'скъæтæй радавта, — кæд нæбæл не 'уæндис, уæд ма æркæсай цæбæл бадис, умæ.

Бедигий ниуæзтæ уайтагъд иссудæй, æрæрвонг æй цума 'й еске рараæхуста, уойау бадæнæй фæгæпп ласта, голлагæ си фелваста æма ниффæлорс угæй сæццæй кæсгæ байззадæй косарт гали сæрмæ. Финги кæронæй кæстæрти кир-кир æ гъостæбæл рауадæй.

— Ц-цума к-ка бандиудта? — къуæзгæй рафарста Бедиги, æ тæрнихæй сор хед расæрфгæй.

— Кæйфæндуй дæр фæуæд, дæуæн си ци уæлдай ес? — хæл-хæлæй ходгæй бабæй финги кæронæй кæсдæртæй кадæр æ пъæртт багæлста.

— Гъо, е ба æцæгæй утæ 'й. Нæ зонун, мæ гали фидæзгъæл уæ фарсæй ма фæууа, бæдæйнæгтæ, — æвзедæгау баунæргътæй Бедиги.

Гобæф имæ æнойдæр тухххæйти лæудтæй æма си æрдхъерæни дув-дув ку райгъуста, уæд имæ нæбал ниууорæдта æхе:

— Дессаг ба куд нæ уа; æвзедун дæр ма нæмæ æндеуй. Ци дин гъæуй, уой дин æз мæхуæдæг исараззæнæн. Ца-

линмæ дæ есге æскъæти æрахæссон, уæдмæ цифæндуй фæлладæй дæр æхсæвгæйттæ дæ фæсте зелдзæнæн. Æма уæд дæ мæгурбон æрцæудзæй, ледзун ку бавзарай, уæдта дæ къæхтæ лæдзæгæй хуаст æрцæудзæнцæ.

Бедиги æ синхаги хæстмаст тогихатт хуарз лæдæрдтæй æма имæ неци исдзурдта, нигъгъос æй, хъипп—супп си нæбал иссудæй.

Уавæр хæлхъоймæ зелуй, зæгъгæ, ку бафеппайдта хестæр, уæд сæбæл фæттури кодта:

— Æрæллау уайтæ, мæ кæстæртæ, кæд ардæмæ хилкъахæнмæ не 'рæмбурд ан! — хестæр Гобæфмæ раузгалгæй е 'ргом Бедигимæ исаразгæй идарддæр райдæдта æ гъудитæ нивæндун: — Мабал тъифсæ дæ галбæл, мах нæ давд фиртæнттæбæл ку ниббухстан. Фæлтау дæ фудмиутæбæл лæмбунæгæй рагъуди кæнæ æма дæ размæ адæми зæрдæмæцæугæ нисан исæвæрæ, абони цау дин зæрдæбæлдарæн урок фæууæд. Барвæндонæй дæхецæн знæгтæ исæнтудтай не 'хсæн, адæймаги цард ба уалзæнхæбæл хъæбæр цубур æй. Еци цубур царди кæд ци æрцæуудзæнæй, уомæн базонæн нæййес æма имæ цæттæй лæуун гъæуй. Адæми фарнæ берæ æй, багъæуаги æрбатумугъ унцæ лæги сæргъи. Уоци растæн; е цинæ, е — уæззау гъуддаг, нæ футголи сæргъи маке балæууа. Уомæй тæрсун гъæуй, Бедиги, æма дин мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй дæ абони знæгти маст уойадæбæл байсусæд, уарзони цæстæй дæмæ ракæсæнтæ. Фиццагæй е дæхецæй кæнгæй æма дæбæл раст зунд фæуууæлахез уæд. Цæнхæ—кæрдзин ба кæддæриддæр еумæйагæй куд кайæн æнæвгъау æма нæ кæрæдзебæл федар куд бæдта, уой устур Хуцау исаггаг кæнæд!

— Амменæ Хуцау! — арв ниннæрæгау нигъгъæр кодтонцæ кæстæртæ æма æ дудзигъæр райгъустæй коми.

Курухон хестæри кувд Бедигий зæрдæмæ багъардта. Кæд æ фудмиутæбæл æргомæй басæддупмæ не 'сарæхстæй, уæддæр æ цъухæй исервазтæнцæ зæрдæвæрæн дзурдтæ:

— Мацæбæл тухсæ, нæ хестæр, æрлæдæрдзинан кæрæдзей, куд хуарз синхонтæ.

Уойадæбæл давди номæй æгас синхæн сæ фонсæй нæ, фал ма карки цъеу дæр нæ фæгъгъудæй. Зин базонæн æй, хъæбæрдæр цæмæ гæсгæ ниуугъта æ давун синхæгтæй: æфсæрми си фæцæй æви тæрсун райдæдта.



# ÆРÆГИАУИ ДÆЛБОЛКЪОН
## *(радзурд)*

Мæ рагон æнæсайд æрдхуæрдтæй сæ еу — зæрдхæлар, адæмуарзон, багъæуаги цæттæ, саглæг Хадзимуссæ, фагæ фæлтæр æртигъта медгъуддæгти иуæнгти — æнæкъапни—лæй æртин æртæ анзи. Уой разæй ба ма æфсади дæр баслужбæ кодта æртæ анзи хуаздæр. Уойбæрцæ фæллойни æнгъуд берæ афицерти арми нæ бафтуйуй, фал уæддæр, гъулаггагæн, служби къæпхæнти бæрзæндтæмæ исхæстæгуни фадуат ин не 'ссæй. Хуарз æма майори цинмæ туххæй—фудти исрадæхстæй æма си æнæгъæнæ финддæс анзи бафæстеуат æй. Идарддæри иразуни фæндаг уойадæбæл раскъудæй — дæлболкъони бунат имæ нæ райадагъта, нæй фæцæй уой нивæ. Листæг æркæсгæй, ауæхæн гъуддаги дессагæй мор дæр, гъай—гъай, неци ес. Ка ба ни æй нæ зонзæнæй, æнæхинæ, хумæтæги раст адæймагæн хъозон, еу фæххуæцæг ку нецирдиги фæууй кусти сæргъи, уæд фурустæй раст æ сæрбæл хъел дæр ниллæууæд — неци ин си рауайдзæнæй, æнæфеппайдæй медбунати хумæтæги æнгъæлдзауæй бадгæ баззайуй еу бонæй иннемæ. Хадзимуссæ æхсæвæй—бонæй æнæфæлмæцгæй догъи уадæй, хъæбæр хуарз арæхстæй служби уавæрти, е 'хæстæ еудадзугæй æнæкъулумпитæй æнхæст кодта æма ин æнæмæнгæй æмæнæкъулумпитæй æнхæст кодта æма ин æнæмæнгæй æмбалдæй фæууæлдæр ун, фал кæми, кæми...

Афицертæй еуетæ фесгун хæдæнтти игурд фæуунцæ — служби син берæ цидæртæ бантæсуй; цалдæр къæпхæни, лейтенантæй дæлболкъонмæ, дæс—дууадæс анземæ, зин нæ бавзаргæй, гириз—мурузти исгæпп ласунцæ. Хадзимуссæ ба еу къæпхæн финддæс анземæ исхезун нæбал бафæразта æма ибæл бухстæй æнæбари. Æной ба, мæгур, ци гъæуама райаразтайдæ æнæфæххуæцæг майор, ци æ бон адтæй, хецауадæй ке гъудæй, кæмæ бахастайдæ æ гъаст, ка ин балæдæрдтайдæ æ зæрди содзгæ маст? Айдагъ уомæн, миййаг, æрцудæй æхгæд идарддæри развæндаг. Хуарз æй зудта, уæхæн уавæрти ма берæ афицертæ ке бахаудтæй, уомæ гæсгæ æхе ездон даргæй махæн нæ бафеппаидæ: "Хор дæр ма æнккæтебæл нæ фæхъхъæртуй. Нури усхъуммæ доги адæни цард тæрмитæй цæуй æма си алке æ дзиуарæ Хуцауи нисанмæ гæсгæ кæронмæ фæххæссуй..."

Гъулæг ин куд нæ адтайдæ берæ æнзти дæргъи еци еу пъагæнтти цæун. Кæци афицер нæ фæббæллуй æ рæстæги, афонадæбæл радони цин райсунмæ, фал алке равгæ уой нæ фæййамонуй. Æнкъардæй ниххусгæй Хадзимуссæ арæх – еу æ адгин фунти дæлболкъон фестидæ, сæумæй ба алли хатт майорæй райгъал уидæ æма меднимæри рагъуди кæнгæй: "Мечты, мечты, где ваши сладости", æхебæл æрходидæ. Хецауади æнæраст миутæн берæ фæууодæнстæй æнпунфæстагмæ ба, æнæбози службæй фагæ исзæрдцъæх уогæй, уолæфтмæ рацæуни курдиадæ балæвардта медгъуддæгти министради сæргълæууæг инæлари номбæл. Хуарз æма ин уæддæр аци хатт хецауадæ æ зæрдихудти нæбал бацудæнцæ. Ци изæд сæбæл ратахгайдæ, ка 'й зонуй, фал ин æ курдиадæбæл исарази æнцæ, уомæй фæстæмæ ба ма ин фæстауæрцæй дæлболкъони цин равардгонцæ. Æппун нецæй бæсти æрæгиауи æргъудидзинадæ дæр зæрдæн æхцæуæн фæууй, нифс си бауадзуй фæстагмæ.

Æргом загъдæй, Хадзимуссæ хецауадæмæ хуарзæй æгиридæр нецæмæбал æнгъæлмæ кастæй æма æнæнгъæлти еци хабар æ гъостæбæл ку рауадæй, уæд си нæ байрагæс æй, цалинмæ министри бардзурд æхе цæститæй фæууидта, уæдмæ. Хумæтæги нæ байззадæй дæнцæгæн нæ рагфиддæлтæй, гæдзи буни, дан, сойнæ бадуй.

Кæдæй – уæдæй мæ зæронд æрдхуарди бæллец исæнхæст æй æма зæрдибунæй исуолæфтæй, фур цинæй хæргти хаудтæй, фæннæуæгдæр æй. Цума ибæл пазуртæ разадæй, уойау æй истæхунмæ берæ нæбал багъудæй. Æ зæрдæмæ хæстæгдæр ка лæудтæй, уоци æрдхуæрдтæбæл хæлæфæй, æхсгæ къахæй æрзилдæй, мæн дæр, Хуцау си исарази уа, иронхуати нæ ниууагъта, æма нæ фæскуст æнæфæстеуатæй сæхемæ фæккодта хинцунмæ. Бæлвурддæрæй зæгъгæй ба хъæбæр рагæй ци дæлболкъони стъалу райсунмæ фæббæлдтæй, уой "æхснунмæ". Афицер радони цин ку райсуй, уæд Хуцаумæ уой фæдбæл æртæ къерейæй исковунцæ, кæций фæххонунцæ "Стъалу æхснуни" кувд.

Хадзимусси царди æнбал Фатимæ, иуазæг уарзон, æгъдаугин силгоймаг, куддæр уоци æхсицгон хабар фегъуста, уотæ, цинæ гæнгæй, фингæ æрцæттæ кæнуни зелæнти бацудæй – зудта æй мах сæмæ æмбурдæй фæскуст арфæмæ

ке фæззиндзинан, уой. Хъæбæр æхцæуæн ин уидæ нæ фæ–ууиндæ. Раст зæгъгæй, мах дæр ибæл æхцул адтан, ревæд къохæй цуд некæд фæцан, ести адгийнæгтæ райсианæ нæ хæццæ. Къæсæрæй бахезгæй нæбæл Фатимæ дуйней нит–табедзæй, уайтагъд нин нæ рази идзаг фингæ райаразта. Ци ба не 'равардта фингæбæл, цæнхæ–кæрдзин радгунмæ'й, æвæццæгæн, некæци силгоймаг раййафтайдæ æма Хадзи–муссæ уомæй æ суйнæбæл уæлиау хуæстæй. Æнафонæмæ минасæй тъæпп хаудтан, кувд кувди фæдбæл уагътан, нæ рагон, æнæсайд æрдхуæрдбæл еумæйагæй цинæ кодтан. Æ уарзон бийнойнаги хæццæ нæбæл Хадзимуссæ æхуæдæг дæр идзулдæй, æгъдау нин лæвардта, хæдзари бийнонти номæй алкæмæндæр ни кади ниуазæн равардта. Мадта нæ Фатимæ æхуæдæг дæр æфсини ниуазæнтæ æнæратгæй нæ ниуу–агъта — не 'гасей къохти идзаг агувзитæ басагъта æма зæр–дæй райарфæ кодта æ сæри хецаумæ ин рагæйардæмæ уар–зон цæстæнгас ке дарæн, алли гъуддаги дæр багъæуаги æ фарсмæ, æнсувæртау, æнгом ке баллæууæн, уой туххæй.

Мах еугурæй дæр нæ бадæнтæй фестадан æма ин ездо–нæй, афицери намус дæлæмæ не 'руадзгæй, уæхæн увæври фингæбæл æгъдау куд амонуй, уомæ гæсгæ аккаг дзуапп равардтан, уой фæсте ба нæ уарзон зар æмгъæлæсæй ниц–цæлхъ ластан: "Айс–сæй, а–на–зæй, а–хуп–пæй кæ..." Идарддæр разардтан "Фиййауи зар", "Гуймани зар", "Ста–лин–Плиги Исси зар" æма берæ, берæ æндæр зартæ. Мæ–хецæй раппæлун мæ бон нæй, фæрсагæй фæстæмæ зарун–мæ, фæлмæн загъдæй, неци уойасæ арæхсун, фал ме "мкос–гутæ: Гаврил Биценти, Эльбрус Керчелати, Рухæ Дзугати æма Гъæргинти Игорь, етæ ба æнгъæлдæн — кæрæдзей хъурæй скъæфтонцæ зартæ. Лæг сæмæ игъосунæй не 'фсастæй, уæхæн зæлланг хъурихаттæй зардтонцæ. Уæлдай зæрдиуа–гæй ба ма син Фатимæ фæндурæй цагъта Хадзимуссæ–бæ–лæлайкæй. Уæхæн игъæлдзæг æхсæвæ рагæй нæбал рар–вистон. Е адтæй æцæг "Стъалуй æхснади" æвзгули.

Хъæбæр рæсугъдæй хастан фингi æгъдау; нæ алли кувд адтæй фæтгæбæл, нæ дзубандитæ кæрæдзебæл бадтæнцæ, нæ зæлланг зартæ бунтондæр барохс кодтонцæ фусунти фæлмæн зæрдитæ. Алке ин радугай ерис кæнæгау æвзурста зæрдæмæцæугæ хабар æрхæссун, сатирикон миниатюрæ

æримисун, юморон скъуддзаг радзорун. Куд рабæрæг æй, уотемæй гъазæн дзубандитæй фæстагмæ нæ фусунтæ сæхуæдтæ фæуууæлахез æнцæ. Сабур дони, дан, сайтан бадуй, куд фæззæгъунцæ, уойау нæ хуæдæфсæрмæ æрдхуард Хадзимуссæ курдиадгин юморист разиндзтæй. Æ уарзон царди æмбал Фатимæмæ æ цæстæ æрникъолгæй æхецæй æппæлæгау разагъта:

— Гъи, мæ зæрдтаг, æппунфæстагмæ нæ гъуддæгтæ фæррæстмæ æнцæ; нæ хецауадæ мин цæрæнбонтæмæ хуарз пенси исписан кодта æма, рагæй цæмæ фæббæлдтæн е мæ къохи бафтудæй — дæлболкъони цин мин равардтонцæ. Дæ зæрдæ ма цума абонæй фæстæмæ естæмæ æхсайдзæнæй?

Урусмæ ес уæхæн æмбесонд: "Муж и жена — одна сатана", гъома, дан еу геппæй уагъд æнцæ æнæ кæрæдзей айдагъ фезмалдæй дæр хуарз фæллæдæрунцæ. Фатимæ дæр уотæ, уайтагъд балæдæрдтæй Хадзимуссæ есге рази æхецæй сæрустурæй цæмæгæсгæ рапнæлдтæй, уой æма æ къохтæ кæрæдзебæл реубæл цæхгæрмæ райвæргæй æнæнвæрсонæй загъта:

— Æллæх, æллæх, Хаджи! — имонау уотæ худта Фатимæ æ сæри хецауи. — Дæу комæй муд ниуæзтæ уа. Гъо, нæ гъуддæгтæ кæми фæррæстмæ æнцæ, кæми — фаттæссармæ æнцæ. Æргом загъди, дан, къæм нæййес; мæн фæндонæй фæлтау ма лейтенант ку уисæ æма раздæрау алцæмæ хуарз ку арæхсисæ, æндæр каргун дæлболкъон цанæбæрæг хиццаг афицер æй, ке гъæуй, ке?

Махæй неке сæр ниййахæста Фатими юмор æма кæрæдземæ куддæр къехæй кæсгæ байззадан, еу хъипп ни неке цъухæй исхаудтæй. Æхе нипъпъерф кæнгæй ин уæхæн дирзæг дзуапп ке февардта, е нæмæ устур дессаг фæккастæй. Æнæдзоргæй æгасæй дæр фæрсæгау нæ каст исаразтан Хадзимуссæмæ. Махæй уотæ нуртæкки рабуцæу уодзæнцæ, хъаугъа син раеудагъ уодзæнæй, фал неци. Е уæнгтæ фæйнердæмæ райвазгæй имæ не 'рдхуард байдзулгæй истауста:

— Цæбæлти фæттухсис, Фатимæ, цæбæлти. Дæлболкъони хæрнæгъбæл ма нимайæ. Зонæ'й, мæ хор — зæронд гал ауæдзæ некæд фехалуй.

— Уомæй раст зæгъис, — исарази æй Фатимæ, фал хи

нæйдзаг худт бакæнгæй æ дзурдтæбæл бафтудта: — æрмæст хумæ ба арф нæбал фæккæнуй, уæлдзæнти æй раудзуй.

— Мадта, зæгъис, дæлболкъон, каргун дæлболкъони асадун фæууæлæнгæй уй? — Фатими гъудиадæ нигки фæккардæр кодта Хадзимуссæ, ходæгæй нийхæлгæй. Куд, фæззæгъунцæ, е ба ма дин еума — къерей сæрбæл цъопп.

Дууæ зæрдхæлар, æмзæрдæ, æмзунд бийнойнаги буцæухуз дæлгоммæ гъазæн дзубандий сæр цæй сæрбæл адтæй, уой мах — иуазгутæ, æрæгиау ку æрлæдæрдтан, уæд æмбурдæй дæр æргомæй ниппуррут ластан. Нæ гурти лиулиуæй бадæнтæ базмалдæнцæ, сæ хъис—хъис иссудæй. Ходæг нæ уойбæрцæбæл æхсицгæй арахæста æма е 'рсабурæн ма фæрæзнæ ирдтан. Уæлдайдæр ба ма сæ гъудитæбæл нæхудтæ дæр цидæртæ бафтудтан æма нæ ходун нигки фæтгухгиндæр уидæ, арти циренмæ хускъæ фæсалæ багæлдзæгау. Уотæ игъæлдзæгæй ба сæмæ раздæр некæд фæббадтан. Хадзимуссæ æма Фатимæ сæхуæдтæ дæр махмæ кæсгæй зæрдибунæй фæххудтæнцæ, сæ цини цæстисуггæ къохмæрзæнтæй сæрфгæй.

Æрæги—дурæги нæ ходунæй банцайгæй нæмæ Хадзимуссæ идзулгæй дзоруй:

— Мæ зинаргъ æрдхуæрдтæ! Кæд, миййаг, естæмæй фæррæдудан, уæд нин хатирæй фæууæд. Гъазун—ходун нæбæл федауæд, цини фингæбæл бадгæй кæрæдзей зæрдитæ байгъæлдзæг кæнунмæ, нури хузæн, куд арæхсæн, уой корæг дæн Хуцауæй.

— Ам—менæ, Хуцау! — æнгъæлæсæй нитътъæлланг кодтан мах дæр.

Рæстæг исæнафонæ'й æма нæ рæсугъд кувди бадтæй фезгули ан. Лæг, гъæуама, хæдзарæмæ иуазæгуати бацуд куд хуарз фæллæдæруй, уотæ æ рацуд дæр уа афонæбæл, фæтгæбæл. Зæрдибунæй райарфæ кодтан æма хуарзæхсæвæ разагътан нæ фусунтæн.

## БОНИ РОХС

Къæлæт мæйæ арви сæрæй
Тар æрфугæй фæккæсуй.
Тар æхсæви æ къæсæрæй
Нидæнгомау фæллæсуй.

Фæцъцъæх уодзæй, сæумæ раги
Бон æ бартæ есдзæнæй.
Рæсугъд цудæй мегъти рагъи,
Мæ зæрдæ йбæл ресдзæнæй.

Хори хъаурæ æнæкæрон,
Æнæбæрцæ рæсугъд æй.
Хори тунæ арви кæрон
Мæ зæрдæмæ фæццудæй.

Хори рохсмæ, цардмæ бæлгæй,
Талингæмæ фæццæуæн.
Хебæраги сабур мæлгæй,
Мах нæхебæл фæккæуæн.

## МÆ ГЪÆУ

Адæймагæн адгин æнцæ
Æ синхбæстæ ма æ гъæу.
Зартæ дæбæл имиссæнцæ,
Некæд феронх кæндзæн дæу.

Хонхи къоли, хонсарварси
Цалдæр хæдзари лæуддæй,
Хъæлнæгъти гъæу хонхи фахси.
Нур æ рæстæг æрлæуддæй.

Æримисун мæ гъæубæстæ:
Фонси фæсте куд уайун.

Бæгъæмбадæй къумтæ – къумтæ
Уæриккигæ нимайун.

Нæбал содзунцæ цирæгътæ.
Исревæд æй нур нæ гъæу.
Байзадæнцæ хонхи рæгътæ,
Хъæбæр зин æй æнæ дæу.

Арæх уинун æз мæ фуни
Нæ цъæх зæлдæ æма дон.
Байзадæй ма нæ гъæубæстæй
Айдагъ дортæ æма ном.

## КÆСТÆРГÆН

Гъæйтт мардзæ, кæстæртæ, кæнетæ уæ зартæ,
Фæццотæ уæ царди игъæлдзæг, дзæбæх.
Есетæ бæрзондмæ уæ нифсæй уæ сæртæ,
Алкæмæн æ буни федар уæд æ бæх.

Гъæвунцæ абони кадæртæ мах цардмæ,
Кæнунцæ мах нихмæ дæндагæй къæс – къæс.
Табуафси зæгъетæ: цæуæнтæ нæ кардмæ!
Алкæддæр удзæнæй федар ирон къæс.

Кæнетæ сомитæ хестæргæн сæ кадæй,
Бæрзондмæ есетæ иронæн æ ном.
Сæрустур исуæд уи алке дæр æ мадæй,
Удзæнæй алкæддæр кæдзос уæ цæсгом.

## МÆГУР ЛÆГ

Адæми маст уæззау варгъ æй,
Бафехсудæй сæ бæрзæй,
Сæ косгæ бон хъæбæр даргъæй,
Фал се 'ркъиаг ниггæрзæй.

Фестъæлфунцæ тар æхсæви
Æвеппайди сæ фунтæй.
Эх! мæгур лæг куд исæфис?
Куд хъан кæнис æдбунтæй?

Бæргæ рауагътай едæгтæ,
Фал етæ дæр æнæбон.
Куд тонунцæ зæрди тæгтæ,
Исæфуицæ æнæ дон.

Нæ фæууидтай дæ дуйнебæл
Нæдæр уолæфт, нæдæр цард.
Ниннæ бастай кæрæдзебæл,
Дæубæл кæнæн мах æнкъард.

## ИХУÆРСТ

Нæ бавзурстон бæрæгбæнттæ.
Царди адæй фудевгед.
Цубур æнцæ царди бæнттæ,
Бамæ сугъта мæ сор хед.

Мæ къуæллитæ ниддор æнцæ.
Ниллистæг æй мæ бæрзæй.
Тогдадзинттæ ниссор æнцæ.
Мæ реугудур нигæрзæй.

Кедæр къумти ихуæрст уогæй,
Цæргæбонти фæккусгон,
Истухсинæ ме 'фхуæрд уодæй,
Мæгур бæнттæ имистон.

Рохси цъита нæбал уидтон,
Нæ уолæфтдæн мæ фæндон,
Царди рæсугъд нæ фæййидтон,
Мæ райгурцæ — мæгурбон.

Мæ хестæрти нæ бафарстон,
Хеваст миутæ фæккодтон.

Еске уайдзæф нæ бауарзтон,
Абони дæн фæсмонгъон.

## МÆ ИЗÆДДÆБÆЛ

Арви къæсæрмæ мæ сагъæстæ рарвистон,
Фæндуй мæ зарун гъæрæй.
Царди мæ ихæстæ еугурдæр бафистон
Мæ уарзти цъæх цæхæрæй.

Фæндуй мæ ме зæддæн арфитæ фæккæнун,
Уонæбæл зарæг кæнун.
Æз сæ мæ фуни игъæлдзæгæй фæууинун,
Хатгай фур цийнæй кæун.

Алкæддæр се 'римист зæрдæн уæлдай дзæбæх
Дæддунцæ нифс æма рохс.
Уонæн сæ бунат нæ арвæн æ рæсог цъæх,
Æнцæ мæ зæрди кæдзос.

Ковдзæн æз уонæмæ алкæд кæдзос зæрдæй,
Зарæг сæ кадæн кæндзæн.
Зæнхæбæл уогæй сæ нифсæй сабур цæргæй,
Заргæй фур цийнæй кæудзæн.

## КИРИСТОНГЪÆУ

Сæумæ раги будургæрон фæррохс æй,
Гæбар — губур нæ гъæунги игьусуй.
Исуолæфтæй Киристонгъæу мæйрохсæй,
Сæумон æртæх хори гьармæ исусуй.

Райгъал æнцæ тæхгæ цъеутæ сæ фунтæй.
Фонси æргъау цъæх кæрдæгбæл ниппурх æй.
Базмалдæнцæ бæлæстæ дæр æдбунтæй.
Хори скасти Киристонгъæу ниссурх æй.

Мæ уарзон гъæу нæуæг царди ивулуй.
Бæркадхæссæг хуарздзийнæдтæ иуаруй.
Æрдзи рæсугъд уой фæййиндмæ идзулуй.
Цъæхснаг хъурæй болæмæргъæ низзаруй.

Фарни хаййæй Киристонгъæу æфсæдуй,
Киристебæл æ заргутæ фæккæнуй.
Мæ гъар зæрдæ мæ фурцинæй ниссæлуй.
Нæ Уасгерги хуæнхти сæрæй фæлгæсуй.

## ДИДИНГУТИ КАДÆНГÆ

Дидингутæ нæбал зайунцæ будурти,
Циртдзæвæнтæ æрлæуддæнцæ рæнгъитæй.
Мах сæ рæзти рафецауæн сæргубурти,
Нæ уонæргъун исигъусуй зæрдигæй.

Æрмæстдæр ма циртдзæвæнтæн сæ рæбунтæ
Ес фæууинæн дидингутæн мæтъæлæй.
Нæбал калунцæ цæхæртæ хуæнхрæбунтæ,
Нæ будурти сæ фæййиндæ æстæн æй.

Ефстаг хатт ма хори гъармæ фæззиннунцæ,
Хорнигулди бахгæнунцæ нæуæгæй.
Бонн рохси мах æнкъардæй фæууинунцæ,
Не 'хсæви ба мах уинунцæ кæуæгæй.

Нæ ниллæууй сæ фæууиндмæ уоди хъаурæ,
Мæ зæрдæ мин сау фæркитæ фæккæнуй.
Фур сагъæсæй бакæнунцæ размæ хаугæ,
Алке дæр ни сæргубурæй фæккæуй.

## ÆРДЗИ РÆСУГЪД

Царди идонæ мæ къохти,
Размæ æдзинæгæй кæсун.
Нарæг къахнадбæл фæсхонхи
Царди уаргъ къоли хæссун.

Меґътæ мæ сæрти лæсунцæ,
Хорæй гъæуай кæнгæ мæн.
Сирдтæ сау гъæдæй уасунцæ.
Еунæг а царди нæ дæн.

Денгизи донау, фæйлаугæй
Кæрдæги сир—сир цæуй.
Бæлæсти сифгæ рæвдаугæй,
Уалдзæги æрдзæ цæруй.

Змæнст дон æррайхузæн коми,
Размæ æмпурсгæ цæуй.
Еу æртæх не 'заййуй къоли,
Дортæ къæдзæхбæл цæвуй.

Уомæй рæсугъддæр дуйнебæл
Æнпун а царди нæййес.
Раст цума гъазуй цъетебæл
Æрдзи рæвдаугæ гъæбес.

*Малити Леска*

## АМОНДИ ФÆНДАГБÆЛ
*(Аргъау)*

Цардæй æма адтæй хъæбæр гъæздуг æлдар. Адгæй ин рæсугъд кизгæ. Фидæ сагъæси бацудæй: "Цума ка уодзæ– нæй мæ кизги амонд, синхбæсти уой агкаг фурт ку некæ– мæн ес?"

Æхе исрæвдзæ кодта æма рацудæй æ кизги амонд аго– рæг. Берæ бæститæбæл фæззилдæй æма некæми нецæбæл исæмбалдæй. Еу афони бафтудæй еу устур лигъз будурмæ. Цæуй æма нииуидта будури астæу еу устур хæдзарæ. Бацу– дæй хæдзари размæ, дуар бахуаста ма имæ неке ракастæй. Аба ци дессаг æй, зæгъгæ, бадес кодта, ма багъæр кодта: "Хæдзаронтæ, ами айтæ?"Ку неке имæ ракастæй, уæд ба– цудæй медæгмæ. Кæсуй ма си авд къомнæти. Бацудæй фиц– цагмæ. Кæсуй ма си тæрхгутæй идзаг, ма сæбæл берæ ки– унугутæ. Бацудæй иннæ къомнæтмæ, ма уоми дæр тæрхгу– тæ киунугутæй идзаг. Æртигкаг къомнæти дæр неке ес, æ тæрхгутæ ба киунугутæй се 'дзаг. Уотемæй æхсæз къом– нæти дæр тæрхгутæ киунугутæй се дзаг. Бацудæй æвдæймаг къомнæтмæ, ма си стъоли рази бадуй еу лæг, цидæртæ ки– унуги финсуй, тæрхгутæ ами дæр киунугутæй се 'дзаг.

— Дæ бон хуарз, зæгъгæ, имæ дзоруй, ма лæг æ финсуни куст кæнуй, дзоргæ ба неци искодта. Дзоруй бабæй имæ нæуæгæй.

— Салам алейкум хуарз лæг, — зæгъгæ. Ма бабæй лæг æ финсуни куст кæнуй, æ сæр дæр уæлæмæ нæ есуй. Æртиг– каг хатт имæ дзоруй:

— Æз дæумæ ку дзорун, дæ бон хуарз, — зæгъгæ, ма мин дзуапп — бонхуарз цæмæннæ зæгъис? Уæд лæг æ финсун ниуагъта, æ пъеро æрæвардта, ма имæ дзоруй: — Æгас цо, мæн нæ евдалдæй дзорунмæ, æз мæнæ амæндтæ финстон, зæгъгæ. Уæд имæ аци æлдар дзоруй: — Мадта æз дæр мæнæ мæ еунæг кизги амонд агорæг рацуддæн, ма мин ку зæгъи– сæ, ка уодзæнæй цума æ амонд? Уæд лæг исистадæй ма тæрхгутæбæл еу киунугæ агорун райдæдта. Æппун фæстаг иссирдта, райста тæрхæгæй киунугæ, хагун æй райдæдта, ма еу рауæн байгом кодта. Кæсуй си, ма лæгмæ, уæдта дзо–

руй: — Дæ кизги амонд ба уодзæнæй дæ косæги фурт. Мæнæ аци киунуги уотæ финст æй. Гъæздуг лæг рацудæй уордиги, ма æхецæн загъта: "Уомæн неци хузи ес бауадзæн!"

Æрбацудæй æ хæдзарæмæ, ма базудта, æ косæги уосæ æнгъæлдзау ке 'й, уой. Исæй æвæрун кодта уæрдуни, ма 'й гъæдæмæ марунмæ фæлласун кодта. Еу идард гъæуй цардæй æнæ цæуаст лæг æма уосæ. Лæг цауæни цудæй, уосæ ба хæдзари зилдтитæ кодта. Еу уæхæни лæг рандæй цауæни, ма аци хатт нецæбæл фембалдæй. Фæстæмæ куд раздахтæй, уотæ ба æ гъостæбæл рауадæй сувæллони кæун. — "А ба ци дессаг æй, ами ба сувæллон кæцæй гъæуама уодзæнæй?" Сувæллони кæун кæци 'рдиги цудæй, еци 'рдæмæ фæццæунмæ куд гъавта, уотæ ба кæсуй æма дæлæ еу сау робас тагъд—тагъдæй фæуудайуй, сувæллони кæун кæцæй цудæй еци 'рдæмæ. Никки хъæбæрдæр бадес кодта, ма сосæггай цæуй æ фæсте. Цауæйнон кæсуй, ма дин сау робас бауадæй сувæллони размæ, æхе фæхъхъан кодта æ рази, ма дин сувæллон робаси дæйуй. Сувæллони рази ба хъанæй мард уосæ. Сувæллон ку бафсастæй, уæд робас рандæй. Лæг бацудæй сувæллонмæ, бидздзеу адтæй! Æ рони æй батухта, ма сæ хæдзарæмæ цийнæгæнгæ æрбацудæй. Æ уосæн загъта, цæмæй æхе æнæуодбари хузæн искæна, ма 'й уотемæй синхонтæ фæууинонцæ. Уосæ дæр уотæ бакодта. Еу къуар бонæй фæсте ба рагъæрæй бидздзеу син райгурдæй, зæгъгæ.

Бидздзеу ирæзтæй тагъд æмæ гъæддухæй. Ку райрæзтæй, уæд æй æ фидæ æ хæтдзæ цауæни хонун райдæдта. Финддæс анзи ибæл ку рацудæй, уæд æ фидæн загъта:

— Баба, ду базæронд дæ, ма дин афонæй бауолæфунмæ. Æз мæхуæдæг цæуудзæнæн цауæни, ду ба мæнæ хæдзари еститæ архайдзæнæ.

Фурт цудæй алли бон дæр цауæни ма хуарз фид æрхæссидæ.

Еу хатт кæми адтæй, уоми ба берæ сæгтæ рамардта. Ма ку рацæйцудæй сæхемæ, уæд ибæл фембалдæй æндæр цауæйнон. Аци лæг аци хатт нецæбæл фембалдæй, фал æригон лæхъуæнбæл ку фембалдæй, уæд бацийнæ кодта, æмбæлæггаг уæддæр фæххæссæнæй æ бийнонтæн. Расаламкеламтæ кодтонцæ, æруолæфтæнцæ йеу рауæн, фезонгутæ фæккодтонцæ. Уой фæсте æригон цауæйнон дзоруй хестæр

æмбалмæ, — Мæнæ ду хæйттæ ракæнæ, рауай.

— На, аци фиддæ дæу æнцæ, ма сæ гъæуама дæхуæдæг рахайтæ кæнай.

Æригон цауæйнон искодта æртæ хайи. Цауæйнон лæг бакатай кодта, æрæнкъард æй, ма сагъæси бафтудæй:

— Аци æригон лæппо мæ æфхуæрунмæ гъавуй, æвæдзи, ма ми уæд уодæгасæй нæ раервæздзæнæй, æндæра æртæ хайи цæмæн искодта?" — зæгъуй æхецæн.

Уæд имæ бидздзеу дзоруй:

— Мæнæ аци хай дæуæн хесдæри хай, ма 'й райсæ, мæнæ аци хай ба дин æмбæлæггаги хай, мæнæ аци хай ба мæнæн.

Лæг десæй байзадæй: "А ба ци дессагæй, аци æригон, рæсугъд цауæйнон ба уогæ æгъдаугинæй кæми исирæзгæй, амæн æнæ мæ хæдзари фембæлæн нæййес!" — загъта æ мед зæрдæ, ма 'й сæхемæ фæххудта. Хуарз æй байуазæг кодтонцæ. Æригон лæппо цауæйнони рæсугъд кизги ку фæ — ууидта, уæд кæрæдзей бауарзтонцæ. Бидздзеу сæхемæ ку 'рбацудæй, уæд æ исхæссæг фидæн балæдæрун кодта, гъуддаг куд æй, уой.

Фидæ бацийнæ кодта ма фæццудæй кизги корæг, ми — нæвар кизги фидæмæ. Кизги фидæ цийнæгæнгæ исарази æй æ кизги йин æгайтима уæхæн рæсугъд æгъдаугин лæхъ — уæн коруй.

Киндзæхсæвæр искодтонцæ, еу абонæй иннæ абонæмæ фæцциййнæ кодтонцæ. Бидздзеуи фидæ ку раниуæститæ код — та, ку байгъæлдзæгæй, уæд дессагæн радзурдта, аци бидзд — зеуи гъæди куд иссердга мард уоси фарсмæ, ма 'й сау робас куд рæвдудта, сау робаси дзедзе куд дадта.

Кизги фидæ балæдæрдтæй, е ба адтæй еци æлдар, æ кизги амонд ка агурдта еци бидздзеу æ косæги фурт ке й, ма амонди нихмæ тох кæнунæй ке неци пайда ес, уой, ма 'й нæбал иской кодта.

Аци аргъау фегъустон мæ фидæй 1937 анзи.

## КÆД ПОЭТ ДÆ...

*Поэтом можешь ты не быть,*
*Но гражданином быть обязан.*
***Н.А.Некрасов***

Поэтæн æ реуи бурдæнтæ неунцæ,
Поэтæн æ зæрди цæфсуй гур—гур арт.
Поэт хæддзегун æй адæм æй зонунцæ,
Поэт арæсæний, поэт — дасæн кард.

Поэтæн æ зæрди бурдæнтæ зелунцæ,
Поэтæн æ тог дзæхст—дзæхстæй ирайуй.
Поэттæ адæмти сæ фæсте хонунцæ.
Поэттæн се 'схуæсти сæ нифс нæ тайуй.

Поэт, дæумæ дзорун, еу минкъий байгъосæ,
Ракæсæ, фæйййинæ, цийиес дæ фалдзос.
Ниууадзæ алцидæр, д'адæмæн бакосæ,
Е ба дæ цæсгом уа дуйнемæ кæдзос.

Кæд ду поэт дæ, уæд кæмидæр ма рæхцæ,
Ма уой балæдæрæ ду ке дæ федог.
"Исистæ" — зæгъæн дин сауæнгæ де 'ндæргъцæ,
Дæ гъæрмæ адæмæн ирайæд сæ тог.

Талинги еу къуми еуварси æрлæудтæ?
Адæми гъæрзунгъæр не 'гъусуй дæумæ.
Аци цаммар доги да'дæмæн ци фæдгæ?
Цæмæй æрлæууæн мах сæ нихмæ тохмæ.

Поэт дæ кæд ду, уæд кæми дæ тухстбони?
Еу хъипп дæр не 'гъусуй дæуæй некуцæй.
Адæм истухстæнцæ хъйамæттæй зиндони
Кæмий сæ кæрон, сæ кæрон ци фæцæй?!

## ХУÆРЗБОН

Хуарз æй зонис, дæ зæрдæ — де 'вдесæн,
Неци дин ниууагътон зæрди нез,
Дæ сорæт дин хæссун устур десæн,
Дæу аккаг аййев дзурдтæ кæм ес?

Рагæй мæмæ кæсис сау æрфугæй,
Мæ фæйййнд дин фæууй устур нез.
Хуцау дæ бахезæд уæхæн фудæй, —
Æнадзал мæлун фæгкæ нæййес.

Фæццæун дæ разæй æнæфсесæй
Дæ уиндæй, дæ дзурдæй унгæгæй.
Ци ма хезун уæддæр мæ фæдесæй...
Куд цæрдзæн æнæ дæу — еунæгæй?

## МÆНМÆ ГÆСГÆ

Сæребарæ — æй мæ тох,
Кæмидæр ма æй фæсхонх.
Сæребарæ — æй мæ дзурд,
Фæл не 'ййафуй, нæ мæ зунд.
Ести гъуддаг — дæн лигъстаг
Фæммæ хонунцæ гъæддаг
Кæми дæн æз æнайиенп? —
Уойййд адтæй, уой мæ гепп.
Ести кæнон асхъодæй —
Байдзаг уодзæй æскъодæй.
Дæн адæмæн æз асдзагъд,
Неке есуй мин мæ загъд.
Фулдæр рæстæг дæн адау:
Ниммæ ахæссуй æгъдау.
Æгæр арæх фæуун тухст —
Мæ хуæздæр мадзал — мæ бухст.
Ефстаг хатт фæуун идзулд.
Мæ фулдæр бон дæн æмпулд.
Фæндадтæй мæ ун лæгдæр —

Базонунмæ дæн лæдæр.
Нæй неййафуй нæ мæ зунд —
Истæхунмæ — пакъу тунд.
Мæ дзæндæл цуд æй мæ догъ —
Умæн байзадтæн фæскъох.

## КÆМÆН ЦИ?

Зæрондæн — æгъдау,
Æгъдауæн — рæдау,
Хуарз зундæн — кадæ,
Гъуддагæн — радæ,
Гъонгæсæн — æргъау.
Сабиййæн — аргъау,
Фийауæн — дзогæ,
Зийнадæн — цогæ,
Хæдзарæн — хецау,
Фæрæтæн — гъæддзау,
Тухст лæгæн — æмбал,
Фурхуæрдæн — нæбал,
Æстонгæн — фæрзеу,
Устур кустæн — зеу,
Къундæгæн — фæндон,
Æнгъудæн — кæрон,
Дзæгъæлдзурдæн — зуст.
Æзнагæн — рæхуст,
Къæйнихæн — нихкъуæрд,
Фудлæгæн — æфхуæрд,
Гъуддагæн — мадзал,
Хахурæн — адзал.

* * *

Уруссаг лæг, дан, æ бæх
Сабур ефтиндзуй, дзæбæх,
Ледзгæ ба, дан, тагъд кæнуй
Цæстæ ибæл нæ хуæцуй.

* * *

Бисмæрк загъта уой кæддæр
Нæма фæцæнцæ фуддæр.

* * *

Нигъгъуди кæнтæ мæ загъд
Нæма фæцан бунтæй цагъд
Æргом загъæн, нæ тæрсæн
Цагъайрагæй нæ бæлсæн,
Нæ рауайдзæй уæ фæндон,
Æрбацæуй уæ кæрон.

## НИХÆСТ

Кæд ефстагмæ, о, мæ бæстæ!
Фæххецæн ун æз дæуæй, —
Фæйййагорун дин де 'гъæстæ
Еске бæсти, уо уæу—уæй!

Дæубæл нихæст дæн райгурцæй, —
Æнæ ратонгæ нихæст.
Мæ фуни дæр æз дæ хæццæ
Дæн æнхуæрдæ, æмниуæст.

Нæ мæ гъæуй сугъзæринттæ
Æнæ дæу ци 'нцæ етæ?
Дæубæл баст æнцæ мæ сæнттæ
Дæуæй хъазардæр цийййес?

*Келехсати Л.Б.*
*профессор*

# КЪИБИРТИ ТИМУР НУРИККОН ЛИТЕРАТУРОН ПРОЦЕССИ

Цийфæндуй ку дзоронцæ литературон критиктæ, литературон уадзимистæ профессионалон æмвæзадæбæл ка æвзаруй, нæ Уæрæсей æхсæнадæй поэзи ка лæдæруй, аргъ кæнун ин ке бон æй, скурдиадæ æнацъагъуæ финстæй æ бон равзарун кæмæн æй, етæ æнæбафеппайгæ нæ фæууодзæнæнцæ, фæстаг рæстæг нæ нуриккон поэзий Къибирти Тимури сфæлдистадæ астæуккагдæр æма бæрзонддæр бунæттæй еу ке ахæссуй, уой. Еуæй — еуетæ ин æ поэзи уæлæрвтæмæ систонцæ, иннетæ'й сæ къæхти буни кæнунцæ, æртиккæгтæ ба имæ кæсунцæ рæстæмбес толерантон цæстингасæй. Фал бæрæг бæлвурд æй еу гъуддаг: Тимури сфæлдистадæбæл финсунцæ уæрæсей æма фæсарæнти газеттæ æма журналти, дзорунцæ ибæл радио æма телеуинунадæй. Фæйнæхузон политикон цæстæнгасебæл хуæст ка æй, етæ дæр æй еумæйагæй нимайунцæ скурдиадгун поэтбæл. Уомæ гæсгæ ба ин алцидæр хатир кæнунцæ.

Мах не 'гас дæр æвдесæн ан XXI — аг æноси къæсæрмæ ци поэзий хæццæ цæуæн, уомæн, æма си æнæмæнгæ Тимур ниййахæсдзæнæй агкаг бунат. Еци федæн æнæмæнгæ бæлеццаг ке æй, уобæл дзорæг æй Тимурæн æ еугур сфæлдистадæ дæр.

Къибири — фурт поэзимæ æрбацудæй 80 — аг æнзти, æма е сфæлдистадон фæндаги райдайæни федарæй æрлæудтæй нæуæг надбæл, еуварс гæлста поэзий традицион ка ссæй, еци хузтæ, агурдта нæуæг эстетикон принциптæ, æнсудта æхецæй уæди социалистон реализми нифферадгонд принциптæ. Уогæ Тимур ами еунæг н'адтæй. Адтæй ма æндæр поэттæ дæр, уæлдайдæр ба 60 — аг æнзти, кæцитæ архайдтонцæ, уæдмæ ци социалистон нормитæ æма традицитæ ниффедар æй, уонæй сæхе ратонун, æма уомæ гæсгæ ба лæудтæнцæ модернизми æма авангардизми змæлдбæл хуста медуæрæсей æма фæсарæйнаг поэтти æмварс. Фал Тимури сфæлдистадæн аргъ ка кæнуй, етæ раст гъуди кæнунцæ, поэт постмодернизми равналæнтæй арæхстгинæй ке пайда кæ —



*1.2. 1996 г. г.*
*Владикавказ*



*Тимур æфсæддон*



*Тимур æригонæй*



*Тимур æ мадæ æма æ*
*хуæри хæццæ æригонæй*



*Тимури фиди мадæ*



*Тимури фиди фидæ Кирил*



*Æ мадæ*



*Æ фидæ Юрий Кирили фурт*

нуй, уой туххæн. Райдайгæ поэт, ке зæгъун æй гъæуй ахур кодта е 'мдогон поэтти сфæлдистадæбæл, фал махмæ куд кæсуй, уомæ гæсгæ сауæнгæ ма æ ахургæнгутæй дæр бе–рети бон нæ бацæй уотæ арæхстгинæй дæнцæгтæ хæссун уруссаг поэзий классиктæй, æ доги уавæр уотæ æнхæстæй равдесунмæ. Къибири–фурти æмдзæвгити ба син банкъа–рæн ес айдагъ сæ хузæмæ гæсгæ нæ, фал сæ тæфæмæ гæсгæ дæр.

Къибири–фурт æхе равдиста æррæстæ хумæтæги дзурди дæснийæй нæ, фал поэтикон фæрæзтæй æ бон æй дуйнемæ æ цæстингас равдесун, е 'мдзæвгити ес музыкæ, царди рох–сдзийнадæ, сæйрагдæр ба зæронд æнкъарæнти бæсти ци нæуæг уолæвд хæссуй цард дуйнемæ, уой лæдæрундзийна–дæ, лæмбунæг æвзаруй нæ цардиуаги философон æносон æма æнæрайхæлд фарстатæ. Дзæгъæли хумæтæги ин нæ ра–вардтонцæ преми "Антибукер–97" æ æмдзæвгити æмбур–дгонд "Парафразис"–бæл. Беретæн æнæлæдæрд æй, е 'мдзæвгити нæуæгдзийнади фарстатæ лух кæнгæй, рæсугъд æма аййевдзийнадæ куд багъæуай кодта, еци–еу рæстæг, е.

Пушкин, Лермонтови, Некрасови, Блоки æма иннети по–этикон рæнгъитæй гъазгæй Къибири–фурт æвдесуй æхе авторон æнкъарæнтæ царди рæсугъддзийнадæ æма аййе–вадæмæ, сувæллони уарзтмæ. Æнæмæнгæ Къибири–фурги поэзи æй Уæрæсей националон гъæздугдзийнæдтæ федар–дæр кæнунмæ арæзт. Еци куст райдæдтонцæ æ разми ку–рухон хестæртæ, фал 20–50–аг æнзти ба еци надбæл цæ–угутæ къулумпигонд æрцудæнцæ æма нур Тимур райста æ рагъмæ еци ихæс, цæмæй сæ фæстæмæ адæми рæнгъæ–мæ рахæсса.

Æ доги фæрæзнитæй арæхстгинæй пайдагæнгæй Тимур киунугæкæсæги хонуй националон идеалтæ æма национа–лон гъæздугдзийнæдтæмæ, архайуй, цæмæй берæнимæцон адæмихæттитæ фæстæмæ снæуæг кæнонцæ сæ еумæйаг райгурæн бæстæ, Уæрæсе, æма мах, Иристони адæм, сæ–рустур ан, Къибирти Тимур не 'мзæнхон, не 'мтог ке æй, уомæй. Е ба дзорæг æй уобæл æма Тимур хайгин ке æй ирон адæми хуæздæр æууæлтæ æма минеугутæй.

Минкъийнимæцон адæмихæттитæ хъæбæр арæх сæхе бакæнунмæ фæгъгъавунцæ, æрмæстдæр æ райгурцæй уони

адæмихаттæй ка фæууй, еци финсгути. Зæгъæн Къибири-фурти сфæлдистадæбæл финсгæй Царахати Р. æримиста Гурджибекти Ирини дзурдтæ: "Уруссаг æвзагбæл ка фин-суй, уони ирон литературæй еуварс кæнун æма сæ уруссаг литератортæбæл нимайун — неци хузи æй рæстаг гъуддаг".

Нæ бон нæй не сарази уæвун Царахати Р. Гæздæнти Гай-той туххæн ци гъуди загъта, уой хæццæ: "Ци 'й фæндуй хъæ-бæр нæ ку фæндауа мах — ирон адæми, уæддæр ин ирон финсæг схонæн неци хузи ес. Фал уæддæр е сфæлдистадæ ба æвдесæн æй æ наций духовон æма сфæлдистадон бæр-зонд æмвæзадæн". Еци дзурдтæ кæмидæрти комкоммæ ха-унцæ Къибири-фуртмæ дæр, уомæн æма литературæ, куд культури еу хай, уотæ гъæуама æхе еуварс ма кæна, сфæл-дистадон косæг ци адæми 'хсæнæй рацудæй, уой цардиуа-гон минеугутæй.

Къибирти Юрий фурт Тимур райгурдæй 1955 анзи 15 феврали Украини Шепетовки афицери бийнонти 'хсæн. Æ бийнонтæ æнцæ Мæздæги райони Мусгъæуæй рацæугæ, Терски хъазайхаг æфсади хъазахаг лæги хæдзарæй.

Æ фидæ Юрий Кирилли фурт, æ муггаг Дзопойтæй, от-ставки болкъон, 18 анздзудæй барвæндонæй рандæй Фи-дибæсти Устур тугъдмæ æма фæттухтæй цалдæр анзи. Уæла-хези бон æй æрæййафта Вени горæти бунмæ. "Æ царди цæрæнбонти бæлдтæй историк суæвунмæ, фæндæ 'й адтæй æ адæми истори ниффинсун. Фал æ бийнонтæ материалон æгъдауæй уæззау уавæри ка адтæнцæ, уомæ гæсгæ ба ахур кæнунмæ бацудæй артиллеристти училищемæ æма ма тугъди фæсте дæр дзæвгарæ рæстæг адтæй батарейи командир. — Æфсад цубуртæгонд ку цудæй, уæд Юрий дæр рафæлвар-дта æфсадæй æхе суæгъдæ кæнун, фал æй нæ рауагътонцæ, уомæн æма æцæгæйдæр адтæй хуарз службæгæнæг æма бæрнон цæстæнгасæй кæсæг афицер. Ракодтонцæ 'й поли-тикон кустмæ, уæлдæр ахургонддзийнадæ имæ ке адтæй, уомæ гæсгæ. Юрий каст фæцæй Нальчики университети ис-торион факультет. Æ цардæмбал ба куста биологий æма химий ахургæнæгæй," — зæгъуй Тимур æ ниййергути туххæн.

1951 анзи Юрий Кирилли фурт æхецæн цардæмбалæн æрхудта Дигорайаг Залети Джемми æма син сæнтæстæй æртæ сувæллони: Вероникæ, Сашæ æма Тимур (Къибир-

тæбæл финсуй фæсномугæй æ фиди мади мади мугагмæ гæсгæ).

Юрий, куд афицери, уотæ арæх æйййивтонцæ еу рауæ – нæй иннæ рауæнмæ. Уомæ гæсгæ æ сабийдоги фулдæр рæ – стæг æрвиста æфсæддон хæйтти цори горæтти æма лагерти: Шепетовки, Тучини (Ровенски облæсть), Ковель, Сарны, Пермь, Тикси (Якути), Солнечногорск, уæдта æ фиди фидæ æма мадæмæ Нальчики, Дигорай. Асгæуккаг скъола Тимур каст фæцæй Мæскуй бунмæ Солнечногорски горæти. Ти – мур куд зæгъуй æ имисуйнæгти, уомæ гæсгæ æфсæддон гар – низонти библиотекитæ адтæнцæ æ царди фæххуæцæн æма 10 анздзудæй фæстæмæ Тимур алли библиотеки дæр адтæй абонент. Мæ фидæ ци гарнизонти службæ кодта, етæ хъæр – дтæнцæ Украинæй сауæнгæ Якутимæ æма уомæ гæсгæ ба 14 анземæ æз æрхатдæн æгас ССР Цæдесбæл дæр. Цубур – дзурдæй мæ еугур цард дæр раевгъудæй æфсæддон посе – локти.

Юрий Кирилли фурт æппунæдзох дæр адтæй æнæев – дæлон æ кустмæ гæсгæ, фал сæ мадæ ба еудадзугдæр адтæй сувæлленгти хæццæ. Æма кæд сувæллонгин мадæ адтæй, уæддæр æ къохи бафтудæй медтехникум каст фæуун, фæ – стæдæр ба фæсаууонмæ химион – биологон факультет. Ти – мур æма æ мади 'хсæн уæлдай хæстæгдæр рахастдзийнæд – тæ сæвзурдæй æма ма еци гъардзийнадæ абони дæр æхе – бæл æнкъаруй Тимур, кæд æ кари бацудæй, уæддæр. Сæ – рустур æй æ фуртæй мадæ. Юрий Кирилли фурти хъæбæр фæндæ адтæй, цæмæй æ фурт дæр æхе хузæн афицер ссайдæ – политкустгæнæг. Æ мадæ Джемми ба фæндадтæй, цæмæй æ уарзон бæдолæ инженер ссайдæ. Фал Тимур ахур кæ – нунмæ бацудæй Мæскуй Н.К.Крупскаяй номбæл пединсти – тути филологон факультетмæ. Дууæ анзи си сахур кодта, уæдта æ ахур ниууагъта. Фæстæдæр Тимур загъта: "Ме 'взонги æнзти æз табу кодтон А.Блокæн. Æ романтикон иде – алтæ мин лæвардтонцæ цидæр уæлтæмæнадæ.

Мæ амондæн мæ афонадæбæл ратардтонцæ институтæй æма мæ æфсадмæ ракодтонцæ. Ами фембалдтæн æма бан – къардтон æцæг цард. Мæ идеал уæдæй фæстæмæ ссæй "зоо – логон антикоммунизм".

Тимур службæ кодта уæлдæфгъæуайгæнæг æфсæдти

Астæуккаг Азии æфсæддон округи Балхаши горæти. 1975–77 æнзти Тимур адтæй рæнгъон службæгæнæг, сержант, æфсæддон бастдзийнадæ аразæг. Æфсади фæсте каст фæцæй институт. Куста Мæскуй ССР Цæдеси культури Министради аййевади наукон–ертасæн институти кæстæр наукон косæгæй. Лекцитæ кастæй гимнази æма лицейи нуриккон æма уруссаг поэзий историбæл.

Тимур æмдзæвгитæ финсун райдæдта 13 анздзудæй. Е сфæлдистадæбæл хъæбæр фæззиндтæй Пушкини, Лермонтови, Блоки, Мандельштами, Бродскийи æма иннети тæвагæ. "Литературæмæ раги райдæдтон ме 'рух здахун, фал е сæйрагдæр адтæй прозæ. Неци уæлдай цæстингасæй кастæн поэзимæ, неци уæлдай мæ æлваста æхемæ, фал еу хатт ба 6–7 къласи ахур кæнгæй мæ нанай скъаппи ссердтон А.Блоки равзаргæ уадзимисти æмбурдгонд. Кустаг мин неци адтæй æма 'й тъæфагæй фæлдахун райдæдтон. Æма цума бунтон æндæр уæлтæмæнади дуйнемæ бахаудтæн, мæхе уотæ банкъардтон. Блоки фæсте ме 'стъолбæл фæззиндтæнцæ Баратынский, Тютчев. Мæ гъудитæ ке хæццæ бадууех кодтайнæ, æфсæддон носелоки 'уæхæн неке адтæй æма уæд æрцудтæн, поэзи интимон ке æй еугурæйдæр, уæхæн гъудимæ. Цума расуг адтæн, уотæ мæмæ кастæй. Дзæвгарæ рæстæг нæ хецæн кодтон Блокæй, æ финститæ ин æмдзæвгитæй найзуст зудтон. Уой фæнзгæй мæхуæдæг дæр сабургай финсун райдæдтон. Ке зæгъун æй гъæуй, уæхæн декадентон æмдзæвгити буни мæ ном æма мæ муггаг финсун мæ бон н'адтæй æма мæхецæн æргъуди кодтон фæсномуг – Эдуард Бездымный. Уæдæй ардæмæ ме 'цæг сфæлдистадæ хæссун 25–30 анздзудмæ, уæдæр, зæгъуй Тимур.

Ахсгиаг гъуддагбæл нимайуй æ литературон царди Мæскуйаг концептуалистти поэзий хæццæ ке базонгæ æй, уой. Уордæмæ хаудтæнцæ В.Некрасов, Д.Пригов æма Л.Рубинштейн. "Дзæвгарæ рæстæг мæн ном неке зудта, концептуалисттæ ба адтæнцæ, фиццагдæр мæ литературæ ке хæццæ сбаста, етæ. 1984 анзи уæнгæ мæмæ æрæмбурд æй дзæвгарæ литературæ, фал сæ ами нæхемæ ниммухур кæнуни фадуат ба н'адтæй. Адтæй еунæг фæггæнæн: кенæ сæ дæхе хардзæй рауадзæ, кенæ ба фæсарæни, зæгъæн "Адрис"–и. Фал уомæн ба гъудæй литературон бастдзийнæдтæ. Мæ

фæллæнтти хæццæ ка базонгæ 'й, уæхæн еу адæймаг мин батаус кодта поэттæ — концептуалистти туххæн. Æз си ра-курдтон, цæмæй ма сæ хæццæ базонгæ кæна æма уоте-мæйти мæ финститæ бахаудтæнцæ Л.Рубинштейнмæ.

Дзæвгарæ рæстæг си дзуапп нæ райстон, уæдта нæбал фæгæдзæ кодтон æма имæ мæхуæдæг телефонæй бадзур-дтон. Еци рæстæг имæ иуазæгуати адтæй А.Пригов. Е сæ райста Левæй æхемæ æма сæ бакастæй. "Бадзубанди кодтон фембæлуни туххæн. Концептуалистæ мæ зæрдæмæ хъæ-бæр фæццудæнцæ. А.Пригов мин загъта: "Ма тагъд кæнæ, алцидæр æ афони æхе бунати сбатдзæнæй, алкæмæн дæр æхе фæндаг ес, æма уонæбæл дзорун дæр аййев нæй". Уæд мæ къохи нæ бафтудæй мæ финститæ æндæмæ рарветун, фал мин уæддæр хъæбæр устур æхцæуæндзийнадæ ба ра-вардта, уæхæн хуæрззæрдæ адæми хæццæ ке базонгæ дæн, е.

Фал уæддæр концептуалистбæл ба Къибири-фурт æхе нæ нимайуй, е æй традицион поэт.

1988 анзи уæнгæ Къибири-фурт мухур кодта æрмæст-дæр æхе хардзæй е 'мдзæвгитæ, къохфинститæй хæлеугонд цудæнцæ адæми 'хсæн, уæдта ма 'й мухур кодтонцæ фæса-рæйнаг журналти "Континент", "Синтаксис", (Париж), "Время и мы", (Нью-Йорк).

1988-89 æнзти Тимури æмдзæвгитæ мухургонд цудæн-цæ журналтæ "Юность", "Театр", "Огонек", "Новый мир", "Знамя", æма æндæр рауагъдæдти. Е 'мдзæвгитæ тæлмаци-гонд æрцудæнцæ англисаг, немуцаг, французаг, шведаг, дзи-уиттаг, финаг æма польшаг æвзæгтæмæ.

Киунугæкæсгути зæрдитæмæ арф багъардтонцæ Тимури поэмитæ: "Лесная школа" (1986 анз), "Жизнь К.У.Чернен-ко"(1986 анз) "Послание к Л.Рубинштейну (1987 анз), "20 сонетов к Саше Зопоевой" (1995 анз), "История села Пер-хурова (1996 анз) æма иннетæ.

1997 анзи мухури рацудæй æ киунугæ "Парафразис", 1998 анзи ба дууæ æмбурдгонди "Избранные послания, æма "Ин-тимная лирика".

Берæ хæттити Къибири-фурт мухургонд цудæй Ирис-тони "Литературная Осетия", "Дарьял", "Владикавказ"-и. Газет "Северная Осетия" финста 1992 анзи: "Раздæр не 'хсæ-

надæ не 'нкъардта, уæхæн поэзи балæдæрунмæ цæттæ н' адтæй. Е ахур адтæй хуæрзхумæтæг поэзий хузтæбæл. Уомæ гæсгæ ба 'й нæ лæдæрдтæй. Утемæй ба нæуæг поэзи хъæ – бæр ахсгиаг гъудæй. Кæд цийфæндуй вазуггин æй, уæддæр кæсæги æхемæ æлвасуй цубур æма арф гъудидзийнадæй, æй игон, дзоруй нæ царди аллихузон фæззиндтитæбæл. Махмæ гæсгæ Къибири фурт хайгин æй нæуæг поэзий еугур æууæлтæй дæр æма уомæ гæсгæ ба кæсæги æлвасуй æхе – мæ. Еунæг хузи бацудæй нæййес аргъ скæнæн Къибири – фурти сфæлдистадæн. Еуетæ си сæрустур æнцæ, иннетæ ба 'й бунтондæр нæ лæдæрунцæ.

Æ еу дзубандий Къибири – фурт уæхæн гъуди загъта: "Нæ бæсти социокультурон уавæр куд тагъд æййевгæ цæуй, уотæ фулдæр æма ахсгиагдæр фарстатæ æвæрд цæуй финсгути размæ. Мæнмæ дессаги хузæн фæккæсуй мæ финститæ мухургондæй уинун. Мæ зæрдæ дарун æрмæстдæр мæ кæс – гутæбæл. "Еци кæсгутæ ба берæ ке æнцæ, уомæн æвдесæн æнцæ æ берæнимæцон призтæ æма премитæ. 1993 анзи Тимур хуарзæнхæгонд æрцудæй ФРГ Пушкини номбæл пре – мийæй. Еци анз ма ин лæвæрд æрцудæй журнал "Дружба народов" – и преми дæр. 1993 анзи журнал "Огонек" ци кон – курс саразта, уоми Тимур байахæста фиццаг бунат поэзий къабази. 1997 анзи ин лæвæрд æрцудæй "Антибукери" преми. 1998 анзи ба ин лæвæрд æрцудæй журнал "Орион" – и пре – ми.

Нуртæккæ Тимур цæруй Мæскуй, косуй литературон рауагъдадæ "Цикади". Алли анз дæр бабæрæг кæнуй æ нийиергути. Федар бастдзийнæдтæ ин ес Иристони финс – гути Цæдеси хæццæ, телеуинунади хæццæ, тæлмац кæнуй уруссаг æвзагмæ Иристони финсгути.

Æ царди æмбал Е.И.Борисова. 1991 анзи син сæнтæстæй кизгæ Сашенькæ.

Мадта уæддæр Къибири – фурт ка æй? Концептуалист? Постмодернист? Авангардист? Конформист? Иронист? Рай – арæзти размæ Тимури ном зундгонд адтæй æрмæстдæр еугай адæймæгтæн. Нуртæкки уавæр æндæр хузи æй. Тимури му – хур кæнунцæ, е 'мдзæвгитæбæл ин буцæутæ кæнунцæ. Къи – бири – фурти æмдзæвгитæ дзурдгъазæн нæ 'нцæ, фал æнцæ дзурдбæститæ. Æ къохи æфтуйуй царди æцæгдзийнадæ рав –

десун æ хуарздзийнæдтæ æма фесинмæдзийнæдти хæццæ. Къибири – фурги сфæлдистадæ мæмæ кæсуй æнæрайхæлд къубулойни хузæн.

— Къибири – фурт литератури нæуæг фæззинд ке æй, е дузæрдуггаг нæй, зæгъуй Д.Пригов.

Цийфæндуй цæстæнгасæй имæ ку кæсай, уæддæр ин æ номæн нихханхæ гæнæн нæбал ес.

Раздæрдæр нин æнæзунд н'адтæнцæ советон зартæ, ма сæбæл гиризæмхасæн дзурдтæ дæр уомæн æфтудтан. Фал Тимури къохи ба бафтудæй еци гиризæмхасæн гъудитæ бæрзонд культурæмæ сесун. Уой медæги æй æ сæйраг скъу – æлхтдзийнадæ.

Къибири – фурт традицион поэт æй æви нæ, уобæл дзу – апп зин радтæн æй. Ес ин еу хузи зæгъæн дæр, иннецир – дæмæ дæр. Тимур финсуй цитатитæй, цума æндæр еске æвзагæй дзоруй, уотæ, фал еци – еу рæстæг финсуй æхе æвзагæй, æргом æма комкоммæ. "Е алкæддæр зонуй æхе ном, æ уоси ном, æ кизги ном, æ куйи ном ци хуннуй, кæми цæруй, æ сæрдæ ци гъæуи ферветуй, еугур уони", — зæгъуй Л.Рубинштейн. Æ лирикон бæгъатæр хæстæг лæууй Тиму – рæн æхемæ.

Куд фæззинд, уотæ Тимур æхуæдæг сбæлвурд кодта æхе сæрмагонд бунат поэзий, кæд нуриккон поэзий хе бунат æрахæссун хъæбæр зин æй, уæддæр.

Къибири – фурти сфæлдистадæ концептуализм, авангар – дизм, кенæ æндæр уæхæн уедагæбæл банимайун зин æй, уомæн æма ин нæййес бæрæг — бæлвурд къæлæтти æрæ – вæрæн.

Цума куд лæдæруй Къибири – фурт постмодернизм ба? Æцæгæйдæр постмодернизм æй æнæлæдæрдгомау æма си кадæриддæр пайда кæнуй, уонæй æй алке дæр æхехузæн лæдæруй, æхе сæрмагонд нæуæгдзийнæдгæ имæ хæссуй. Постмодернизмæн ес цалдæ хузи нисанеуæги, фал кæрæд – зей хæццæ ба бустæги æмбаст нæ 'нцæ. Постмодернизмæн ес лæдæрæн, куд нуриккон культури уавæр, уотæ. Æма кæд æцæгæйдæр е уотæй, уæд постмодернисттæ схонæн ес нæ нуриккон автортæн сæ еугурей дæр.

"Къибири – фург нин советон догæ æвдесуй фæлдæхт мудибиндзити бæтманæй, кæцимæй ратæхунцæ биндзити

кузæн хецæн нæмттæ, газетти скъуддзæгтæ, аллихузон тæфæ, кæферонхан, еци заргæй хецæн рæнгъитæ, абревиатуритæ, космосон науитæ, Микояни кулинарон киунугæй скъуддзæг — тæ æма еци еугур хæлхъой æма амæнтъерийæй нæ цæстити рази систуй географион хузæвдистау нæ бæсти истори". (А.Алешковский). Гъæздуг дæнцæгтæ æма уоди æнкъарæнтæ ин æнхус кæнунцæ æнæгъæнæ фæлгонц сразунæн. Уомæн хуарз æвдесæн æй æ поэмæ "Сквозь процальные слезы". Ами æвдист цæунцæ зæрди æнкъарæнтæ, æ уод ин ци тæлæт кæнуй, уæдта æ еци зæрди рист цæй туххæн æй, уой фæдбæл æрмæг. Етæ сæ еугур автораæн фадуат дæттунцæ æ фæлабулай ци царди уавæртæ æвдист цæуй, уони фæрци ка ни раидард æй, кенæ евгъудмæ ка фæццæуй, еци историон цаутæмæ нуриккон цæстæнгасæй æркæсунæн.

Еци — еу рæстæг, Къибири — фурт æррæстæ æвдист нæ кæнуй историон æма нуриккон царди æцæгдзийнадæ, фал æй æвдесуй æхердигонау, кæсуй имæ æхе цæстингасæй хат — гай билæскъелау, хатгай ба бустæги критикон æнгасæй. Аци рауæн бæрæг бæлвурдæй зиннуй поэмæбæл П.Лаврови, Б.Пастернаки, М.Исаковскийи, Е.Евтушенко æма А.Ахма — товай тæвагæ ке фæззиндтæй, е. Уомæн æвдесæн æнцæ, поэт поэми сæргæндтæн еци автортæй ци цитатитæ æрхаста, етæ. Фал поэт гъуди кодта уруссаг поэзий æртигкаг фæндагбæл дæр, ома, дирзæг авангардизм æма ка сфедар æй, еци кур — мæ принципти 'хсæн æртиггаг надбæл.

Æ еу мухургонд æмдзæвгити раздзурди Тимур æхуæдæг уотæ финста: "Æз некæд байархайдтон ме сфæлдистадон "æз" сбæлвурд кæнунбæл. Мæнмæ гæсгæ е æнæпродуктивон æма æгъиццаг куст æй. Цийфæнди поэтикон манифеститæ дæр (хуарз финст ку уонцæ, уæддæр) сæ автори аггаг некæд фæуунцæ. Æгæр къундæг син æнцæ æма не 'ххæссунцæ скурдиадгун финсæги сфæлдистадæ сæ хурфи дарунбæл, кенæ ба æнцæ графомани бæрæггæнæн. Фал мæ уæддæр нуриккон поэзий туххæн хецæн гъудитæ зæгъун ба фæн — дуй. Ес ма æртиггаг фæндаг, (ке зæгъун æй гъæуй, тæккæ зиндæр), æхгæд берæнисанеуæгон, Пушкини хумæтæгдзий — надæ. Мæ поэтикон практики æз архайун еци идеалмæ мæхе хæстæгдæр кæнунбæл. Къибири — фурти нуриккон поэзий скурдиадгундæр авторбæл нимайгæй 1994 анзи финстонцæ

поэти туххæн, ома, дан, литератури æ фæззинд æй, куд со–циалон поэт, уотæ, фæстæдæр ба æй банимадтонцæ кон–цептуалистбæл. Е ба бацæй евдалдæй æма финсун райдæдта уарзондзийнадæбæл. Дзæвгарæ рæстæг æй нимадтонцæ, "мæскуйаг романтикон концептуализми поэтбæл".

Æхуæдæг куд гъуди кодта, уотемæй концептуализм ни–мадта дирзæгдзийнадæбæл. "Æз алкæддæр дзурдтон, неци–уавæр концептуалист дæн, зæгъгæ. Мæнæн пайда адтæй, еци рæстæг, уонæбæл мæ ке нимадтонцæ, уомæн æма, ка 'й зо–нуй, æнæ уонæй мæ гъуди дæр не 'ркодтайонцæ. Фал, ку зæгъун, æз алкæддæр æргом дзурдтон мæ гъуди, концепту–ализммæ ке неци барæ дарун, уой туххæн".

Тимури дзурд, æ гъуди комкоммæ баст æй нæ доги хæццæ.

Уомæн æвдесæн æнцæ, сонети хузæмæ ке рахизтæй, еци рæнгъитæ дæр. Зæгъæн "Двадцать сонетов к Саше Запое–вой". Ами дæр бæрæг æй, Къибири–фурт сфæлдистадон фæндаг ке агоруй, е. "Уæхæн цикл дæмæ кæцæй фæззин–дтæй", – зæгъгæ, еци фарстайæн поэт дзуапп лæвардта. Фиццагидæр мин кизгæ ке фæззиндтæй, иннемæй ба мæ фæндæ адтæй фиди æнкъарæнтæ равдесун". Фæззиндтæй мæмæ, ци мæ æфтауй мæти, уони равдесун. Никки ба ма цæмæдессагбæл нимадтон мæхецæн нуриккон поэзий уавæрти есте рагон, синтеминталон, фал еци–еу рæстæг ести нæуæгдзийнадæ кæсгути размæ рахæссун".

Куд зонæн, уотемæй сонет æвæгиауи хуарз поэзий хузæ æй, кæцими æдеугурæй 14 рæнгъи угæй равдесун æмбæ–луй арф æма еци–еу рæстæг æлвæст гъуди. Кæсæг æй æн–цонæй кæсгæ дæр кæнуй, зæрдæбæл дæр æй бадаруй. Еци гъуддаги дуйнеон поэзи гъæздуг æй стур курухон фингсути сфæлдистадæй. Æ сæйраг минеугутæй еу æй, традицитæ си фæлхатгонд ке нæ цæунцæ, е. Уомæ гæсгæ ба нæуæгдзий–надæ н'адтæй, Къибири–фурт сонетмæ е 'ргом ке раздахта, е, фал минкъий сабиймæ здæхт ке æнцæ æ гъудитæ сонети хузи, е ба æцæг нæуæгдзийнадæ адтæй.

Фал, еумæ райсгæй сонети минеугутæ æнхæст кæнгæй поэт хатгай рахезуй сонети уагæвæрд, фенхæнстдæр кæ–нунмæ, бахæссуй имæ диалогтæ, синтаксисон рахæститæ, хумæтæги рифмитæ, интонацитæ, мозаикон реминенсцен–цитæ.

Нуртæкки мах нæ рази не 'вæрæн еци циклæн литера-турон анализ скæнуни ихæс...

Къибири-фурт саразта дуйнелæдæрундзийнадæн æхе поэтикон модель — рæстæг, догæ равдесун. Нæ фæлабулай дуйне æма адæймаги æмбастдзийнадæ, дуйней цæстингас адæймагмæ, еци дуйне ци уавæри æй, е, уæдта си автор æху-æдæг ци бунат ахæссуй, е. Еци хузи æвдист цæуй автори цæстингас.

Фæстаг рæстæг ирæзгæ цæуй литературон æрмæг Къи-бири-фурти сфæлдистадæбæл. Æ ном арæхæй-арæхдæр фæззиннуй критикон рафæлгæстиги, авангардистон æма постмодернистон поэзибæл ци æрмæгутæ фæззиннуй, уонæми, кенæ, нæуæг поэтикон уолæнти ци къуæрдтæ фæз-зиннуй, уони сфæлдистадæ ку февзарунцæ, уæд уонæмити дæр. Фæззиндтæй сæрмагонд æрмæгутæ, Къибири-фур-тæн æхе сфæлдистадæбæл дæр.

Еци æнтæсти нисанеуæг, æвæеццæгæн, уой медæги æй æма поэт æвдесуй нуриккон литератури ахсгиагдæр æма вазуггиндæр тенденцитæ. Æ уадзимистæ хецæн кæнунцæ фиццагидæр сæ циргъдзийнадæй, уæдта нуриккон царда-рæзтмæ æхе цæстæнгасæй ке кæсуй, уомæй.

Гъулæггагæн, Тимури фæсте ка цæуй, уæхæнттæ хъæ-бæр стæн æнцæ. Æма мæнæ æ гъудитæ бустæги уотæ дессаг ке æнцæ, кенæ æ поэзи вазуггин ке æй, уомæ гæсгæ нæ, постмодернизми фæззелæнтæ банкъарун уотæ зин нæй. Фал адæймаги уодихатт равдесун ба? Зиндæр гъуддаг æй е. Æ уод цийнæ кæнуй цардбæл æма æ еци æхцæуæндзийнадæ нæ римæхсуй, уомæ гæсгæ ба е сфæлдистадæ дæр арæзт æй иннæ адæмти зæрдитæ дæр ирæзун æма тæнæгдæр кæ-нунмæ.

Къибири-фурти музи ес æ рæуæгдзийнади, æнкъарун-дзийнади æма билæскъелæдзийнади хæццæ трагизм дæр, граждайнаг маст дæр. Царди нихмæвæрддзийнæдтæ ба лух-гонд цæунцæ сугъдæг æма сабур æхцæуæндзийнæдти фæрци.

Ций фæндуй хузи æй ку хононцæ критиктæ, уæддæр поэтæн æхе гъудимæ æнæбайгъосæн дæр нæййес: "Æз мæхе нимайун традицион поэтбæл. Уомæн æма мæ финститæй домун, æрмæстдæр мæхуæдæг ци банкъардтон классикон æмдзæвгитæ кæсунæй 14-15 анзи мæбæл ку цудæй, уой.

Иннæ нисан ба æй нигги рагондæр, фæндуй мæ хумæтæг зæрдæй, мæ фæлабулай ци цаутæ цæуй, ци уинун, уони æцæг хузи финсун. Уомæ гæсгæ ба кæд стихамади техникæмæ гæсгæ концептуалистти хæццæ æмхузон разиннун, уæддæр мæхе нимайун традицион. Мæхе æвввахс æнкъарун дууæ поэтей хæццæ — С.Гандлевский æма Л.Рубенштейн. Нæ — уæгдзийнадæ æма авангардизм. Фал мæмæ уæддæр кæми — дæр ба æмхузон кæсунцæ, цæмæй, уой зæгъун ба мæ бон нæй, æвæццæгæн, æвзагмæ уарзондзийнадæ æма царди ра — хастмæ цæстингасæй.

Къибири — фурт æхе некæци къуармæ хæссуй, нæдæр концептуализммæ, нæдæр уруссаг æндеграундмæ. Е сфæл — дистади устур цæмæдессаг хузи баеу æнцæ, раст мæнæ ну — риккон балети куд фæууй, уотæ стэн, джаз, модерн æма классикон хореографи.

"Нуриккон æвзаги культурон уавæрти ме 'хæсбæл ни — майун се 'хсæни ун, уæдта уруссаг поэзий традицитæ идар — ддæр хæссун. Фал еци гъуддаг аразун гъæуй нуриккон æр — мæги бундорбæл æма нуриккон фæрæзтæй, кенæ ба æидар — ддæр хæссундзийнадæ ма уæд цæй медæги уодзæнæй. Æз мæхецæн мæ размæ раги æрæвардтон нисан. Финсæг гъæ — уама æ гъудитæ æвдеса хуæрзхузи хумæтæг æвзагæй. Цæй — бæрцæбæл æнцондæрлæдæрæн æвзагæй æ бон уа дзорун, уой бæрцæбæл хумæтæгдæр хузи гъæуама хæсса æ финст кæсæги размæ. Æрмæстдæр æфсади балæдæрдтæн, æгæрон уарзтæй ци æвзаг уарзун æма нæмæ æвзестæ догæй ка æр — хæццæй, е нæ нуриккон царди уаги зменсау ке æзгъæлуй, уой.

Мæн æвзаг гъæуй æрмæстдæр цæмæй финсон æма æв — десон нæ аллибони æцæгдзийнадæ, æз тундзун, цæмæй кæс — гутæн лæдæрд уон, æма мæ фæндуй, ци фæууидтон, е еугур исæвд мæ фæккæна. Сауæнгæ ма мæ æппундæр ци неци — хузон æнкъарæнтæбæл къазарма æфтудта, уой дæр ма мæ фæндадтæй поэзий равдесун æма багъæуай кæнун. Уомæн æма е нæ царди еу хай æй.

Къибири — фурт лæдæруй, советон доги цард ке идард — дæр кæнуй, кæци ин адтæй æнæуинон, фал æ æвзонгдзий — надæ æма æ ниййергути цард ци доги цудæй. Уомæ гæсгæ ба имæ советон æййевадæмæ ес дууæ хузи цæстингас. Еуæр —

диги ибæл зиннуй советон кинонивтæ æма зæргути тæваги, иннердигæй ба ин æнæуинон æй соцреализм.

Къибири – фурт куд поэт, куд адæймаг, кæци е сфæлди – стадæй лæдæрун кæнуй, политикæмæ ке неци даруй, уой, æцæгдзийнадæй ба æ еугур сфæлдистадæй дæр æнхус кæ – нуй, Уæрæсе ци надбæл æрлæудтæй, уой æцæгдзийнадæ цæмæй эстетикон æгъдауæй лæдæрдгонд цæуа, уомæн. Аци æрмæги мæ фæндадтæй мæ гъудитæ зæгъун, нур æнæгъ – æнæ инсæй анзи æ ном кæмæн игъусуй, кæсгути зæрдитæ æнцойнæ ка нæ уадзуй, уæдта ма сауæнгæ кригикти дæр еци автори туххæн.

Къибири – фурти сфæлдистадæн еугурвæрсуг анализ скæнуни ихæс дæр мæ рази не 'вардтон, фæндæ мæ адтæй æрмæстдæр, цæмæй ин æ берæвæрсуг сфæлдистадæ идар – ддæр ка ахур кæна, уонæн сæ ертасæн кустити фенхус кæ – нун.

***Уруссаг æвзагæй æй ратæлмац кодта***
***КОЛИТИ Витали***

## БАЛЛАДÆ УОРС ДОНИ КИЗГÆБÆЛ

Армидзаутæ цудæнцæ 'ндæр бæсти тугъдæй,
Фæххуæрд æнцæ æма æмбурдæй
Ниуазтонцæ къупей арахъ сæ мæстæй.
Фал ефрейтори ба фæлмæн сæнæ гъудæй.

Уæздан адтæй ефрейтор, сабур æнахур,
Уомæ гæсгæ "й худтонцæ "уосгор".
Æ райгурæн гъæуи "й уарзон кизгæ хизта,
Æнгъæл имæ кастæй æнæхъæр.

Ниуæзтгунæй уæдмæ рахастонцæ фæндæ:
Æмбурдæй радзæхст кæнæн, гъæйдæ,
Волги донбæл æма фæууолæфæн дзæбæх.
Ах, ефрейтор, уонæй ду нæ дæ.

Ма сæ бафæнзæ, ма, фæсси цох уо, гъузæ.
Дæхецæн хуæздæр фæндæ есæ.
Фæййервазтæ минæй, фæййервазтæ фатæй.
Ниссæ уадзæ, поездæй хезæ.

Æнгъæл гæсгæй дæумæ, искатай æй, иссонт
Синхаг кизгæ Оля, дæ уарзон.
Дæубæл тухсгæй, мæгур, æй дæ мадæ æнкъард.
Дæ уиндмæ дин бæллунцæ, исцо.

Гъæла ходæ æма фудуаг зартæ гæнгæй,
Арудтонцæ уæларв гъæр–нæгæй.
Раевгъудæй ефрейтор æ фиди къæсбæл.
Ниуазтонцæ бабæй нæуæгæй.

Азæлуй Волги донбæл уæззау æнсар гъæр.
И бидæй дæр æрбайгъусуй зар.
Ами сæмæ сдзорун дæр не 'ндеуй неке.
Ниуазунцæ æд сæумæ, изæр.

Ах, ефрейтор, ефрейтор, хуæздæр ма фæууай,
Дæхе дæр нæбал æхснис, уæууæй.
Куд умдтай расугæй, уой уидтонцæ адæм,
Нæ бакодтай дæ кадæ гъæуай...

Цалдæр боней фæсте æрæскъидтæй, хуцау.
Нæ лæдæрдтæй æхе, сæр – уæззау.
Уæддæр ма рацудæй палубæмæ, гъе фал
Æ развæндаг мегъæ – сатæг сау.

Уæдмæ ба æ уарзони æ размæ суидта,
Фæссах æй, не 'рлæдæргæй гъуддаг.
Уæхæн нивæ уингæй, баидзулдæй фиццаг,
Гъе уæдта исдзурдта и мæгур, федиссаг:
"О Хуцау ци уинун, а ци уа, ци дессаг!"

Фæссайд æй: æ цæстæбæл цидæртæ гъазта,
Ма 'й æ къах гъе уордæмæ хаста.
Цæветтон æ разæй æстæфтæй цидæр рохс.
Науи фæстаг хаймæ нирраст æй.

Уоми ба и донæй, сабур цæуæг донæй,
Сугъзæрийнæ кизгæ игонæй
Рацæуй уорс бæхбæл сабургай, фунгæсгæй.
О, ефрейтор, бастъалдтæ, зонæ 'й.

Уæ, ефрейтор, фесафтдæ, рахгæд æй дæ над.
Эх, дæ зæрди фæлтау ку ниссагъдайдæ кард,
Кенæ ба изди фат, дæ фæндагбæл минæ...
Уæ, ефрейтор, фæцæй – фæ дæ цард.

Цæстæбæл ци рагъазта – нецибал ес уонæй.
Æрмæст ма æ расукъа æмбæлтти уинуй.
Уой хонунцæ фæстæмæ: рацо, никъкъирхæн.
Фал "уосгор" уотемæй ци гъон æй?

Фæлорс æй. Кумæдæр æ цæстингас æздæхт
Фæккулдæр æй æ дзурди æздæх.
Дони кизги ссерунбæл дзурд æхемæ райста.
Ку нæ уидта е 'мбæлтти дзæбæх.

Уæд фиццаг наулæууæни "уосгор" æрхизтæй
Фур мæтъæлæй. Æ сæр куд ристæй!
Агурдта е и Кизги — рæсугъд, æнæ 'гънæг,
Мудхуз дзикко æма цъеубæгънæг.
Агоргæй дони Кизги тухстæй.

Æрæгиау, неци 'ссергæй, байхуæрста бæлæгъ.
Æгас бон ци фæззилдæй, æллæх.
Кæмидæр æй еу хатт ба, цума, рауидта,
Хæстæг имæ не 'рцудæй дзæбæх.

Нæуæгæй нур еу гæбæр горæти 'рхизтæй, —
Æнаккæгтæ дзурдта, æлгъиста.
Райста бабæй науæмæ билет, фал æй е
Нæ бахизта. Рандæ 'й, ниххуаста.

Ами чайханати хуардта, ниуазта.
Кæми уидæ, уоми адæм æзманста.
Фæххилæ æй еу рауæн, ахæсти сбадтæй,
Уоми дæр Кизги ба имиста.

Имиста æй алкæддæр рæсугъд, дзæбæхæй.
Агурдта æй, кудтæй ах—ахæй.
Æ фудуаг æмбæлттæ 'йбæл худтæнцæ: уæ—ууæй,
Минкъий ес а зæнхæбæл гаддзатæ, зæгъай.
Æ кой дæр мабал кæнæ, оххай.

Берæгъау нинниудта, кæсалгау ниуuаста.
Æ мæгур сæр фæрстæбæл хуаста.
Гъе уой лазæй уæдта æ зундæй фæццудæй;
Æррадонæмæ 'й над бахаста.

Ами ба сæ уагæвæрд карз æма барст æй:
Хуарз имæ фæккастæнцæ хуастæй.
Уотемæй æруодæнстæй е 'рра миутæй нур,
Сæнтсурх арви тармæ исраст æй.

Аци æндæр дуйнейи дессæгтæ уидта;
Бæзгин мегъæ æма исæфт тар.

Æма си сакъадах ба тæмæн искалдта,
Сурх тæмæн и фæсденгиз, идард.

Гъе еци сакъадахмæ накæ гæнгæ цудæй,
Гъæла кæсæ гæнгæй, кун зундæй.
Æ рохс уарзтбæл нуртæккæ фур цийнæй мардæй,
Ис нивгун æй æма ма 'й ци гъудæй.

Карзæй – карздæр кодта мæнгæ рохс – уарзтхæссæг
Æма нур æстæфтæй хуæрз хæстæг;
Уарзон кизги 'зменсæбæл уæлгоммæ хусгæй,
Тæмæнкалгæ цæсгон, тæмæссаг.

Е дæр имæ уæдта идзулдхузæй дзурдта,
Æ фæсте æй сайдта 'ма худта
Æбæрæг бæстæмæ æвæдбæл, æ фæдбæл.
Некæдбал мæ уарзон, æппундæр некæдбал...
Сæфтæги бунæй дон æртгивта.

Гъа, рабадæ, гъæла, дæ бæхбæл, гъа, мæнæ 'й,
Ниммæ хъури кæнæ, мабал тæрсæ мæнæй.
Æз дæ хæццæ æносмæ цæудзæн имонау
Æнæуогæ бæстæмæ æзменсæ, донау.

Дони Кизгæ, æноси зменсæбæл бадæг,
Дæ гъæлатæн кæнæ тæрегъæд.
Сугъзæрийнæ цæститæ, сугъзæрийнæ тангъа,
Сæнтуорс бæх, сæрæй бунмæ – дзæнгъа.
Æзменсæбæл айдагъ цæфхадвæдтæ бæрæг.

*Уруссаг æвзагæй Къибирти Амурхани тæлмац*

* * *

Цъæх – бор – сурх æнахур изæрмела.
Мегъдзаст июнь фæцæй фæззæгхуз.
Арви хъулф æносон ма æнгъæлæ.
Искаргун дæ ду дæр, исфудхуз.

Инод хор нæ зиннуй мегъауонæй.
Думги дзурд – сосæггаг сифтæртæн.

Мæ рахæн синхонбæл æнай – æной
Къæдзæкъæхтæ дамкъа нирræйдтæй.

Æрбакæнæ æнгом цъæх æмбæрзæн.
Цай байвæрæ, рахæссæ къалбас.
А дзæгъæл дуйнейæн куд нæ тæрсæн.
Тæрегъæд ин кæнæн, бадарæн ибæл фарс.

* * *

Æппунвæстаг уæларв ракæдзос æй.
Асфальт цъæх, фæббор кæнуй сифтæр.
Фæййехæн æй рæстæг, фæддæр гъос æй
И кизгутти сæрдæмæ куддæр.

Седзæргæстæн кæрз хурст сæ дзигготæ
Истахтонцæ сæхе æнæвгъау.
Цæсгæмттæбæл хуарæнæй агъодæ
Бæрæг æй сæ уагбæл сæ æгъдау.

Фал, оххай, сæ хъиамæт фæдздзæгъæл æй!
Сурхцъарæ бæгъатæр хор – бæлццон
Рæхгигомау здæхуй фæстæхъæлæй,
Æрæгиау æздæхун ин – æнцон.

Мæкæрæз æнцæ рохс æма думгæ.
Ци пайда æй евгъудбæл тухсун?
Мæтъæл Федрæ зинтæй хъæбæр уæгæй, –
Æздахуй æ мондæгтæмæ рун.

Ниммаруй еци зинтæ æ уоди
Мæстгунæй æнæбари заруй.
Изæдти æвзагæй ин бæрзонди
Æнæуод арв зарун æвзаруй.

Æнтъуссæг, киристон, хебæрагæ 'й
Гъæдипарк. Мæтъæл цъеуау – æргъæфст.
Нæ 'й, мæгур, æ фæлуст бери фагæ
Æ бауæр сифти сугъдæнттæй рист.

Рагоц кодтонцæ – ра, зарæг мæргътæ,
Нæбал цæуй арвæй сæ хъуррей.
Цæй, Лилæ, ехæн æнцæ мæ къæхтæ.
Æздæхæн нæ хæдзарæмæ еу.

* * *

Нæййес Хуцауи раз райсæн
Аци зæнхон дуйней.
Зин æй раззаги ном хæссун
Еунæг уогæй, зин æй.

Æма ниддæн æз мæрдивад,
Фæстаг дзурдæй тæрсгæй.
Зин æй байдауæнæй идæд,
Де 'стæгдармæ кæсгæй.

Ка йæй, ка 'мбæл ходуй, цума?
Ка дæ? Неке. Неци.
Мæнæн алци гæнгæ цæмæ 'й
Аци ревæд неци 'й?

## СОСЛАНИ ÆНДУРÆ

Хаста уæларвæй кæдзос суг, –
Æрдзæ æхе ниртадта.
Фæсуард бæрзити исрохсæй
Байдзулдæнцæ адæмтæ.

Еугур дуйне дæр – цæмæдес,
Сæри зунд – æхе барæ.
Паддзах, æвæдзи, нæбал ес.
Æгас цо, сæребарæ!

* * *

Тамаку, цай,æма сахат,
Поезди ни гур – гур.
Унгæй дзæгъæл куйти гъæйт – рæйд,
Киунугути сур – сур.

Тухæйти раевгъуйуй бон,
Æхсæвæ раистуй.
Ме 'мбал зийнадæ—æнæбон,
Æнхус ниббаст уй.

Æрхун æма рифмæн федар
Гъе нур иссæй сæ цард.
Паддзах—Тарæн хуайуй æ дуар
И 'нæнцойнæ сахат.

Кæлунцæ дзурдтæ уарæгау
Мæ фæрсти 'сæрти.
Зæлуй музыкæ нæрæгау
Фал нæ рацæуй стих.

## ЛИРИКОН ИНТЕРМЕДИ

Хуæнхтæ, фæзтæ, галауантæн —
Рейни рæсогмæ сæ каст.
Кумæдæр мæ дала зартæй
Ефхæссуй Моцарт æд уарзт.

Хори тунтæ, изæрмелтæ,
Арви тæртти æвæлсугъд.
Гъæди сæрмæ идард мегътæ —
Десæмесойнаг рæсугъд.

Хъуæци бæндзуг и уæлгъосин,
Зæронд гæдитæ цæрдхуз.
Æрхæтдзæ 'й, лимæн, игъоси,
Нæ фæххецæни æнгъуд.

Цæугæ мин æй нур идардмæ
Гоцгæнагæн æ фæсте.
Æ рæфтади æз манкграфæн
Нæ уодзæнæн, æдзæстхез.

Арфи дзурд фæууæд Миньони,
Альманах уадзун дæуæн,

Мæ зæрдæбæл ахæстдони
Дæу æносмæ дардзæнæн.

Ду мæн бæстæ кæцæй зонай!
Базонун дæр — дзæгъæл цей!
Æ уæлсера дæлуймонтæ
Карз цæвунцæ кæрæдзей!

Уæхæн æнаккаг исæфтмæ
Æрхаудзæнæ сæ сомий
'Ма уайтæккæ æнæ сæфтæг
Фæууодзæнæ ду уоми.

Æй уоми тæссаг! Уазалтæ!
Тæмæссаг уоми! Фал, ах!
Мæ зæрддаг, уоми байзадæй
Мæ цæфсгæ стъалу! Бæлах!

Нæ зонис æй? Нæма зонун
Мæхуæдæг дæр æ ходæг,
Фал уордæмæ фæразонæй
Радарон мæ над уодæй.

Ка кумæ цæуа — æ барæ,
Уæрæсемæ 'рмæст æз ба —
Æ бæстæмæ мæлгъи зарæн.
Сæнторс кирсæ, цъæх басма...

Ка цæбæл, æз абанабæл,
Тогæйдзаг ка æй, уобæл.
Мæ фæдбæл ду ба ма гъавæ
Ранæхстæр унмæ. Тобæ!

Æз уордæмæ царди номæн
А зæнхæбæл, гъе уæларв
Циййнæй ефтитгъд барвæндонæй
Фæццæудзæнæн, фæ, æд уаргъ.

О, хезуй мæ фидибæстæ,
Мæ зиндзæрон бæстихай!

Моцартæн ходуй æ цæстæ:
"Дæ хæтдзæ цæун, гъай – гъай!"

Моцарт, Моцарт, мæ зæрдæгон,
Мæ фæспеци таракан!
Дæу уордæмæ куд рауадзон,
Гармоний æрвон фурт ка 'й!

Цæмæндæр мин гурухсаг дæ,
Æгæр æдули, æвзонг!
Æнцон ци уа уруссагæн, –
Немуцагæн нæй æнцон!

Нæ, гъæуй нæ фæххецæн ун!
Æрæллау уо, херц, майн херц!
Таси мегъæ нæ æсдæфун.
Адзал ба цардмæ – æнхиц.

Æнæбун дуйней хуæдсæрмæ
Нидæн удзæл тæхдзæнæй,
Арфдæр тари æмир тæрмæй
Листæг тунæ зардзæнæй.

Хуæрзæбонтæ! И фæсхонхи
Æхсæйвон халон уасуй.
Моцарт, Моцарт, царди тонхи
Мах не стур Хуцау уарзуй.

Игъосгæй мæнæ æ цари
Е нинкъард æй фæлмæнæй.
"Цæй, хуæрзбон. Райсæ лæвари
Бурундæхъ ду ба мæнæй.

Ку бадай, цид, æрхæндæгæй,
Уæд байдзулун кæндзæй дæу
Мæ пох бурундухъ уайтæккæ
Зари зæлтæй æнидæу.

Мæ сирдæн, цумæ фæрдгутæ,
Æ зундгин цæстити 'рттивд.

Ӕрæлвасуй æ дзæмбутæй
Фæндури тæнтæ æвзигъд."

Дæ лæварæй устур боз дæн,
Мæ зинаргъ лимæн, Моцарт!
Хуæрзæбонтæ! Хуæрзæбонтæ!
Цирти уæнгæ дæу уодзæн!

Рацæйраст дæн Уæрæсемæ.
Ракастæн — е ба лæууй.
Мæн æрдæмæ æнæдзебæл
Догти сæрти фæлгæсуй.

Бацæйтелуй æртæкъумон
Сугъдæг сугъзæрийни тулд,
Ӕз дæр имæ мæ æрхунæй —
Гъосгин ходæ, фуридзулд.

Дæу феронх уон кæд а царди,
Уæд ка дæн æз, æндзæхдон?
Бурундухъ мин æ базарди
Дæу ном еруй еугæндзон.

Ӕ дзæмбу дæ æрæфснайгæй
Мæ медбæмпæггун дзæбæх
Е заруй, — цæун нимайгæ
Ӕз уой зарæни æздæх.

Рæмонти Аликсандри тæлмаци
Ноябрь 1999 анз.

## НÆУÆГ ТÆЛМАЦТÆ

*Михаил Зощенко*

# КÆТТАГ ПЪАРТФЕЛ

**Æртæархайдон комеди**
**Архайджытæ:**

Баркасов.
Зойæ — йæ ус.
Боря — сæ фырт.
Ядов — сæ сыхаг.
Нана.
Тятин — æмкусæг.
Софья — æмкусæг.
Настя — мыхуыргæнæг.
Слоняев — æмкусæг.
Духоявленский — хъуыддæгтæаразæг.
Крутецкий — Софьяйы лæг.
Абрамоткин — Настяйы мойаг.
Хæдзары лæггадгæнæг.
Бæрæггæнæг.
Дохтыр.
Æрбацæуæг.
Архайд цæуы 1936 азы уалдзæджы.

## ФЫЦЦАГ АРХАЙД
## ФЫЦЦАГ НЫВ

**Хæдзары**

**Ног хæдзары уат. Стыр рудзгуытæ йын. Нырыккон хæдзары дзаумæттæ дзы. Радиолæйæ хъуысынц музыкæйы зæлтæ.**

**Йæ къухы хисæрфæн, афтæмæй уатмæ бацыд Алексей Гаврилы фырт Баркасов. Баркасовыл цæуы 37 азы. Ис ын хуымæтæджы, зæрдæмæдзæугæ, иучысыл фæлладхуыз цæсгом.**

**Баркасовы ус Зояйæ Павелы чызг лæууы рудзынджы цур. У тынг рæсугъд, фидауцджын сылгоймаг. Кæд сæу-**

**мæрайсом у, уæддæр ыл ис аив дарæс, йæ сæр аив фаст. Æнæдзургæйæ æнкъардхуызæй кæсы йæ лæгмæ. Нæлгоймаг æм иу каст дæр нæ ракодта, афтæмæй уатæй ацыд.**

**Уатмæ тагъдгомау æрбауад Зойæйы мад Алисæ Юрийы чызг. Æрбахаста аходæн. Зæронд усыл бæрæг дары йæ кæддæры сæрыстырдзинад, хъал бакаст æмæ, уæздæттæй кæй уыд, ууыл дзураг рæсугъддзинад. Йæ хæдтулгæйыл (самокатыл) æрбатахт Зойæйы 12-аздзыд лæппу Боря. Ныззæланг кодта йæ дзæнгæрæг. Йæ хæдтулгæ куы нанайыл баскъæры, куы – йæ мадыл.**

**Ногæй та фæзынд Баркасов. Уыцы рæстæг райхъуыст телефоны дзæнгæрæг. Нана радиолæ ахуыссын кодта.**

I

**Баркасов (телефонæй).** О, уый æз дæн – директор Баркасов... Цы? Хорз, ныргæккæ фæцæуын... (Хæтæл æрæвæрдта.)

**Зойæ.** Алешæ, цалынмæ бахæрай, уæдмæ дæ никæдæм ауадздзынæн. Дæ хуыз мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Цæугæцæуын цыдæртæ ахæрыс æмæ та бон изæрмæ æххормагæй баззайыс. Дæ хорзæхæй, æрбад æмæ, адæм куыд фæхæрынц, афтæ бахæр.

**Баркасов (æрбадгæйæ).** Зойæ, мæ ахсджиаг, нæ мæ "вдæлы... **(Йæ дзыппæй къухфыст систа æмæ йæ кæсы.)**

**Нана (иуфарсырдæм).** Хæргæйæ чи кæсы, уый йæхицæн знаг у. Райхъуыст телефоны дзæнгæрæг.

**Баркасов (тагъдгомау телефонмæ бауайгæйæ).** Хъусын дæм. О, уый дæн... Цы загътай? Æрдæбон чи дзырдта, уый та куы дæ! Дзæбæх-ма мæм байхъус: ноджыдæр ма дын иу хатт зæгъын – уыцы хæдзарон тæрхъустæ мах нæ райсдзыстæм... Чи сæ спълан кодта?.. Уый тыххæй дзурын дæр нал хъæуы... Куы 'рбацæуай, уæд дзæгъæл цыд фæкæндзынæ. **(Телефоны хæтæл мæсты тъæпп æркодта.)**

**Зойæ.** Дæхи кой ма-иу сæумæрайсом уæддæр бакæн, стæй искуы-иу хатт дæ бинонты кой дæр...

**Баркасов.** Зойæ, цал хатты дын загътон, мæ куысты хъуыддæгты дæхи ма тъысс, зæгъгæ? **(Ногæй та къухфыст райста æмæ дзы цыдæртæ рæстытæ кæны.)**

**Сæ фырт Боря йæ хæдтулгæйыл зилдух систа, йæ дзæнгæрæг силлæг кодта. Баркасов тагъдгомау телефонмæ бауад, хæтæл фелвæста.**

**Нана.** Уый телефоны дзæнгæрæг нæ уыд.

**Баркасов (хæтæлы).** Ало!

**Зойæ.** Алешæ, уый Боряйы дзæнгæрæг уыд.

**Баркасов.** Сывæллоны ма ардыгæй ахонут!

**Боря.** Папæ, нал ныдздзæнгæрæг кæндзынæн...

**Райхъуыст та телефоны дзæнгæрæг.**

Уый æз нæ уыдтæн... Телефон уыди.

**Баркасов (телефонæй).** Цы? Боря Баркасов? О, уый мæ фырт у... Цы загътай? Ныртæккæ йæ базондзынæн... **(Йæ армытъæпæнæй хæтæл ахгæнгæйæ).** Зойæ, Боря кæцы къласы ахуыр кæны? Æртыккаг?

**Зойæ (йе уæхсчытыл схæцгæйæ).** Æртыккæгæм.

**Боря.** Æртыккæгæм "А"—йы... Цы та сæ бахъуыди?

**Баркасов (хæтæлы).** Æртыккæгæм "А" къласы ахуыр кæны. О, уæдæ уый у... Урокты?.. Æмæ уый тыххæй мæнмæ цæмæн дзурут? Хæтæл мæ усмæ дæттын... **(Хæтæл æм дæттгæйæ).** Зойæ, йæ ахуыргæнæг афтæ зæгъы, Боря, дам, урокты уасæджы уаст кæны...

**Зойæ (телефоны).** О, æз дæн... Скъолайы директормæ?.. Хорз, абон бацæудзынæн.

**Баркасов (йæ фыртæн).** Æцæгæй къласы хъи—хъри—хъу фæкæныс, къулбадæджы сæнык? **(Худы.)**

**Боря.** Æрмæстдæр географийы урочы.

**Зойæ.** Уым худæгæй ницы ис. Сывæллоны скъолайæ расурдзысты. **(Йæ фыртæн).** Дæ чингуытæ æмбырд кæнын райдай. Фарæстæм æрдæг у, уый нæ уыныс?

**Нана.** Боря, мæ къона, дæхи рæвдз кæн.

**Баркасов (телефонæй).** Æмбал Гребешков дæ? Баркасов дæм дзуры. Статья фыст фæдæн. Сахаты фæстæ дæм æй фервитын... Хорз, баныхас кодтам... **(Хæтæл æрæвæрдта æмæ та къухфыст кæсыныл фæци.)**

**Зойæ.** Алешæ...

**Баркасов.** Хъусын дæм, Зокюшкæ.

**Зойæ.** Мæ зæрды демæ аныхас кæнын ис. Фæлæ дæ кæд не 'вдæлы...

**Баркасов.** Дзур, дзур. Статьямæ машинæйы дæр æркæсдзынæн.

**Зойæ.** Алешæ... Бынтондæр нæ кæй фёрох кодтай, уый дæм нæма бахъардта? Æз дæм æппындæр никæцæйуал зынын.

**Баркасов.** Омæ йæ дæхæдæг не 'мбарыс, ныртæккæ...

**Зойæ.** Дæ куыст бакъуылымпы кæнынмæ дын нæ хъавын. Уый ныртæккæ æппæты сæйрагдæр кæй у, уый æмбарын, фæлæ мæ ацы фæстаг бонты уынгæ дæр нæ кæныс. Дыууæ ныхасы мæм фæд–фæдыл нæма скодтай. Уæд дæм уый куыд раст кæсы?

**Баркасов.** Мæ хъуыддæгтæ мæ сæры хъуынтæй фылдæр сты...

**Зойæ.** Дæ куыстæй æнафоны æрбацæуыс. Сæумæцъыккæй нæ фæуадзыс. Нæхимæ цы нымад уысмтæ вæййыс, уым дæр дæ махмæ нæ равдæлы. Дæ куысты хабæрттæ дæ дæ сæр схъил кæнын нæ уадзынц. Уыцы телефон та мæ бынтон амардта...

**Баркасов.** Рæстæг мын ницæмæн фаг кæны, æмæ...

**Зойæ.** Рæстæг дын махæн, мæнæн нæ фаг кæны?

**Баркасов.** Уæдæ цы бакæнон? Куыст йæхиуæттæ домы. Мæ куыстытæ нæхимæ фырхъæлæй рахæссын?.. **(Æдде машинæйы уасын айхъусгæйæ йæ пъалто кæнынмæ фæци.)**

**Боря.** Уый шофыр Василий Иваны фырт папæмæ æрбацыд.

**Зойæ.** Алешæ, дæ ныхас кæронмæ уæддæр фæуыдаис.

**Нана (иннæтæ дæр æй куыд хъусой, афтæ арф ныуулæфгæйæ).** Уый дын хабæрттæ, гъе!..

**Баркасов.** Цавæр ныхас? Цы дзырдтон, цы?.. О... Рæстæг мын, зæгъын, нæ фаг кæны, æмæ мæ куыстытæ мемæ уымæн рахæссын. Хæдæгай, ме статья та цы фæци?

**Зойæ.** Дæ дзыппы йæ нывæрдтай.

**Баркасов.** О, мæнæ ис...

**Зойæ.** Кæд æрбацæудзынæ?

**Баркасов.** Нæ зонын. Телефонæй дæм æрбадзурдзынæн.

**Зойæ.** Дæ цæппæртæ сæвæр. Суазал уыдзынæ.

**Рудзынгæй та æрбайхъуыст машинæйы дæргъвæтин уасын.**

**Баркасов (хъуыр-хъуыргæнгæйæ).** Фæцæуын, фæцæуын, Василий... **(Ацыд.)**

**2**

**Нана.** Мæнмæ гæсгæ ацы лæгæн йæ риуы зæрдæ нæй...

**Зойæ.** Мамæ, ма та райдай...

**Нана.** Уынгæ йæ кæны, йæ ус куыд тыхсы, уый, афтæмæй йын зæрдæтæ нæ авæрдзæн. Фондз минуты дæ бинойнагæн хæлæг кæн. Йæ куысты раз æм йæ хæдзар нымады дæр нæу.

**Зойæ.** Мамæ, курын дæ, ныууадз... Боряйæн скъоламæ цæуын афон у. Арæвдз-ма йæ кæн...

**Боря.** Раджы ма мын у...

**Нана.** Нæ зонын... Революцийы агъоммæ... мæ фыццаг лæг... Дæ фыд нæ, фæлæ мæ фыццаг лæг... Уый бынтон æндæр зондыл хæст уыд. Уый, йæ бинонтыл хъуыды кæнгæйæ, йæ цыфæнды куыст дæр ныууагътаид. Кæсынтыл — иу мæм куы фæцис, уæд — иу йе 'ннæ хъуыддæгтæ ферох сты. Сихоры дыууадæс сахаты — иу сси, уæддæр — иу æм йæ куыстмæ цæуыны зонд не 'рцыд. Кæнæ — иу "рамсæй" хъазыдыстæм, кæннод та — иу ныхæстыл фестæм. Иуæй — иу хатт ын — иу загъгæ дæр кодтон: "Мæ хæлар, уæд та дæ куыстмæ ацæуис?.."

**Зойæ.** Мамæ, ныууадз ма, цæмæн хъæуы уыцы хабæртты кой кæнын?

**Нана.** Æнхъæлыс, хуымæтæджы куыст кодта? Йæ иуылбæрзонддзинадæй гæххæттытæ кæдæм цыди, уыцы Сæйраг къæнцылары куыста... Гъе æмæ йæм уыцы куыст дæр нымад нæ уыди. Цы, дам, дзы нæ федтон? Цавæрдæр къæнцылары мæ хæлаф ихсийын кæныны бæсты, дам, мæнæн демæ мæ зæрдæйы дзæбæхæн "рамс" — æй хъазын зынаргъдæр у... Стæй ме 'ннæ лæг дæр — дæ фыды кой кæнын... Раст зæгъын хъæуы, дыууæйæ дæр мæ уарзтой.

**Зойæ.** Мæн Алешæ нæ уарзы, зæгъгæ, зæгъынмæ хъавыс?

**Нана.** Мæ рæстæджы ахæм ахастдзинæдтæ, мæ хуры

чысыл, уарзондзинадыл нымад нæ уыдысты. Йæ усы чи уарзта, уый йæ бинонтæм тагъд кодта.

**Зойæ.** Мамæ, ды Алешæйы не 'мбарыс. Уый æндæр заман, æндæр дуджы минæвар у.

**Нана.** Цавæр æндæр заманы, цавæр æндæр дуджы? Хъæуы кæй райгуырд, уымæй?

**Зойæ.** Хъæуы кой та цæмæн кæныс? Æви дыууæ уæлдæр ахуыргæнæндоны каст нæ фæци?

**Нана.** Æз дæр уыдæттыл дзурын, мæ хур акæнай! Уый ныр ахуыргонд адæймаг у. Хъуамæ йе 'нкъарæнтæ сæ аивдзинадмæ гæсгæ мах, æппынфæстаг мæн æнкъарæнты æмвæзадмæ схызтаиккой æмæ мæм диссаг уый кæсы, дæуимæ аныхас кæныны бæсты йæ цавæрдæр ницæйаг къæнцылармæ кæй фæцæйтæхы.

**Зойæ.** Йе 'нкъарæнтæ, чи зоны, æмæ мах æнкъарæнтæй тыхджындæр сты, фæлæ уый йæ куыстмæ, йе 'хсæнадон хæсмæ æндæр цæстæй кæсы.

**Нана.** Ардыгæй куы ацæуы, уæд æдзухдæр йæ куысты кæй вæййы, ууыл æууæндыс, мæ чызг?

**Зойæ (фæтæрсгæйæ).** Уымæй цы зæгъынмæ хъавыс?

**Нана.** Бæлвырд зæгъын мæ бон ницы у, фæлæ мæ заманы... Адæймаджы йæ къæхтæ йæ хæдзармæ куы нæ хæссой... Изæрыгæтты арæх фæстиат куы кæна, уæд уый сылгоймагимæ баст куы уа, уымæй тæссаг у.

**Зойæ.** Алешæйы тыххæй ахæм ныхæстæ ма дзур!

**Нана.** Хорз. Æз ницуал дзурын, фæлæ ма дæхæдæг ахъуыды кæн — йæхи цæмæн афтæ дары? Демæ аныхас кæнынмæ нæ тырны. Æвæццæгæн æй ахсджиагдæр хъуыддæгтæ ис... Хъуыды ма йæ кæнын, мæ фыццаг лæг...

**Зойæ.** Боря, дæхи скъоламæ цæттæ кæн! Ахуыргæнæгæн — иу зæгъ, абон, зæгъ, директормæ бауайдзынæн.

**Нана.** Боря, мæ цæсты гагуы, цом.

**Боря.** Раджы ма куы у...

**Нана æмæ Боря уатæй рацыдысты. Зойæ рудзынгæй кæсы. Уый фæстæ къулы цурмæ бацыд æмæ йе 'нгуылдзæй цалдæр хатты бахоста.**

3

**Зойæ.** Ядов! Виктор Эдуарды фырт! **(Кæсæнмæ бакаст æмæ йæ дзыккуты фаст фæаивдæр кодта.)**

**Фæзынд сæ сыхаг Ядов Виктор Эдуарды фырт. Уый у драматург. Цæуы йыл 45 азы. Йæ сæрыхъуынтæ сты пыхцылтæ, цалдæр боны йæхи нæ ныддаста, фæлæ йæ цæсгомыл зыны уæлтæмæнады, зонды фæд. Кæны уæлвонг, хъæрæй ныхас. Йæ дзырдтæ кæнынц æлхынцърæхуыст, зыны сыл былысчъилдзинад.**

**Ядов (театралон хъæлæсыуагæй).** Цы зæд дыл атахти, æхсин, æндæр зондмæ цæй тыххæй æрцыдтæ? Дæ цæсты кæронæй ракæсынмæ дæр мæм куынæуал хъавыдтæ!

**Зойæ.** Ферох кæнæм хыл.

**Ядов.** Ды цы зæгъай æмæ æз цы нæ бакæндзынæн! Фæлæ уæддæр цы "рцыди, дæ иуылбæрзонддзинад?

**Зойæ.** Хынджылæг ма кæн, Виктор Эдуарды фырт. Дæ уимæ мæ аныхас кæнын фæнды. Ды зонддæжын дæ æмæ мын баххуыс кæндзынæ.

**Ядов.** Мæ ницæйаг цард æнæхъæнæй дæр дæ къухты бакодтон.

**Зойæ.** Дæ хорзæхæй, хуымæтæгдæр æвзагæй дзур.

**Ядов.** Бахатыр мын кæ, Зойæ, мæ чемы нæ дæн. Историон драмæ фыссын æмæ мæ сæры историон дымгæтæ зилдух систой. Мæ цæстытыл уайынц паддзæхты галуантæ, бæрзонд ныхæстæ...

**Зойæ.** Уæдæ дын дæ куыст бакъуылымпы кодтон? Бахатыр кæн...

**Ядов.** Ницы кæны. Хатгай уæлæрвтæй зæхмæ æрхизын дæр фæхъæуы. Зæххыл сты, ды æмæ дæумæ мæ судзгæ уарзондзинад. Дæ сæрвæлтау æз мæхи сæр фæрæты бын æрæвæрдзынæн.

**Зойæ.** Æцæгæй дын зæгъын, дæ хъазæн ныхас — ма ныууадз.

**Ядов.** Уый хъазт нæу, Зойæ. Уый у, зæххæй иучысыл чи фæхицæн æмæ йæ рæубазыртыл атæхынмæ цæттæ чи у, уыцы æцæгдзинад... Хатыр дæ курын. Дзур дарддæр, Хуыцау мæ дæумæ хъусыныл скодта. Рагацау дæр æй зонын, ныхас дæ сæры хицауы тыххæй кæй уыдзæн.

**Зойæ.** О, мæ лæг...

**Ядов.** Дæ лæг — Алексей Гаврилы фырт Баркасов, дæ фæлмæн базыры бын кæй схъарм кодтай, уый дæм кæсын райдыдта уазал цæстæй, хъуыды дæр дæ нал кæны, гуырд дæ æви гуыринаг дæ, уый йæм зынгæ дæр нал кæны...

**Зойæ.** Уый бынтон афтæ нæу. Кæй мæ уарзы, ууыл æууæндын... Нæ, ды мæ нæ бамбардзынæ. Ды бæрзонд ны — хæстæ кæныс, æз та зæххон хъуыддæгтыл адзурынмæ хъа — вын демæ. Мæ лæг æцæгæйдæр куыстыты афтæ аныгъуылд, æмæ тæссаг у, дзæбæхæй йæ сæр куынæуал сиса, уымæй.

**Ядов.** Фæуæд афтæ, æхсин.

**Зойæ.** Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, Алешæ иу хъуыддагæй тынг рæдийы. Мæ хъуыдымæ гæсгæ йæ куыстыл æппындæр ницы æрцæуид, мæнимæ — иу куы аныхæстæ кæнид æмæ йæ фырты хъомыладмæ фылдæр æргом куы аздахид, йæ хын — цинаг ын куы скæнид, аргъау ын куы радзурид, уæд. Уый йын ирхæфсыны хуызæн уаид.

**Ядов.** Уымæй æппындæр ницы мæнг зæгъыс, æхсин! На — полеоны загъдау: "Фæлладуагъд æнцад бадын нæу, фæлæ у увæртæ аивын".

**Зойæ.** Искуы — иу хатт — иу йæхи æндæр хъуыддæгтыл дæр куы аирхæфсид, уæд йæ куыстыл хуыздæрырдæм цы фæ — зынид, æндæр ын зиан ницы æрхæссид.

**Ядов.** Æз ууыл иу мисхал дæр дызæрдыг нæ кæнын, æх — син. Улæфын чи нæ зоны, уый кусын дæр нæ зоны.

**Зойæ.** Алешæ улæфын æппындæр нæ зоны. Куыст йед — дæмæ йæ ницы хъæуы. Йæ хъуыддæгтæй йæ ницæмæ æв — дæлы. Уыдон йеддæмæ уынгæ дæр ницы кæны. Уæд уый куыд раст у?

**Ядов.** Уым æппындæр растæй ницы и, æхсин! Нæ фæлæ ма дын æз афтæ дæр зæгъдзынæн: йæхи афтæ кæй дары, уыцы хъуыддаг æй æркæндзæн худæджы увæрмæ.

**Зойæ.** Ахæм увæры тæккæ абон бахауди. Кæд æмæ нæ зыдта, йæ фырт кæцы къласы ахуыр кæны, уый. Искуы ма ахæм хабар фехъуыстæуыд?

**Ядов.** Фехъуыстæуыд! Ме "мдугонтæ йæ куыд хонынц, уый зоныс, æхсин? Цардæй иппæрддзинад.

**Зойæ.** Тынг раст у. Алешæ æцæгæйдæр фæиппæрд цар — дæй. Кæмдæр уæлæрвты ратæх — батæх кæны. Æз дæр демæ уый тыххæй аныхас кæнынмæ хъавыдтæн... Æрмæст дæ иу

хъуыддаг курын: мемæ хуымæтæгдæр æвзагæй дзур. Уыцы иугæндзон зонджын ныхæстæй мæ сæр дзæгъæлтæ кæнын райдайы.

**Ядов.** Хъусын дæм, æхсин. Дзур. Æз дын ахæм хуымæтæг дзуапп ратдзынæн, æмæ къамбецы рæуæды уастæй хуымæтæгдæр чи уа.

**Зойæ.** Алексейы рæдыд куыд сраст кæнон, уымæй дæ бафæрсынмæ хъавыдтæн. Цæмæй раздæры хуызæн суа, уый тыххæй мæ цы бакæнын хъæуы?

**Ядов.** Зойæ, фыццаджыдæр уал ссарын хъæуы йæ рæдыды аххос. Æрмæст æргом дзурын хъæуы. Чи зоны, дæумæ ахæм цæстæй кæсын кæй райдыдта, уый цæимæдæр баст у.

**Зойæ.** Æцæг, æцæг. Кæд мæ нал уарзы, уæд та?

**Ядов.** Æхсин, уыцы хъуыды мæм ныртæккæ фæзынд. Уæвæн ис, æмæ рæдийын...

**Зойæ (йæхицæн дзурæгау).** Чи зоны, нал мæ уарзы æмæ йæ йæ хæдзармæ йæ къах уымæн нал хæссы. Чи зоны, йæ куысты дæр уымæн анығъуылд. Раздæр йæхи афтæ куы нæ дардта... **(Кæсæнмæ бакæсгæйæ.)** Виктор Эдуарды фырт, æрбакæс ма мæм, дзæбæх нæ дæн? Нæлгоймæгтæ ма мыл сæ цæст æрæвæрдзысты?

**Ядов (патетикон хуызы).** Дæуыл? О, Хуыцæутты Хуыцау! Цытæ хъусын? Искуы ма нæ. Зæды къалиу кæй рæзты фæцæйцæуа, уый куырм куы уа, уæддæр дæуырдæм æнæразилгæ нæ фæуыдзæн. Цæстытæ кæуыл ис, уыдоны кой та кæнгæ дæр нал кæнын. Тæхуды, æмæ ды куы зонис, мæ цæсты дын куыд стыр кад ис æмæ дын куыд аргъ кæнын!

**Зойæ.** Уый цавæр хъæлæсы уаг у?

**Ядов.** Ацы хатт мæ хъæлæсыуаг мæ зæрдæйыуаг æвдисæг у. Æз æнамонд дæн æнæ дæу...

**Æрбацыд Алисæ Юрийы чызг.**

**4**

**Нана.** Афтæ æнамонд йæхи чи хоны? Ды, Виктор Эдуарды фырт?

**Ядов.** О, æз, Алисæ Юрийы чызг.

**Нана.** Æцæгæй?.. Хъуыды ма йæ кæнын: уæд хæрзæрыгон уыдтæн... Иу хорз зонгæ нын уыдис, Николаевы бæх-

джын училищейы юнкер... "Аба, дам – ма мын кæн, æз, дам, дæу тыххæй æнамонд дæн"... Уыцы хабар театры уыд. Мæ фарсмæ та мæ лæг бадти. Юнкерæн аивæй бамбарын кодтон: "Афтæ нæ бакæндзынæн". — "Уæд та мын, мардæн куыд фæба кæнынц, афтæ аба кæн..."

**Яков.** Уыцы ныхасыл дыууæ кæй нæ загътаис, уый мæ уырны.

**Нана.** О, фæлæ йæ фæдыл цытæ расайдта, уый зоныс? Бирæтæм уыцы ба æгæр дæргъвæтин фæкаст. Мæ лæг афтæ смæсты, æмæ йæм дуэльмæ фæсидынмæ хъавыд, фæлæ йын æз загътон: "Мæ хæлар, цы уыд, уымæн раздахæн нал ис. Дуэльмæ йæм куы фæсидай, уæддæр дзы нпцыуал рауайдзæнис. Стæй, мæ хур, уый æфсæддон у. Æхсынмæ хорз арæхсы. Æнæмæнг дæ агæрах кæндзæн. Уым та дæуæн дæр æмæ мæнæн дæр хорзæй ницы ис".

**Зойæ.** Боряйæн нæ байрæджы?

**Нана.** Иу – фондз минутæй фылдæр нæ байрæджы кодта...

**(Ацæуы).**

## 5

**Зойæ.** Дæхи æнамонд цæмæн хоныс, Виктор Эдуарды фырт? Мæн тыххæй? Нæ мæ уырны. Æндæр кæйдæр уарзыс, зæгъгæ, мæ хъуыстыл куы "рцыд.

**Ядов.** Æз? Рæдийыс. Уый мын мæхи уарзы иу сылгоймаг, æз та дæу уарзын. Æцæгдзинад æмæ бæллицты æхсæн цы хъауджыдæрдзинад ис, уымæй райгуыры аивад. Уый 'руаджы дæн æз драматург.

**Зойæ.** Ды мæн размæ дæр драматург уыдтæ.

**Ядов.** Цæрæнбонты мæм хъысмæт фыдыусы цæстæй кæсы. Дæу размæ дæр иуы уарзтон, фæлæ мæ уый нæ уарзта. Уый зæды хуызæн сылгоймаг уыд... Цæуыл фæхъуынгъыз дæ? Хъыг дын уыди? Кæд æцæг афтæ у, уæд мæнæн та æхсызгон у.

**Зойæ.** Ницы фæхъуынгъыз дæн. Стæй уый кæд уыди — мæнимæ куы базонгæ дæ, уымæй бирæ раздæр.

**Ядов.** Уый уыди тынг раджы. Уый дæр мын дæу хуызæн гуымиры дзуапп радта. Уæвгæ мын никæй аххос уыд: цы хызæй йæ æрцахсынмæ хъавыдтæн, уый æгæр бæрзондмæ

систон. Сылгоймаг ныллæгдæрты тахт. Цыдæр хуыйæг ачи ракуырдта. Хæдоны æфцæггæттæ, дам, хуыдта. Ныр зонд-джындæр уыдзынæн!

**Зойæ.** Уымæй цы зæгъынмæ хъавыс?

**Ядов.** Уымæй уый зæгъынмæ хъавын, æмæ ацы хатт мæ хыз æрцараздзынæн, куыд æмбæлы, афтæ. Дæхи мæ хъахъ-хъæн.

**Зойæ.** Æз дын мæ судзгæ фыдтæ дзурын, ды та... Гъемæ хорз. Ацу. Нал мæ хъæуы де "ххуыс.

**Ядов.** Хъазгæ кодтон. Дзæгъæл дзæнгæдайыл фæдæн. Хатыр дæ курын. Æри ма дæ гыццыл къух, æз дзы мæ дыууæ цæсты сæхгæнон, цæмæй дæм мауал кæсон, æмæ ма ба-куырм уон, мæ сæры зонд бынтондæр ма фæцæуа... Гъер дарддæр дзур.

**Зойæ.** Ницыуал дзуринаг мæм ис. Алексейы рæдыд куыд срастгæнæн ис, уымæй дæ бафарстон, фæлæ кæд афтæ хъуы-ды кæныс, нал мæ уарзы, зæгъгæ, уæд...

**Ядов.** Кæд уый æцæгдæр афтæ у, уæддæр уын æз уæ раздæры уарзондзинад раздахдзынæн.

**Зойæ.** Куыдæй?

**Ядов.** Царды къæбицы рæбинагдæр къуымы æмбæхсы, æмбал кæмæн нæй, диссаджы ахæм фæрæз. Уымæн йæ ном хуыйны зæрдæхсайд, гуырысхо, дызæрдыгдзинад. Бакæнын дæ хъæуы афтæ, цæмæй дæм дæ лæджы зæрдæ фехсайа.

**Зойæ.** Уый ницы у. Ды мæ лæджы нæ зоныс. Уæд мыл бынтон йæ къух ауигъдзæн.

**Ядов.** Нæ мæ уырны. Иуахæмы дæ кæйдæр хъæбысы куы "рбаййафа, уæд æм æндæр зонд æрцæудзæн. Ард дын хæ-рын, лæгъстæмæ дын фæуыдзæн. Нæлгоймæгты мын амо-ныс! Æз сæ мæ фондз æнгуылдзы хуызæн зонын.

**Зойæ.** Уæд, дæумæ гæсгæ, æз...

**Ядов.** Æнæмæнг афтæ. Ды хъуамæ æмбæлын райдайай искæимæ, зæгъæм... мæнимæ... Æз æмæ ды бацархайдзыс-тæм, цæмæй дæ лæгмæ сæвз..рын кæнæм дызæрдыгдзинад.

**Зойæ.** Ахæм хъуыддæгты архайын мæ нæ фæнды.

**Ядов.** Дзæгъæлы. Мæн фидарæй уырны, кæмдæр къæн-цылары æрдæгталынг уæттæй кæцыдæры чи бафæстиат, уыцы уарзондзинад кæй раздахдзыстæм.

**Зойæ.** Æмæ кæд къæнцылары нæ бафæстиат, уæд та? Кæд

Алешæ æндæр искæй бауарзта?

**Ядов.** Æндæр искæй? Истæуыл гуырысхо кæныс?

**Зойæ.** Нæ кæнын, фæлæ...

**Ядов.** Дæ зæрдæ дæм афтæ дзуры, цыма кæимæдæр...

**Зойæ (фезнæт уæвгæйæ).** Ахæм ныхас мæ дзыхæй не ссыди... О, Хуыцау! Æмæ кæд æцæг афтæ у, уæд та? Мамæ дзæгъæлы нæ загъта...

**Ядов.** Дæ мад дæр ыл фæдызæрдыг? Уый бирæ федта æмæ, рæдийа, уый мæ нæ уырны.

**Зойæ.** Уый дæр фидарæй нæ уырны. Æнæуи загъта... Мыййаг, дам, кæд Алешæ...

**Ядов.** Чысыл-ма бахатыр кæн. Зæгъæм, Алексей Гаврилы фырт куысты æфсон цыдæртæ æмбæхсы. Фæлæу, ма мæ хъыгдар. Уæд мах ахæм уавæры куыд архайын хъæуы? Мæнмæ гæсгæ, раздæр куыд загътон, афтæ. Зæрдæхсайындзинадæн дзы æмбал нæй. Æрмæстдæр афтæмæй абаддзæн йæ фыццаг гаччы.

**Зойæ.** Ома? Æз хъуамæ...

**Ядов.** Ды нæ, фæлæ æз, растдæр зæгъгæйæ та дæ хъуамæ уый æрбаййафа мæ хъæбысы.

**Зойæ.** Дæ хъæбысы цæмæн?

**Ядов.** Уæдæ дын ахæм хъазты архайынæл чи сразы уыдзæн? Æви хъазт кæй уыдзæн, уый дæ нæма бауырныдта? Хуымæтæджы инсценировкæ. Цæй куыд? Разы дæ?

**Зойæ.** Нæ дæн. Ацу...

**Ядов.** Дзæгъæлы. Æвзæр нæ уыдаид. Уæддæр бынтон цæхгæр ма дзур. Уыцы хъæзтыл æнцонæй фæцахуыр уыдзынæ. Цæмæй дзы тæрсыс, æцæг, мыййаг, куы нæ уыдзæн. **(Хъæбыс æй кæны.)**

**Зойæ.** Ма кæн. Курын дæ...

**Æрбацыд Алисæ Юрийы чызг. Йæ чызджы Ядовы хъæбысы ауынгæйæ хъавы фæстæмæ ацæуынмæ.**

### 6

**Нана (йæ мидбылты худгæйæ).** Пардон...

**Зойæ.** Мидæмæ рацу. Хъазгæ кодтам...

**Нана.** Хъазгæ?

**Зойæ.** Нæ дæ уырны? Æцæгæй кодтам хъазгæ.

**Ядов (нанайæн).** Стыр хатыр дæ курын, æхсин, ахæм хъазты тыххæй.

**Нана.** Иу хагт мæ мæ мад, ома дæ мады мад, ахæм уавæры куы "рбаййæфта, уæд ын аргъæуттæ кæнынмæ нæ февнæлдтон...

**Зойæ.** Мамæ, куыннæ дæ уырны...

**Ядов.** Зойæ Павелы чызг, ныллæг дын кувын, афтæмæй... Мæ сæр дæ кæм бахъæуа, уым æз — кæддæриддæр цæттæ... **(Нанайæн).** Мейн гроссмуттер... **(Ныллæг ын акуывта æмæ ацыд.)**

**Нана (йæ фæдыл).** Абæрæг та – иу нæ кæн, Виктор Эдуарды фырт.

7

**Зойæ.** Мамæ, афтæмæй дæ ныхæстæ æцæг куы рауайой, уæд та?

**Нана.** Æз кæддæриддæр раст вæййын, мæ чысыл хур, æмæ дæ уымæ гæсгæ курын: аргъæуттæ кæныныл – иу мын ма уал схæц.

**Зойæ.** Æз æндæр хъуыддагыл дзурын. Кæд, зæгъын, Алешæ æцæгæйдæр кæйдæр бауарзта æмæ мæм уымæн уазал цæстæй кæсын райдыдта.

**Нана.** Æмæ уымæ гæсгæ æндæр искæимæ дæхи аирхæфсынмæ хъавыс? Тынг раст кæныс. Афтæмæй дæ уавæрæн æнцондæрæй бабыхсдзынæ. Стæй Виктор Эдуарды фыртмæ цы аипп æрхæсдзынæ? Мæнмæ гæсгæ, нæ фæрæдыдтæ...

**Зойæ.** Уый бынтон æндæр хъуыддаг у. Ды йæ нæ бамбардзынæ.

**Нана.** Æз æй нæ бамбардзынæн? Æз? Цæуæнты чи ауад, хæтæнты чи ахатт... Куыд дæ фæнды, афтæ хъуыды кæн. Мæ лæджы тыххæй куы дзурон, уæд æй æз, хъыг дын ма уæд, фæлæ раджы бамбæрстон, æндæр кæимæдæр...

**Зойæ.** Цы бамбæрстай? Уымæй афтæ зæгъинаг дæ, æмæ Алешæ дæр?..

**Нана.** Уæдæ, уæдæ, мæ чызг.

**Зойæ.** Нæ мæ уырны. Уымæн уæвæн нæй. Алешæ у сыгъ–

дæг æмæ уæздан адæймаг. Уый ахæм æнаккаг ми нæ бакæндзæн. Алексей коммунист у, стæй хуымæтæджы коммунист нæ, фæлæ сæ тæккæ фæзминагдæртæй.

**Нана.** Цытæ дзурыс, мæ чызг? Ацы хъуыддаджы коммунистæй æнæпартионæй уæлдай нæй. Иууылдæр иу джиппы уагъд сты.

**Зойæ.** Мамæ, ды ивгъуыд заманы цæрыс. Абоны дугæн ницы æмбарыс. Ды Алешæйы нæ зоныс. Нæ зоныс, куыстыл куыд æнувыд у, адæмæн, бæстæйæн хорздзинад æрхæссыныл куыд архайы... Æллæх, бынтондæр мæ сæры зонд цæуын райдыдта. Алексей мæ асайдзæн, ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд... **(Ацæуы.)**

**Нана (йæ фæстæ).** Нæлгоймæгты нæма зоныс, мæ чызг... **(Хъуыдыты аныгъуылгæйæ.)** Мæнæй дзæгъæл цæссыг никуыма "рхауд. Уадз æмæ уымæй дæр... Ацы ран æй, æвæццæгæн, мæн æххуыс дæр бахъæудзæн. Æдылы къоппа у нырма.

### ДЫККАГ НЫВ

**Куысты**

**Кусæндон. Сценæ авгæй у дыууæ дихы. Рахизырдыгæй – директоры кусæн уат. Галиуырдыгæй – къæнцылар.**

**Директоры кусæн уаты ис æмбырд. Тамакойы фæздæгæй адæм кæрæдзийы тыххæйты уынынц.**

**Директор Баркасовы фарсмæ бады йæ хæдивæг Тягин Иван Силы фырт, стæвдтæарæзт нæлгоймаг. Æнæниз кæй у, уый зыны йæ цæсгомыл.**

**Къæнцъылары кусджытæй алчи гæххæттыл ныгуыбыр. Æрыгон, цæрдæг машинисткæ Тройкина Настя тагъд-тагъд цыдæр мыхуыр кæны. Æмкусæг Крутецкая Софочкæ зæрдиагæй фæлдахы къæнцылары чиныг. Хъуыддагаразæг Духоявленский стъолы уæлхъус бады сæрыстырæй. Йæ уæлæ – хæдон, хæлафы æдде уагъд. Йæ астæу уæрæх ронæй æлвæст. Йæ цæсгомыл зыны зæрдæхæлардзинад. Иуæйиу хатт райхъуысы йæ нымайæн къæбæлты къæрцц.**

**Æрмæстдæр Слоняев Володя йæхицæн бынат нæ ары. Сдыууæрдæм. Райхъуысы йæ арф улæфт, архайы машинисткæ Настенькæйы æргом йæхимæ раздахыныл.**

1

**Баркасов.** Мин фарастсӕдӕ ӕртын ӕхсӕзӕм азы январы мӕйы пълан сӕххӕст кодтам сӕдӕ дыууӕ процентӕй. Афӕдзы размӕ ахӕм бӕрӕггӕнӕнӕй сӕрыстыр уыдаиккам, фӕлӕ ныртӕккӕ дунеон уавӕр махӕн уый бар нӕ дӕтты. Уымӕ гӕсгӕ сыидӕг къахдзӕфтӕй размӕ цӕуыныл архайӕм. Февралы пълан ӕххӕстгонд ӕрцыд сӕдӕ цыппар процентӕй, мартъийы — сӕдӕ ӕхсӕз ӕмӕ, ӕппынфӕстаг, апрелы — сӕдӕ дӕс процентӕй. Уыцы бӕрӕггӕнӕнтӕ махӕн бар дӕттынц фидӕны стыр ӕнтыстдзинӕдтӕ равдисынӕн.

**Тятин.** Иттӕг раст!

**Баркасов.** Чи цы зӕгъдзӕн?

**Тятин.** Кӕд гӕнӕн ис, уӕд...

**Баркасов.** Табуафси. Ныхасы бар — мӕ хӕдивӕг Тягин Иван Силы фыртӕн.

**Тятин сындӕггай сыстад, агуывзӕйы дзаг дон анызта, йӕ хъуыр хуыфынӕй асыгъдӕг кодта, йӕ дзыппӕй сӕрвасӕн систа, йӕ сӕр дзы бӕстон ныффаста, ноджыдӕр ма иу агуывзӕ дон анызта ӕмӕ ныхаскӕнынӕввонг ӕрлӕууыд.**

**Тятин (официалон хъӕлӕсӕй).** Ӕмбӕлттӕ! Ӕз ныхасы бар уымӕн ракуырдтон, ӕмӕ... **(Хуымӕтӕгдӕр хъӕлӕсӕй.)** Алексей Гаврилы фырт, дӕ хорзӕхӕй, телефоны хӕтӕлма сис, дзӕнгӕрӕг мӕ хъыгдаргӕ фӕкӕны. Мӕ хъуыдытӕ мын азмӕнты... **(Ногӕй та официалон хъӕлӕсыуагӕй.)** Ӕмбӕлттӕ! Ӕз ныхасы бар уымӕн ракуырдтон, цӕмӕй бахынцон нӕ афӕдзы ӕмбисы бӕрӕггӕнӕнтӕ. Цы уавӕры стӕм ныртӕккӕ? Ныртӕккӕ, Хуыцау уын хорз ракӕна, мах стӕм ахӕм уавӕры, хуымӕтӕгдӕр зӕгъгӕйӕ та, нӕхи цӕстытӕй уынӕм ахӕм ныв, ӕмӕ зӕрдӕ кӕмӕй рухс кӕны. Цы зӕгъынмӕ хъавын уымӕ? Значытты хъуыддагӕй, ӕз зӕгъынмӕ хъавын уый, ӕмӕ нӕ бӕрӕггӕнӕнтӕ бӕллиццаг кӕй сты. Бӕллиццаг, ома адӕм ииуылдӕр кӕмӕ бахӕлӕг кӕной, ахӕм бӕрӕггӕнӕнтӕ нӕ къухы бафтыд, уӕхскуӕзӕй кӕй куыстам, нӕхиуыл кӕй нӕ ауӕрстам, нӕ фадӕттӕй ӕххӕстӕй кӕй пайда кодтам, зындзинӕдтӕ кӕй

ницæмæ дардтам, уый руаджы. Афæдзы æмбисы пълан уæлдайджынтæй сæххæст кæнын нæ къухы цы мадзæлтты фæрцы бафтыд, уыдон нын фадат радтой нæ размæвæрд хæстæ сæххæст кæнынæн. Нæ куысты бæрæггæнæнтæ хынцгæйæ æмæ сын аргъ кæнгæйæ...

**Баркасов (йæ ныхас ын æрдæгыл аскъуынгæйæ).** Иван Силы фырт, адæймаджы æвзагæй – ма дзур!

**Тятин.** Уæдæ æз цавæр æвзагæй дзурын?

**Баркасов.** Нæ зонын, цавæр æвзагыл дзурыс, уый, фæлæ дын бамбарæн нæй. Цæуыл дæхи лæмарыс? Хуымæтæгдæр дзурынил архай.

**Тятин (фæныхкъуырд уæвгæйæ).** Умæй ницы рауайдзæн Алексей Гаврилы фырт. Уыйбæрц адæмы æхсæн хуымæтæг æвзагыл дзурын мæ бон нæу. Мæ ныхасы хъæд куы нæ аивон, уæд, цы дзурон, уый дæр мын нæ уыдзæн. Нæ пълан сæдæ дæс процентæй сæххæст кодтам æмæ ууыл хъуыддаг ахицæн. Уыцы хъуыдымæ ма исты бафтауæн ис? Ницы. Сæдæ дæс проценты, мæ хæлæрттæ! Цæй куыд у? Уæ зæрдæтæ райынц æви нæ?

**Баркасов.** Фæдæ?

**Тятин.** Æргом дзургæйæ ма мæ зæрды цыдæртæ зæгъын уыдис, фæлæ кæд бирæ дзурæн нæй, уæд... Уæвгæ ма иуцалдæр ныхасы зæгъон. **(Официалон хъæлæсыуагæй.)** Æмбæлттæ! Уæлдæр цы бæрæггæнæнты кой кодтон, уыдон нæ абоны уавæр бæрæг кæнынц, ома æвдисынц нæ ныртæккæйы уæцæгдзинад? Æви уыцы бæрæггæнæнтæ куыд бæрæг кæнынц, афтæмæй бæрæг нæу...

**Баркасов (уайдзæфгæнæгау).** Иван Силы фырт...

**Тятин.** Адæмы раз дзургæйæ мыл цыдæр æрцæуы æмæ цы у, уымæн мæхæдæг дæр ницы "мбарын. Ме "взагыл æнахуыр дзырдтæ абады.

**Баркасов.** Дæ раныхас ма – иу дæхи ныхæстæй радзурыныл бацархай. Цы ма нын зæгъинаг уыдтæ?

**Тятин.** Значытты хъуыддагæй, Хуыцау дын хорз ракæна, æз уый зæгъинаг уыдтæн, æмæ уыцы нымæцты фæстæ кæй ис адæмы æнæзæрдæхудт фæллой. Иу цыбыр ныхасæй, чидæр куыд загъта, нæ адæмæй дæллаг галау чи нæ куыста, иу дæр ахæм нæй.

**Баркасов.** Иван Силы фырт раст загъта, уыцы нымæцтæ

адæмы æнæзæрдæхудт фæллойыл дзурынц. Нæ куыст цæстыахадгæ кæй фæрцы рауад, уыдоны æхсæн æппæты фыццаг зæгъын æмбæлы йæхи ном...

**Тятин.** Æз иннæтæй уæлдай ницы бафыдæбон кодтон...

**Баркасов.** Кæй зæгъын æй хъæуы, мах ардæм кæрæдзийæ æппæлынмæ не 'рцыдыстæм, фæлæ нæ куысты бæрæггæнæнтæн аргъ кæнгæйæ, зæгъæн ис, фидæны ноджы стырдæр æнтыстдзинæдтæ кæй равдисдзыстæм.

**Тятин.** Тынг раст зæгъыс!

**Баркасов.** Мæнæ ма ацы диаграммæмæ æрбакæсут... **(Тыхтон райхæлдта.)** Ацы ран бæлвырдæй зыны нæ дарддæры рæзты фæндаг...

**Тятин (тыхтон халынæн ын æххуыс кæнгæйæ).** Ацы уат æгæр къуындæг у диаграммæйæн.

**Баркасов.** Конференц – залмæ цомут...

**Æмбырды архайджытæ конференц–залмæ ацыдысты. Къæнцылары райхъуысти телефоны дзæнгæрæг. Хæтæл систа хъуыддагаразæг Духоявленский.**

2

**Духоявленский (телефонæй).** Хъусын дæм... **(Зынæрвæссонæй.)** Баркасов æмбырды ис... Нæ зонын. Фæстæдæр – иу æм æрбадзур.

**Настя (Слоняевæн).** Ахæм цæстæй – ма мæм ма кæс.

**Слоняев.** Цавæр цæстæй?

**Настя.** Фыс мæймæ куы кæса, уый хуызæн...

**Слоняев.** Фыс мæймæ æцæгæлон цæстæй фæкæсы, мæнæй та уый зæгъæн нæй.

**Настя.** Ныхъхъуытты ма мæ уадз. Кусгæ кæнын, уый нæ уыныс? Ма мæ хъыгдар.

**Духоявленский.** Фæрсаг ныхæстæ куыд нæ хъусон, афтæ. **(Софочкæ Крутецкаяйæн.)** Æмбал Крутецкая, гæххæтт цæттæ у?

**Софочкæ.** Фæвæййын æй: Антон Антоны фырт.

**Къæнцылармæ æрбахызт æрбацæуæг. Тыппыртæ, тыхулæфт кæны. Къухмæрзæнæй йæ цæсгомы хид сæрфы.**

3

**Ӕрбацæуæг (Слоняевæн).** Директор нæма рацыд?

**Слоняев.** Ӕмбырды ис.

**Ӕрбацæуæг.** Ӕвæццæгæн æм банхъæлмæ кæсдзынæн. Кæннод мæ тæрхъустæ фæцагъды уыдзысты...

**Слоняев (мидбылты худгæйæ).** Дæ тæрхъустæ цагъды кæнынц, зæгъыс?

**Ӕрбацæуæг.** Уæдæ! Сыдæй мæлынц. Мæйы кæронмæ сæ райстон. Уый фæстæ та сæм хъуамæ зилой, цы кусæндæт – тæм фидаргонд сты, уыдон.

**Слоняев (худгæйæ).** Ӕмæ абон ног мæйæ фондз боны куы рацыд.

**Ӕрбацæуæг.** Уæдæ дын æз цытæ дзурын. Цы тæрхъустæ ма мæм баззад, уыдоны уавæр тынг æвзæр у.

**Духоявленский (телефоны дзæнгæрæджы хъæрмæ хæтæл сисгæйæ).** Хъусын дæм... **(Фæлмæн хъæлæсæй.)** Гребешков куы дæ, нæ дæ базыдтон. Уым, æвæццæгæн, хæтæл истæй ферох. Ныртæккæйы минутыл, æмбал Гребешков. Ныртæккæ йæм мæхæдæг цæуын... **(Хæтæл арæхстгай стъолыл æрæвæрдта.)**

**Ӕрбацæуæг.** Директор ардæм рацæудзæн?

**Ӕрбацæуæгæн дзуапп нæ ратгæйæ, хъуыддагаразæг тагъдгомау федде. Ӕрбацæуæг йæ дарæс адзæбæхтæ кодта, йе уæхсчытыл бæрзонддæр схæцыд.**

4

**Слоняев (машинисткæйæн).** Уæдæ мæ, зæгъыс, уæхимæ нæ хоныс, Настенькæ?

**Настя.** Мæнмæ гæсгæ дын иу хатт, "нагъ!", зæгъгæ, загътон.

**Слоняев.** Абон сабат бæргæ у. Райсом та – фæлладуадзæн бон. Киномæ бацыдаиккам. Атезгъо кодтаиккам. Ы?

**Настя.** Нæ – гъа, Володя.

**Слоняев.** Кæннод æз иу хатт афтæ бакæндзынæн, æмæ уæм æнæфæрсгæйæ бацæудзынæн. Исты мæ сургæ ракæндзыстут...

**Настя.** Ӕппындæр ницæмæ фæкæсдзынæн, афтæмæй дæ расурдзынæн. Фæлтау ма "рбацу... **(Мæстыйæ.)** Ма ма мæ

хъыгдар, Володя! Ацы куыст мæ тагъд фæуын хъæуы... **(Йе "мныхасгæнæгæй иуфарс азылд.)**

**Слоняев (йæ дзыппæй цавæрдæр хъазæн сисгæйæ).** Чысыл ма бахатыр кæн, Настенькæ. Фæсарæнты фæстагдæр цы ногдзинад фæзынд, уый дын равдисынмæ хъавын...

**Настя (цымыдисхуызæй).** Ой, уый та цы у?

**Слоняев.** Кафгæ чи кæны, ахæм хъыбыл. Стæй ма уыцы иу рæстæг кæны хъох – хъох дæр.

**Настя (йæ фарсмæ æрбадгæйæ).** Хъох – хъох дæр кæны?

**Слоняев.** Йæ къæдзил ын куы райвазай, уæд йæ хъох – хъох райхъуысы. Йе ратъыл ис кæсæн æмæ былтæахорæн æвæрæн.

**Настя.** Диссæгтæ!

**Слоняев.** Йæ къæдзилыл ын тынгдæр рахæц æмæ йæ хъох – хъох ссæуа.

**Къæнцылармæ æрбахызт Баркасов. Йæ фæдыл Тятин æмæ хъуыддагаразæг. Æрбацæуæг тагъдгомау бауад директормæ.**

## 5

**Æрбацæуæг.** Æмбал директор, уыцы тæрхъустæн цы кæнон?

**Баркасов.** Фæлæу – ма, телефонæй адзурын уал мæ бауадз.

**Æрбацæуæг.** Мæнæ ма ацы гæххæтмæ дæ иу цæстæй уæддæр æркæс, цæмæй тæрхъустæ сымахмæ лæвæрд кæй æрцыдысты, уый базонай.

**Баркасов.** Чи сæ радта махмæ? **(Цæугæ-цæуын гæххæтмæ кæсы.)**

**Тятин (иннæтæ йæ куыд нæ хъусой, афтæ Слоняевæн).** Ай та дын цы у? **(Стъолæй хъазæн хъыбыл фелвасгæйæ.)** Куысты рæстæг дæхи адæттыл ирхæфсыс?

**Слоняев (лæгъстæгæнæгау).** Æмбал Тятин...

**Баркасов (æрбацæуæгæн).** Уый фæстæ æркæсдзынæн ацы гæххæтмæ. **(Телефонæй.)** Хъусын дæм, æмбал Гребешков. О, фæлæ мæ радиойæ радзурыны тыххæй рагацау бацæттæ кæнын хъæуы... Радиоцентрæй мæм сæхæдæг æрбадзурдзысты? Омæ хорз. Баныхас кодтам, æмбал Гребеш –

ков.

**Ӕрбацӕуӕг (директоримӕ аныхас кӕныныл архайгӕйӕ).** Ӕмбал Баркасов...

**Духоявленский (ӕрбацӕуӕджы аиуфарс кӕнгӕйӕ).** Алексей Гаврилы фырт, дӕ хорзӕхӕй, мӕнӕ ма ацы гӕххӕттыл дӕ къух ӕрӕвӕрынмӕ ма фӕзивӕг кӕн. Главкы йӕм ӕнхъӕлмӕ кӕсынц.

**Баркасов (кӕсы йӕ).** Афтӕ йӕ нӕ хъуыди. Ацы дзырдтӕ дзы уӕлдай сты. Сраст сӕ кӕнут.

**Тятин (хъуыддагаразӕгмӕ).** Справкӕ та кӕм и?

**Баркасов.** Хӕдӕгай, ӕцӕгӕй, справкӕ цы фӕци?

**Софочкӕ (йӕ былтӕ тагъд–тагъд ацахоргӕйӕ).** Справкӕ цӕгтӕ у, Алексей Гаврилы фырт. Мӕнӕ и...

**Ӕрбацӕуӕг.** Ӕмбал Баркасов...

**Баркасов (справкӕ цӕугӕ–цӕуын кӕсгӕйӕ).** Бахатыр кӕн. Уый фӕстӕ. Ныртӕккӕ мӕ не "вдӕлы. Ӕмбырд мӕм ис.

**Ӕрбацӕуӕг.** Сымах йеддӕмӕ тӕрхъустӕм ахӕм ӕцӕгӕлон цӕстӕй ничи кӕсы.

**Баркасов, Тятин ӕмӕ ӕрбацӕуӕг ацӕуынц.**

## 6

**Духоявленский (машинисткӕйӕн).** Ӕмбал Тройкина, мӕнӕ ма ацы гӕххӕтт ногӕй рамыхуыр кӕн... **(Къӕнцылары рацу–бацу кӕнгӕйӕ.)** Афтӕ гъе, мӕ хӕлӕрттӕ, нӕ директоры куыст дзӕвгар хуыздӕрхъуаг у.

**Софочкӕ (рафыцгӕйӕ).** Раст нӕ дзурыс! Ӕмбал Баркасов не "ппӕты бӕсты дӕр кусы!

**Духоявленский.** Гъе ӕмӕ йӕ сӕйраг аипп дӕр уый мӕдӕг ис.

**Слоняев (бахудгӕйӕ).** Алы хъуыддаджы дӕр йӕ фындз тъыссы.

**Духоявленский.** Директор ахӕм уавӕры кӕй бахауд, уый алкӕмӕндӕр зындгонд у: йӕ бон нӕ баци йӕхицӕн аккаг хӕдивӕг ссарын. Тятин нӕ арӕхсы, йӕ размӕ цы сгыр хӕстӕ лӕууы, уыдон ӕххӕст кӕнынмӕ.

**Настя (рамӕсты уӕвгӕйӕ).** Иван Силы фырт Тятин тынг хорз адӕймаг у!

**Духоявленский.** Уый бӕрнон кусӕгӕн фаг нӕу... **(Йӕ**

**риуыл бæрзонддæр схæцгæйæ.)** Хъуамæ директоры хæдивæгæй куса ахæм адæймаг, кæцыфæнды сахат дæр уынаффæ рахæссын йæ бон кæмæн уа.

**Слоняев.** Антон Антоны фырт, цыма Баркасовы хæдивæгæй дæу æвæрынмæ хъавыдысты, иу заман мæ хъусыл ахæм ныхас æрцыд.

**Духоявленский.** Дæ хъусыл æрцыд цы хоныс? Гребешков мын æй комкоммæ йæхæдæг загъта. Фæлæ Баркасов æмæ райкомы кусджытæй иуæй – иутæ сæ къæхтæ ныццавтой...

**Слоняев.** Антон Антоны фырт, телефонæй дæм дзурынц.

**Духоявленский (хæгæлы).** Хъусын дæм... Баркасовы? Ныртæккæ. **(Софочкæмæ.)** Æмбал Крутецкая, директормæ – ма фæдзур. Районы центрæй йæ агурынц.

**Софочкæ (машинисткæимæ йæ сусæг ныхас фæуадзгæйæ).** Цæуын... **(Йæ сæры фаст фæаивдæр кодта, йæ былтæ ацахуырста æмæ ацæуы.)**

**Духоявленский (Слоняевæн).** Тятин, зæгъыс, æмæ... Æргом ма мын зæгъ, уый йæ бынат у? Нæй! Тятин йæ фындзæй дарддæр ницы уыны. Ахæм стыр бынаты кусæджы зонд та хъуамæ дардыл æххæсса, йæ алыфарс цытæ цæуы, уыдон иннæтæй хуыздæр уына.

**Слоняев.** Дзаумæттæласæны кусæгæн дæр нæ бæззы.

**Духоявленский.** Дæуæн уый загъдæуа. Директоры цæсты кæм бафтаудзæн, уый бæрæг нæй. Иу хатт куы ра, уæд æй ахæм ран баппардзæн, æмæ сæ дыууæйы бæрзæйтæ дæр асæтдзысты.

**Æрбацыд Баркасов, йæ фæстæ – æрбацæуæг æмæ Софочкæ Крутецкая.**

**7**

**Æрбацæуæг.** Æмбал Баркасов... Иучысыл ма бахатыр кæн...

**Баркасов.** Телефонмæ ма ı дзурынц, уый нæ уыныс?

**Æрбацæуæг (Слоняевæн).** Цыма фæфæлмæндæр...

**Баркасов (хæтæлы).** Хъусын... Бамбæрстон... Райсом изæры авд сахатыл? Хорз... Баныхас кодтам... **(Хæгæл æрæвæрдта.)**

**Æрбацæуæг.** Æмбал Баркасов, ацы гæххæтмæ ма кæсгæ

уæддæр æркæн, цæмæй бамбарай, мæ тæрхъустæ иуулдæр...

**Духоявленский (æрбацæуæджы иуфарс кæнгæйæ).** Алексей Гаврилы фырт, мæнæ Главкмæ цы гæххæтт бацæттæ кодтон, уый. Ногæй йæ рамыхуыр кодтам. Дæ къух бавæрын ма дзы хъæуы.

**Æрбацæуæг.** Æмбал Баркасов...

**Баркасов (гæххæтт кæсгæйæ).** Æз уын афтæ куы загътон, ацы дзырдтæ уæлдай сты, зæгъгæ. Æви мæ бæллæхы баппарынмæ хъавут? Сраст æй кæнут.

**Духоявленский.** Бахатыр кæн. Мæ цæст æм нæ фæдардтон. Машинисткæйы аххос уыд.

**Æрбацæуæг.** Æмбал Баркасов, мæнæ сты уыцы гæххæттытæ...

**Баркасов.** Абон дзы ницыуал рауайдзæн, райсом – иу æрбацу. Ныртæккæ тынг æнæвдæлон дæн.

**Æрбацæуæг.** Цытæ дзурыс? Райсоммæ йын æргъæвæн нæй. Райсоммæ дзы иу дæр нал баззайдзæн.

**Баркасов (йæ армытъæпæнæй йæ цæстытæ асæрфгæйæ).** Кæмæй?

**Æрбацæуæг (директоры фæдыл дуармæ рацæугæйæ).** Райсоммæ, æмбал Баркасов, иууылдæр быдзагъд фæуыдзысты.

**Духоявленский.** Æмбал Тройкина, ацы гæххæтт ма ноджыдæр иу хатт рамыхуыр кæн.

**Баркасов бацыд йæ кусæн уатмæ, йæ фæдыл Тятин дæр. Æрбацæуæг дуары цур æрлæууыд. Баркасов йæ зæрдæйыл фæхæцгæйæ, йæхи къæлæтджыныл æнæбон уагъд æркодта.**

## 8

**Тятин.** Цы кодтай? Исты дæ риссы?

**Баркасов.** Мæ зæрдæ цыдæр кæны.

**Тятин.** Дохтырмæ, дохтырмæ фæдзурут... Йæхи æвзæр банкъардта...

**Æрбацæуæг.** Телефонæй йæм фæдзурæм?

**Баркасов.** Нæ хъæуы... Мæ зæрдæ чысыл... Макæдæм дзурут...

**Тятин.** Уый та куыд у? Ӕнæмæнг дохтырмæ фæдзурын хъæуы. **(Ӕрбацæуæгæн.)** Дохтырмæ ма ардæм фæдзурут... Тыргъты рахизырдыгæй дыккаг дуар... **(Ӕрбацæуæг ацыд.)**

**Баркасов.** Ницуал мын у.

**Ӕрбацæуæг (ногæй та фæзынгæйæ).** Ныртæккæ дохтыр æрбацæудзæн... Цæй куыд у, æмбал Баркасов нæма дын фенцондæр? Мæ гæххæтмæ æркæсын дæ бон бауыдзæн? Тæрхъустыл дзуапдæттæг кæй стут, уымæй ницы мæнг зæгъын.

**Дохтыр æрбацыд урс халаты. Тятин уаты дуар æрбахгæдта, æрбацæуæджы тыргъы фæуадзгæйæ.**

## 9

**Баркасов.** Бахатыр кæн, дохтыр, ницæйы тыххæй дæ батыхсын кодтам.

**Тятин.** Нæ, нæ. Иугæр кæм æрбацыдтæ, уым æй фен, дохтыр. Йæ зæрдæ цыдæр кæны. Чысыл — ма бахъæуа, ма бауадзыг уа.

**Дохтыр.** Дæ къух — ма æри... Ныртæккæ... Афтæ... Тæссагæй дзы ницы ис... Туджы цæф дæр йæ бынаты... Чысыл ивддзинæдтæн ницы у...

**Тятин.** Йæ хуызмæ йын нæ кæсыс, куыд фæлурс у?..

**Дохтыр.** Бафæллади. Отпуск æй цæуын хъæуы.

**Баркасов.** Нæ, ныртæккæ мæ отиусктæм æвдæлы?

**Тятин.** Уымæй раст зæгъы. Ныртæккæ йын отпусчы цæуæн ницы хуызы ис.

**Дохтыр.** Уæдæ уæ уæд цы бакæнын хъæуы, уый уын зæгъдзынæн...

**Тятин.** Алексей Гаврилы фырт, наукæ цы зæгъы, уымæ байхъус. Дохтыр цы зæгъа, уыдон ныффыссын та мæ бар фæуæд.

**Баркасов.** Ӕрмæст сæ мæ бон кæнын куыд уа, афтæ.

**Дохтыр.** Зынæй дзы ницы ис: фæллойы гигиенæйы тыххæй дын бакæсдзынæн цыбыр лекци.

**Баркасов.** Уый æндæр хатмæ аргъæвæм.

**Дохтыр.** Уæдæ дын иу — дыууæ ныхасы зæгъон. Куыстмæ æмбаргæ цæстæнгасæй кæсын, мæ хур, тынг ахсджиаг хъуыддаг у. Кæд дæ йæ зонын фæнды, уæд уый у фæллойы æнтысындзинады бындур.

**Тятин (йæ цæстытæ æрцъынд кæнгæйæ).** Мах нырткккæ нæ дыстæ арф батулын хъæуы...

**Дохтыр.** Уый ныхмæ ницы зæгъæг дæн. Фæлæ уæддæр хиуыл ауæрдын хъæуы. Адæймаджы бон бирæ у, фæлæ йæ улæфын дæр хъæуы. Чысыл баулæфын дæр ын пайда у. Æрмæст улæфын зонын хъæуы.

**Тятин.** Иннæты тыххæй дзуапп нæ ратдзынæн, фæлæ мæнæн куыддæр мæхимæ мæ зæрдæ фехсайы, афтæ дива-ныл мæхи ауадзын æмæ мæ хуыр-хуыр ссæуы.

**Дохтыр.** Ахæм улæфт алы хатт йæ нысаныл нæ сæмбæ-лы. Лæг тынг куы бафæллайы, уæд дæр сæры магъз йæ ку-сынæй не 'нцайы æмæ диваныл ахуыссынæй адæймаджы фæллад не ссæуы.

**Баркасов.** Уæдæ ахæм заман цы кæнгæ у?

**Дохтыр.** Ахæм заман хъуамæ былгон æндæр цæуыл-дæрты хъуыды кæнай. Зæгъæм, хъуамæ театрмæ ацæуай.

**Тятин.** Нæ зонын. Æз афтæ нæ хъуыды кæнын.

**Дохтыр.** Уый хыгъд медицинæ сымах бæсты хъуыды кæны. Æрдæбон театры кой не скодтон? Канд театр нæ. Хи аирхæфсæн цæуылфæндыдæр ис. Зæгъæм, сывæллонимæ ахъазыдтæ, радиомæ байхъуыстай, чиныджы бакастæ. Дæ хъуыдытæ дын йæхирдæм чи аздаха, уыцы хъуыддæгтæй ал-кæцыдæр хорз у.

**Баркасов.** Уымæй раст зæгъыс. Мæ зæрдыл, паддзахадон фæлварæнтæ куы лæвæрдтон, уыцы рæстæг æрлæууыд. Суткæ ссæдз сахаты чиныджы уæлхъусæй уæлæмæ не стад-гæн. Мæ улæфты рæстæг-иу доны былмæ фæцагайдтон æмæ-иу мæхи найынмæ фæдæн, кæнæ та-иу волейболæй хъазынмæ февнæлдтон. Фæстæмæ-иу уыцы уæнгрогæй фездæхтæн.

**Дохтыр.** Мæ ныхæстæ мын раст бамбæрстай. Ныр мæ бон ацæуын дæр у, уымæн æмæ уæм мæ зæрдæ нал æх-сайы... Дæ зæрдæйыл та куы хæцыс. Дæ зæрдæ тынг хорз кусы. Кæм ис, уый дæр ферох кæн.

**Баркасов.** Куыд æй ферох кæнон, йæ гуыпп-гуыпп куы цæуы, уæд?

**Дохтыр.** Омæ дын æз цытæ дзурын. Дæхи истæуылты аирхæфс: кино кæнæ театрмæ бацу æмæ дæ сагъæстæй фервæзай... Дзæбæхæй баззайут. **(Æддæмæ рацæуы.)**

**Тятин (ныллæг хъæлæсæй).** Бахатыр кæн, дохтыр... Уæд — дæр хуыздæр кæдæм хъуамæ ацæуа? Оперетгæмæ? Чи зоны, уым хъæлдзæгдæр уыдзæн. Æви драмæмæ?

**Дохтыр.** Уыдон дыууæ дæр хорз сты.

**Тятин.** Иунæгæй æви искæимæ?

**Дохтыр.** Иунæгæй, кæй зæгъын æй хъæуы, хорз нæу. Зæгъæм, пьесæ исты лæмæгъ куы рауайа, уæд, кæимæ аныхас кæна, уый дæр нæ уыдзæн. Æз дын мæхи кой ракæнон. Махмæ, поликлиникæйы иу сылгоймаг ис. Театр йеддæмæ йын мацы ратт. Мæ къухыл мын фæхæцы, æмæ мæ театры смидæг кæны. Нæ хъæлдзæг ныхæстæн кæрон нал вæййы, фæхъазæм, фæхудæм. Æргом дын куы зæгъон, уæд, мæ фæллад цы фæвæййы, уый зонгæ дæр нæ бакæнын... Цæй, иу хатт ма уын мæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад. Дзæбæх ут! **(Ацæуы.)**

**10**

**Тятин.** Нæ дохтыр мæм цыдæр æнахуыр фæкаст.

**Баркасов.** Цæмæн зæгъыс? Тынг зонджын ныхæстæ кодта.

**Тятин.** Цавæр зонджын ныхæстæ сты уыдон? Театрмæ, дам, де "мкусæг сылгоймæгтæй искæимæ ацу.

**Баркасов.** Уый афтæ дзырдæн загъта.

**Тятин.** Дæхи, дам, истæуылты аирхæфс... Дæ зæрдæйыл та хæцыс? Хъыгдары дæ?..

**Баркасов (гæххæттытæм кæсгæйæ).** Иучысыл. Мур дæр ын нæу.

**Тятин.** Мæнмæ гæсгæ, Алексей Гаврилы фырт, наукæ цы зæгъы, уымæ хъус æрдарын хъæуы. Цæуыннæ цæуыс те — атрмæ? Дæхи аирхæфс. Чи зоны, æмæ дын æвдадзы хос фæуа. Ныртæккæ дын рынчынгæнæн нæй. Нæ кусæндон сæфты къахыл ныллæудзæн.

**Баркасов.** Театртæ — йеддæм мæ "вдæлы?

**Тятин.** Афтæ цæхгæр ма . ыллæуу. Æргом дзургæйæ, æз ацы дохтыртыл уыйас тынг не "уæндын. Фæлæ, цы нæ вæййы, чи зоны, æмæ дын исты феххуыс уа. Цы зæгъыс?

**Баркасов.** Нæ зонын... Æвæццæгæн, нæ ацæудзынæн. Иван Силы фырт, хъуыддæгтæаразæгмæ — ма фæдзур. Глав — кмæ цы гæххæтт æрвитæм, уый, куыд æмбæлы, афтæ куы нæ скæна, уымæй тæрсын. **(Куысты аныгъуылд.)**

**Тятин къæнцылармæ бацыд. Йæ фæдыл – æрбацæуæг.**

## 11

**Æрбацæуæг.** Цæй куыд у? Фæсæрæндæр директор? Бацæуын æм æмбæлы?

**Тятин.** Нæма, нæма. **(Хъуыддагаразæгæн.)** Антон Антоны фырт, директор уыцы гæххæтт агуры.

**Æрбацæуæг.** Мæн ма иу кусæндонмæ цæуын хъæуы æмæ уал уырдæм бауайон. Уыдон дæр сæ тæрхъустæ нæма райстой. Сахаты фæстæ мæ ардæм хъæуы. **(Ацæуы).**

**Духоявленский.** Æмбал Крутецкая, марадз ацы гæххæтт директормæ бадав. Йæ цæсты сындз мæ федта, æндæр æм æй мæхæдæг дæр бахæссин.

**Софочкæ (йæ былтæ ацахоргæйæ).** Ныртæккæ... **(Æмæ фæцæуæг.)**

**Тятин (ныллæг хъæлæсæй).** Софья Василийы чызг, дæуимæ мæ ныхасаг ис... Нæ директормæ дохтыр уыдис, æмæ йын афтæ загъы, театрмæ, дам, арæхдæр цу æмæ дæ зæрдæйы рыст фæцыдæр уыдзæн. О, æмæ дын цы загъинаг уыдтæн: искуы – иу хатт – иу йемæ куы ацæуис...

**Софочкæ.** Уыдæттæ иууылдæр хорз, фæлæ сæ мæнæн цæмæ дзурыс?

**Тятин.** Дæ зæрдæ йæм кæй æхсайы, уый хынцгæйæ...

**Софочкæ.** Мæ зæрдæ йæм æцæгæйдæр æхсайы, фæлæ мæм хынджылæггаг миты архайын нæ цæуы.

**Тятин.** Дæ хæрзæгъдаудзинадыл мæ зæрдæ даргæйæ, æз дæуæй курын, цæмæй...

**Софочкæ.** О, фæлæ нæ дыууæйы фæндон æгъгъæд нæма у. Хъуамæ мын Баркасов йæхæдæг...

**Тятин.** Цыма йæ нæ зоныс, цавæр лæг у, уый! Размæ схойын æй хъæуы, йæхæдæг никуы ницы сараздзæн. Йæхи мæт æй æппындæр нæй.

**Софочкæ.** Нæ зонын, цы дын загъон, уый. Хорз. Бафæлвардзынæн.

**Тятин.** Бафæлвар, бафæлвар. Кæннод ын ацы æнæвдæлон рæстæг рынчынгæнæн нæй... Æз ныртæккæ оперettæмæ бадзурдзынæн, цæмæй нын аизæрмæ дыууæ билеты æрбахæссой...

**Дыууæйæ дæр къæнцыларæй рацыдысты. Софочкæ Крутецкая бацыд директоры кусæн уатмæ.**

12

**Софочкæ (гæххæтт æм дæттæйæ).** Куыд дæ?

**Баркасов.** Бузныг. Хуыздæр.

**Софочкæ.** Алексей Гаврилы фырт, дохтыртæ, дам дын, театрмæ арæхдæр цу, зæгъгæ, загътой?

**Баркасов.** Уый æцæг афтæ у... **(Гæххæтт кæсгæйæ.)** Ныр æм ницыуал аипп ис.

**Софочкæ.** Æз та мæхи театрмæ срæвдз кодтон æмæ дæ кæд... уæд демæ стыр зæрдиагæй...

**Баркасов.** Бузныг, Софья Василийы чызг. Иуахæмы æнæ – мæнг ацæудзыстæм. Мæнæ ацы гæххæтт главкмæ бафыс – тон...

**Софочкæ.** Æз театрмæ абон цæуинаг уыдтæн...

**Баркасов.** Нæ, абон мæ нæ равдæлдзæн. **(Йæ къух йæ зæрдæйыл авæргæйæ.)** Æвæццæгæн, абон цæугæ æрцæудзæн... Бузныг, Софья Василийы чызг...

**Софочкæ.** Æз ныртæккæ... Æрмæстдæр базонон... **(Атахт.)**

13

**Духоявленский.** Æмбал Слоняев, кæд нымад фæдæ, уæд дæ бæрæггæнæнтæ директормæ бахæсс. Уадз æмæ сæм æркæса.

**Слоняев.** Цæуын... **(Гæххæттытæ рамбырд кодта æмæ сæ папкæйы авæрдта.)**

**Софочкæ (къæнцылармæ бацæугæйæ машинисткæмæ æргуыбыр кодта).** Цы дын зæгъон, уый зоныс, Настенькæ? Баркасов мæ театрмæ хоны.

**Настя.** Ма дзур! Нæ мæ уырны. Диссæгтæй цы кæныс! Афтæмæй та кæсгæ æдзухдæр мæнмæ кодта!

**Софочкæ.** Театрмæ та абон мæн хоны...

**Хъуыддæгтæаразæг сын сæ ныхæстæ фехъуыста. Слоняев бацыд директоры кусæн уатмæ.**

14

**Баркасов.** Уæ хатдзæгты цы рæдыд уыд, уый сраст кодтат?

**Слоняев.** О, æмбал директор.

**Баркасов.** Уый фæстæ йæм æркæсдзынæн. Ацу. О, хæ–дæгай, цæмæй дæ бафæрсынмæ хъавыдтæн... Цард куыд у æнæуи?

**Слоняев (æлхынцъæрфыгæй).** Æмбал директор, мæ рæдыд сраст кодтон. Бацархайдзынæн бæлвырддæр кусыныл. Кафгæ чи кæны, уыцы хъыбылы тыххæй та...

**Баркасов.** Цавæр хъыбылæй зæгъыс?.. **(Йæ армытъæ–нæнтæ йæ цæстытыл ахæсгæйæ.)** Цыдæр та цыма кæнын. Мæ сæры мигъ ныббадт. Демæ дæр уый тыххæй аныхас кæнынмæ хъавыдтæн... Дæ уæгъд рæстæг куыд æрвитыс?

**Слоняев.** Кæд афтæ хъуыды кæныс, уæд... Уый хахуыр у... Æз, зæгъæн ис, æмæ æппындæр нæ нуазын...

**Баркасов.** Кæцырдæм ахæцыдтæ? Æз дæ уымæй нæ фæрсын. Цæуылты, зæгъын, дæхи фæирхæфсыс? Дæ уæгъд рæстæг куыд æрвитыс?

**Слоняев.** Культурон æгъдауæй, æмбал директор. Чингуы–тæ. Алыхуызон газеттæ...

**Баркасов (бахудгæйæ).** Цæттæ гæды ныхæстæ. Æз дæ директоры фарст нæ кæнын. Мæн базонын фæнды, ныр–тæккæ адæм сæ улæфт куыд уадзынц, уый...

**Слоняев.** Ахæм æууæнк мæм кæй равдыстай, уый тых–хæй дын стыр бузныг.

**Баркасов.** Зæгъæм, абон фæскуыст цы дæ зæрды ис?

**Слоняев.** Нæхимæ ацæудзынæн. Уый фæстæ, изæрæй, чи зоны, мæ зонгæ сылгоймагимæ фембæлон. Исты йын ба–хæсдзынæн...

**Баркасов.** Цы, зæгъæм?

**Слоняев.** Адджын гуыл, тъорт. Кæнæ та дидинджытæ.

**Æрбацыд Тятин. Гæххæттыты папкæ райста æмæ цæу–ынмæ рахъавыд. Фæлæ фæстаг ныхæстæ айхъусгæйæ къæ–сæргæрон фæфæстиат.**

## 15

**Тятин.** Алексей Гаврилы фырт, хивæндæй ницы рам–булдзынæ. Æз мæхæдæг дæр, усгур ма куы уыдтæн, уæд æнæ къафетты къоппæй сылгоймагмæ никуы бацыдтæн. Æнæ уымæй – иу мæм тарæрфыгæй ракастысты. **(Ацæуы.)**

**Слоняев (фæразæнгард уæвгæйæ).** Æз дæр уый зæгъæг дæн, æмбал директор: æнæ уымæй иу къахдзæф дæр ни–кæдæм. Сылгоймæгтæ, Алексей Гаврилы фырт, уæздан–дзинæдтæ уарзынц. Суанг дзы бирæ æхца чи исы, уыдонæй дæр дидинæг кæмæн бахæссай, уый цинæн кæрон нал вæййы...

**Баркасов.** Гм... Омæ хорз... Бузныг. Ацу ныр...

**Слоняев къæнцылармæ æрбаздæхт.**

16

**Софочкæ (мынæг хъæлæсæй).** Мæ лæгæн та цы зæгъ–дзынæн, Настя?

**Настя.** М–да, дæ Юрæйы хъустыл ахæмæй исты куы "рцæуы, уæд æй йæ зæрдæмæ арф айсы...

**Софочкæ.** Мыййаг, Баркасов мæнуылты куы рацæуа, уæд Юрæ фырмæстæй арвмæ асинтæ амайдзæн.

**Настя.** Æмæ театрмæ Баркасовимæ цæуис, уый йын ма зæгъ. Мæнимæ цæуыс, зæгъ æ, йын зæгъ.

**Софочкæ.** Æмæ Баркасов та?

**Настя.** Нæ мæ "мбарыс. Мæнмæ "рбацу. Баркасов дæм мæнмæ "рбацæудзæн æмæ йемæ дæ зæрдæйы дзæбæхæн театрмæ ацæудзынæ.

**Софочкæ.** Тынг раст зæгъыс. Дæ адрис ын ратдзынæн...

**Настя.** Æмбæрстгонд у. Гæххæттыл ын мæ адрис ныф–фысс.

**Духоявленский сын сæ ныхасмæ æрыхъуыста. Софоч–кæ фæцæуы директоры кусæн уатмæ.**

17

**Софочкæ (гæххæтт ын йе стъолыл æрæвæргæйæ).** Мæнæ ам ныффыстон...

**Баркасов.** Ома цы ныффыстай? (**Æфсæрмхуызæй.**) А... О, бузныг, Софья Василийы чызг.

**Софочкæ тагъдгомау ацыд. Директоры кусæн уатмæ ба–цыд Тятин къафетты стыр къопнимæ.**

## 18

**Тятин.** Ныртæккæ дæ ме "фсымæры гæбаз, æз балцмæ рæвдз кæндзынæн. Ацы "Жар – птица" ма нæм 8 – æм мартъийæ баззад. Раст зæгъын хъæуы, æвнæлд æм æрцыди, фæлæ йыл тынг нæ зыны... Мæнæ дын æй дæ пъартфелы æвæрын...

**Баркасов.** Ныуудз æй, уыдæттæ мæ нæ хъæуынц...

**Тятин.** Ома куынnæ хъæуынц? Æнæмæнг дæ хъæуынц...

**Тятин къафетты къопп Баркасовы пъартфелы бафснайдта. Йæ мидбылты худгæ йæ дзыппæй систа, Слоняевæй цы кафгæ хъыбыл байста, уый. Баркасов куысты аныгъуылд. Тятин æм аивæй бакаст æмæ йæ нæ уыны, уый куы бамбæрста, уæд ын хъазæн дæр йæ пъартфелы авæрдта.**

**Баркасов.** Нæ мæ фæнды, Иван Силы фырт, театрмæ цæуын.

**Тятин.** Æнæцæугæ дын нæй.

**Баркасов.** Кæд æндæргæнæн нал ис, уæд – мæ бинойнагимæ.

**Тятин (йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцæвгæйæ).** Мæнæ диссæгтæ! Ус дын кæй ис, уый ма мæ рох дæр фæци. Никуы мæ базонгæ кодтай æмæ ууыл хъуыды дæр нæ акодтон. Фæлæу, ныртæккæ Софья Крутецкаяйæн зæгъон æмæ демæ театрмæ мауал ацæуа...

**Баркасов.** Иттæг раст, Иван Силы фырт, зæгъ ын, абон, зæгъ, дзы ницы рауайдзæн... Фæлæу... Фæхæрам мæм уыдзæн... **(Йæ къух та йæ зæрдæйыл авæрдта.)** Уæвгæ, æвæццæгæн, ацæуудзынæн... Иучысыл мæхи аирхæфсон...

**Тятин.** Æргом дзургæйæ, дæ бинойнагимæ хуыздæр уыдаид, кæй зæгъын æй хъæуы. Уыцы дохтырæн цы загъдæуа...

**Баркасов.** Цæй хорз. Мауал хъуыр – хъуыр кæн. Иу сахаты бæрц ма акусдзынæн, стæй...

**Тятин.** Æгъгъæд фæуæд. Уый бæсты уæхимæ ацу æмæ дæ зæрдæйы дзæбæхæн баулæф. Комкоммæ уæ хæдзармæ, Алексей Гаврилы фырт. Æз дæр иучысыл фалдæр бахæццæ кæндзынæн. Æз дæр сыгъдæг уæлдæфæй аулæфдзынæн, кæннод абондæргъы мæ сæр ныддымст.

**Сæ дзаумæттæ акодтой æмæ дыууæйæ дæр ацыдысты. Духоявленский телефонæй дзуры.**

**19**

**Духоявленский (хæтæлы).** Æз Крутецкийы фатермæ дзурын. Йæхæдæг уым нæй? Уæдæ ды чи дæ?.. Йæ мад?.. Дæ хорзæхæй, Крутецкийæн ма-иу афтæ зæгъ, дæ ус, зæгъ, директор Баркасовимæ фембæлдтытæ аразы машинисткæ Тройкинайы фатеры... Кæд æй æцæгдзинад базонын фæнда, уæд ма-иу уырдæм изæры авд сахатыл фæзынæд. Чи дæн, уый дæ ницæмæн хъæуы... **(Хæтæл æрæвæрдта.)**

**Къæнцылармæ æрбацыд æрбацæуæг.**

**20**

**Æрбацæуæг.** Баркасов та цы фæци?

**Духоявленский.** Сæхимæ ацыд. Райсом-иу æй абæрæг кæн.

**Æрбацæуæг.** Райсом хуыцаубон у. Къуырисæрмæ мæ тæрхъустæ ныххæдмæл уыдзысты. Уæдæ ныр цы чындæуа? Баркасовмæ мæ сæхимæ цæуын бахъæудзæн. Иу-фондз туманы дзы аванс уæддæр райсдзынæн. **(Рацæйцыд.)**

**Духоявленский.** Фæлæу-ма. Хæстæгдæр-ма æрбацу. Цы дын зæгъон, уый зоныс? Æрмæст æй нæ дыууæ йеддæмæ куыд ничи зона, афтæ...

**Æрбацæуæг.** Уый тыххæй та цы дзурыс! Сыпп дæр мæ ничи фехъусдзæн.

**Духоявленский.** Баркасов абон сæхимæ нæ уыдзæн. Алы сабаты дæр иу... сылгоймаджы абæрæг кæны.

**Æрбацæуæг (йæ мидбылты бахудгæйæ).** Æмбарын дæ. Мæхæдæг дæр иуæй-иу хатт...

**Духоявленский.** Æмæ йæм уырдæм бацу. Хъæдбыны уынг, цыппæрæм хæдзар, Тройкинайы фатер.

**Æрбацæуæг.** Æмæ мæ хъы...адзагъд фæкæна?

**Духоявленский.** Цытæ дзурыс! Ахæм заман адæм фæлмæнзæрдæ вæййынц...

**Æрбацæуæг.** Уымæй раст зæгъыс. Иу хатт сылгоймагимæ фæцæйцыдтæн æмæ иу мæгуыргурæн æнæхъæн æртæ сомы радтон...

**Духоявленский.** О, æмæ йæм уырдæм бацу, изæры авд сахатыл. Раздæр дæр нæ, фæстæдæр дæр.

**Æрбацæуæг.** Зæрдæбын арфæ дын кæнын. Æнæмæнг æм бацæудзынæн. Кæннод мæ тæрхъустæ къуырисæрмæйы фаг нал суыдзысты... **(Тагъд—тагъд ацæуы.)**

## ДЫККАГ АРХАЙД

### ФЫЦЦАГ НЫВ

**Ногæй та хæдзары.**

**1**

**Ядов (аразгæ ныхасæй).** Уыцы ныхæстæ ма мын но-джыдæр иу хатт зæгъ. Дыккаг хатт мæ дæ къухæй марг ба-назын фæнды.

**Зойæ (аразгæ ныхасмæ хæстæгдæр).** Уыл мауал дзу-рæм, синьор. Æз дæу никуы бауарздзынæн. Æмæ дæ би-нойнаг никуы суыдзынæн.

**Ядов.** Хæрзбонтæ рау.

**Зойæ.** Ма ацу. Афтæмæй дæ нæ ауадздзынæн. Дæ зæрдæ исты кæндзæн...

**Ядов.** Мæ зæрдæйы мæт ма кæн. Раздæр зæрдæ кæм уыд, уым афтидæй баззад. Æз цæуын...

**Зойæ.** Виктор Эдуарды фырт...

**Ядов.** Æз хъазгæ кодтон, æхсин. Æз цæуын мæ гыццыл машинисткæ Настямæ. Уый мын абон мыхуыр кæндзæн мæ историон драмæйы фыццаг акт. Мæйы æмгъуыдмæ мæ куы ...т куы нæ раттон, уæд мæгуыргурæй агæнн ласдзынæн. Театр æнхъæлмæ кæсыныл нæ разы кæны.

**Зойæ.** Кæдæмфæнды цу, мæнæн уæлдай нæу... Дæуимæ цы ныхæстæ кодтам, уый фæстæ æдзухдæр мæ лæг мæ зæр-дыл æрбалæууы...

**Ядов.** Уый дын гъе!

**Зойæ.** Цы диссаджы адæймаг у. Куыд хуымæтæг. Кæнгæ митæ йæм нæй. Æцæг сты йе "нкъарæнтæ, йæ алы ныхас дæр... Хæдæгай, дæ зæрдæ йæм цæмæ "хсайдта — абон рай-сом цæуыл дзырдтам, уымæй зæгъын — уымæн æппындæр

биндур нæй. Цалынмæ мæ уарза, уæдмæ мæ уарздзæн, куынæуал мæ уарза, уæддæр мын æй зæгъдзæн.

**Ядов.** Æхсызгон мын у уæ амондджын царды хабæртгæ хъусын.

**Зойæ.** Дæ зондджын ныхæстæй мын мæ сæр разилын кодтай. Æмæ мæ цæстытыл цытæ ауад — Хуыцау йæ зонæг. Сайынимæ уымæн иумæйагæй ницы ис. Йæхицæй сыгъдæгдæр æмæ нысанмæтырнагдæр нæй. Уый хорз зоны, цæй тыххæй кусы æмæ цæры. Ды та? Цæй тыххæй цæрыс, уый зоныс? Стæй, цин æмæ пайда кæмæн æрхæсдзынæ, уый дæр?

**Ядов.** Зонын, æхсин! Мин азы фæстæ адæмæн æрхæсдзынæн эстетикон цин, мæ ингæныл æрзайдзæн æрвхуыз дидинæг. Йæ рæзты зæды хуызæн сылгоймаг фæцæйцæудзæн æмæ йæ куы ауына, уæд зæгъдзæн: "Мæнæ цы дис — саджы зайæгой ис!"

**Зойæ.** Мæ лæг æндæр зондыл хæст у. Уый адæмæн цин æндæр хуызы æрхæссынмæ хъавы. Уыимæ иу хъуыддагæй рæдийы: йæхиуыл нæ ауæрды, йæ бинонтæ дзы ферох вæййынц. Стæй, мæнмæ куыд кæсы, афтæмæй уый куыстыл дæр æвзæрырдæм зыны, уымæн æмæ ахæм уавæрты къаддæр æнгысы.

**Ядов.** Æхсин, куыдфæстæмæ адæм аивадмæ хæстæгдæр уыдзысты. Уæд сæхиуыл дæр тынгдæр ауддзысты.

**Зойæ.** Ныртæккæ дæр уыцы рæдыдæй хи бахизæн ис.

**Ядов.** Дæ лæджы уыцы рæдыд мах сраст кæндзыстæм æнæуунæнкдзинады фæрцы.

**Зойæ.** Æз уыцы мадзалæй пайда кæныныл разы нæ дæн..

**Дзæнгæрæг райхъуыст.**

**Ядов.** Уый дæ лæг уыдзæн. Дæ хъæбысы мæ æрбакæн Афтæмæй нæ куы "рбаййафа, уæд ын пайда уыдзæн...

**Зойæ.** Нæ — а.

**Ядов (йæ хъæбысы йæ кæны).** Зойæ...

**Æрбацыд Зойæйы мад.**

2

**Нана.** Мæ чызг. Дæ сæры зонд фæцыд...

**Зойæ.** Мамæ, Боря кæм и?

**Нана.** Ногдзауты æмбырды. Мæ чызг, мæ лæджы фатеры æз мæ хæзгулимæ фембæлын дæр никуы бауæндыдтæн.

**Зойæ.** Бирæ дзы бафæстиат уыдзæн?

**Нана.** Нæ – а. Тагъд æй ардæм хъæуы... Суанг мæ лæги – мæ Парижы куы уыдтæн, уæд... **(Хъуыдыты ацæугæйæ.)** Æвæдза, рæстæг куыд тагъд ивгъуыйы...

**Ядов (Нанайы фæзмæгау.)** Кæддæр цы уыд, уый атахт маргъау, æцæгдзинадæй рауад аргъау!

**Нана.** Ныртæккæ уын æз фынг æрæвæрдзынæн... Ма ацу, Виктор Эдуарды фырт. Иумæ сихор скæнæм. **(Ацыд.)**

**Ядов.** Фæцæуын æз, Зойæ Павелы чызг. Фембæлынмæ уал.

**Зойæ.** Хæрзбон... Мæ зæрды дын зæгъын уыд... Дæ хуы – зæн адæймæгтæ, чи зоны, мæ зæрдæмæ хæстæгдæр сты, фæлæ... Мæныл ныртæккæ дæс æмæ ссæдз азы цæуы...

**Ядов.** Иуæндæс æмæ ссæдз азы, Зойæ Павелы чызг. Скæсæны, адæймаг йæ мады гуыбыны цы рæстæг вæййы, уый дæр йæ кармæ æфтыд цæуы.

**Зойæ.** Омæ иуæндæс æмæ ссæдз дæр фæуæд. Револю – цийы агъоммæйы хабæрттæй мæ зæрдыл чысыл цыдæртæ йеддæмæ нал лæууы, фæлæ хорз хъуыды кæнын дæу хуы – зæн адæмы. Уыдон дæр ахæм стыр ныхасгæнаг уыдысты. Бæрзонд ныхæстæ кодтой, мидæгæй та афтид уыдысты. Сæ иуы размæ дæр дзы нысан нæ уыди. Ахæм нæлгоймæгтæй тæрсгæ кодтон.

**Ядов.** Мæ размæ ис нысан. Уый ды дæ. Мæ равджы тых – хæй та дын зæгъдзынæн...

**Зойæ.** Ма мæм фæхæрам у. Уый æз афтæ æнæуи загъ – тон.

**Ядов.** Астрологты нымадмæ гæсгæ стъалыдзуыгуыртæ зынынц адæймаджы миддунейыл, йе "ппæт буарыл.

**Зойæ (æрыхъуcгæйæ).** Алешæ æрбацæуы...

**Ядов (йæ цæнгтæ хъæбыс кæнынæввонг айтындзгæйæ).** Зойæ... **(Æддæдæр алæугæйæ.)** Фæрæдыдтæн. Æнхъæлдæн, æмæ та дæ сызгъæрин мад у.

**Æрбацыд Баркасов. Йæ къухы – морæ сæрак ньартфел.**

## 3

**Баркасов (нъартфел бандоныл ӕрӕвӕргӕйӕ).** А–а, уый Виктор Эдуарды фырт дӕр ам куы ис. Раздӕры хуызӕн нӕм арӕх цӕуыннӕуал цӕуыс?

**Ядов.** Цӕмӕн афтӕ зӕгъыс? Ныр уӕм арӕхдӕр цӕуын куы райдыдтон...

**Зойӕ (дзурын ӕй нал бауадзгӕйӕ).** Алешӕ, ӕз...

**Баркасов (йӕ усӕн пъа кӕнгӕйӕ).** Зоюшкӕ...

**Зойӕ.** Абон раджы кӕй ӕрбацыдтӕ, уый мын куыд ӕхсызгон у.

**Баркасов.** О, фӕлӕ мӕ тагъд фӕстӕмӕ цӕуын хъӕуы.

**Зойӕ.** Фӕстӕмӕ, зӕгъыс?..

**Ӕрбацыд Зойӕйы мад. Фынг ӕвӕры.**

## 4

**Нана.** Тынг хорз у: сихор нӕхимӕ бахӕрдзынӕ.

**Баркасов.** Мӕхи дӕр бӕргӕ нӕ фӕнды, Зоюшкӕ, куы ацӕуин, уый, фӕлӕ абон ӕнӕнхъӕлӕджы иу... сылгоймагимӕ...

**Нана (ӕваст ын йӕ ныхас фескъуынгӕйӕ).** Дӕ пъалто уӕддӕр ралас... **(Ӕххуыс ын кӕны йӕ пъалто сауындзынӕн.)** Уый тыххӕй йын иу ныхас дӕр ма зӕгъ...

**Баркасов.** Ома цӕй тыххӕй, Алисӕ Юрийы чызг?

**Нана (сабыр хъӕлӕсӕй).** Нӕлгоймаг йӕ фыдуаг митӕ йӕ бинойнагӕн нӕ фӕдзуры.

**Зойӕ.** Алешӕ, абон цыдӕр фӕлурс дӕ... Макуыдӕмуал ацу.

**Баркасов.** Нӕй мын ӕнӕцӕугӕ. Сымахимӕ абадын мӕ бӕргӕ фӕндыд, Бориимӕ ахъазын, фӕлӕ гӕнӕн нӕй.

**Зойӕ.** Уыцы ныхӕстӕ хъусын мын куыд ӕхсызгон у, уый зоныс?

**Нана (Ядовӕн).** Ма ацу. Ды дӕр махимӕ сихор скӕн. Мӕ коммӕ куы нӕ бакӕсай, уӕд фӕрӕдидзынӕ. Бауӕнд мыл.

**Ядов (нанайӕн).** Мӕнмӕ гӕсгӕ хъуыддаг фидауынмӕ цӕуы. Мӕ ныллӕууынӕй ницыуал пайда уыдзӕн.

**Зойæ.** Мамæ, кæд сихор цæттæ у, уæд ма цæмæ кæсæм?

**Нана ацыди.**

**Ядов.** Кæд мын бар дæттут, уæд æз ацæуон. Фæстæдæр уæм зындзынæн.

**Зойæ.** Абон куынæуал æрбацæуай, уæд хуыздæр уыдзæн, Виктор Эдуарды фырт.

**Баркасов.** Уадз æмæ æрбацæуа, Зоинькæ. Иунæгæй дын æнкъард уыдзæн.

**Зойæ (фæгыхстгæйæ).** Æмæ ды исты æрæгмæ "рбацæудзынæ?

**Баркасов.** Дыууадæсыл.

**Зойæ.** Уæдæ – иу уæд æрбацу, Виктор Эдуарды фырт...

**Ядов.** Ууыл мын дæ сæр дæр ма сриссæд.

**Ядов куы рацæйцыд, уæд къæсæрыл Боряйыл хæрхæмбæлд фæци. Йæ сæрæй йын акуывта æмæ ацыд.**

**5**

**Боря.** Мамæ, ахуыргæнæг тынг смæсты, кæй не "рбацыдтæ, уый тыххæй.

**Зойæ.** Мæнæ диссæгтæ! Уый ма мæнæй рох дæр фæци.

**Боря.** Папæ дæр не "рбацыд, мамæ дæр. Сæ фырт дæр, дам, урокты уасæджы уаст уымæн кæны... Уæд уын худинаг нæу? Æцæгдæр хъи – хъри – хъу уымæн кæнын.

**Баркасов.** Зоюшкæ, райсом – иу æнæмæнг скъоламæ бацу... **(Йæ сахатмæ "ркæсгæйæ.)** Мæнæн æрæджы кæны.

**Нана (æрбацыд къусимæ).** Фынг цæттæ у.

**Боря.** Ииуылдæр сбадут!

**Нана.** Æз радио сифтындзон.

**Боря.** Æз, æз æй сифтындздзынæн...

**Нана.** Мæ фыццаг лæг – иу афтæ дзырдта, хъуамæ, дам, хæргæйæ адæймаджы хъустыл музыкæйы зæлтæ уайа. Уæд, дам, йæ хæрд йæ фарсыл тынгдæр хæцы.

**Баркасов.** Ды алы хатт дæр рæстытæ фæдзурыс, Алисæ Юрийы чызг. Æфсæддонтæн дæр балцы цæугæйæ музыкæ уый тыххæй фæцæгъды. Уæд, дам, къаддæр фæллайынц. Дохтыртæ дæр афтæ зæгъынц, Зоюшкæ. Æнæниздзинадæн, дам, музыкæ æмæ театрæй тынгдæр æххуыс ницы кæны.

**Зойæ.** Алешæ, абоны хуызæн фæлмæнзæрдæйæ дæ ра-гæй нал федтон.

**Боря.** Раст зæгъыс, мамæ, папæ абон мæ зæрдæмæ дæр тынг цæуы. Иннæ хæттыты хуызæн мæсты ницæуыл кæны.

**Баркасов (йæ мидбылты бахудгæйæ).** Ардыгæй фæс-тæмæ дæр мæхи афтæ дарыныл бацархайдзынæн.

**Зойæ.** Ахæм ныхæстæ хъусын мын куыд æхсызгон у, уый зоныс, Алешæ?.. Æндæрхуызон зонд дæм æрцыди, нæ? Æз æй уайтæккæ дæр зыдтон, афтæ кæй уыдзæн, уый.

**Баркасов.** Чысыл — ма бахъæуа, ма фæрæдион. Дæу æмæ Борькæйы зæрдæхудты фæцæйцыдтæн. Бахатыр кæн, Зо-юшкæ...

**Зойæ (фæтæрсæгау).** Ахæм хабар дæр ма дзы уыди?

**Нана.** Цыфæнды уавæры куы бахауай, Алексей Гаврилы фырт, уæддæр бинонтæ рохгæнинаг не сты.

**Баркасов.** Куыд бамбæрстон, афтæмæй æрмæст куыс-тæй цард нæй. Куыннæ мæ фæнды сымахæй фæхицæн уæвын, Зоюшкæ, уый куы зонис. "Нагъ!" зæгъын мæ бон нæ баци, ныр та мын æнæцæугæ нал и. Фæлæ мæ хъуыды-тæ иууылдæр дæуимæ уыдзысты.

**Нана.** Цы диссаджы музыкæ дæттынц радиойы. Адæй-магмæ цæйбæрц рæсугъд æнкъарæнтæ æвзæрын кæны...

**Дзæнгæрæджы хъæр райхъуыст. Æрбацыд электрон рухсытæ бæрæггæнæг. Йæ къухы — дæрдвæд кæттаг пъарт-фел.**

## 6

**Бæрæггæнæг.** Электрон тых бæрæггæнæг æрбацыдтæн.

**Зойæ.** Счетчик рахизфарсырдыгæй.

**Баркасов.** Зоинькæ, æз цæуын.

**Зойæ.** Цу, Алешæ. **(Пъа къуны йæ лæгæн.)**

**Баркасов (йæ фыртмæ).** ...ои ды дæр дæ дзæмбы...

**Нана.** Нæ сахат фондз минуты фæсте зайы...

**Баркасов.** Цæуын, цæуын... Мæ худ та цы "рбаци?

**Боря.** Æз дын æй бамбæхстон... Æз...

**Зойæ.** Боря, папæйæн йæ худ ратт!

**Боря.** Мæнæ ам ис, скъаппы.

**Баркасов (бандоныл алæугæйæ).** Æ, мæнæ хæрæджы къæлæу...

**Боря.** Папæйæн уый пайда у, кæннод райсомæй гимнастикæ нæ кæны.

**Бæрæггæнæг (квитанцæ рафысгæйæ).** Мæнæ уын квитанцæ.

**Зойæ.** Кæс-ма, Алешæ, электрон тых та сфæстауæрц кодтам...

**Баркасов.** Зоюшкæ, бахагыр кæн, æрæджы мын кæны...

**Баркасов тагъд-тагъд йæ дзаумæттæ акодта, йæ усæн аба кодта, йæхионы бæсты бæрæггæнæджы кæттаг пъартфел фелвасгæйæ феддæдуар.**

**7**

**Зойæ.** Æхца дын ныр бафидон, æмбал бæрæггæнæг?

**Бæрæггæнæг.** Фидын кассæмæ хъæуы. **(Йæ пъартфел агуры.)**

**Зойæ.** Исты дæ фесæфт?

**Бæрæггæнæн.** О, мæ пъартфел. Кæм æй авæрдтон, Хуыцау йæ зонæг...

**Нана.** Уæртæ бандоныл дæ пъартфел.

**Боря.** Уый папæйы пъартфел у, морæ.

**Бæрæггæнæг.** Мæнæн хуымæтæджы пъартфел уыд, кæттаг. Мæнæ йæ ацы бандоныл авæрдтон æмæ цыдæр фæци.

**Нана.** Æз дæр æй федтон – мæнæ ам бандоныл уыди.

**Зойæ.** Уæдæ цы хъуамæ фæуыдаид? Ам уыдзæни.

**Нана.** Дзæбæхдæр-ма ахъуыды кæн, æмбал, кæд да м, мыййаг, пъартфел нæ уыдис? Йе та йæ кæд æндæр искæй фатеры ферох кодтай?

**Бæрæггæнæг.** Уый та дын цавæр ныхас у, куыд æй хъуамæ ныууагътон æндæр фатеры? Уæ чиныгголнд уын æз мæ пъартфелæй кæй систон, уый мын ферох кæнын æнхъæл стут? Уæ чиныгголнд уæхæдæг уынут. Нымайæны фæстаг бæрæггæнæнтæ дзы ныффыстон.

**Зойæ.** Уæдæ дæ пъартфелæн сæфынæй тас нæу. Æнæмæнг разындзæн... Боря, ды райстай уазæджы пъартфел?

**Боря.** Цавæр пъартфел?

**Бæрæггæнæг.** Ахæм — урсгомау, кæттагæй.

**Боря.** Мæнæ йын ахæм хæцæн?

**Бæрæггæнæг.** О, о, уæле йыл хæцæн.

**Боря.** Нæ, ахæм пъартфел æз нæ райстон.

**Нана.** Уæдæ цавæр пъартфел райстай?

**Боря.** Кæд?

**Нана.** Кæддæр.

**Боря.** Кæддæр райстон.

**Бæрæггæнæг.** Æмбæрстгонд у — уый йæ райста. Йæ фыды худ шифанеры чи бапнæрста, уымæн пъартфел райсын цас диссаг у! Цы йæ фæкодтай? Ныртæккæ йæ зæгъ?

**Боря.** Æз дæ пъартфелмæ нæ бавнæлдтон!

**Зойæ.** Куы йæ райстаид, уæд æй зæгъид.

**Бæрæггæнæг.** Æмæ йæ нæ зæгъы? Райстон, дам, æй.

**Боря.** Скъоламæ цæугæйæ райстон.

**Бæрæггæнæг.** Уæдæ мын мæ пъартфел скъоламæ ахастай? Уый дын хабæрттæ, гъе!

**Боря.** Пъартфел нæ райстон, зæгъгæ, дын иу хатт нæ загътон? Æз мæхион райстон.

**Бæрæггæнæг.** Уæдæ уæд мæ пъартфел цы фæци, уæд та мын уый зæгъут?

**Зойæ.** Ацагурын æй хъæуы.

**Нана.** Диваны фæстæ-ма йæ фенут.

**Бæрæггæнæг.** Дæ хорзæхæй, нана, диван аиуфарс кæнынæн ма мын феххуыс кæн.

**Нана (æххуыс ын кæнгæйæ).** Борюшкæ, диваны бынмæ-ма бакæс.

**Боря (хъæлдзæгхуызæй).** Ам дæр нæй дæ пъартфел.

**Бæрæггæнæг.** Уæдæ ма ныр цы чындæуа? Æнæ пъартфелæй цы уыдзынæн? Æнæхъæн районы электрон хæдзарад дæр уым æвæрд куы у. Уый тыххæй мын цы бакæндзысты, уый зонут?

**Зойæ.** Ма тыхс. Ссардзыстæм æй.

**Нана.** Ацы морæ пъартфел дæу нæу?

**Боря.** Нæу. Уый папæйы у, æз æй зонын.

**Бæрæггæнæг (йæ кæуын тыххæй уромгæйæ).** Цы ма кæндзынæн æнæ пъартфелæй? Хуымæтæджы кæттаг пъартфел йеддæмæ ницы уыд, фæлæ мын æнæ уымæй иу къахдзæф акæнæн дæр нæй.

**Нана.** Алексей Гаврилы фырт пъартфелимæ кæй ацыд, уый мæхи цæстытæй федтон.

**Зойæ.** Кæд рæдыдæй æндæр пъартфел ахаста?

**Бæрæггæнæг.** Кæд, æцæгæйдæр, йæ пъартфел мæнонимæ фæивддзаг кодта? Уый хъуаг ма уыдтæн!

**Зойæ (морæ пъартфел райсгæйæ).** Диссагæй цы кæныс — ай Алешæйы пъартфел у. Æдзухдæр æй йæ куыстмæ фæхæссы... **(Пъартфел байгом кодта, стæй та йæ сæхгæдта, цыма дзы цы ис, уый фенын æй нæ фæндыд, уый хуызæн.)** Мамæ!

**Нана.** Цы кæныс?

**Зойæ (ногæй пъартфел байгом кæнгæйæ).** Мамæ... мамæ...

**Нана пъартфелæй тагъдгомау къафетты къопп "Жар-птица" æмæ кафаг хъыбыл фелвæста.**

**Нана.** М – да, ахæм хабæрттæ мæ зæрдæмæ...

**Боря.** Мæнæ ма къафеттæ! Стæй цавæрдæр хъыбыл кæсæнимæ.

**Зойæ.** Мамæ!

**Нана.** Ма тыхс, Зоюшкæ. Афтæ тынг дæхи ма хæр...

**Зойæ.** Адæттæ цы сты? Уæдæ мæ сайгæ кодта, фæлывдæй мыл цыд?

**Нана.** Кæд сæ нæхицæн æрбахаста, уæд та?

**Зойæ.** Уый ацы пъартфел ахæссынмæ хъавыд. Кæмæдæр цæуынмæ хъавыд æмæ дзы йæ пъартфел ферох.

**Бæрæггæнæг.** Нæ – а, мæ хуртæ, уымæй йæ пъартфел нæ ферох, фæлæ йæ мæнонæй аивта. Йæхион та ам ныууагъта.

**Нана.** Дæхиуыл фæхæц, мæ чызг. Ахæм диссагæй дзы ницы ис. Кæй зæгъын æй хъæуы, аххосджын у, фæлæ...

**Зойæ (къул хойы).** Виктор Эдуарды фырт!

**Нана.** Сæхимæ нæй, уый нæ зоныс?! Ацыдис... Ахæм дзы æнæсæрымагъз никуыма федтон. Нырæй æхсызгондæр никуы хъæуы, уый та æндæр хъуыддæгтыл сбæндæн.

**Зойæ.** Ахæм ма æбуалгъ хъуыддаг æрцæуыгæ уыдзæн? Амæй размæ дæр – иу мæ сайгæ кодта. Куысты æфсон – иу кæимæдæр афардæг.

**Нана.** Уый æз тынг раджы базыдтон.

**Бæрæггæнæг.** Уæ увæвæр уын æмбарын, фæлæ мæн дæр бамбарут. Æнæ пъартфелæй мæ бон ардыгæй ацæуын нæу.

**Нана.** Ныр дæ пъартфел дæр фæзындзæн.

**Бæрæггæнæг.** Талынгæм мæ бон æнхъæлмæ кæсын нæу. Мæ пъартфел кæдæм абалц кодта, уый адрис уæд та куы зонин. Нана, ды мын куы нæ баххуыс кæнай, уæд мæ зæрдæ никæуылуал дарын...

**Нана.** Фæлæу ма, дæумæ нæ не "вдæлы. Райсом – иу аца – фон æрбацу.

**Бæрæггæнæг.** Ничи йæм хъусы: райсом, дам – иу ацафон æрбацу. Æмæ кусгæ та куыд кæндзынæн? Райсоммæ æн – хъæлмæ кæсæн мын нæй. Цæй хорз, æз фæразон адæймаг дæн — багæдзæ кæндзынæн. Æнæ пъартфелæй мын арды – гæй ацæуæн нæй. Уый уын рагацау зæгъын.

**Нана.** Уæдæ мауал дыууæрдæм цоппай кæн, фæлæ иу ран æрбад æмæ æнхъæлмæ кæс.

**Бæрæггæнæг.** Дыууæрдæм фырадæргæй рацу – бацу кæ – нын. Мæ фыдгул ахæм уавæры бахауæд! Нæ, мæ хуры чы – сыл акæнай, зæронд ус: кæнæ мæ пъартфелимæ ацæудзы – нæн, кæнæ мæ ардыгæй мæ къæхтæ размæ, афтæмæй ахæс – дзысты. Æндæрхуызон ын уæвæн нæй.

**Нана (йæхи йыл сцагъта).** Иуфарс ацу æмæ нытътъæ – пæн у, цал хатты дын загъдæуыд?! **(Йæ чызгæн.)** Æрсабыр у, дæхиуыл фæхæц. Диссагæй дзы ницы ис. Иууылдæр ахæм – тæ сты. Хуыцауæн — табу, æз сæ хорз базыдтон.

**Зойæ (хъизæмар кæнгæйæ).** Алешæ, Алешæ...

**Нана.** Кæд дæ йæ зонын фæнды, уæд æндæрхуызон нæ – лгоймагыл æз æмбæлгæ дæр никуы фæкодтон.

**Зойæ.** Уæдæ, æвæццæгæн, фарон дæр...

**Нана.** Кæнæ ма мæ фыццаг лæджы райсæм... Зæхмæ мын æрхауынæй тарст. Фæлæ иу хатт... Чидæр мæм фæхабар кодта... Иу зарæггæнæгимæ, дам, зоологон цæхæрадоны... Уæд æз, Зоюшкæ, хæрзæрыгон уыдтæн, æвæлтæрд, мæ ный – йарджыты ахстонæй ныппæррæст кодтон... Ацыдтæн зоо – логон цæхæрадонмæ. Уыцы зарæггæнæгæн адæмы астæу йе "хсæрфарс ныггæрах кодтон мæхионæн та зонтыккæй йæ хæмхудтæ ныддаудтон. Нæхимæ æрбацыдтæн æмæ фос – форы сничкæтæ бахордтон. Дыккаг бон мæ лæг мæ разы йæ зонгуытыл æрлæууыд æмæ мæ хатыр ракуырдта æмæ та Борис Иваны фырт Нелькины нæхимæ уадзын райдыдта. Уый мæ уыцы заман тынг бирæ уарзта...

**Бæрæггæнæг (йæ мидбылты худгæйæ).** Дæ маст ссæуы — нæн диссаджы мадзал ссардтай.

**Зойæ (ногæй та къул хойы).** Виктор Эдуарды фырт!

**Нана.** Сæхимæ нæй, зæгъгæ, нæ фехъуыстай? Ахæм ма дзы къодах уыдзæн... Ахæм заман искуыдæм ацу! Æз уыцы историйы куы бахаудтæн, уæд...

**Бæрæггæнæг.** Зарæггæнæгимæ?

**Нана.** О... Борис Иваны фырт Нелькин уайтагъд мæ уæл — хъус алæууыди...

**Бæрæггæнæг.** Æмæ дæ спичкæтæ хæрын нал бауагъта?

**Зойæ.** Боря, хуыссын афон дын у. Схуыссын æй кæн... Кæс — ма къафеттæ иууылдæр бахордта.

**Боря.** Райсом хуыцаубон у, стæй мæм хуыссын нæма цæуы.

**Бæрæггæнæг (цымыдисхуызæй).** Нана, дæумæ хъусын... Дарддæр цы уыди? Борис Иваны фырт æрбацыди æмæ... дын де спичкæтæ байста?

**Нана.** Борис Иваны фырт æрбацыд æмæ мæ сывæллоны хуызæн æнæхъæн æртæ сахаты сабыр кодта...

**Зойæ (мæстыхуызæй къул хойы).** Виктор Эдуарды фырт!

**Нана.** Къодахæй цы кæныс! Ахæм заман фесæф!

***Уруссаг æвзагæй Дзасохти Музафери тæлмац.***
***Уодзæнæй ма.***

# НÆ ЮБИЛЯРТÆ



*Ирон литературæ айдæнау цæмæй æрттева, цæмæй иннæ адæмихæттити ‘хсæн дæладзугдæр ма уа, уобæл æ уод ка гъаруй, уони раззагдæр, уони финдзæугутæй еу ӕй поэт, драматург, критик æма ахургонд Джигкайти Шамил. Иристони аци курухон лæги ном ка нæ фегъуста, уæхæн адæймаг, æвæццæгæн, æма зин иссерæн æй. Стур æвæрæн бахаста Шамил ирон литератури медæггойнæмæ. Æ лигъз æма зæрдæмæдзæугæ уадзимистæ æнцæ дæнцæн хæссуйнаг. Æ критикон æма наукон куститæн ес устур аргъ.*

*Шамили къохæй ци студенттæ рацудæй, уонæй беретæ нуртæккæ сæхуæдтæ æнцæ финсгутæ. Зундгин, зæрдхæлар, æрдзæй скурдиатгун, æргом гъуди, æргом загъд, уæхæнæй зонæн мах Шамили. Аци анз ибæл æнхæст кæнуй 60 анзи. Ес имæ царбæллондзийнадæ. Æма ин нæ зæрдæ зæгъуй, æ нифс куд некæд басæтта, æхе загъдау: Размæ æма ма еухатт дæр размæ.*

**Арфæ дин кæнæн, нæхе Шамил.**

# ФÆНДАГГОН
## *(Скæсæйнаг хабар)*

Зæхх кæм ныддæвдæг æдзардæй,
Бон кæм у æвзыд,
Раджы иу зæронд ус дардæй
Уым æвзыгъдæй цыд.

Хаста сау къæйыл зынджытæ,
Дурыны та — дон.
Диссаг — зæронды уæрджытæ,
Цас уыди сæ бон!

Уыд сыгъд бæласау цæнкуылтæ,
Ихсыд æмæ сау,
Дзаума хус уæнгтыл — пыскъуылтæ,
Дзыккутæ — фæскъæу.

Цыд бæгъæввадæй. Ныггуыбыр,
Нал уыди уынддаг:
"Амæн, — лæг зæгъдзæн, — ысцыбыр
Ингæнмæ фæндаг".

Зæххæй сусæны æнуды
Дымгæ сисы змис.
Ус тындзы уæддæр, нæ цуды,
Нал æнкъары рис.

Цæсгом райдзаст у уæлмонцæй,
Цæстыты — цъæх арт...
Ацы диссаджы фæлгонцæй
Арвыл худы цард.

Мæнæ усы размæ таджы
Иу бæлццон фæзынд.
Моладзан ныррахæн раджы.
Бакæс æм, уæд — сынт.

"Хорз усай, цæмæн дæ 'рхæндæг? –
Бафæрсы йæ лæг. –
Зæгъ, кæдæм дарыс дæ фæндаг,
Дард æви хæстæг?"

Уæд ысдзырдга ус фыццаг хатт:
"Базауат нæ зæхх.
Махыл уарзты рухс дуаг рахатт,
Сыстад ныл фыдæх...

Хъуамæ, рухс дзæнæт, цъæх арты
Басудзон дæ тау, –
Лæг йæ хæрзгæ уæд нæ царды
Нал кæндзæн æфстау.

Тагъд, тæссаг зындон, мæ донæй
Ахуысдзæн дæ арт! –
Уæд сæрибар лæг уæндонæй
Араздзæн йæ цард.

Нал кæндзыстæм уæд нæ хæрзтæ
Хин кæнæ тæссæй,
Фиддзæн алчидæр йæ хæстæ
А зæххыл рæстæй".

Ацы ус. Цæуы сыгъд бæсты,
Уæргъытæ рог хæссы.
Усæн, дис кæнгæ, йæ фæстæ
Зæронд лæг кæсы.

*1972 азы 19 август*

## ДАУДЖЫТЫ ХЪАСТ

Азæр хур нæ тавы Уазы,
Бафтыд иры зæдтыл мæт.
Нæй бæзнаг фынгтæ сæ разы,
Не сты буд – тæфæй сæлæт.

Дауджытæ æрхуымæй бадынц,
Нæй сæ сагъæстæн кæрон.

Хъæлдзæгæй нæ цæгъды уадындз
Абон рухс дзуæрттæн нæртон.

Ныр цы рахæссой уынаффæ?
Гæр, кæдмæ дардзысты ком?
Адæм Нафы бон дæр, Нафы,
Зæдтæн нал арынц сæ ном.

Уæд сæ номдзыдтæ тыгуырæй
Арвмæ хъастхæссæг цæуынц.
Уым Хуыцауы раз гуыбырæй
Ныр мæгуыргурау лæуууынц.

"О нæ Фыд, æркæс нæм: адæм
Махæн нал фæлгъауынц кад.
Рохæй Уазы ихтыл бадæм,
Нал ис марзт фынгтыл бæркад.

Уастырджи, гъе уый — сæ бардуаг,
Уымæн — куывд æмæ æгъдау.
Афтæ стынг зæххыл мæнгард уаг,
Сæфтæн нал ыстæм æвгъау..."

Уæд Хуыцау зæгъы тызмæгæй:
"Уый цæуылнæ уынын ам?
Акæс—ма, кæны æцæгæй
Кæнæ хин, кæнæ хæрам..."

Зæдтæ акуывтой сæ сæртæй,
Цъус фæрухсдæр и сæ уынд.
Фæлæ уыцы сахат кæртæй
Залмæ Лæгты дзуар фæзынд.

Уыд йæ урс пæлæз рыгамæст,
Хъазыд рухс цæсгомыл цин...
Ныр йæ уд уыдзæн хъыгасæст,
Хурмæ рахаудзæн йæ хин.

Кæс, Хуыцау хъызы, фæмæсты:
"Ам дæумæ уыди нæ каст

Ды кæм хæтыдтæ, цы бæсты? —
Зæгъ æргомæй æмæ раст!"

Дзуры: "Раивылд Тæгæрдон,
Систа конд хъугомы хуым,
Иу мæгуыр æд бæх, æд уæрдон
Сæфтис иуварсыджы уым.

Рæвдз æрфистæг дæн мæ бæхæй, —
Æз сæ дæлвæрсты цыдтæн;
Рахызт хауæнтыл дзæбæхæй,
Ныр йæ бинонты хынцдзæн".

Каст Хуыцау йæ зæдтæм сахæй,
Каст, æгъатыр уыд йæ хуыз...
"Цæй, — фæрсы, — лæгæн сымахæй
Афтæ чи кæны æххуыс?"

"Афтæ ничи, — загътой зæдтæ. —
Уый сыгъдæг дзуары куыст нæу".
"Зæд йæ ракæндыл куы сæгта,
Уæд цæуыл кæны быцæу?

Нæй æфсон уæ хъаст, уæ дисæн, —
Бахудт хъæлдзæгæй Хуыцау. —
Чи у адæмæн цæдисон,
Уымæн — кад æмæ æгъдау!"

*1971 аз*

## ЗÆРОНД ХАБАР

Цард бæгъатыр лæг, йæ кардæй
Цыд фыдгулы тых дæрæн;
Знаг бырсы, уæд—иу йæ уартæй
Уыд æфсады раз гæрæн.

Лæг ныззæронд ис. Йæ къуымæй
Рухсмæ нал кæсы нæртон.
Тоны сау бонтæ æрхуымæй,
Цард ын — маст æмæ зындон.

Знаг та скъæйных ис, лæбуры,
Фарны зæххæй тоны хай.
Адæмы сæ хъæутæй суры,
Исы сахартæ сыхгай.

Уацартæн сæ царм ыстигъы,
Зачъетыл æндзары арт,
Сабитæ ныссæлынц ихы, —
Сæфынц намыс æмæ цард.

Нал ис адæмæн сæрхъузой,
Нал ис кæстæртæн фæтæг.
Лæгтæ тарст æмæ фыдхуызæй
Бадынц фæныкмæ хæстæг.

Хъазынц сахъ лæппутæ фæзты,
Нуазынц атагъаты сæн.
Калынц арæнтæ сæ фæстæ
Туджы сау артæй тæмæн.

Згъалы зæронд лæг йæ цæссыг,
Хъуысы судзаг хъæрæг дард:
"Охх, куы ракæлы нæ мæсыг,
Охх, куы бауазал нæ арт!

Ныр æвæгæсæг — нæ къуымтæ,
Ныр æнæхицау — нæ зæхх,
Нал ис лæг, æмæ нæ хуымты
Хизы сау ызнаг йæ бæх.

Тох нын кадвæндаг æвдисы,
Сиды рагон фарн хъæрæй,
Фæлæ нæй цæуæг фæдисы,
Нæй уынаффæгæнæг, нæй".

Хъуысы адæммæ йæ хъæрæг,
Сых йæ хъæрзынæй тыхсынц.
Лæгыл фистæг æмæ барæг
Уынгæй фидистæ æхсынц.

Дзурынц: "Сæрра ис нæ фæтæг,
Уый фæлитой у, гæрдах.
Бады хъарм уаты йæхæдæг,
Мах та хæстмæ 'рвиты, мах!

Уæд кæй æнхъæлы æдылы?
Знæгтæм хотыхтæй тых и!
Зæхх кæйдæр туджы æвдылы,
Хæстæй бахизæм нæхи!"

Лæг ныддодой кæны тынгдæр,
Лæг æнæбонæй кæуы.
Дон дæр нал нуазы, йæ фынг дæр
Ныр æнæвнæлдæй лæууы.

Дзуры уый: 'Цы кæнын дис дæр, —
Махæй иу дæр нæу хуыздæр.
Кæд хæстмæ нæ цæуы хистæр,
Уæд нæ фезмæлдзæн кæстæр".

Сыстад лæг — цæуы, фæцуды,
Къулыл банцой кæны уæд.
Зæрдæ судзаг мастæй дуды, —
Нæй нæртон лæгæн цæуæт.

Кæрты нал ысхызт йæ бæхмæ...
Акаст уарзон хæхтæм дард;
Барызт лæг, нымдзаст и зæхмæ,
Стæй тыххæйты сласта кард.

"Размæ!" — загъта, фæлæ дардыл
Абон нал фехъуыст йæ хъæр:
Размæ бахаудис йæ кардыл,
Афаст ихсыд риу цæхгæр...

Бады хæрнæджы мæрддзыгой,
Рухс кæнынц æмæ хæрынц.
Чи уæрццы кой, чи бæрцы кой —
Фынгыл таурæгътæ хæссынц...

Мигъ æрхъула кæны хурыл,
Судзы хæлд мæсыгыл арт...
Доны фаллаг фарс цъæх дурыл
Дауы сау ызнаг йæ кард.

*1992 азы 23 декабрь*

## ХÆТÆГ БАРÆГ
### *(Балладæ)*

Хæтæг барæг царди хæхбæсты,
Йæ гæнæх бæрзонд рындзæй зынд.
Нæ ацыд фыдызнаг йæ рæзты,
Йæ систы онг никуы стахт сынт.

Æвирхъау уыд рæстæг, æгъатыр,
Йæ кæнон — тыхтона, фæдис.
Уæд хæтæнты хатти бæгъатыр,
Мæйдар æхсæв бонау цыдис.

Йæ арæнтæ иргъæвта знагæй,
Æвастæй сыл маргъ дæр нæ тахт.
Йæ атагъа дзаг уыди сагæй,
Йæ сындзæй дæр адджын мыд тагъд.

Йæ кады ном айхъуысти дардыл,
Йæ тæссæй фæранк дæр æмбæхст.
Йæ физонæг хорз фыхти артыл,
Нæ сыгъди йæ уæхст дæр, йæ уæхст.

Хуысар хъуымац ласта чырæтæй,
Фæлыста сырх гауызтæй зæхх.
Йæ адæмы дардта тæлæтæй,
Рæдау сын — кæрдзын æмæ цæхх.

Йæ балцыл нæ хæцыд сæ цæст дæр,
Уыдысты йæ хъæутæ дæрддзæф.
Сæрæн барæг балцы æрмæстдæр
Цыди æмæ здæхти æхсæв.

Уыд гæнахмæ къахвæндаг нарæг,
Цъæх айнæгыл халау зындис;

Куыд ыл цыд æхсæвыгон барæг,
Æфтыдта уый сырдтыл дæр дис.

Уыдис ын хæрзаудæг царды,
Нæ удыхай разынд нæртон:
Йæ сæрвæлтау бацæуд3æн арты,
Йæ армы йын рафыцдзæн дон.

Йæ рухс цæсгом — хурæй рæсугъддæр,
Йæ урс хъуырæй Бонвæрнон каст.
Йæ уындæй—иу тар ком æдзух дæр
Бæрæг афон барухс æваст.

Сыгъдæг зæд куы тæхы нæ сæрты,
Уæд зин дæр нæ кæны фынæй.
Æхсæвау æнæбын у зæрдæ,
Æнусмæ рæдау амонд нæй.

Æрыздæхт та барæг ыстæрæй,
Йæ тæлæт налхъуыт у, зæрин.
Ныттар ыл уынгæг ком, уæддæр æй
Нæ уырны хæрам æмæ хин.

Йæ бæхы æрра доны скъæры,
Фæзилы йæ хæрды цæхгæр.
Йæ ехсы дзæхст арвау ныннæры,
Нæ йæм зыны уаз рухс уæддæр.

Йæ развæндаг сахълæг нæ ары,
Йæ разы — сæрсæфæн, къæдзæх.
Хæтæг барæг анигъуылд тары,
Кæмдæр ма ныууасыд йæ бæх.

Зыны ма йæ гæнахæй къултæ, —
Æрвдзæфæй фыдæхсæв нырры́г.
Цæуынц ыл сæ балцы фыдгултæ,
Фæхъæрзы йæ хæлддзæгты уыг.

*1998 аз*

# ХÆРАМЫ ФÆСТАГ
*(Балладæ)*

Фæндаггон, æрлæуу æмæ къуылдыммæ скæс,
Кæндзынæ йæ хабарыл дистæ, —
Лæууыди йæ уæхскыл сынтбадæнау къæс,
Зынынц ма гæзæмæ йæ систæ.
Уым рагзаман галиу лæг цард,
Нæ цыди нæртонау йæ хæтæнты дард.

Нæ вæййы хæхбæсты нæ фæндаг æнцон,
Зæйуатау тæссаг æмæ тар у.
Йæ уаргъы бын бастайы бон дæр бæлццон,
Æхсæвыгон сысы йæ хъару.
Фæкæсы йæм бæстæ цъысым,
Æнафон фæагуры кæмтты фысым.

Æризæр ис иугæр, уæд фæз дæр — къæдзæх,
Ныббады йыл саудалынг мигъау.
Æд уæргъытæ фæтулдзæни былæй дæ бæх,
Ызгъæлдзæн дыл тулгæ дур ихау.
Уæд ацахсы цæстæнгас зынг, —
Уым разындзæн хохагæн арт æмæ фынг.

Сæрæн хицау фæндагмæ дары йæ хъус,
Йæ рæзты цæуæн ком — хæрз нарæг.
Куы райхъуысы дардæй къæхты уынæр цъус,
Уæд зоны — æрбацæуы барæг.
Ыссудзы нæзы цырагъ уым,
Фæндаггон дзы ссардзæн фысымуатæн къуым.

Æрбаздæхта иу æхсæв иу тыхсты лæг,
Фæллад бæхæй хордзен æристой.
Рæдау æхсин бæлццонæн дары мырæг,
Æрттивы сæ куысси æвзистæй.
Йæ разы — кæрдзын æмæ цыхт,
Сæ уæларт цæхджын фыд æхсæвæрæн фыхт.

Фæллад лæгыл ронгау сæ мырæг фæтых,
Æртæфст ыл сæ артмæ йæ фæллад.

Ныццавта йын фысым сæ кæхцæй йæ ных,
Æртыхта йыл ус та ысгæллад.
Ысласта йæ кæрцбынæй кард, —
Тыхст лæгæн йæ риумæ ныхъхъавыд мæнгард.

Фæсæццæ и уазæг — цы кæна тыхстæй, —
Æрцæудзæн йæ сæфты хъæр тары.
Йæ тæвдæй ма фестад, уынæргъы цæфæй,
Йæ сæрæй хæбырæгъ æппары.
Нæ ары ирвæзæн, — æрмæст
Сæ рæхысыл иу афон армæй фæхæст.

"Нæртон Сафа, — загъта, — мæ сæфтмæ æркæс,
Мæ тæригъæд бафтæд сæ фæдыл!"
Æрхауди зæрддзæфæй... Ныррызти сæ къæс,
Сæхи та фæдзæхстой сæ зæдыл.
Ныссабыр сæ къуым, æмæ уæд
Æрцыди сæ амæттаг. Уæрмы ныгæд.

Æртæ азмæ фæскъул уæлмæрдтæ фæзынд,
Сæ сабитæ кодтой фыдвæззæг.
Сæ ердойæ уасыд æрвылæхсæв сынт,
Æдзæрæгæй баззад сæ уæзæг.
Æрмæст ма уæгъуырæй мæнгард
Æлгъыста уæлæуыл зындонау йæ цард.

*1998 аз*

*Мамсурати Дæбе*

## ДАУХАНИ СКЪОЛА
## (Радзурд)

Аци бон дæр бабæй силгоймæгтæ кумæдæр цæунцæ къуæрдтæй. Æвæдзи бабæй еске рамардæй, — дзубанди кæнуй æхе меднимæр Даухан. Ка рамардæй цума, гъæуи сæйгæ дæр ку некæми адтæй, уæд? Кæй зонуй, кæд есге æхе кеми нæ адтæй, уæд æ хабар цудайдæ, — сагъæс кæнуй æхе меднимæр Даухан.

Еци гъудитæ æма дзубандитæ кæнгæй, рараст æй Даухан æ синхон уосæ Данæмæ фæрсунмæ, ка рамардæй, уой базонуни туххæй.

Дани баййафта дзатмабæл, æ сувæллони рази мæтъæлæй бадгæй, æ сæр æ къохбæл æруагъта, уотемæй. Даухан гъавта фæстæмæ раздæхун, фал имæ куддæр ходуйнаг фæккастæй тургъæй раздæхун. Цæбæл мæтъæл адтæй Данæ, уобæл дæр æй нæбал бафарста Даухан ой туххæй æма уæхæндтæбæл фæрсагæ некæд адтæй. Æ къохтæ кæрæдзебæл нивварда æма сдзурдта Данæмæ мæтъæлæй:

— Дæ еунæг уцауи хатир бакæнæ, ка бабæй рамардæй, гъæуи уæхæн хъурмæ сæйгæ дæр ку некæми адтæй?

— Æма ка зæгъуй, есге рамардæй, зæгъгæ, æ сæр уæлæмæ скодта, уотемæй сдзурдта Данæ, æ цæсгоми мæтъæл хуз нæ райивта, уотемæй.

— Зæгъгæ неке кæнуй, фал бабæй уæлæсинхи уоститæ къуæрдтæй дæлæмæ кумæдæр цæунцæ æма мадта кумæ цæуниау æнцæ?

— Етæ мардмæ нæ цæунцæ, фал скъоламæ цæунцæ.

— Е ба ци скъола æй?

— Мадта ду ба куд æнгъæл адтæ? Уоститæн дæр скъола байгон кодтонцæ. Æхе дзи канæ ниффинсун кодта гъæуи уоститæй æма имæ ка нæ цæуй, уæхæн некебал байзадæй еунæг дæр.

— Æма си уæд ахур ба цæбæл кæнунцæ? — бафарста Даухан Дани, æ цæсгон расурх æй, уотемæй.

— Ахур сæ кæндзæнæнцæ: кæрдун, хуйун, аргъаун, финсун æма уафуни кустбæл. Æ зæрдæ фур цинæй нирристæй

Дауханæн еци скъолай коймæ. Рæуæг цæргæс стæхунмæ ку гъава æма æ базуртæ баст ку разинконцæ, уойау Даухани сæри дæр рабадтæй берæ аллихузон фæндтæ, фал æ минги сувæллон æ зæрдæбæл ку æрбалæудтæй, уæд балæдæрд—тæй, басти хузæн ке æй æма ин æхе ниффинсæн ке нæййес, уой. Æ зæрдæ фæстæмæ рауазал æй. Арти фарсмæ бадгæй, ехдони ку ниххауай, уотæ фæккастæй æхемæ Даухан дæр, фитдзаг скъолай кой ку фегъуста, уæдта ку базудта, цæуæн ин имæ ке нæййес, уой уæд.

Мæнгæй ку адтæй Даухан, уæддæр берæ фæккудтæй скъоламæ цæуни туххæй, фал æ мадæ æма æ фидæн сæ къох цубур адтæй æма сæ бон не 'сцæй сæ кизги скъоламæ радтун. Ахур кæнунмæ Дауханмæ рагæй дæр хъæбæр фæн—дон адтæй, устур арт цæвстæй æ хурфи ахур кæнунмæ, фал ин не 'сæнгъистæй... Гъасти кафун ку байдæдта Даухан, уæдæй нурмæ æ зæрди некæдбал æрлæудтæй скъола. Нур бабæй Дани дзубандитæмæ гæсгæ æрбалæудтæнцæ æ зæрди — минги куд адтæй, куд бæлдтæй скъоламæ цæунмæ, куд кудтæй æносидæр æма 'й æ нийергутæ куд надтонцæ... Ис—цæфстæй бабæй æ хулфи ахур кæнунмæ, мингийæй дзи ци арт цæвстæй, е. Фал ин нур дæр бабæй фадуат нæййес.

— Æма дзи ду ба ниффинсун кодтай дæхе? — бафарста Даухан Дани.

— Куд си ниффинсун кодтон, куд, аци сувæллæндтæ кæмæн уонцæ, уомæн скъолатæмæ цæуæн ес? — загъта Данæ.

Еци дзурд фегъосгæй, æ зæрдæ бустæгидæр ниммæтъæл æй Дауханæн æма нецибал исдзурдта.

Еци бонæй фæстæмæ Дауханæн æ гъудитæ еугурæй дæр адтæнцæ скъолай туххæй. Æхе меднимæр дзурдта, "Нур афонгæ скъолай ка кæсуй, етæ базудтонцæ кæсун æма фин—сун, æз ба ами фонси бадт кæнун, æнæ ести лæдæргæй". Æ зæрдæбæл æрлæудтæй, е 'мбæлттæ æ рази куд æрлæуд—зæнцæ газеттæ кæсгæй, е ба сæ рази лæудзæнæй, æнæ ести лæдæргæй, Еуæй—еу хатт уотæ рамæстгун уй сувæллон ин ке ес, уой туххæй, æма ин сæ ци "хуцау" равардта, уой дæр ралгъетуй. Ку рамæстгун уй, уæд æ сувæллон ку рамæлидæ æма ин скъоламæ над ку байгон уидæ, е дæр æй фæффæн—дуй. Æ лæгæн дæр кой кодта æ фæндæ. Фæндадтæй æ лæги

дæр, фал гæнæн нæ адтæй сувæллони туххæй. Фæндадтæй лæги дæр, Даухан хуарз кæрдун æма хуйун ку базонидæ æма ин рæсугъд хъæбпæлтæ ку хуидæ, фал ци гæнæн адтæй?

Беретæ ма базудта Даухан гъæуи медæгæ æхе хузæн скъоламæ цæун хъæбæр ке фæндадтæй, уæхæнтти. Фал уонæн дæр сæ сувæллæнтти туххæй цæуæн н'адтæй скъоламæ. Еугуремæй дæр Даухани хузæн хъæбæр зин адтæй скъоламæ син цæуæн ке нæййес, е. Фал дзи Даухани хузæн устур арт неке зæрди сугъдæй.

Еу хуцаубони тæрвазæбæл бадтæй Даухан, æ сувæллонæн дзедзе ку бадардта, уой фæсте æма бабæй гъуди кодта скъоламæ цæунæн ци фæндæ ссера, уой туххæй. Æвеппайди æ сæр фæхъхъел кодта. Æ цæсгонбæл ходун æнгас фæззиндтæй. Фестадæй æма тургъæмæ цидæр рагъæуай кодта, си гъæуай кодта, уой æхуæдæгдæр нæ зудта æ фур цинæй. Хæдзари дуар рахгæдта æма фендæдуар æй.

Минги рæстæги фæсте æмбурдæй бадтæнцæ, ахур кæми кодтонцæ, еци хæдзари, гъæуи, Даухани хузæн ахур кæнун ке фæндадтæй, еци уоститæ. Еугурæй дæр æнгъæлмæ кастæнцæ, ци зæгъдзæнæй Даухан, уомæ. Дауханæн æ цæсгони æнгæсмæ гæсгæ зудтонцæ, цидæр хуарз фæндæ ке ес æ зæрди, уой æма имæ нийгъустонцæ.

Исистадæй Даухан æма цума рагæй ахур адтæй æмбурдти дзорунбæл, уой хузæн радзурдта:

— Ами ка бадуй, уони еугурæй дæр, æз куд зонун, уотемæй хъæбæр фæндуй скъоламæ цæун, фал син сæ сувæллæнтти туххæй цæуæн нæййес.

— Фæндуй нæ, фæндуй æма уин æмбурд дæр уой туххæй æрцан, — сдзурдтонцæ еугурæй дæр æмхузонæй.

— Мадта нæ сувæллæнтти туххæй цæмæй ма изайæн æнæ скъола, уомæн еу фæндæ ес. Мæнæ аци хæдзари фарсмæ ци хæдзарæ ес, уой гъæуæй ракорæн.

— Æма дзи ци кæнæн? — исдзурдта уоститæй еу.

— Исараздзинан дзи уруссагауиндзгæ авдæнтæ æма нæ нæ сувæллæнттæ уоми уодзæнæнцæ, нæхуæдтæ ба ахур кæндзинан. Сувæллæнттæмæ кæсдзинан радугай. Гъе уой туххæй уæ æрæмбурд кодтон. Кæд арази айтæ, уæд кæсун нæбал гъæуй.

— Арази ан еугурæй дæр, сдзурдтонцæ силгоймæгтæ æма фур цинæй базмалдæнцæ сæ бунæтти.

Фæцæй æмбурд æма рахæлеу æнцæ. Уоститæн сæ фулдæр æмбес æримбурд æнцæ Дауханбæл æма 'й фарстонцæ, æ зæрди куд æрифтудæй еци фæндæ, уомæй. Е дæр син дзурдта...

Къуæре нæма рацудæй, уотæ скъолай фарсмæ ци хæдзарæ адтæй, уоми ауигъдæй лæудтæнцæ авдæнтæ. Авдæнти рази бадтæнцæ дууæ уоси æма, киунугæмæ кæсгæй, цидæр финстонцæ. Сувæллон ку скæуидæ, уæд ин æ мадæмæ бадзориуонцæ æма ин дзедзе бадаридæ, кенæ ба 'й сæхуæдтæ басабур кæниуонцæ.

Еци бонæй фæстæмæ Даухани æ лæг дæр æма æгас адæм дæр устур зундгин силгоймагбæл банимадтонцæ, над кæмæн байгон кодта, еци уоститæ ба ин арфитæ кодтонцæ али бон дæр.

* * *

Дæ билти сурх – сурхид саргъ цурд – цурдæй ду мæ финдзи рагъбæл ку райвардтай.

Тæнæг уæнгти идонæй уæдта райахæстай мæ сæр.

* * *

Мæ финдз фæххæссуй æ рагъи æрфгути къæдзæгъæд – тæбæл цæстити цæстисугæйдзаг къибилатæ.

* * *

Мæ пъеро, 'хе рартайгæй сæумæ
чернелдони
Бæгъæмбадæй дæумæ гæгъæдий
будурбæл фæууайуй.
Æ къæхти ранæхсунцæ къæдзугтæ æма
æстъæлфити синдзитæ
Хатгай ба 'йбæл æввастгъæри къæбис.
исрæйуй.

* * *

Цæсгони хуссæнбæл мæ цæстити бæзтæ мин дæ билти дзæмбутæй фе 'мнурстай, æма си цæстисугти пакъутæ 'гъзæлунцæ.

* * *

Де 'взаги бугъзур ронæй мин мæ зæрди тæрхъоси нæ – мис.

* * *

Хуссæнти уорс – уорсид æвзагбæл ду къанфети хузæнæй зиннис.

* * *

Де 'рфгути сæу нимæти дæ цæстити уомæл къæбисти 'стухтай.

* * *

Мæ пъеро – сувæллон чернелдони денгизмæ не 'ндеуй.

* * *

Дæ билти сæрбæттæн æрбатохæ мæ билти сæрбæл.

* * *

Де 'взаги хъурбæттæнæй мин мæ уарзт ниххорх кодтай.

* * *

Мæ зæрди мициккæй мин гъазунцæ æрхун æма маст.

* * *

Мæ роси бадæнбазбæл дæ билтæ æнцад æрбæдтæнцæ.

* * *

Дамгъати дортæбæл мæ пъерой къахи бунтæ схаудтæнцæ æма си чернели тог рæдзæхсуй.

* * *

Стур æфсæрти къелай усхъитæбæл
Дæ сурх билти курæт ауигъдæй.

* * *

Дæ уæргутæмæ, пъолций
къохмæрзæнмæ
Мæ сæри пихсил
цæстисуг æрхаудтæй.

* * *

Дæ билти къалоси сурх хурфи дин
Ме 'взаги уæраг ниццавтон.

* * *

На швабру его сигареты натянуты красные, обвисшие лохмотья губ и он натирает ими белый паркет зубов.

* * *

Æ тамакуй гъелæбæл ауигъд æнцæ æ сурх билти дивилтæ æма дзи æхснуй дæндæгути уорс фæйнæгутæ.

* * *

Горæт æ фур сонтæй гъæунгти тогдадзинттæ трамвайти кæрдтæй фæракæ кæнуй æма си турусати сурх тог лæдæрсуй.

* * *

Ме 'рфгути тикистæ мæ цæстити ревæд къости рæбун æстонгæй ниммардæнцæ.

* * *

Горæти турусати сурх тог гъæунгти тогдадзинттæй мезуй.

* * *

Думги гъиггаг уосæ æ лæг – ресторани дуари билтæ ту – русати дзабуртæй нæмуй æма дзи кæлуй цирагърохси тог.

* * *

Мæ сахатти фæтти
циргъ кæрдæн
Сабургай æлвинуй бæнтти феце
пихсил сæригъунтæ.

* * *

Финсæн сес — æвзонг биццеу пъерой сæр æ мадæ – æм – дзæвги рæнгъити цæргутæмæ 'ргæлста æма берæ стъæл – фити цæстисугтæ калуй хæкъурццæй гæгъæдимæ.

* * *

Ты улыбнулась мне и расплывшийся овраг твоих губ вдруг занесло белым снегом зубов.

Ду мæмæ бахудтæ æма дæ билти мæскъи хурфæй
Æнай – æнойти уорс дæндæгути мет фæззиндтæй.

* * *

Лæудтæн гъæунги æнкъардæй æма мæгургорау хуæстæн тогдадзintти æнгулдзитæй мæ зæрди ходæбæл æма мин дзи ду ба рацæугæй æнай – æнойти дæ фæлмæн æрбакастæй дæ цæстити дууæ сау саурий нигæлстай.

* * *

Дзæгъæл куййи æвзаги раздарæн мæ зæрди киндзæбæл бабасгон тогдадзintти сурхзинг бæтгæнтæй.

* * *

... Æрмæст
Мæ цæсгони гъæунги ауигъдæй байзадæнцæ
Дæ ниббати сурх – сурхид турусатæ.

* * *

Æхснадтон сæри хъанзи лæмæгъ
пъæстуйæй
Мæ зæрди рист бауæр цæстисугти
цæхгун тæдзунæгмæ.

* * *

Бæрæгбои горæти ивад цæсгон байдзаг кодта сурх турусати ниббатæй.

* * *

Ду дæ билти бæзгин, уомæл гобæнттæ ниггæлстай дæндæгути каутæбæл сор кæнунмæ мæ цæстити стъалути æхсæйвон нидæн рохсмæ.

* * *

Финсæн сес æстонг къæбис гæгъæдий метæйдзаг гъæунги пъерой æвзагæй æстæруй дамгъати бугъзур дортæ.

* * *

Мæ рости уомæл къохти æвзаги кæсалгæ тæбар—тубур кæнуй.
Уой фæндуй дзубандити денгизи æхе ранихъолун.

* * *

Фал мæ зæрди сурх фæткъу цийнити бæласæй
Нур царди узуни фæсонтæмæ ʻрхаудтæй.

* * *

Дæ зæрди ревæд кæвдæси рæбун
Æстонгæй мæмæ кæнуй мæ уарзт
Адæми цæстити сау халæнттæ ба ʻймæ
Мондагæй, цæмæдесæй кæсунцæ.

* * *

Ку баходис, уæд дæ цæсгони денгизи рости уолæнтæ рацæхъал кæнунцæ æма дæ билти айнæг билгоммæ æрбасæххæт кæнунцæ дæндæгути уорс финкæ.

* * *

Дæндæгути горени рæбун ме 'взаг — расуг лæг тауæг сæти цъифцади уæлгоммæ хуссуй.

* * *

Мæ финсæн сес — æнæбакæнæг къæбис гæгъæдий гъæ — унги дамгъати дортæбæл мæ цæстисугти сæлфунæгмæ æр — гъæвстæй бадуй æма ин мæ сæри хъанз ба, цид, евстагмæ гъудити хуæрæццæгтæ 'ргæлдзуй.

* * *

Хъанзи æнцъулдти къалиуттæбæл ме 'взаги маймули сæри хъанзи бæласæмæ исбурдæй æма зæ зæрди бæтманмæ гъу — дити æнгозтæ телуй.

* * *

Ӕвзаги мехæй мæ сæри хъанзи бæласæ цæгъдун æма мæ зæрди бæтманмæ гъудити æнгозтæ 'гъзæлунцæ.

* * *

Мæ сæри хъанзи тикиси думæг — æвзагбæл баст æрцу — дæй билти ревæд къибила æма нура дæрæгъдзæгайгæнгæ ратæх — батæх кæнуй царди хургун нæдтæбæл.

* * *

Къанауи дон — зæронд усæ дортæбæл æнцойнæ кæнгæй æма уолæнти пъолций думæггæгтæ билгони зæнгтæбæл хафгæй сæп — сæппæй пæ синхти дæлæмæ фæццæуй.

* * *

Мæ гъæбеси бæтманæй дæ хуссæни хъуми, гъæццоли уорс уолæнти æхсæн кæсалгау æрахæсдзæн.

* * *

Дæ билти сурх курæт дæндæгути горенбæл ауигъдæй лæууй дæ цæстисугти сахуарунмæ.

* * *

Ме 'взаги тикиси дæндæгути дуæртти 'хсæн фелхъивтон.

***Уодзæнæй ма***

## АХСАХЪ–ТЕМУР ДИГОРÆМÆ[1] КУТЕМÆЙ ÆРЦУДÆЙ

Йеу хатт сахи 'фсæдтæ дæллаг æфцæгбæл Дигорæмæ æрбацудæнцæ 'ма Æхсæуи хумти æрбадтæнцæ.

Æхсæвæ сах и гъæумæ тъасхæгæнгутæ йеу къуар лæги исæрвиста. Фæххаттæнцæ и лæгтæ, уæдта æрæгиау ба Алтæнцахъи мæсугмæ бакастæнцæ, 'ма дин уоми ба и уосæ къумæл цæгъдуй, 'ма къупхитæ ку ралæмаридæ, уæдта сæ артбæл бакалидæ 'ма сæ фур сорæй цирагъау исцæфсионцæ 'ма и тар æхсæви цирагъйеуæг кодтонцæ.

Тъасхæгæнгутæ æриздахтæнцæ 'ма йеци хабар радзурдтонцæ и сахæн. Сах дæр фæттарстæй: мадта сæ уоститæ уотæ тухгин кæмæн æнцæ, уонæн сæ лæгтæ ба кунæг æнæхъаруæ нæ уодзæнæнцæ, зæгъгæ, 'ма раздахтæй.

Æхсæвæ кæми фæцæй сахи 'фсад, уоми нур устур кæрдтутæ исзадæй бæхти лæхуати. Сах фитдзагидæр будури гъæутæ басаста 'ма хонхмæ ку цудæй, уæдта æрæгфæззæг адтæй 'ма йе 'фсади бæхтæ дæр 'ма и æфсæдтæ сæхуæдтæ дæр Кети кæрдту фæххуардтонцæ.

Хонхи гъæутæй ба фитдзагидæр Æхсæуæбæл æрбадтæй 'ма æ арми ку неци бафтудæй, уæдта Дигоргомбæл раздахтæй. Уоми ба Къæмунти къубусбæл адтæй мæсуг. И мæсугмæ ба мæнгæзгъунст хед. Сахи 'фсæдтæ и хедбæл исцудæнцæ; хед син никкалдæй, и æфсад дæр. Нихæтти билæй Сонгути донмæ фæзилдæнцæ. Уой фæсте ба и мæсугмæ исцæуæн нæбал адтæй, сахи 'фсæдтæн дæр сæ рагъæймæгтæ (ахсгиæгтæ) билæй фæккалдæнцæ; нигки ба ма зумæг дæр æрхъæрттæй 'ма сах, йе 'фсадæй ма ка байзадæй, уони хæтдзæ рандæй Гъевони æфцæгбæл. Уой фæсте ци рацудæй, уæдта йеу лæг Ахсахъ–Темури хабар игъусун райдæдта, æгас дунейæн хан иссæй, зæгъгæ. Йеу хатг кæми адтæй, уоми Ахсахъ–Темур фегъуста, Дигоргом сахæн сæттун куд нæ бакумдта, уой. Алтæнцахъи хабартæ дæр имæ игъустæнцæ. Устур æфсæдтæ æримбурд кодта 'ма уони хæтдзæ Дигоргоми думæгмæ æринцадæй. Æхуæдæг ба йеунæгæй æ уорс аласабæл Æхсæуæмæ æрбацудæй.

[1] Орфографи æййивд нæ цæуй

Геуæргиати мæсуги ба ма адтæй æртæ кизги.

Гъæубунти хумти исраст кодта 'ма и мæсугмæ йе 'рух бахатта. Билæгидонмæ ку исхъæрдтæй, уæдта æ бæхæй рафестæгæй, ма 'й хæрди æ фæсте ласта. Кизгутти ракаст дæр уотæ фæцæй, 'ма й бæхгинмæ кæсун райдæдтонцæ, ка удæнæй, зæгъгæ. Къулух цо ке кодта и бæхгин, уой тухха̀й йбæл гурусхæ кæнун райдæдтонцæ, Ахсахъ – Темур удзæнæй, зæгъгæ. Уалæнги и бæхгин мæсуги размæ исхъæрдтæй 'ма и кизгуттæмæ æрфусун кодта. Кизгуттæ дæр ин дзигка ракодтонцæ, байвардтонцæ йин æй 'ма иуазæг астæуæй хуæрун райдæдта. Кизгуттæ дæр кæрæдземæ бакастæнцæ 'ма ниххудтæнцæ. Йе дæр сæмæ дзоруй: — Цæбæл ходетæ? — Ахсахъ – Темури хуæрунтæ кæнис, зæгъгæ, ймæ дзоруй астæуккаг кизгæ. — Мадта æз йе дæн, 'ма ардæгæй фæстæмæ макæмæй бал тæрсетæ! Астæуккаг ка 'й йе ба мин биййонтæ куд уа, уотæ!

Астæуккаг кизгæ дæр йеци сахат йе 'ннæ авармæ бацудæй, æхе римæхсун райдæдта, гъома, арази дæн, зæгъгæ.

И кæстæр ба имæ дзоруй:

— Дæ фарн, дæ фарн, де 'зæдистæн, корун ди 'ма мин нихха̀тир кæнæ; нур ба дæмæ йеу аййепп йес: æфсад уа, уæддæр, бæстæмæ æвналай, уæддæр астæумæ лæборис æма йеци æгъдау астæумæ лæбурд ма бал кæнæ, йе ба дæ гъуддаг растдæр цæуа. Али гъуддагæн дæр райдайæн æма кæрон иес, 'ма ду дæр йеу кæронæй райдайæ, дзиллæмæ лæборай, уæддæр, æма æнæуой гъуддаг кæнай, уæддæр!

Ахсахъ – Темур и кизги дзурдтæ æ зæрдæмæ байста 'ма уордæгæй фæстæмæ ба адæммæ кæронæй бавналдта.

Цæрæн бунатæн ба райста Геуæргиати мæсуг.

Базуртæ ин адтæй 'ма бонæ арвбæл æртæ зилди æркæнидæ, æхсæвæ ба Геуæргиати мæсугмæ батæхидæ 'ма уоми астæуккаг кизги хæтдзæ лæг æма уосæй цардæнцæ.

Йеци кизгæй Ахсахъ – Темурæн æртæ лæхъуæни райгурдæй: Мали, Бицо 'ма Гардан. Йеци æртемæй ба устур Дигори Геуæргиати муккаг рантæстæнцæ.

## АХСАХЪ–ТЕМУР

Дигорæ 'ма кæсæг Нартæй баизайгæ адæнтæ æнцæ.

Нартæй хъаруæгиндæр ба фитдзаг замани а хуæнхти на

'дтæй. Ахсахъ–Темурæн ба æфсæн базуртæ адтæй ма бонæ арвбæл æртæ зилди кодта. Æгас дуйнетæ дæр уой къохи адгæнцæ. Æрæгиау ба ма йин мах хуæнхтæ æнæ саст адтæнцæ æма ардæмæ устур æфсæдти рæдуйон, зæгъгæ, 'ма йæ 'фсад куд цудæй, уотæ æ косгутæ ба уони фæсте бурæу къахгæ цудæнцæ.

Дигорæмæ æрбацудæй 'ма адæми фулдæр уой тугъди цагъд фæцæнцæ, сæ нецæй хузæн хауæккаг ба син æ хæтдзæ фæххаста Китаймæ 'ма си уоми хецæн гъæутæ искодта; æхуæдæг ба арвмæ исцудæй ма уоми æстъалуй хузи бацудæй.

Хъиамæти разæй бабæй зæнхæмæ æрцæудзæнæй 'ма æ къохи ци адæнтæ адтæй, йетæ æ хæтдзæ, уотемæй нæуæгæй дуйне басæтдзæнæй. Йеци æфсади уодзæнæнцæ Ахсахъ–Темур Дигорæй ке фæххаста, йеци адæнтæ дæр ма тохдзæнæнцæ Дигорæбæл. Хæстæг, æрвадæ, фидæ адæм нæбал æвзардзæнæнцæ. Дигорæн сæ фарнæ нæма фесавдæн 'ма исхъæбæрдæр уодзæнæнцæ Ахсахъ–Темури æфсадбæл.

Æфсæдтæ фæйне 'рдæмæ ниппурх уодзæнæнцæ ма Ахсахъ–Темур йеунæгæй æризайдзæнæй æ дууæ урсей хæтдзæ.

Уой фæсте ба Тотрази фурт Алибег æма Сослан истохдзæнæнцæ. Сæ гъæр, сæ нæгæмæ адæнтæ æмбурдтæ кæндзæнæнцæ; сæ церхъити æма уæтæлти дзæнгал–мунгулæй кæрæдзей дзурд нæбал æртасдзæнæнцæ. Арв сæбæл кæудзæнæй; зæнхæ рездзæнæй сæ тæрегъæдмæ; адæм ба сæмæ кæрæдзей сæрти кæсдзæнæнцæ; догъ кæмæн адтæй, йе æ бæхи сæрæй; хъæбагъ, циртдзæвæн кæмæн адтæй, йе ба уой сæрæй; иннетæ ба алкедæр фестæгæй.

Уой фæсте ба тохдзæнæй Ахсахъ–Темур 'ма авд æнсувæри.

Уæдта зæнхæ нирездзæнæй 'ма дуйне фехæлдзæнæй.

## АХСАХЪ ТЕМУР ÆМА ЛÆДÆРТÆ

Раги, изæдтæ ма адæми хæццæ ку хаттæнцæ, уæд йеу фуд лæг, Ахсахъ темур зæгъгæ, сæ хæццæ хаттæй, зæххон адæймаг уогæй. Бонæн æ йеу афони ба ин доммæ æнæрцæун н'адтæй. Йеци рæстæги зæнхæбæл ба цардæй авд

æнсувæри. Лæдæртæ, зæгъгæ. Уомæн ба тухæ кодта Ахсахътемур, 'ма ку нæбал дзи фæрастонцæ, уæдта загъта: "Йеу афони доммæ цæууй 'ма Донбеттæрæн [illegible] Цæуæн йенцег æй скæнæн, кæд нæ уой тасæй ниууадз[illegible]. Кæд уомæй фæттæрса, æндæр лæгæй ба 'нæ тæрсуй". Гъан дæнцæ 'ма Донбеттæрæй йенцег схастонцæ. Ахсахътемур уой ку базудта, уæд загъта: "Бæрæг уодзæнæй, кæд æз Донбеттæрæй фæттæрсон, уæд". Уой фæсте бацудæй 'ма син с'енцег рамардта. Лæдæртæ æрдеуагæ гæнгæ ниццудæнцæ 'ма ин захтонцæ, ци цау сæбæл æрцудæй, уой. Донбеттæр ба син захта: "Йеу афони мæммæ цæууй 'ма 'й уæд марум — мæ гъаветæ". Ахсахътемур уой ку базудта, уæд нæбал ниццудæй доммæ, фал рандæй 'ма арви астæу сбадтæй. Дууæ урси ба æхецæн хъæлаур ниссахта. Лæдæртæ ба: "Доммæ цæудзæнæй", зæгъгæ, фесиммæ донæрдæмæ цæун байдайунцæ. Ку фæррохсуй, уæдта ма 'й бæргæ исинунцæ, 'ма имæ фæррас кæнунцæ, фал син фæррохсуй 'ма син рохси фæсæфуй.

## ТÆТÆРТУППИ ТАУРÆХЪ

Ногъай æма Хъалмухъ кæд дууæ æнсувæри адтæнцæ, уæддæр се 'хсарæ адтæй Тæтæри Ахсахъ — Темури æфсæдтæ. Еу заман ку æркодта, уæд æртемæн дæр сæ хъаруæ сæттун баидæдта. Кæсæг, Дигорæ 'ма Ирæ нæбал фæразтонцæ Ногъайæй... Еу бон ку адтæй, уæд сæбæл Æргиунгæгмæ æрæмбурдæнцæ Кæсæг, Дигорæ, Ирæ 'ма Цецен æма Ногъай æма Тæтæри бунцагъд никкодтонцæ Дзулати мæсуги рази æма сæ Æргиунгæгæй фæссурдтонцæ. Тæтæри хуцау отæ фæттæрсун кодта, æма бустæги сæхе райстонцæ ардигæй. Уæдæй ардæмæ еци бунат хуннуй "Тæтæртупп", — е ба æй — тæтæрæн сæ тъупп кæми фæцудæй, еци рауæн, ома тæгæр кæми бабунæнцæ. Æгас адæмтæн ковæндони бунат сцæй уæдæй ардæмæ Тæтæртупп. Дауæ стур гъуддаги туххæй кæбæл уидæ цид, омæн адæм стæрхон кæнионцæ Тæтæртуппæй ард хуæрун. Ходаистæй æма бæгъæнвадæй фæццæуионцæ ковæндонмæ. Ард ка бахуæридæ, ой æгас мæйæ адæм сæхемæ нæ уагътонцæ, кай зонуй кæд мæнг ард бахуардта, уæд мах дæр басодздзæнæй, зæгъгæ.

Ой бæрцæбæл адтæй тухуаст еци ард.

Тæтæртуппæй гиризæй мæнгæ соми кæнæн нæ адтæй.

## НОГЪАЙ ТАУРÆХЪ

Ногъай æма Хъалмухъ адтæнцæ дууæ æнсувæрей цæуæт. Сæ хантæ дæр адтæнцæ æнсувæртæ. Хъалмухъ æрбадгæнцæ Терк-ордæг Стур Цеценæ 'рдигæй, Ногъай ба 'й ардæг, Ир 'ма Дигори рæбунти 'ма Кæсæги. Дуææ дæр, Ногъай хан дæр æма Хъалмухъи хан æрцудæнцæ Ахъсахъ-Темури æфсæдти хæццæ. Ахъсахъ-Темур ой бæрцæ зиндзинадæ равардта хонхи цæрæг адæмтæн æма нур дæр ма æгæр ка бахуæруй, омæй фæззæгъунцæ: "Ахъсахъ-Темури хуæрд нæ бакодта", зæгъгæ.

Цалдæнмæ Ногъайæн дæр æма Хъалмухъæн дæр сæ тухæ сæхемæ адтæй, уалдæнмæ хонхи адæмæн сæ бон неци адтæй, айдагъ унгæг кæмтти федæртти сæхемæ бацæун нæ уагътонцæ медæг хонхмæ. Ногъай адæм кустонцæ гъæди куст æма хуæнхтæй будурмæ неке уагътонцæ.

Фал æрæгиау Ногъай хан æма Хъалмухъи хан нæбал федудтонцæ, 'ма сæ хъаруæ сæттун байдæдта. Уæдта сæбæл еминæ дæр растадæй, æма нур дæр гъæдрæбунтæ сæ уæлмæрдæй идзаг æнцæ. Туппуртæ дæр æнцæ Ногъай конд сæ фулдæр.

Йеу хатт ногъайаг æлдар гъæди куст куд кæнун кодта æ косгутæн, отемæй еу рауæн галтæ гъæдласæ нæбал фæразтонцæ æма адæми туххæй дæр тардта галти бæсти. Гъæди кустæй хъæбæрдæр неци сæттуй лæги хъаруæ æма цид фæллад лæгтæ æхсæвæ сæ хæдзæрттæмæ æрцæугæй сæ остити хæццæ гъазун нæбал фæразтонцæ. Уæд еу, сæумæ еу уосæ, æлдар æй куд игъустаидæ, отемæй æй ралгъиста: "О, мæнæ гъæу, гъæууатæй дæ еунæг хуцау байзайун кæнæд, гал галеуæг кæми нæбал кæнуй, лæг лæгеуæг кæми нæбал фæразуй". Йе 'лгъистæ æлдарбæл æрцудæй. Знæгтæ Ногъайбæл сахидæнцæ æма Ногъай æлдар æхе хонхрæбунтæй Æргиунгæгмæ райста. Гъæу кæми адтæй, е хундтæй Хъæра-агач, гъома сау гъæдæ æма адтæй Орсдонбæл. Ой номбæл байзадæй "Хъæрæгъæс" нур дæр Орсдонбæл.

## ХЪÆРÆМ-КЕРМЕНИ ÆФСАД МОРГИ, САХИ ÆФСАД

Хъæрæм-Кермен е 'фсæдтæ æрбакодта Дигори коммæ æма æхсæвæ хуæнхрæбун æрфусун кодта. Æвæдзи сæбæл

фудæхсæвæ искодта. Дунгæ, уарун. Хуæнхтæ кæрæдзей хуастонцæ, æма сæбæл хонх ракалдæи. Бæх уæд, лæг уæд хонхи ихæлди буни фæццæнцæ. Сæ кæрдти сæститæ æма топпи сæститæ, сæ арци финдзтæ — æндæртæ нурдæр ма разиннунцæ. Уæдæй ардæмæ еци рауæн хуннуй "Ихалд".

Фæлварæ си Хосироти Гухо, дæлæ уæхе гъæуггаг, карди саст иссирдта.

## СЕДАНАТИ ТАУÆРÆХЪ

Седанатæ уалæ къæдзæхи тегъæбæл цардæнцæ. Бацæуæн сæмæ на 'дтæй. Гъе уордиги тухтæнцæ. Бонæ федари сæхе бафснайуонцæ, æхсæвæ ба сæ хæдзарæмæ æрцæуиуонцæ 'ма сæ гъуддаг кодтонцæ.

Седанатæ авд æнсувæри 'ма æртæ хуæри адтæнцæ. 'Ма син Шахи æфсæдтæ се 'ргæ хуæребæл хуæст фæцæнцæ — Æфсад ба Морги бадтæй.

Æртæ хуæремæн æфсад загътонцæ: "Уе 'нсувæрти æркæнтæ, маха уæ раудзæн!" Йетæ ба загътонцæ: — — "Кæцæй уин сæ æркæнæн, мах сæ нæхуæдтæ ку нæ уинæн!" Ку неци амал син иссердтонцæ, уæдта и кизгутти рамардтонцæ 'ма сæ Морги байвардтонцæ. Уалинмæ Шахи æфсад Ихалди буни фесавдæнцæ. Æфсад ку фесавдæнцæ, уæдта кизгуттæн и æнсувæртæ сæ мæрдтæ уордиги нæбал искъахтонцæ. Морги кæми æвæрд адтæнцæ, уоми сæ ниууагътонцæ, 'ма син уоми дорин циртдзæвæнтæ ниссагътонцæ. Абони дæр ма йеци циртдзæвæнтæ Морги лæуунцæ.

## ДИГОР–ХЪАБАН

Авд Уæхъæци муккагæй дзурдтонцæ. Раст мæгур цæрæг лæг сæ астæу исæвзурстонцæ — Дигори Хъабан. Авд Уæхъæцей Æстъона йин цæрæн бунатæн равардтонцæ. Нæ фидтæлтæ лæгигъæдæбæл дзорагæ адтæнцæ. Сæ лæгигъæдæ — сæ дуйнемæ гæсгæ. Гъе, Дигори Хъабани уой туххæй равзарунцæ.

Бæрцæлвид байраг, æ гæрнихи уорс æстъæлфæ, æртæ сау уæрей хæтдзæ; æрт 'анзи 'й хуæрæй ку исхаста. Алли анз дæр си йеу уæр æвгарста æ уæрæги хъанзи бæрæг базонунмæ. Æртиккаг уæр ку нивгарста, уæд ин æ бæрæг бавудта: "Мæ бæх копсиуалæ, йе 'ингъуд над нæбал фæссайд–

зæнæй". Уæд ин саргъи рæвдзæ дæр бакодта. Æ зæрди хæ–тун æрæфтудæй. Хæтуни размæ уосæ æрхонуй Баделиагæй хъумайагæн.

Æцæг уосæ баагоруй æхе мæгур Дигори муккагæй. Уæд æцæг хæтунмæ ранæхстæруй афæдзи æнгъудæй Гурдзис–тонмæ. Дигорæ йин йе 'рцудмæ нивæндтæ кодтонцæ. Æ афæдзи бони æриздахтæй Устур Мæхчесгæмæ.

Туйгъанти устур Туйгъан, æ фусун имæ æркодта Дигори Хъабан. Æ копсиуалæн æй æхе тургъи бæхбæдтæнæн нив–вæруй. Дигори Хъабан медæгмæ бацæуй; æ гъар хуæрдæ, æ гъар ниуæстæй ин уазал ниуазæн рарветуй.

Туйгъанти устур Туйгъан æ къахи фийтæбæл ниллæууй æ цийнæй: "Мæнæ мин Дигори Хъабан æгайтима мæ ном иссирдта!" Бонмæ уой хæдзари фæббадуй. Сæумæй ранæх–стæруй йе гурæн бунатмæ. Æстъонамæ иссæуй. Дигорæ йе 'ссудмæ æримбурдунцæ. Бонхуарз син зæгъуй. – "Æгай–тима нин дзæбæх æрцудтæ!"

Афæдзи бонмæ 'й некумæ бал рауахтонцæ.

Æ афæдзи бон ку æрхæтдзæ уй, дууæ уорс йегари, коп–сиуали хæтдзæ цауæни рацæуй. Фидтæлти хæзна хъæрæй–магæй сæумæй рæфтæмæ сæгдзауæн ку кæнуй, рæфтæй изæрмæ тæрхъосдзауæн.

Æ йеу хатти рацуди Туйгъанти æфсинттæ, сæ уостæлтæ, сæ кизгудти хæтдзæ, кæрæдзей бæрæг нæ базонгæй, къæ–рæзгитæй уомæ кастæнцæ. Сæ уорс изæлуй къæбæстæ уомæ ку тилдтонцæ, мæнмæ рацо, мæнмæ рацо, зæгъгæ.

– Мæ бацуд, æцæг, бунат ин нæ уодзæнæй!

Æнгъæлдзауæй йимæ байзайунцæ. Æстъонай размæ ку иссæуй, æ бæх æ къах ракъуæруй; æ галеу къохæй æй ниц–цæвуй.

Дигори æмбурд сауæнги дæр уой æрцуди æнхæст дард–тонцæ сæхе. Æ бæхбæл нигъгъазуй. Æ бæх гурæнтæ – сор къанаутæ.

Хъабардей устур коми на 'дтæнцæ. Хуарз лæги хабар сæмæ цудæй. Æ бæхи лæгигъæдæ дæр æхемæ гæсгæ. Æрба–йимæ æрветунцæ лæваргор: "Дæ бæх нин нæ йеугурей ном–бæл афæййади радтæ!" Нæ–а син нæ загъта. Раварда син æй. Афæдзи бони æхсæви æмбеси Æстъонай дуар æрбаху–астæуй. Æ хъумайаг уоси фурт бацæуй Дигори Хъабанмæ

"Дæ номæй дæ агурдæ уй!"

Æ уæлдзар кæрцæ йе 'усхъитæбæл, æ дууæ æркъей æ къæхтæбæл, дуар райгон кæнуй; дæс бæхгини æ дуармæ. Дигорон æгасцæуай син зæгъуй. Æ бæхбæл æ къох тæрни–хæй думæги сæрмæ радаруй.

Хъабардей лæвари йибæл фæуудта æвзестæй саргъ, сугъзæринæй æ ном æвард. Медæгмæ сæ бакæнуй. Дигорон цæнхæ, кæрдзинæй сæ байуазæг кæнуй. Сæумæ сæ рарве–гуй сæ хæдзæрттæмæ æнæ зианæй.

Хæтун æ зæрди ку æрæфгуйуй къуар бæнттей фæсте, Хъабардей бабæрæг кæнон, зæгъгæ.

Хъабардейæн цуппар тегъебæл цуппар зелæни æркæнуй. Цуппæрæймаг хатт фейиафуй Биаслантæн се 'стур æмбурд, сæ хестæртæ сæ астæу, кæстæртæ сæбæл зилд лæудтæнцæ.

— Йа, ци дессаг æй ани æмбурд!

Ба–сæмæ–цæуй, се 'мбурди кæронмæ æрлæууй, æгас цо зæгъæг ин нæййес. Хестæртæ астæуæй бæхи тæрнихæй æй бафæсмæрунцæ, сæ ковæн дзаума æвзестини цъæх мах–сумæ, ковæгкаг уомæн радтунцæ. Æ билæ 'й ниттолуй уæл–бæхæй, йесæг ин æй нæййес. Æрдæгмæ 'й баниуазуй, йесæг ин æй нæййес. Æд бунтæ 'й баниуазуй. Æ сæрбæл æй æр–кодта. Æ бæх кæронмæ ракæнуй. Дууе 'рдæмæй раздахуй; гириз кæнун æй æнгъалдтонцæ. Æртиккаг хатт æ бæхи къембур рахатуй Дигорæмæ. Ниццæфтæ кæнуй æ бæх; ра 'йсурдтонцæ Биасланти бæхгин адæм.

Фæстæмæ сæмæ ракастæй, фæдесон си нæ фæуудта. Ирæфи дони æрбахезуй. Дигори зæнхæ иссердта, тас имæ нæбал адтæй.

Æхсæрисæри лæборæн къотæрмæ ку исхæтдзæ 'й, уолæвд ин равардта; æвзестин æ бæхи фæсабæрцæ ниббæдтуй, йе 'лвасæнтæ йин балвасуй, дзурд радтуй æ бæхæн: "Ци дин равардтон абони уæнгæ, фæууæнтæ дин хæрам, ду аци æх–сæвæ Дигори хуæздæр æхсæвæр кæмæ уа, уомæ мæ ку нæ бахæссай! Æз дæр дин дзурд дæттун, Нари хестæрæн æ авд фуртемæй сæ хестæри æз рамардтон, уомæ мæ ку бахæс–сай, уæддæр ке нæ раздæхдзæнæн!"

Æртæ цæфи 'й никкæнуй. Æ тухæй æй рауахта. Æцæгæй æй Нари хестæрмæ бахæссуй. Иуазæг уæмæ дзоруй!"

Æ фурттæй йимæ сæ йеу ракæсуй. Дуарæй фæстæмæ

баздæхуй: "Нари хестæри фурттæ, уæ ном фесæфæд, саг фæрæтмæ æрцудæй!"

Йеугайæй сæхе рæвдзæ кæнунцæ, сæ фиди зæронд сæ базонуй. Ба–сæ–фæрсуй: "Ци кæнтæ? Мæнæн мæ тур–гъæмæ ка æрбацудæй, кæд мæ фурти марæг æй, мæ хъиа–мæттæ уин хæран фæуунтæ, сумах уомæн йести ку кæ–найтæ, æнæ мæхецæй дзурд!"

Сæ гæрзтæ æривæрунцæ.

Ра–йимæ–цæунцæ йеумæ; тургъи æмбесмæ ку рахъ–æртунцæ, æ бæхæй рафестæг уй. "Уе 'хсæвæ хуарз" син зæгъуй. "Æгас цо, нæ хуарз иуазæг!" Сæ кæстæр ин æ бæх райсуй, æ гæрзтæ сæмæ равардта. Медæгмæ бацæуй зæ–ронд фидæ æма зæронд мади размæ, æ гæрзтæ исесуй, фæс–дуар сæ байвæруй; дигорон тæфирфæс син ракæнуй.

Зæронд лæг имæ исдзурдта:

— Хæстæгдæр мæмæ исцо! Æ къох имæ радтуй: "Амонди хæтдзæ хæтæ", зæгъгæ. Зæронд уосæ йимæ фестуй, æ къох ин райсуни размæ æ дзедзе йин æ гъæлæси бакæнуй.

— Дæ къохæй ке рамардтай барæй дæр, æнæбарæй дæр, уой бæсти нин ду фæууо мах фурттæн сæ хестæр!"

Ба 'й иуазæг кæнунцæ йеци æхсæвæ, æнæ зианæй сæ–умæ рандæ уй æ хæдзарæмæ. Æ хæдзарæмæ ку исхъæртуй, Дигори зæрæндтæ æримбурд кæнуй хестæргай, нимæдзæ син не 'скодта: сæдæ сæдæ сæдæ 'вдай, сæдæ сæ уæлдай.

Æстъонай мосмæ æримбурд унцæ. Авд сабати нибба–дунцæ, авд фæнди сæри 'й бахастонцæ. Сæ фæндæ ниллух уй тоги цитæ бакæнунбæл.

Балхæнунцæ дигорон хуарæй авд анзи хаст уорс гал æнæ сау æстъæлфæ, уорс дари йин æ хъури ниббæдтунцæ. Æ хæтдзæ рацæунцæ, тоги цити фингæ сæ хæтдзæ угæй.

Нари хестæрмæ барветунцæ:

— Федауци хуасæ фæууо, адæми курд райсæ! Дзуапп син равардта:

— Адæми курд ка нæ райса, адæмæй нæ уодзæнæй! Ра–хæстæг нæмæ уотæ нæ бунатмæ!

Бацæунцæ уорс гал тоги цитæ финги хæтдзæ, сæ разæй æллæуун кæнунцæ. Хестæргай рæнгъитæй ниллæудтæнцæ. Сæ хуæздæр гъуддаг корун адтæй.

Йеци бон бафедудтонцæ. Æстæмæй астмæ фæббадтæн–

цæ. Æвзестин йеци бон тоги цитæн ниууахтонцæ Нари хестæрæн. Рацудæнцæ сæ хæдзарæмæ.

Дигори муккагæн тоги федауцæ фæстагонтæн байзайуй йеци бонæй аци бонмæ.

## ТÆРИОН ТУЛАБЕК

Йеци дзамани Донифарс æма Лезгорæй фæстæмæ фæтгæ ка нæ кодта, уæхæн берæ надтæй, фал йетæ ба хуæдæлдар адтæнцæ æма некæмæн фæтгæ кодтонцæ.

Йеу æхсæви кæми адтæй, уоми ба Гагуони къубус нирризтæй. Æма Кобегкати устур Айдарухъ æ гъолгун урундухъæй рахаудтæй æма йе 'фсийнæмæ фæгъгъæр кодта — ракæсæ æндегкæй цидæр бæллах æрцудæй, зæгъгæ. Йе дæр куд нæ ракастайдæ æма дзоруй Айдарухъмæ: "Не 'хсæвæ бонау ниррохс æй, фалæрдæгæй арви дуар байгон æй".

Айдарухъ ба загъта: "Мадта цидæр æй, уæддæр кæмидæр игурд райгурдæй æма 'й хуцау бæстæн хуарз фæккæнæд".

Æхуæдæг ба йеци фæдбæл Тæрион Тулабекмæ фæххабар кодта, уæдта æнæуой Донифарси ка куд лæдæргæдæр адтæй, уонæн дæр фегъосун кодта. Æрæнбурд æнцæ æма фæндæ 'ма фæнди сæртæ кæнун райдæдтонцæ:

— Цума ка уа йеци игурд, кæмæй уодзæнæй?

Кобегкати Айдарухъ ба син загъта: "Хуцау æй донифæрсаг фæккæнæд. Донифарсæй нæ уогæй ба 'й, хуцау Абисалтæй фæккæнæд, уæддæр йетæ дæргъæхсарæ æма цубур къох æнцæ. Уонæй рахезгæй ба 'й, хуцау, ду, Туйгъантæй фæккæнæ, йетæ дæр фæлмæн зæрдæ фæсдецæуагæ нæлфуси муккаг æнцæ æма нин неци искæндзæнæнцæ. Уонæй нæуогæй ба 'й хуцау Цæргæсатæй фæккæнæд, йетæ хæруесон галау лæхлæбæз æнцæ, æма нин йетæ дæр неци кæндзæнæнцæ.

Хъубадтæй æй, дуйней искæнæг хуцау, ду ма фæккæнæ — йетæ лигъзæвзаг æма синдзæ зæрдæ 'нцæ.

Йеци медæхсæвæ сæхе гъæутæбæл райурстонцæ. Айдарухъ Донифарсбæл хæдзаргай æрзилдæй. Устур Дигорæмæ дæр рарвистонцæ, уæдта иннæ уæхæн гъæугæмæ дæр, æма нæуæг игурд сувæллон некæми разиндтæй.

Дигори хæтдзæ ба йеци рæстæги зулун цъух адтæнцæ æма сагъæс кодтонцæ, мадта ке рарветæн уордæмæ, зæгъ-

гæ. Æма син уæдта Тулабек загъта: "Æз мæхемæ йесун зиндзийнадæ. Æз фæццæудзæнæн". Æхе феце араезт æрбакодта, мæгургори хузæн, æ гебенай зæронди, утемæй фæййагайдта. Губунони размæ ку 'схъæрдтæй, уæдта йбæл дæллæй согдзаутæ иссудæй заргæ.

— Ций а, цæбæл заретæ, цæбæл исхъал айтæ, сæумон ахъуз уин уæ реутæ ку нæмуй. Изæйрон думгæ ба уин уæ фæсонтæ ку нæмуй, уæд уæбæл утæ устур ціййнаг гъуддагæй ци 'рфестæгæй, цæбæл исхъал айтæ?

Йетæ ба ин загътонцæ: "Мах ба убæл цийнæ кæнæн æма Хъубадти Тазæретæн игурд райгурдæй, уой ба Нигколтæ йенцег хæссунцæ, Дзæнийохътæ ба йбæл къуæре бæласæ кæнунцæ, уоми ба хуæрдæ, ниуæстæ удзæнæй. Æма си мах дæр æмбæлгæ кæндзинан æма убæл цийнæ кæнæн". Мадга нур ба хуарз, зæгъгæ, загъта Тулабек медними̇р, игурд кæми адтæй, уой бæргутæ ку райста, уæд.

Йеу пæзи цирагъи къудурон æ рагъи фæккодта, утемæй Фæснæли Хъубадти тургъи исмедæгæй. Æхуæдæг ба æхе уæллагкоймагæй æвдиста æма 'йбæл уоми хъал адæн гириз кодтонцæ, гъæла Уæллагкоймаг, зæгъгæ. Ниуазун, хуæрун дæр ин ракæнионцæ, кафунмæ дæр æй рагæлдзионцæ, йе дæр æхе нигъгъæла кодта æма 'йбæл уоми ходæгæй мардæнцæ. Ку 'срæвдзæнцæ æма Никколтæ сæ йенцег ку рахастонцæ, уæд Тулабек дæр сæ хæццæ рацудæй. Æма еу сахат ку рацудæнцæ, уæдта Тулабек уоститæн уогæ, ракæнгæ, æз ба уин уæ сувæллон йеу минкъий рахæссон, зæгъгæ.

Уоститæ кæрæдземæ бакастæнцæ, уæдта сæ йеу утæ:

— Радтетæ 'й ма 'й йе ба тъола, — зæгъгæ, æма 'ймæ 'й равардтонцæ.

Тулабек, сабий æ гъæбеси, утемæй цæун райдæдта æма уæлæ Туайти хæрди Донифарс æма Нари над кæми фæххецæн унцæ, уоми ба син Тулабек, цæй мадта бал хуарзбон раутæ, зæгъгæ, сабий хæццæ Донифарсмæ фæххæрд кодта. Йетæ дæр бæргæ фæффæдес кодтонцæ, нæ йенцег нин фæххæссуй, зæгъгæ. Æма ма æ фæсте бæргæ рауадæнцæ, фал дин йетæ уой æййафтонцæ. Утемæй Тулабек и сабий Донифарси æрбалæууи кодта. Уоми ба 'й Надийти Гæдауи дзедзейæй фегъæстæ кодтонцæ. Гъе уæдта уой фæсте ба сæ астæу минæвæрттæ хæтун райдæдта, æма син æй уой фæсте ба равардтонцæ.

Ку 'слæг æй, зæгъуй, уæдта йеци дзамани сæ куст ка куд хъаруæгундæр, уотæ кæрæдзей æфхуæрун адтæй æма зæгъуй, аннæ гъæутæ кадтæй, уонæн тухæ кодта, фал Донифарсмæ ба, се 'хсирæй син куд фегъæстæй, уомæ гæсгæ æ бон бавналун не 'ссæй æма, зæгъуй, ку мардæй, уæдта уотæ ниффæдзахста:

"Хъæнухъти æфсæн дуарæй
Æртæ зæгæли рафтауетæ
Æма мин сæ мæ цирти никъкъуæретæ".

Гъе уотæ адтæй Донифарси цард йеци дзамани.

## ХЪАНТЕМУРТИ МАЗУХЪИ ТАУÆРÆХЪ

Гезе æма Дигорæ кæрæдзебæл тохуни унаффæ искодтонцæ. Мазухъ исунаффæ кодта Гоземæ фæццæунмæ, сæ гъасхитæ базонунмæ. Фæццудæй æма Къæйин æфцæгбæл исæййафта йеу цауæйнон Гокъиайи фурт Ахалбедай. Сæ дуаæ дæр кæсæнцæститæй кастæнцæ кæрæдзей бæстæмæ тъасхæгæнæг. Мазухъ — æлдар уæд адтæй уосæ хонунбæл Кæсæгæй. Ку æркастæй, гурдзиагæн æ арæст устур ке адтæй, уомæ, уæд æ зæрди æрæфтудæй фитдзаг уосæ æрхонун бал. Мазухъ — æлдар раздахтæй фæстæмæ. Уæллагкоймаг Хъайи фурт Гегки æрдхуард адтæй Мазухъæн. Уомæ ниффæдзахста Мазухъ — æлдар: "Фæццæун æз Кæсæгмæ уосæ хонунмæ, фал нæбæл сау Гезе тохунмæ гъавунцæ, бадарæ де 'нгæс æгас Дигорæмæ!"

Сау Гезе æцæг исунаффæ кодтонцæ Дигорæй фонс фæккæнун. Рандæй Мазухъ — æлдар дæр Кæсæгмæ уосæ хонунмæ. Дæс æма инсæй бонемæ фæстæмæ раздахтæй æд киндзгъонтæ. Хъайи фурт Гегки фæууидта æ фунæй, Гезей син тухæ кæнунмæ куд гъавта, уой.

Уомæ гæсгæ рацудæй Донифарси Гагуатæбæл. Радзурдта син Гезей хабар æма захта:

"Нæ цуппар дзиллебæл нин сау Гезе тохун унаффæ кæнунцæ; нæ рамæлун хуæздæр æй йетæ батухæ кæнуни бæсти".

Захтонцæ йин:

— Мах хабарæн неци зонæн, фал нæ дæ фæсте кумæ хонай, уордæмæ ба цæуæн.

Йе дæр син захта:

— Æз нæ хонун æгас адæми, фал хонун топпгинтæ æма кæрдгинтæ, уæдта, къахидарæсæй рæвдзæ ка уа, уони. Ис — сæудзæнæн нур Дигорæбæл Гæлиатæмæ; не 'сæмбæлæн ба фæууæд Мадзасги. Уоми ба кæндзинан фæндæ 'ма фæнди сæртæ.

Дугкаг бон изæррохсæй æхуæдæг Мадзасги æринцадæй. Топпи хуасæ йимæ адтæй хурдзинидзаг, адтæй йимæ топп сæдæ уахт фатей хæтдзæ, — дууæ æркъей æма бæрзæ лæд — зæг. Уордиги фегъосун кодта Устур Дигори хуарз адæмтæн. Хонгутæ рарвиста фитдзагдæр Хъарабугъатæмæ, фал сæ — бæл уæдта исидæудтæй æма захта:

— Ниуудзун сæ гъæуй Хъарабугъати, уой туххæн æма цъуххæссæг æнцæ, æфсæдти ба цъух хæссун нæ бæззуй. Бадзоретæ Къулитæмæ, фал сæ ниуудзун гъæуй, уой тух — хæн æма исон Тахойтæмæ хуæрнæг йес, йетæ ба губунгин æнцæ æма æфсæдти дæр нæ рацæудзæнæнцæ, бæзгæ дæр не 'скæндзæнæнцæ. Ниуахтæ Куцугти дæр, уой туххæн æма зундæй тæнæг æнцæ, не 'сбæздзæнæнцæ. Таймазти дæр нæ бауахта, уой туххæн æма хæресон галау лæхлæбæз æнцæ æма рæвдзæ нæ уодзæнæнцæ, дзæндæл æнцæ æма нæ бæз — зунцæ.

Уæдмæ рацудæнцæ Дигорæй Басулухътæ, Гæлиатæй Абисалтæ, Донифарсæй ба Гагуатæ дууæ сæдæ бæхгине — мæй.

Захта син Хъайи фурт:

— Фæрсаг адæм ку нæ уонцæ, уæд нæ гъуддаг нæ ра — цæудзæнæй, уой туххæн æма лæги фæдбæл уод дæр йетæ фесафдзæнæнцæ. Бадзорун гъæуй Тæтонтæмæ.

Тæтонтæ дæр рацудæнцæ. Уæд син захта Хъайи фурт:

— Нæ гъуддаг нæ рацæудзæнæй, Хъантемурги Мазухъ нæ хæтдзæ ку нæ уа, уæд, фал ами нæ 'й, уой йин нæ зонун. Хæмицати Мисост ин захта:

— Æз æй æзинæ Æстур Дигори хорбадæнти бæхбæл гъазгæ фæууидтон.

Уой ку фегъуста, уæд ин захта, Хæмицай фуртæн:

— Фæккæстæр уо æма мæ бæсти фæццо Мазухъ — æл — дармæ æма йин зæгъæ: "Гезе нин тухæ кæнунцæ æма мæнæ æрæмбурд ан Мадзасгæмæ; кæд нæ нимайис, уæд нæмæ иссо!"

Нæ син æрбацудæй, фал син захта:

— Афæй балци адтæн æма уин исонмæ йести исунаффæ кæндзæнæн.

Хъайи фурт имæ уæд æхуæдæг æрбацудæй æма ййимæ æртæ хатти бадзурдта æ номæй, фал имæ йе 'неци радзурдта.

Æ фидæ Туали уой ку фегъуста, уæд захта:

— Ци 'й йе? Æ уоси хæтдзæ æ дуйнебæл дæр ку некæд бал ниххустæй æма æнæракæсгæ ку фæцæй! Æз зæронд къуру лæг ку дæн æма 'й æз ку игъосун, уæд йе ба куд не 'гъосуй?

Мазухъ — æлдар уой ку фегъуста, уæд радзурдта:

— Хуцау дин ма бакомæд, мæ фидхуæрæг адтæ æма мин æй хуæрис нур дæр! Ба — мæ — хезæ минкъий!

— Ку нæ дæ бахезон, уæд хуæздæр бæргæ 'й, уой æнгъæл ди ку некæд адтæн!

Æ уосæн раарфæ кодта æма йин захта:

— Хуæрзбон фæууо! Цийнæй нæ хуцау исæмбæлун кæнæд, фал æнгъæл нæ дæн. Уоси фарсмæ бадун махмæ ходуйнаг æй, Кæсæги æгъдау ба хуарз нæ зонун. Ку дæ фæндæуа, уæд ами лæууæ, кенæ ба ку цæуай, уæд дæр дæ барæ йес.

Зæронд Туали рахаста æ фуртæн æ тохæн дзауматæ æма йин захта:

— Куд нæ цæуис, мардзæ, ду ба уæхæн адæми хæтдзæ?

Рацудæнцæ Хъайи фурт æма Мазухъ — æлдар. Æрбацудæнцæ Мадзасгæмæ адæми цормæ, æхсæвæй бонмæ сæ фæййахур кодтонцæ цæунбæл; исрæвдзæ кæнун кодтонцæ син сæ тохæн дзауматæ. Сæумæ ранæхстæрæнцæ æма бахистæнцæ Къæйин æфцæгбæл. Ку сæбæл баизæр æй, уæд йеу рауæн æрбунат кодтонцæ æма исарт кодтонцæ.

Гезейаг Туаней фурт йеу æмбали хæтдзæ цауæни адтæй æма Дигори арти рохс фæууидта, басæлæдæрдтой æма захта йе 'мбалæн:

— Атæ мах æфсæдтæ 'нцæ! Рæвдзæ нæ ан æма син фонс уодзæнæнцæ нæ адæм! Зин рауæн нæ иссердтонцæ.

Багъустæй Гезейаг æхсæвигон æфсæдтæмæ æма бафæсмардта арти рохсмæ Хъайи фурт æма Мазухъ — æлдари. Сæ уиндæй æ зæрдæ нирристæй æма захта йе 'мбалæн:

— Куд дæ фæндуй, саг дин рамарон æви тускъа?

Йе ба захта:

— Тускъа нард ку уа, уæддæр саг кадгиндæр æй.

Уой фæсте Гезейаг нигъгъафта Мазухъ – æлдармæ, фæ 'й æхста æма и фат æ реуи исæмбалдæй. Æвваст мард фæццæй Мазухъ – æлдар. Хъайи фурт отæ æ нимæт артбæх рамбарста æма талинги медæгæ бафснайун кодта и мард.

Сæумæ ранæхстæр кæнун кодта йе 'фсæдтæ æма сæ йе 'знаги гъæубæл æллæуун кодта, æхуæдæг ба бацудæй гæни дзæхæрамæ. Уордæмæ Гезейаги мæсуг хæстæг адтæй æма йин Хъайи фурт æ къæразгæ йеу æхст фæккодта; æфсæдтæ уой ку фегъустонцæ, уæд бангъæл адтæнцæ, кæд Хъайи фурти æхсунцæ, зæгъгæ, æма раидæдтонцæ и мæсуг æхсун.

Гезейаг римахст адтæй, фал топпи гъæрмæ рацудæй къæразæмæ æд топп æма исдзурдта Дигорæмæ:

— Дзæбæхæй рандæ уотæ, зæгъгæ, кенæ ба уин, хуцауæй ард хуæрун, йеунæг дæр уи нæбал фæццæуадзæнæй æ хæдзарæмæ!

Уотæ ку исдзурдта, уæд æй Хъайи фурт фæууидта къæразæмæ, фæ 'й æхста æма дууæ фати рауадæнцæ æ хорхи. Гезейаг мæсугæй ку рахаудтæй, уæд имæ Хъайи фурт иссудæй, æ сæр ин æркодта æма 'й исхаста йе 'мбæлттæмæ. Йеци лæг ку рамардæй, уæд Дигорæн фенцондæр æй.

Бацудæнцæ гъæумæ æма фитдзаг сæ мард хæссунмæ исрæвдзæ кодтонцæ, уæдта гъæуæн сæ сæрæй финддæс кизги æма финддæс лæхъуæни ракодтонцæ. Æрцудæнцæ фитдзаг Гæлиатæбæл, уæдта Дигорæ 'ма Донифарсбæл иссудæнцæ Устур Дигорæмæ. Хъантемурти Туали син сæ рацæунмæ кувди хардз исараста.

## МУСТАФИ ДЗУБАНДИ

Адтæй йеу 'гъæу, Байсиати гъæу, зæгъгæ, Байсиати гъæумæ иссудæй бохъургин адæни муггаг. Æссæрвиста уони ногъайаг æлдар мæгур адæни фонс тæрунмæ. Æссудæнцæ 'ма Байсиати гъæуи фонсбæл рагъæр кодтонцæ сæ гъонгæсти хæццæ. Уони уинæг нæ фæццæй. Дзулати мæсуги сæрбæл ба бадтæй Азаухан. Азаухан сæ фæууидта 'ма фæндурæй цагъта мæсуги сæрæй: "Байсиати гъæу, ракæсетæ, уæ фонс уин фæттæрунцæ бохъургинтæ", — зæгъгæ. Байсиати гъæу рацудæнцæ фæдеси сæ фонси фæдбæл æд цъолæ, æд мелæ. Гъæугæрон æрæнбурдæнцæ йеугурдæр. "Ци кæнæн мах, кумæ фæццæуæн, гъæубæсти йеунæг лæг адтæй — Мустафа, йе дæр афæй балци ку рандæй. Нечи бакæнджиан мах, — дзæгъгæ загътонцæ, — нæ раздзæуæг Мустафа нæ хæццæ кунæ уа, уæд". Йеу – дууæ лæхъуни дзорунцæ: "Мустафа афæй балчи адтæй, фал æрцудæй 'ма сæхемæ й", — зæгъгæ.

— Ка уодзæнæй нæ фæсевæдæй уæхæн, Мустафамæ нин ка бандеудзæнæй аци хабар радзорунмæ, нæ хæццæ раздзæуæгæн, амонæгæн рацæунмæ. Йеу – дууæ лæхъуæни загътонцæ: "Мах имæ бадзордзиан, мах ин бандеуджиан уæ захт разæгъун". Бацудæнцæ дууæ лæхъуæни 'ма имæ бадзурдтонцæ Мустафамæ. Сæ гъуддаг ин загътонцæ. Мустафа син загъта: "Афæй балчи адтæн æма топпи хуаллагæй рæвдзæ нæ дæн", — зæгъгæ. — "Топпи хуаллагæй дæ нæхуæдтæ исрæвдзæ кæнджиан".

— Топпи хуаллаг дæр гъуддаг æй, фал къахи дарæсæй дæр рæвдзæ нæбал дæн.

Рандæнцæ. Нийуагътонцæ 'ма Байсиати гъæу сæхуæдтæ фæдеси рандæнцæ. Сæумæ Мустафа фестадæй 'ма æ бæх донмæ раласта. Дондзау уоститæ уой ку фæууидтонцæ, уæд кæрæдземæ барæй гъæрæй дзорунцæ: "А ци дессаг æй, Байсиати гъæу йеугурæй фæдеси ку рандæй, уæд Мустафа ба дондзау уоститæн гъæуайгæсæн байзадæй?!" Мустафæн еци загъд фæззин æй 'ма сæхемæ ку ссудæй, уæдта æ бийноптæн загъта: "Мæ цохъайæн мин æ думæккæгтæ уæраги сæртæбæл æрбауадзæ, æ дустæ ба — цонгихъолтæбæл, 'ма мæ рарæвдзæ кæнæ балци цæунмæ". Мустафа бæхбæл рабадтæй æмæ рандæй сæ фæдбæл. Фæдес æсæздахтæнцæ фæстæмæ 'ма имæ дзорунцæ: "Мабал цо, Мустафа, æмбурд гъæубæстæй мах ке нæ бакодтан, уой ду дæ нæбал бакæндзæнæ", — зæгъгæ. Дзоруй сæмæ: "Æ сæрæн ка 'й, æ бон йести кæмæн æй, йе мæ хæццæ раздæхæд". Сорун сæ байдайуй Мустафа.

Йеу рауæн хуæнхрæбун рæфтбадæ æркодтонцæ бохъургинтæ, уотемæй сæ раййафта. Мустафа рафестæг æй. Хонхмæ бацудæй æма йеу къæбури рæбун æхе барæвдзæ кодта. Тохун сæбæл райдæдта уордæги Мустафа. Хауæккаг

сæ фæккодта. Сæ хауæккаг фæлледзæккаг æй бохъургинтæн. Фонс æрбаздахта фæстæмæ Мустафа 'ма сæ истæруй. Адæмæй ма ка райервастæй дæлæмæ, йетæ ногъайаг ханмæ фæххабар кодтонцæ, атæ нæ фесафта йеунæг лæг, кæцæй нæ æхста, уой дæр нæ базудтан, уотемæй. Ногъайаг хан равардта уонæн фæстæмæ устур хъаурæ Мустафи фæсте рарветунмæ. Æсæйафтонцæ и 'фсæдтæ. Тохун байдæдта сæ хæццæ Мустафа. Фæттухтæй, цалдæнгæ топпи хуаллагæй хъæрдтæй, уæди уæнгæ. Хъæбæр бабæй сæ базиантæ кодта, фæстæмæ сæ ледзунбæл искодта, уæдта имæ æхсæн дзаумау нæбал адтæй. Нийахæстонцæ Мустафи. Фæйхæстонцæ ногъайаг ханмæ. Хан æй хъæбæр исчитгин кодта. Райста æй æхемæ. Мæсуги сæрмæй искодта. Йеу афони Мустафæн æ зæрди æрæфтудæй раледзун уордæги. Уæд ханæн загъта: "Нæхердигон тунæй мæ цохъа скæнун фæндуй", зæгъгæ. Хан дзурд равардта, 'ма æрæмбурд кæнун кодта тунтæ 'ма сæ Мустафамæ æрвиста. Ахсæви раледздзæнæн, зæгъгæ, имæ нет куд адтæй, уотемæй ба и тунтæ кæрæдзебæл ниббаста. Тунтæн сæ йеу кæрон уæллæй рафедар кодта мæсуги сæри, аннæ ка 'й, уой ба къæразæй рагæлста рахезунмæ зæнхæмæ. Рауагъта уордæги æхе–йечи бæндæнтæбæл æхсæвæ. Уинæг æй нæ фæццæй. Рацудæй æма æ гъæубæстæмæ исдудæй.

## ХЪÆРÆМСАУХАЛТИ МУСТАФФÆ

Мустаффæ нæуæг уосхунд адтæй, æ уосæн ба адтæй æ хæццæ дигизæ мадæ.

Уæд Хъарца–гъæуи фонсмæ Сарий ралæбурдтонцæ 'ма син сæ галгæстæ, сæ уорс дзогтæ æд фиййæуттæ, æд куйтæ фæтгардтонцæ. Йеунæг къуæдти битдзеу ма ниууахтонцæ, айæ мах цæмæн гъæуй, ций кæнæн, зæгъгæ.

И къуæдти битдзеу хæтæлæй дæсни адтæй æма Хъарца–гъæумæ уайун байдæдта. Ку нихъхъæрдтæй и гъæумæ, æ хатæлæй ниццагъта: "Фæдес, Хъарца–гъæуи адæм, Бохъур Сарий уин уæ галтæ æд галгæстæ, уæ уорс дзогтæ æд фиййæуттæ, æд куйтæ фæттæрунцæ". Рацудæнцæ Хъарца–гъæуи адæм тумугъ фæдесæй. Мустаффæмæ дигизæ мадæ бадзурдта: "Мустаффæ, фæттæрунцæ уин уæ берæ фонс Бохъур Сарий, фæцу цæуæнцæ Хъарца–гъæуи адæм тумугъ фæдесæй, ду ба хусгæ ку байзадтæ".



Йе дæр имæ радзурдта: "Бамæ уадзæ, менæ ниййаргæ мадæ, дуйней фонсæй, дуйней хуссæг адгиндæр æй". Уотемæй имæ æртæ дзурди бакæнуй, ходуйнаг æй, ходуйнаг, зæгъгæ. Æртигкаг дзурди ба ралæуирдта. Æ уорс цохъай думæггæгтæ æ йастæубæл ралух кæнуй, æртæ хъатарай си хуæрзидзаг æрбакæнуй. Æ сау хъæрæймаг раскъæфуй, уайунтæ байдайуй. Хъарца–гъæуи коми ибæл фембæлунцæ и фæдес сæ раздагъди æма ибæл айуан кæнунцæ: "Мустаффæ дæр нурмæ æ уоси хæццæ фæххустæй нур ба сæ цæгъдздзæнæй", – зæгъгæ. Иссæмæ хъæрдтæй, 'ма йимæ дзорунцæ: "Мабал цо, Мустаффæ, и фæсæфцæг фæцæнцæ".

Йедæр син загъта: "Лæг ка 'й, йе мæ фæсте рацæуæд, уосæ ка 'й, йе ба Хъарца–гъæуи хъахбай уоститæмæ цæуæд!" Æ фæсте цъеугъæргæнæг дæр нæ раздахтæй.

Æхуæдæг уайун байдæдта 'ма син Хъобани цъæх цъетебæл сæ раз нийахæста, æхсун сæ байдæдта. Ка куд хæстæгдæр адтæй, уотæ сæ æхста 'ма си финддæс рамардта, финддæс ба си цæфтæ фæккодта, иннетæ ба ралигъдæнцæ. Ку ралигъдæнцæ, уæд Хъарца–гъæуи фонс фæстæмæ гургургæнгæ раздæхтæнцæ æд галгæстæ, æд фиййæуттæ. Мустаффæн дæр æ уæраги æставд басастæй æма цъетей дудагъмæ ниххистæй.

Ку ниццудæнцæ Сарий адæм, уæд сæ æлдар бафарста: "Уе 'хсæг нæ бабæрæг кодтайтæ", – зæгъгæ. Йетæ дæр йин загътонцæ. "Неци бабæрæг кодтан". Уæд сæ Сарий æлдар æ хæддзæ рахудта, "Цæуæн æдта 'й бабæрæг кæнæн", – зæгъгæ. Исимæ цудæнцæ æма 'й цъетей дудагъи иссердтонцæ æма йæмæ нендиудтонцæ.

Йедæр сæбæл æ хæтæл фентъухта: "Цæмæй ма ми тæрсетæ, Бохъур Сарий – мæ хæтæлæн хуаллаг ку нæбал йес".

Уæд йæмæ æрцудæнцæ, æма си ка уотæ загъта: "Æз æй раздæр цæвун, ме 'рвади мин рамардта", ка си уотæ загъта: "Æз æй раздæр цæвун, мæ мади 'рвади мин рамардта". Æма син æлдар загъта, уотæ уæ мадæ, уæ фидæ фæрохсаг уа, æз уин йеу мард ма марун ци бауадздзæнæн, зæгъгæ, 'ма 'й æ фæсабæрцæ Сариймæ рахаста, уоми ба 'й Уотæрти даргъ мæсуги бакодта. Уордæмæ ин гъæдгоммæгæсгутæ байагурдта. Исдзæбæх æй, æма 'й уоми дардтонцæ.

Уæд æ дигизæ мадæ син æ хабар игъосун райдæдта: "Мустаффæ Сарий ахæст æй" зæгъгæ, æма Хъарца–гъæуи дзæ–

бæхтæбæл хæтун байдæдта 'ма сæ æрæмбурд кодта. Урус–бити Хъургъохъ ба сæ тогкин адтæй, фал уæддæр хуарз лæг адтæй, æма 'й æрбахудта. Адæм ку 'ртумугъ æнцæ, уæдта æхе 'рвадæ Баггериймæ барвистонцæ: "Мустаффи хабар Сарийæй цæуй, нур ба ймæ цæугæ кæнæн æма нæ хæддзæ рауай", – зæгъгæ. Йедæр син загъта. "Нæ фæццæудзæнæн, сумах хеваст адæми муггаг айтæ 'ма неци бакæндзинан". Кунæбал æй уахтонцæ, уæдæ син загъта: "Кæд æфцæгæй æндæмæ унаффæ мæммæ уаддзинайтæ, уæд цæун". Йетæ дæр ин бадзурд кодтонцæ, ратдзинан дæмæ унаффæ, зæгъгæ.

Ранæхстæр æнцæ Хъарца – гъæуи берæ адæм устур æф–садæй; ракодтонцæ сæ хæтдзæ мин иуонæги хуаллагæн. Æфцæги уæнгæ унаффæ гæнгæ фæццудæнцæ берæ адæм, уæдта сæ бафарста Баггерий: "Нур мæмæ и унаффæ дæт–тетæ, æви нæ"? Загътонцæ ин: "Дæттæн дæмæ". Æма рар–таста Урусбийти Хъургъохъой хæтдзæ аст лæги, иннетæн ба ниффæдзахста: "Мæнæ ами нади дууæ фарсемæ уæхецæн къахгитæ искæнтæ, мæнæ и мин иуонæгемæй уæ ци гъæуй уой хæуретæ". Уæдта син бафæдзахста: "Аст бони æма мæ æхсæви бахезетæ æма æстæймаг бон ба цурд лæууетæ". Ба–цудæнцæ Сариймæ 'ма сæмæ мийнæвар æрветун байдæд–тонцæ: "Нæ ахæст нин", зæгъгæ. Йетæ дæр син загътонцæ: "Нæ финддæс лæги, нæ финддæс фадмизди, нæ ахæсти аргъ сæ хæтдзæ æнхæстæй' радтетæ, 'ма уин уæ ахæст ратдзи–нан". Аст бони 'ма аст æхсæви сæмæ мийнæвар мийнæ–варбæл фервиста æмæ сæ хуссун нæ бауагъта, уæдта син райарфæ кодта: "Уой бæрцæ бафедун ба нæ бон нæй æма хуæрзбон". Сæхе, цаведтонгæ рандæнцæ, уой хузи бавдис–тонцæ, сæхуæдтæ ба сæхе баримахстонцæ. Ку ниххустæн–цæ, уой син ку радзурдтонцæ, уæд бацудæнцæ мæсуги бунмæ, 'ма ймæ бадзурдтонцæ: "Мустаффæ, дæ хабар ардиги ку цæуй, ранæмæкæсæ".

Æра – сæмæ кастæй, æма ин Баггерий загъта: "Сариймæ æрветун мийнæвар аст бони æма аст æхсæви, фал мин уотæ зæгъуй: нæ финддæс лæги, нæ финддæс фадмизди 'ма нин нæ ахæсти аргъ æнхæстæй, 'ма дин уæ ахæст ратдзинан, зæгъгæ. Нур ба нæмæ уой фæлхауги ралæуерæ! Йедæр син загъта: "Гъай – гъай, мæ фæсте цъеу – гъæргæнæг нæ фæ–цæй, нур ба ку ралæуеринæ 'ма мæ марддæр ами Сарии куйтæн хæлæйфаг ку фæууидæ".

Уæд имæ Урусбийти Хъургъохъ дзоруй:

"Дæ мард дин ами нæ ниууадздзинан, ранæмæ лæуерæ". 'Ма ймæ радзурдта Мустаффæ ба: "Æй, Урусбийти Хъургъохъ, цæмæ мæмæ æрбацудтæ, тоггин ку адтан".

"Йедæр дин хатир æрцæуудзæнæй дæ лæгдзинадæмæ гæсгæ, æрмæмæ лæуерæ". Æра—сæмæ лауирдта мæсуги сæрггагæй 'ма син ниффæдзæхста Баггерий: "Хæссетæ 'й Хъарца—гъæумæ, æфсадæн ба зæгъетæ: "Цурд лæууетæ!" Æхуæдæг ба Сарий бахизта бонивайæни уæнгæ, бонивайæни ба сæмæ бадзурдта: "Уæ, Сарий, уæ ахæст фæлледзуй". Æралæуирдтонцæ йеци фестæй сæ салдзабури зæрæндти, уæгъдæ рæнттæй. Йедæр син лигъдæй, йетæ дæр æй сурдтонцæ. Æнгæс кæми уидæ, уоми къулухæй бауаидæ, фæсауон ба маргъау батæхидæ. Уотемæй сæ æфсади астæумæ æрхъæргун кодта, уæдта сæмæ фæстæмæ æхе фæххадта æмæ сæ фехста. Æфсад дæр къахтитæй ислæсгæнцæ æма Сарий адæми ниццагътонцæ. Хъарца—гъæуи адæм, сæ хуæллагæй ка рауæлдай æй, йеци иуонгутæ дигизайæн равардтонцæ. Мустаффæ дæр рамардæй.

## АССИЙ ЗАР

Устур Асси æрæмбурдæнцæ сæ гъæуи 'хсæнмæ: "Нур нæ гъæуй Стулий æфцæгбæл æфцæггæс ниввæрун æма нин ка фæццæуудзæнæй". Бисурхан—æлдар Тазæрет загъта: "Еу лæгæй æз фæццæуудзæнæн". Иннæ лæги бунатмæ æхе балæвардта Уллу Таухъан (устур Таухъан). Æртиггаг лæгæн цудæй Гицци Абай (минкъий Абай), æма ой ба нæ уахтонцæ иннæ дууæ лæги, дæхуæдæг фæлхассаг дæ, зæгъгæ. Раззаг дууæ адтæнцæ уæздæнттæй, Абай ба сау адæнæй æма ибæл нерввæнстæнцæ. Æмбурди син али фудтæ фæдздзурдта: "Бахуæрунмæ мæ ку гъæуй цъеуи бæрцæ, исбадунмæ —карки бæрцæ, балæборунмæ ку дæн мæхуæдæг Корай æмбес, дууадæс лæги мæхæуæдæг. Æрæги—дурæги фæццудæнцæ æртемæй дæр æма æрбадтæнцæ Стулибæл æфцæггæс.

Уæд дууæ устур лæги исæстонгæнцæ, Тазæрет æма Таухъан. Гицци Абаййæн загътонцæ, мах фиййаутæмæ цæуæн месин цумунмæ, ду ба лæууæ ами, зæгъгæ, æма рандæнцæ. Уалдæнги Сари балæбурдтонцæ. Гицци Абай æхецæн цъетебæл къагъд ракодта. Æ фарсмæ ба еу лæдзæгбæл æ басlæхъ ракодта, иннебæл æ нимæт æма сæбæл ходтæ ник—

кодта. Сарий æфсад они 'хстонцæ, е ба син сæхе. Иссæку-нæг кодта, отемæй сæ раздахта. Иссудæнцæ дууæ æмбали дæр. Ассимæ ку ниццудæнцæ, уæд гъавтонцæ сæхе бози фæккæнунмæ: "Ду бабæй кæми адтæ, мах æфсад ку здахгæн, уæд?" Фиййаути бафарстонцæ, æма син етæ ба загъ-тонцæ, дууæ лæги махмæ адтæнцæ, Гицци Абай ба сæ еунæ-гæй раздахта, зæгъгæ. Асси æртæ лæги ихуæрстæггаг дæр Абаййæн равардтонцæ.

## ХÆМИЦАТИ ХÆМИЦ

Тасолтантæ уездон муккаг адтæнцæ æма сæмæ кизгæ ку сæнтæсидæ, уæд æй æнæуой мæнæ мах хузæн "сау адæ-мæн" нæ лæвардтонцæ. Йеу кæми адтæй, уоми ба сæмæ Хæмицати Хæмиц минæвæрдтæ барвиста, уæ кизгæ мин радтетæ, зæгъгæ.

Тасолтантæ ба ин æ минæвæрттæн дзуапп равардтонцæ: "Дæ сæрæн дзæгъæли хъиамæт ма аразæ, сау халон уæрт-дзæ нæ йахæссуй". Хæмиц дæр сæрæн лæхъуæн куд нæ ад-тæй æма сæмæ, зæгъуй, бавзиста, сау халон уæртдзæ куд ахæссуй, уой ба уин æз фæууийнун кæндзæнæн, зæгъгæ, æма син сæ йеунæг хуæрæ Фатъиймæт — рæсугъди расквъаф-та. Йе Тасолтантæмæ лиагъæ куд нæ фæккастайдæ, Хæми-цатæ куд неци 'нцæ, мах ба уездон муккаг ку ан æма нæмæ куд бандиудта, зæгъгæ. Æргæ 'нсувæремæй сæ хъæрæй-мæгтæ райстонцæ æма Хæмицай фурти марунмæ агорун райдæдтонцæ, фал ибæл равги хуæст не 'нгъистæнцæ.

Йеу кæми адтæй, уоми ба гъæуи фæстемæ æрбацудæн-цæ æма сæ хуæрæмæ барвистонцæ, дæ фæйнун нæ фæндуй æма нæ размæ рацо, зæгъгæ.

Фæтъиймæт ка 'дтæй, йе зæгъуй дарийти буни зингæ дæр нæ кодта, уотемæй гъæуи фæстемæ сæ размæ рацудæй, æма ниццийнæй йе 'нсувæртæбæл. Йетæ дæр æй куд нæ ра-фæрститæ кодтайуонцæ, дæ цард куд æй, нæ йеунæг хуæ-рæ, зæгъгæ. Йе ба син загъта: "Æз мæ цардæй гъæстаг не-цæмæй дæн, йерун даруйнаг дæр, хуæруйнаг дæр мæ фагæ, фалæ уæ кæд уæ йеунæг хуæри фæййнун фæндуй, уæд мæ ами гъæугæрон ма уинетæ. Æз ке номбæл дæн ами, уомæн дæр йес сумах кумæ исиуазæг кæна, уæхæн къæс æма нæмæ уордæмæ рахастæг уотæ, кæд ма мæ уæхецæн æнсувæр-хуæрæбæл нимайетæ, уæд. Берæй, нур афонæй йеци тог-



кини цæстингас рагæлдзунæн, дууæ хæстæги уотемæй нæ цардæуй".

Йетæ ба ин загътонцæ: "Махмæ уæхæн нæ уарзон цæ-стингасæй нецибал йес, иссудан æррæстæ дæу бабæрæг кæнунмæ, нур ба уæмæ медæгмæ дæр цæмæннæ бацæуд-зинан, æрмæст уой ку базонæн æма дæ сæри хецауæн нæ фæйиндæ гъулæг нæ уодзæнæй, уæд. Уой ба уæд базонд-зинан æма нæмæ Хæмиц æхуæдæг ку рацæуа æма нин иуазæги æгъдауæй медæмæ ку зæгъа, уæд".

Фатъиймæт йе 'нсувæртæбæл бауæндтæй æма цийнæ гæнгæ фæййауонæй сæхемæ. Уоми ба Хæмицæн рахабар кодта: "Атæ 'ма атæ, ме 'нсувæртæ иссудæнцæ, дæ хæтдзæ сæ бафедаун фæндуй, расæмæ кæсæ, уæргæ гъæуи фæсте 'нцæ æма сæ нæ хæдзарæмæ æрбахонæ".

Хæмиц ба ин загъта: "Иуазæг хуцауи иуазæг æй, кæд абони уæнгæ мæ хæтдзæ æзнагæй фæццардæнцæ, нур ба сæмæ уæхæн растæрдæмæ сагъæс æрцудæй, уæд йе мæнæн дæр гъулæг нæй". Уотемæй Хæмиц æ ходæ æ сæрбæл æр-бакъуæрдта æма уæгъдæ ронæй гъæуи фæстемæ йе уазгути размæ рарастæй.

Тасолтантæ дæр æртæ 'нсувæремæй, нур Хæмиц рацæ-уй, зæгъгæ, уой бæлвурд ку базудтонцæ, уæд дорти ауон сæхе нирримахстонцæ æма сæ йастæумæ ку 'рбахъæрдтæй, уæдта ибæл дорти ауæндтæй сæ топпитæй никкалдтонцæ æма 'й уотемæй йеци рауæн рамардтонцæ.

Хæмици уосæ топпи гъæртæ ку райгъуста, уæд уайтагъд æ зæрдæ фæттарстæй — æнгъæлдæн мæ мæнгардæй ба-сайдтонцæ, зæгъгæ, æма фæффæдес кодта.

Уой фæдесмæ ба гъæу ракалдæнцæ æма и маргутæ ка 'дтæй, уони сорунтæ райдæдтонцæ, æма Тасолтанти æртæ 'нсувæри йеу рауæн урдуги куд ниуудæнцæ, уотæ ба сæ фæдес нийафтонцæ æма се 'ртей дæр йеци рауæн рамард-тонцæ.

Гъе уæдта зæгъуй Хæмицæн æ уосæ ка 'дтæй, Фатъий-мæт, йе дзурд ракурдта фæдесонтæй æма загъта: "Хуарз ад-тæй, лæгъуз адтæй, уæддæр мæ хуцау æвæдзи уомæн исаккаг кодта æма ин æ мард ке несигадæ кодтайтæ, æ тог ин ке райстайтæ, уой тухæн уин æз арфæ гъон нæ дæн æма уин хуцау райарфæ кæнæд. Æ мард æгадæй кæми нæ байзадæй, уоми мин нур уойасæ зæрди нез нæбал исодзæнæй".

# ПУБЛИЦИСТИКÆ

*Гарданти Михал*

## ДИГОРОН ÆВЗАГИ ИСТОРИ

### Смешанные скифо–аланские, татарские и старо–дигорские слова, сохранившиеся на языке дигорцев по сей день.

**Лæуарæг** – деревянные жернова для очистки зерна–просо от шелухи (хæлхъæ). Просо, пройденное через лæуарæг и очищенное от шелухи, дает крупу, которая идет на кашу как приправа к супу. Крупа просы называется – фагæ. Лæуарæг заменил древнему человеку стукалку и алхойнæ.

**Сæсгæл** – чурек из пшена, крупы (фагæ) проса. Этот чурек если сделан из жареной крупы – фагæ с медом или сладкой водой, то называется **къæлæуа**, которая бывает особыми комками, а если сделан с надбавкой сыра и масла, то называется –**зæтъæра**.

**Сундакъæ** – это нитка из грубой овечьей шерсти. Она заменила у древних асо–аллов охотничьего периода ремешки для шова (уесгу–уесгутæ(?!). Сундакъæ прядется на веретене (алл+хуйнæ–бæл). Сундакъæ получается из двух ниток – æлвесæггаг æма æздахæггаг. Сундакъæ характеризует тот период Аллов, когда они перешли от ремешков к ниткам, к шерстяным шкурам и волокнистым растениям, от которых получаются нитки: сундакъæ от шерсти, бæхснуг и тагæ – от конопли, а в последок и шелковые нитки для шова **даналтег** и **алдæнбид**.

**Урунг** – низина или дорожка по лезвию кинжала или шашки. Происходит от слов уру+унг – крысиная (мышиная) улица. Шахтеры под землею делают мышиные улицы и проходы, т.е. устраивают урунги. Урунг–урунгтæ – мышиные улицы.

**Нигæ** – каменистая почва, старое русло реки.

**Зурæ** – щебень, мелкий каменный слой земли, оставшийся на дне старого русла реки. Зурæ еще не покрыто

растительностью, а как появится, то называется — нигæ.

**Дæрæн** — скошенная для сена трава, которая простояла в скошенном состоянии от 1—3 дня и более. Скошенный покосный участок, оставленный для просушки травы — уборки на сено. Отсюда — дæрæн кæнун означает подрубать врага, истреблять его, покосить его на корню.

**Дадæг** — происходит от слова дадун и находится в тесном родстве со словом дадун. Дадæг — хуаси цъина, т.е. стог сена, из которого взяли часть его и теперь стоит не прямо в кучу, а плосковато. Дадæг ласæг — идад ласæг. Существует загадка: бацеу—бацеу, æхсæвæ—ласæг, бонæ—дадæг (огонь в очаге дома). Эта загадка указывает на те далекие времена, когда осетины держали у себя дома неугасаемый огонь. Тогда и эта куча огня под золой была на подобие копна сена — дадæг ласæг. Утром той же старательной рукой домохозяйка освобождала огонь из—под золы. Золу гладко расстилала под огнем, а огоньки подбирала на этой равнине золы и раздувала огонь с благоговением и радуясь, что огонь еще цел. Это дадæг огня. Ночью он был в куче золы, как ласæг, а тогда на разровненной золе горит любезно, как дадæг, как освобожденный из—под золы. Значит, дадæг означает идæд, т.е. стог сена, от которого дают корм скотине. Отсюда и родство слов дадæг и дæдтун—дæдтæг. Но это родство семантическое, а не по содержанию. (см.слово дадæг у проф. Абаева Васо. Его труд осет.язык и фолькл.222 ф.)

**Авсургъ (æвсургъ)** — водяная надбавка к густому æнтуд. Æнтуд — цъæлæ — густая смесь солода с водой, а надбавка к ней воды будет æвсургъ.

**Æвсорхъ (æфсорхъ)** — порода нартского коня, на котором ездил Батраз мстить Авсарон великому.

**Арфæн (æрфæн)** — крупная порода коней у нартов.

**Ра** — древнее слово — глубокое. **Ра**—дон — глубокая река. Так древние аллы называют реку Волгу, потом стали ее называть Итил, Идил, теперь — Волга.

**Реком** — **Раком** означает глубокое ущелье. Слово Ра вероятно грузинское заимствование.

**Рачъа** — рачинский уезд Кутаисской губернии в Имеретии. Рачъа означает глубокий колодец.

**Дигорæ** — **Диди+горо+ра**; Дигорæ — грузинское слово,

означает страну высоких гор и глубоких долин. Значит, аллы, жившие в этих горах и долинах у грузин назывались Дигорæ — диди + горо + ра. Это географическое название с течением времени сделалось самоназванием Аллов, живших в них.

**Ирæ** — состоит из двух слов. И — дигорский артикль;

Ра — глубокое; Реком, так называли в старину дигорцы и грузины жителей Алагирского ущелья, где жили Аллы, Ассы по течению реки Ардона (Ǽрдона). Дигорское слово Ǽрæдон равно словам Ар, еще Ра — глубокое, дон — река. Т.о., Аллы, жившие к юго — востоку от дигорцев и носившие название Уæлл Ирæ — вернее, иронцы, или Реком, т.е. Реком — их глубокое ущелье, понятие географическое. Подтверждением этому служит и тот факт, что грузинский географ, говоря о Дигории, говорит о ней, как о стране, где живут народы Георги (атæ) я, Баделия, Цæразонтæ — в Рекоме и т.д.

**Гуалтæ** (грузин. туаллы, двали) — ту + ал + та. Ту — верблюд у Аллов южан; ал — Алл + тæ — показатель множественного числа. Отсюда, — туалта — ту — аллцы южане, которые имели свое самостоятельное название в отличие от других Аллов. Их именовали туаллами, то есть, верблюдами — аллами, в отличие от Аллов северян.

**Нартæ** (ир.диал.нарт.) В понятие Нартæ дигорцы вкладывали понятие множественного числа: æрта, Арт. Число 3 — æртæ для осетин — дигорцев (вообще для всех осетин) священное число: осетинский круглый стол фингæ стоит на трех ножках; жертвенные приношения из хлебных злаков — уæлвицгитæ — на финге складываются тройками; в Алагирское ущелье все дзиуары называются Самоба (Саниба) дзуарами, что значит, дзуары могущество трех; судейское решение самым прочным считается тогда, когда оно одобрено народами 3 — х нарт; жрецы, принося жертву, говорят: бор + арт + хорон (боронтхорон), уæларвмæ цæуис 'ма хуарз хабæрттæ фæххæссай махæй; жрецы особо ставят в молитвенном обращении к огню — Арт. Ке дæбæл искиндæуа, е адæмæн хæлар уæд, Хуцауæн ба — барст. Итак, в понятии Нартæ — наша троица, входит слово три — æртæ, арт — огонь, хор — солнце.

Здесь нужно запомнить и то, что осетинские роды многие считаются тройками, например — Геуæргиатæ состоят из

Малиевых, Балоевых и Бузоевых; алагирское потомство Ос–багатыра состоит из рода Царазоновых, Адæмоновых и Цъахиловых. Сам осетинский народ тоже делится на три колена — Дигорæ, Ирæ, Туалтæ. Во всей Осетии самыми ласковыми словами являются хор, мæ хор, мæ Хори хай. Жена называет своего умершего мужа несвоевременно потухшим солнцем на небе. Итак, хор, арт, æртæ, главным образом счет тройками по святому кругу составляют всегда одно понятие Нартæ или Нертæ — цитгин даруйнаги æма имисуйнаги. Подтверждением всего сказанного служит то, что у нартцев самым большим позором считается позор и срам трех Нарт. Не следует забывать и то, что Осетины северяне (дигорцы) в природе признают три силы: грозное небо — отец всей вселенной; сердобольная мать — Земля; которая и богата всеми благами и щедра на подаяния трудящемуся, и человек, который готов вступить в бой с отцом и меняет лицо своей матери–Земли.

Дальше нужно обратить серьезное внимание на то, что Нартский эпос по сути дела есть плод ума и фантазии 3–х народностей: осетин–северян–яссов, кабардинцев–косогов и аваров Дагестанской области. Нарт Батраз — сын аварянки, Ауари–рæсугъди фурт æй, Биценатæ'й зонунцæ, куд дигорон адæм, уотæ.

**Хъумуз** — молоко, надоенное от коровы, только что отелившейся; молоко первых дней отелившихся или окотившихся животных, в т.ч. и молоко из грузей матери. Свойство этого молока: 1) оно от варки превращается в творог; 2) если окотившегося животного не надоить и в вымени останется молоко хъумуз, то оно там твердеет и вызывает острую болезнь (дзедзей, фæздони нез).

**Хъундурсу**–хъун+дур+су. Первые две части вероятно слова татарские или монгольские, для меня непонятные. Су — встречается в словах суддзу, суг, цæстисуг, уаруни суг, сагойни суг и означает разветвление реки или дерева: Волгæ æфтуйуй Каспиймæ сугтæ–сугтæй; Сагойни суг расастай. В первом чтении суг означает разветвление реки, а во втором случае — рог вилки.

**Курухон.** Курухон лæг. Курухон уосæ. Слово курухон означает зрелость разумного существа: курухон лæг (уосæ)

— зрелый(ая) мужчина (женщина) 35—45 лет, которому больше не свойственны ошибки юности; человек, окрепший, мощный, честный, а главным образом — зрелый, совершенный, настоящий всесторонне полновесный человек, обладающий силой воли и разумом.

**Къапу (къæпу)** — кефир, грибок кефирный.

**Фæтæг** — вождь.

**Хæрнæгъ** — старый, разбитый, дряхлый. Хæрнæгъ относится ко всякой вещи и к человеку.

**Хæрхæ** — куча дров.

**Цæндæ** — куча камней.

**Хъумайаг** — человек из Кумы (Хъумæй æрцæуæг, Хъуми будуртæй æрбафтуйæг). Безымянный человек в горной Дигории. Слово хъумайаг появилось на языке дигорцев в период времени 1218—1224 годы. За это время Чингисхан (Ахсахъ—Темур — железный храбрец) разбил яссов или Северных осетин, почти стер их с лица земли. Оставшиеся в живых яссы, скрывались в горах или лесах Кавказа. Яссы их называли хъумайаг, т.е. людьми с Кумы, которые не имеют в горах Дигории своей собственной земли, значит людьми, экономически зависимыми от аборигенов—горцев. Чингисхан, разорив их села, истребив почти всех трудоспособных яссов, вернулся в Азию, а уцелевшиеся старики и дети яссов попали в горные ущелья к тамошним жителям в начале как беженцы, эмигранты из Кумы, а потом превратились в зависимых от коренных жителей, в экономическом отношении людей. Свои люди их называли хъумайаг, а гордый покоритель — монгольский народ называл их "Аллан", т.е. "человек в нужде", нуждающийся во всем человек, который, как рабочая сила, нарушал их на каждом шагу. Слово Алан потому в Балкарии превратилось в кличку незнакомого человека. В одно время осетин в черкесских русские помещики окликивали "князь". Осетин без дела торчал по улицам шумного города, и сытые помещики, которые держали их дворниками, впосмешку звали их "князь". Так было и раньше.

Монголы, разорившие страну Аллов, звали ее страной, где больше не расти и траве, а ее жителей, которые окружали их, как прислугу из пленных Аллов — алланами. Вот таким

путем собственное имя народа яссов – северян, которые тогда именовались аланами, превратилось в нарицательное имя, имя человека без дела.

**Хехез** – независимый человек, который занимается самообороной; человек, обороняющейся от алдаров.

**Фæрсаг – фæрсаг лæг** – посторонний человек; независимый от алдара человек. Человек, живущий на своей собственной земле.

**Кæвдæсард** – найденный в яслях человек. Сын от второй жены. Этот класс людей безземельных, безправных в доме алдара. Он образовался так. Алдар брал несколько жен, от которых имел детей. Дети от первой жены имели право на все движимое и недвижимое имущество алдара, а все остальные дети от других жен оставались без земли и без дома. Эти безземельные и бездомные люди всегда боролись со своими отцами за право на землю и жилище. Такую справедливую борьбу вел с алдарами Кермен (Чермен) Тулатов в Тагаурии, который был убит ими путем измены. Термина кæвдæсард не было у их соседей – дигорцев. В Дигории были родственные этому классу – номбæл уоси фурттæ. Это дети, которые появились у женщины, бывшей замужем за малолетнего мальчика (авдæнæмæ хунд уоси фурттæ). Эти дети пользовались полными правами чистокровных детей рода.

**Медæгмой** – зазванный муж. Иногда женщина, жилая продолжить род отца, зазывала с согласия рода определенного мужчину для производства потомства. Дети от такого брачного сожительства считались родичами той матери, которая продолжает род отца. Они пользуются всеми правами своего рода.

**Месин** – кислое молоко, получившее молочно – спиртное брожение, пивные брожения на кефирных грибках.

**Фæззигон** – осеннее сгущенное кислое молоко. Сгущение молока производить путем кипячения молока на медленном огне. Когда все остынет, то нужно дать этому отвару молока кефирные бродила. Проквашенное молоко и есть фæззигон.

**Хъаймагъ** – сливки от молока. Сметана. Сливки от кипяченного молока.

**Налхæ** – нетопленное масло; сливочное масло.

**Сулу – су+лу.** Первая часть – нечто водянистое, вторая часть для меня непонятна.Сулу – сыворотка.

**Хурхæ** – есть то же, что и сулу, но хурхæ получила закваску от воздуха, взбродила и очень приятно для питья. Приправа к воде дает хурхдон. Хурхæ – прокващенная сулу.

**Дзосæ** – засоленное хурхæ; хурхæ, где растворена соль. В дзосæ солят сыр.

**Хæндуг** – запас засоленного сыра, который хранится при определенной температуре. Дзосæ – рассол для сыра с сыром есть хæндуг.

**Авррагъ** – авр+рагъ. Первое слово арв – небо, второе слово рагъ – стена. Авррагъ – облако, стоящее башнями. В слове авррагъ авр – сохранившееся в чистом виде – небо, а мы его говорим с перестановкой – арв. Рагъ – стена, вал соломы или сена, сплошная плоская горная балка, удобная для пашни и сенокшения.

**Ауар–Ашар**. Нар, жен.имя. На Ауаре женился нарт Болат Хæмиц, который имел от нее сына Батраза. Красавица Ауар – аварянка из племени аваров, проживающих ныне в Дагестане. Авары принимали участие в составлении нартского эпоса.

**Дедакау** – Дедяков, Дедекам. Это слово смешанное грузино–осетинское. Деда – мать по–грузински. Кау – село. Дедяков – мать сел и городов. Дедяков приморский город, город у черного моря, современный Геленджик (Гилинджик).

Яссы, Ассы, Ас–Дигоры – название народа, который жил на юге старой Руси. Яссы отмечаются на исторических картах IX века на правом берегу устья реки Волги (Ра, Итил, Идил). На левом берегу ее – Печенеги. Касог (Кæсæг) – на Кубани; Хазары (Хæдзаратæ) – на дону с главным городом Сар–Кол (Сæр–Хъуæл; русские произносят осетинск. хъ как к).

Венгеры по берегам Азовского и Черного морей и в Крыму. По Днепру, по правому берегу ее идут поляне и другие славянские племена.На реке Дунае, в том самом месте, где нынешняя Венгрия со столицей Будапешт – отмечены авары.

Эти исторические места в V–VI вв. Заняты по картам неопределенными и неуточненными понятиями – "кочевые племена". Вероятно, в них кочевали такие самые племена,

которые отмечает карта IX в., а быть может к ним еще прибавились и другие кочевники V–VI вв.

На исторических картах XI–XII вв жителями нынешнего юга являются: на Дунае к Сев. Западу королевство Венгрия; между Дунаем и Днепром – Печенеги. С правого берега до Дона, почти до Каспия Половцы, а от половцев к северу по Днепру – до Балтики – Русское княжество (конечно, княжество Киевское). Произошла большая передвижка народов: место, занятое в IX в. Аварами, занято теперь Венгерским королевством.

Авары из Дуная, Касоги (Кæсæг) из Кубани, Яссы с Волги исчезли из карты XI и XII веков, Юга старой Руси, но они, эти народности продвинулись, или, вернее, уцелели на Кавказе, где и живут по сей 1954 год.

Частично Северяне – Яссы (осетины) смешались с татаро–мангольским народом, это остатки после боя с Чингисханом–Тимуром, который пришел на Северный Кавказ в 1206 году и протоптал Северный Кавказ до 1224 года, до битвы на Камке–Каяме, и дал начало новому народу карачаевцев (балкарцам). Хъæрæсе или Хъарца–ггау от имени главного села Хъарца–гъæу, которые назывались осетинами Урусбиевых, князей Кабарды.

Касоги (Кæсæг) стали называться со времени разгрома Северного Кавказа Чингисханом с Темучином (Ахсахъ–Темуром и Темур–ленгом) Кабардой (ее самоназвание – Адыге); Северяне Яссы, вернее, остатки их, уцелели в горах, именовавшихся Дигорами и составили особую народность Сев. Кавказа – Дигория – по ущелью реки Ирафа, левого притока Терека. Осетины–южане уцелели в глубоких горах Кавказа у Казбека по Тереку на Севере и от Арагвы до Риона на Юге. Они здесь назывались – Туалтæ, уорс Туалтæ и Ирæ в глубоких ущельях Центрального Кавказа. Авары с Дуная попали в Дагестан и стали соседями Яссов и Оссов, а на севере от них Кабарда и Черкесия.

Итак, современные осетины сравнительно недавно еще делились на два колена: Оссо–южане – Туалтæ с иронами и Северяне – Асдигоры – Дигорæ. Ассы–Аллы перенесли свое название в Кавказские горы и передали его смешанному народу – балкарцам.

**Оссо** — см. слово Ассы.

**Асс** — см. слово Ассы.

**Уацар** — плен.

**Уацайраг** — человек, попавший в плен, пленник.

**Цагъар** — рабство.

**Цагъайраг** — раб; человек, попавший в рабство.

**Ӕлхӕд** — купленный, человек, проданный кем-то и купленный другим на работу или на перепродажу с целью получить от этой сделки прибыли. Ӕлхӕд — сословие в классовом обществе.

**Хундӕг** — хундӕги бадун, — это обычай, когда молодая женщина, вышедшая замуж, возвращается домой с обычными подарками и яствами по состоятельности мужа первый раз к родному дому. Этот обычай требует согласие мужа и согласие родного дома, который принимает свою дочь, как гостью. Хундаг — приглашенная молодая женщина в доме отца. По старому обычаю молодуха сидела у матери и отца долгое время: недели 2–3, иногда месяц, год. Идя к мужу от родителей обратно, носят подарки: готовые платье и обувь мужу, подарки семейным по мужу (родственникам мужа).

**Ӕвцӕг-гӕрон** — пашня, лежащая далеко от жилья, близко к перевалам, по склонам гор.

**Гъӕдмӕрес** — опушка леса, где уже начинается лес, мелкий кустарник с полянами. Гъӕдмӕрес слово сложное. Гъӕдмӕрес – гъӕд – гъӕдӕ + мӕр – мӕрӕ + ес — есть, брать.

**Мӕрӕ** — поляна среди леса; верхний слой земли, почвы (сау мӕрӕ).

**Гъой** — то же, что и опушка леса, но с разницей: гъой означает опушка леса, заросшего дубняком с небольшими полянами, где можно косить сено, разводить огороды.

**Ирдгӕ** — вечерний тихий ветерок, прогоняющий дождевые облака, или просто вечерний ветер; зимой — студеный вечерний ветер.

**Ахъуз** — злой холодный северный ветер со снегом по утрам; жгучий холодный зимний ветер с метелями с севера; холодный зимний жгучий утренний ветер, идущий в горах с Севера.

**Мадӕл** — угодие Земли, лежащей около села. Мадал годен для пашни, но трогать ее нельзя. Она — мать села,

принадлежит всем на праве общины. Брать из него часть, требует согласие общины.

**Сæрвæт** — сæр+фæд, — земля, где оставляют (кладут) след головы, т.е. где свободно ходят и вправе ходить все люди, крупный рогатый скот и мелкий рогатый скот. Сæрвæт находится в руках рода на праве родовой собственности. В состав сæрвæта входят пастбища и покосные (сенокосные) луга.

**Гæндзæх** — æ гæндзæхтæ бацахта æма æрбамардæй, т.е. он помахал руками и ногами и умер. Гæндзæх — гæбазæ, къабазæ, ветка. Самая ужасная злая женщина проклинает противника словами: гæндзæхгин ди мабал байзайæд.

**Зæнгæ** — колено.

**Зонг** — сверток шерсти у курчавого барашка, овечки или барана, в особенности из породы Фемуля.

**Сухсун.** Слово сухсун в детской игре ставит запрет на занятое место. Играя в дзигъати — метание шара в яму, дети на случай, когда шар попадал в яму, то должны были переместиться. Притом, мелкий, или кто-нибудь из играющих партию дзигъити не успел занять къанц или ямочку, или не успевший бросить плевок со словом сухсум, то ротозей оставался без места — къанц и начинал игру метанием шара в яму до того момента, пока ему не удалось ловко ударить шар в яму. Это — переворот, когда дети должны менять места, а метавший должен был захватить место. В случае неудачи он продолжал метать шар, а цель круга детей, не допускать шара в яму, боясь переворота.

**Дзигъитæ** — детская военизированная игра. Дети устраивают яму. Вокруг ямы — ямочки (къанц) — место для охранников ямы. Смелый берет шар и начинает его метать в яму. Охрана не допускает шара в яму, не сходя с места, отбивает его ударами палки. Игра продолжается до тех пор, пока смелому не удается попасть шаром в яму, устроить переворот и занять место.

**Къанц** — ямочка, место для игрока, от которого он не имеет право отпустить во время игры. Прозевал правило, отступил в сторону, занял его место смелый, который вступил в состав охраны, а охранник превратился за свое ротозейство в бæх — лошадь, выполняющую работу смелого.

**Гац.** Слово гац употребляется в смысле подождать, потерпеть немного, потерпеть до времени. Нæ гац кæнуй, рацæттæ кæнунмæ. Нæ гац кæнуй — не потерпит, нет у него терпения до заготовки (кушанья).

В выражении кæнуй (делает) и кæнунмæ по смысловому переводу остаются не переведенными.

**Аргъац — æргъæц.** Æргъæцмæ нæ лæуuис, т.е. до подготовки не постоишь (не терпишь). Аргъац и гац — родственные слова.

**Агъæц** — 1. Подожди, посиди. 2. **А+гъæц**, гъæцун — точить. Цæвæг гъæцун — точить косу (на наковальне молотком) сидя. Отсюда агъæц — подожди, посиди, отдохни, подкрепись, обнови свои силы.

**Бацасум** — правое условие. По бацасуму один дает, например, деньги, а другой — корову. Тот, кто получил корову, пользуется молоком коровы, а второй — процентами денег. Если одна сторона пожелала вернуть другой стороне полученное, то эта сторона без задержки возвращает первому полученное от него. Бацасум — обмен приносимых прибыли или проценты капиталами.

**Бавсгау** — то же, что дигорское бацасум.

**Зæрæда** — нескошенный сенокосный участок, оставшийся неиспользованным.

**Дзæрæстон** — поле, не давшее урожая.

**Гъæрис** — поле, предназначенное для пахоты, но оставшееся без обработки, для отдыха при многолетнем ведении древнего сельского хозяйства.

**Фæлдагъд.** Черный пар. Сроки пара — конец мая. Перепашка — фæлдагъдтагæ. Цель перепашки — заделать под борозду весеннюю или майскую траву вместо навоза. Это делается, когда пахотный загон зарастает сорняками и нуждается в удобрении.

**Анаули** — тоже самое, что и фæлдагъд — перепаханное поле. Летняя пашня. Черный пар. Анаули, черный пар уничтожает сорняки на нивах озимых полей.

**Ту, теуа** — верблюд.

**Табу** — означает пожалуйста. Обращение с просьбой оказать помощь. Сказочная фраза, табу, табу, дæ фарнæ, дæ фарнæ, де 'зæди стæн, зæгъæ мин, ци дæ гъæуй, упоминалась выше (см. игру "хъонхъула").

**Кем** — см. слово кеми. Мæ кеммæ кем ракодтон. Мæ кеммæ дин кем. Кем — месть. Кем ракодтон — кем сделал — означает, отомстил злом за зло (за злодеяние).

**Тубай Уацелла** — ту+бай (верблюд+господин), уац — небесный, елла — Илиа. Тубай Уацелла — целая фраза означает господин верблюд — небесный Илия (Илья). Указывает на древнее знакомство осетин с мифологией евреев, с пророком Илией.

**Урарту** — древнее государство, в состав которого входили три народности: Ур — уийрæгтæ (евреи); ар — армяне, грузины, греки; ту — осетины туальцы — южане. Урарту, как государство, многонациональное и раблвладельческое, существовало в Закавказье в районе горы Арарата и озера Ван.

**Харæ (хæрæ).** Харæ мегъæ — это туман. Мæ зæрди мин уазал харæ бауагъта — в мое сердце холодный туман впустил. Во втором случае харæ (хæрæ) означает горе, нечто холодное, содрогающее. А выражение: фæззигон хæрæ — мегъæ æрбадтæй означает — осел осенний(ая) туман (туча).

**Табу—авси** (табуафси) — пожалуйста.

**Амменæ** — да будет так. Иронцы это слово произносят так: "Оммен, Хуыцау!"

**Баракалла** — как ни как: æма куд нæ?!

**Берекет бер син** — фраза означает благодарность за изобилие. Берекет — изобилие яствами, богатый яствами стол. Бер син — благодарю тебя. Фраза — берекет бер син означает в переводе на современный язык: за богатый явствами стол благодарю тебя. Берекет — изобилие кушаний.

**Æндæра** — союзное слово. Æваст ду фæззиндтæ, æндæра мæ марæ кодта. Неожиданно, случайно, внезапно, сразу ты появился (если бы не ты), иначе он бы убил меня.

**Æндарæн.** Æндарæнбон — день, не выпускающий на двор; или — морозный, или — дождливый или бурный. Дзогæн берæ æндарæн бонтæ ес. Для стада много задерживающих дней есть (букв). Для стада всякий день, когда оно по случаю непогоды не выходит на подножный корм, то этот день есть для него æндарæн бон. Выходить на подножный корм для скота в ненормальный день нельзя, для этого есть æндарæн бон.

**Галау–Дор** — скала в Гибралтарском проливе. Галау–Дорбæл рахизтæй — означает, победил по морям все препятствия; одержал победу по мореплаванию.

**Тарани æвцæг** (Пароми æфцæг?). Перевал на Тирану в Балканском полуострове: ами тъуп, уоми тъуп, Тарани æвцæгæй рахизтæй.

**Келатаги лазæ.** Народ Кельты считали виновным всех слабых и невинных людей по волчьему вкусу. Народ окрестил их людьми, ищущими невинных слабых, чтобы признать их виновными без вины. Такое обвинение называется кела–таги (кельтаги) лазæ — кельтская причина.

**Æсгæлладæ** — сукно, иранг, æсгæлладæ — французское сукно.

**Чисуча** — шелковая материя китайской кустарной легкой промышленности.

**Чалма** — афганская шелковая материя из тонкого зæлдагæ — шелка. Галму носят свернутым на голову Хаджи, или как пояс на пояснице афганцы и пакистанцы.

**Аул** — еу мадæ, фиди цæуæт æй аул. Бийнонтæ аулгай иссæй (исцæй), т.е. семья разбилась на колена. Аул в переводе — колено.

**Лæг–сирд** — зверь–человек. Лæг–сирд по понятиям старожилов Дигории — первобытный человек, имевший звериную острую грудь, топоровидную. Лæг–сирд обладал большой силой рук, а грудью прорубал бревна. Так говорит о нем сказание. Последнего Лæг–сирда убил Гуцунаев Габиц. Старики Дигории представляли себе Лæг–сирда обросшим густой, завитой, жесткой шерстью, но обладающим даром слова. Лæг–сирд имел супружеские связи с древними людишками. По характеру злой, слова его — едкие. Одно то, что у Дигорцев сохранилось понятие о Лæг–сирде, говорит о том, что Дигорцы народ древний, который свое происхождение, родство связывает с ним, считая первобытного человека — Лæг–сирда человеком и зверем. Связывает человека с животным миром, со зверями, которые постепенно очеловечивались.

**Тулпар** — означает мускулистый, коренастый, плотный человек с закаленными крепкими мускулами. Тулпар сувæллон — мясистый ребенок. Тулпар — признак, свойство

человека. По Джамбулату Тулпар — название лошади.

**Табæт, æрхи табæт** — медный гроб. В старое время самыми дорогими похоронами считались похороны человека в надземной гробнице (обай) в хъел—обай, где покойника клали в медный гроб — æрхи табæт. Людей хоронили в землю, — в дæлгоммæ обай засыпали землей, или в надземной гробнице в хъел—обай, где клали тела покойников на полках лицом в разные стороны: на север, на запад, на восток, на юг. Лицом к востоку стали хоронить осетины со времени христианства в Осетии.

**Кончак(р) — Кан—цау** — дигорское мужское имя. Хъан—емчек (енцег), молочный сын, сын из привилегированного рода. Хъан—цау—хъан—сау.

**Овлур(р)** имеет произношение — лæвар. Родственные этому последнему слову — лæвар, что означает подарок, даром, бесплатно.

**Шарукан(р)** — Сар(у) кан — означает голова — кан (хъан).

**Тьму — таракан** (тьма—тар) — город крепость на полуострове Таман. Об этом городе крепости упоминается в Нартском эпосе — Агундæ—рæсугъди мæсуг.

* * *

*Слова восстановлены (не все) и записаны после изгнания немцев из села в 1943 году.*

***М. Гарданти Кæрон***

Фепшайуйнаг. Æрмæг мухургонд цæуй, Гарданти Михалæн æхемæ куд финст адтæй, уотемæй.

*Агънати Æхсар*
*профессор*

## ДЗУБАНДИ ИРОН ÆМÆ ДИГОРОН НÆМТТИ ТУХХÆН

Нури доги ирон æмæ дигорон ниййергутæ сæ сабигæбæл ци нæмттæ æвæрунцæ уомæй æвдесунцæ не 'взаг исæвдмæ, зауатмæ ке цæуй, уой. Уомæн хуарз æвдесæн æнцæ, фæстаг рæстæги Иристони ци нæмттæн ес фегъосæн, етæ. (Дзубанди цæуй Цæгат æма Хонсари арæхдæр ци нæмттæ игъусуй, уонæбæл), Аидæ, Аленæ, Виолæ, Вандæ, Еленæ, Екатеринæ, Индирæ, Магдалинæ, Джульеттæ, Еврази, Каринæ, Козеттæ, Ламарæ, Элеонорæ, Маргаритæ, Ульянæ æмæ æндæр уæхæн берæ нæмттæ. Уогæ нæлгоймæгтæбæл дæр берæ хуæздæр нæмттæ æвæрд нæ цæуй: Ангол, Мангол, Кимирен, Платон, Македон, Маклер, Билен, Ленэр, Совден, Станов, Ворошилов, Колхидæ, Октябрь, Ростислав, Вильгельм, Колхоз, Трактор æма æндæр уæхæн нæмттæ.

Æвæццæгæн, уæхæн ниййергутæ уотæ фæгъгъуди кæнунцæ æма сæ фæдонтæбæл еци нæмттæ ку сæвæронцæ, уæд си царди медæги æцæг лæгтæ рауайдзæнæй, кенæ ахургæндтæ, кенæ ба культурæбæл хуæцæг. Уой ба нæ зонунцæ æма сæбæл иннетæ билæскъелтæ кæндзæнцæ.

Зæгъун ма мæ фæндуй еу æдули гъуддаги туххæн. Хестæргæ сæ кæстæртæбæл сæвæрунцæ æцæг ирон ном, фал æй уой фæсте ба сæ фур боцæй барæй фæццубур кæнунцæ æма си рауайуй цидæр æнæлæдæрд ном. Зæгъæн: Сослан, — бафтаунцæ имæ фæсæфтауæн – ик, – æма си рауайуй — Сосик, Руслан — Русик, Аслан — Асик, Батраз — Батик. Нуртæкки ба ма кæстæр сувæллæнттæбæл æвæрун райдæдтонцæ, æппундæр ка нæ гъæуй, уæхæн нæмттæ дæр: Бурбулис, Чубайс æма уот. ид. дæр.

1998 анзи газет "Рæстдзинад" – и 2 – æм номери Беслехъоти Мурат куд финста, уотемæй нуртæкки ирон æма дигорон силгоймæгти нæмттæн сæ 60 проценти æнцæ италиаг, францазаг, немуцаг, испаниаг, уруссаг, гурдзиаг, сомихаг, бердзейнаг, цигайнаг æма æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ нæмттæ.

Фарнæ уæмæ бадзорæд, хуарз адæм, фал цума сæ сувæллæнттæбæл цæмæн æвæрунцæ уæхæн нæмттæ. Кæд, миййаг, ирон мадæлтæ æма фиддæлтæ уомæй сæ ахургондзийнадæ æвдесунцæ, кенæ ба сæ культурондзийнадæ. Æви сæ зунди бæрзонддзийнадæ æвдесуни зæрди æнцæ?

Æз Мурати тухст дзубанди хуарз лæдæрун. Рагæй мæ гъос дарун ирон адæми нæмттæмæ. Мæнмæ гæсгæ иронау газеттæ, журналтæ æма киунугутæ ка нæ кæсуй, æндæр адæмихæттити нæмттæ дæр етæ æвæрунцæ сæ сувæллæнттæбæл. Нæ сæмæ ес культурæ дæр.

Ирон ном æма ирон мугаг ирондзинадæ æвдесæн æнцæ. Кæми фæндуй ку сæмбæлай ирон адæймагбæл, уæддæр дæ базондзæнæй ци 'рдигон дæ, уой. Адæймаги ном æма мугаг æнцæ наций бæрæггæнæнтæ.

Уæлдæр ци нæмттæ банимадтон, уонæмæ гæсгæ цума еске базондзæнæй, етæ ирон тогæй æнтæст ке æнцæ, уой? Неке!

Нуртæккæ берæтæ финсунцæ сæ мугæгтæ мæнæ уотæ: Аркаев, игъусгæ ба кæнуй Аркъаутæ, Агузов — Æгъуызатæ, Бабочиев — игъусуй дигоронау ба Бабочитæ, Бязров — Биазæртæ, Гаккаев — Гагкайтæ, фонетикон æййивддзийнæдтæ, Дзакоев — Дзагкойтæ, Джанаев — Дзанайтæ, Козырев — Кодзыртæ, Темиряев — Темиратæ æма уотæ идарддæр.

Нигки дæр ма берæ мугæгтæ нæ цæунцæ раст финст, ма уонæмæ гъæуама лæмбунæгдæр æркæсонцæ æвзагертасуни дæснитæ.

Нур ба æркæсæн рагон ирон силгоймæгти нæмттæмæ.

**Абаба**, — уотæ хундтæй Роми паддзах Максимини мадæ. Абаба адтæй алайнаг кизгæ. Латинаг æвзагбæл раст финст не 'рцудæй, уомæн æма аланти æвзаги уæхæн дзурд н'адтæй. Аланти æвзагбæл гъæуама игъустайдæ Гъуваба.

Номи фиццаг хай — гъу — алайнаг æвзагбæл амудта хуарз, **ваба** ба амудта — уафун. Уотемæй ном амудта хуарзуафæг.

Еу гъуддаг ма мæ фæндуй банисан кæнун: нæ рагон фиддæлтæ æнæмедес ном некæд æвардтонцæ.

**Амага**, уотæ хундтæй силгоймаг паддзах III – аг æнуси. Æ кой цæуй Украини историй. Еци рæстæги Хъырими æрдæгсакъадахи цардæй сарматтæй еу къабазæ. Сæ [illegible]ихæгтæ сæмæ арæх лæбурдтонцæ, сæ фонс син тæлæт кодтонцæ. Æ лæг Мидосока уойбæрцæбæл сæрæнигурд н'адтæй [illegible] адæ–

ми багъæуай кæнуни мæтæ ка бакодтайдæ. Уæд æ усæ Амага адæммæ фæдздзурдта æма нæлгоймæгтæ, уæдта силгой-мæгтæй саразта устур æфсад. Амудта син тохуни гъуддæгтæ, уæдта сæ разæй рацудæй тугъдмæ. Еци тугъди æхе равдиста дæсни разамонæгæй. Амага адтæй хуæрзконд æма хуæрзæгъдау силгоймаг. Дзурд **амага** адтæй Авести æма амудта хъаурæгин, æхсаргин силгоймаг. Гъулæггагæн, ирон-дигорон æвзаги аци дзурд нæ байзадæй.

**Пантикапи** (нури Керчи) рагон бердзейнаг эпиграфон финстити фембæлæн ес сарматтаг силгоймаги ном – **Комасара**-бæл. Ном арæзт æй дууæ дзурдемæй, **Кама-Сарæ** Нуригкон æвзаги æй дзорæн, Игонсæр. Сарматти силгоймæгтæ бæгъатæрдзийнадæй æнæхай некæд адтæнцæ, уомæ гæсгæ ба сæ бердзейнæгтæ худтонцæ амазонкитæ, ома, æнæ реутæ.

Игонсæр, зæгъæ, сæрмæттæ ци силгоймаги худтонцæ, е тæрсгæ некæд нецæмæй, уæдта некæмæй кодта, æ сæрбæл дæр така (шлем) уой туххæн нæ кодта.

Украини историй финст куд æрцудæй, уотемæй Боспори паддзах Фарнакæн адтæй кизгæ æма хундтæй **Динамиа**. Æхецæн æй цардæмбалæн æрхаста, Фарнаки фæсте ци паддзах адтæй, е – Асандр. Асандри фæсте Динамиа æхуæдæг спаддзах æй, фал ин æ бунат байста Полемон-I-аг æма Динамиай ракурдта. Фæстæдæр Полемон тугъди фæммард æй æма император Боспори паддзахæй сæвæрдта Динамиай, устур зунд æма дæсни унаффæгæнæг ке адтæй, уомæ гæсгæ.

Дзурд "Динамиа" нæдæр сæрмæттаг, нæдæр ба иннæ ирайнаг æвзæгти дæр н'адтæй, адтæй бердзейнаг æвзаги æма амудта "æнæнцойнæ", уруссагау ба "одержимая". Куд уинæн, уотемæй бердзейнаг финсæг сæрмæттаг силгоймаги ном ратæлмаци кодта сæхе æвзагмæ.

**Б-аг** æноси мах доги размæ бердзейнаг дохтур æма финсæг Ктесий дохтурæй куста персанти паддзах Артаксерси бийнонтæмæ. Фарсий æвзаг хуарз ке зудта Ктесий, уомæ гæсгæ ин кадæнгæгæнæг лæгтæ бæрæ таурæхътæ фæккодтонцæ сæги паддзах – **Зарини** тугъдон æнтæстдзийнæдти туххæн. Зардтонцæ ин Зарини æма Мидийи паддзахи фурт Стрианги стур уарзондзийнади туххæн дæр æма сæ е ба

финста бердзейнаг æвзагбæл. Мах догæмæ дæр си æрхъæрдтæй цидæр скъуддзæгтæ. Нæ рагон фиддæлти силгоймаги ном Заринæ абони дæр ма цæруй ирон адæммæ: еуетæ'й дзорунцæ Заринæ, иннетæ — Залинæ. Ци амонуй, уой ба не 'гас дæр зонæн. Скифтæ сæ кизгуттæбæл æвардтонцæ мæнæ уæхæн нæмттæ дæр: Мата — мадæ, Майсара — сæр.

Дессаги стур истори ес скифти рагон ном — **Роксанæн**.

Рагон персайнаг паддзах Камбис, Кири фидæ, ракурдта сагти паддзахи кизгæ Роксани. Аци ном бердзейнаг æвзагбæл уотæ финст æрцудæй, сæхуæдтæ ба 'й худтонцæ Рохшанакæ ома дигоронау — Рохсгæнæг.

Македойнаг Александр нæ доги агъоммæ 328 анзи бахъæрдтæй Астæуккаг Азимæ. Берæ адæмти басаста, фал ин сагти паддзах Бактри ба сæттун нæ бакумдта. Æма сæбæл е дæр хийнæй рацудæй. Сагти паддзах Оксиартæн адтæй рæсугъд кизгæ, хундтæй Рохшанак æма уой ракурдта. Еци ном бахъæрдтæй уруси фиддæлтæмæ дæр, уæдта Сау денгизи билгæрæнтти ци скифтæ æма сарматтæ цардæй, уонæмæ дæр. Уруссаг æвзагмæ 'й ратæлмац кодтонцæ. Светланæ, зæгъгæ, уæхæн фонетикон хузи. Нуртæккæ еци ном берæ æвзæгти æмбæлуй, фал мах фиддæлтæй ке рацудæй, уой ба беретæ нæбал зонунцæ.

Нæ доги размæ бердзейнæгтæ идæрдтæбæл райгъусун кодтонцæ ном **Томирис**. Уотæ хундтæй мах нимади агъоммæ 5 — аг æноси силгоймаг паддзахи ном. Сагтæ æй сæхуæдтæ худтонцæ — Томар, кенæ ба Тамар. Дигорон æвзаги амонуй — размæ тундзун. Ирон адæм силгоймаги ном Тамарæ райстонцæ урусæй, етæ ба гурдзийæй, гурдзи ба бердзентæй киристон дини хæццæ. Нуртæккæ номи нисанеуæг некебал зонуй дигорæй фæстæмæ.

Зæгъун ма мæ фæндуй еума рагон номи туххæн. Алайнаг ном **Боринæ** рагæй зундгонд æй Гурдзий. Ном арæзт æй Бор æма фæсæфтауæн "инæ" — й. Аланти æвзаги адтæй дзурд "Бордæн" амудта — бурдæн.

Уотæ æй хуæрзцубурæй ирон фиддæлгæ сæ кизгуттæбæл ци нæмттæ æвардтонцæ, уони истори.

**2. Скифаг, сæрматтаг, алайнаг нæлгоймæгти нæмттæ.**

Уæлдæр куд бафеппайдтан, уотемæй нæ рагфиддæлтæ æнæмедес, æнæ ести нисанеуæг æвдесæг нæмттæ сæ фурттæ,

кизгуттæбæл не 'вардтонцæ, уомæн æма адтæнцæ фонсдарæг, иннердигæй ба тугъдон адæм. Сæ нæлгоймæгти нæмттæ дæр баст адтæнцæ тох æма фонсдаруни хæццæ.Æрхæсдзинан цалдæр дæнцæги:

**Алгъуз** — аланти паддзахи ном.

**Аспарук** — аспа — бæх, рук — рауча — светлый, уорсбæл.

**Ардарак** — æлдарæг, тугъдон разамонæг.

**Æфсæрæг** — тугъди размæ бурсæг.

**Æмбазуг** — аци дзурд нур дæр ма æмбæлуй не 'взаги, амонуй тугъди адæймаги фарсмæ лæууæг.

**Ампал** — нурикконау æмбал.

**Амайæг** — цæрæн, кенæ скъæттæ аразæг.

**Бабуз** — цæрдæг ка н'адтæй, уæхæн адæймаг.

**Бадæг** — магоса.

**Дæлосæг** — уоси дæлбарæ ка адтæй, уæхæн лæг.

**Дæрæн** — знæгтæ ка дæрæн кодта, уæхæн лæг.

**Марæг** — æ нисанеуæг бæрæг æй.

**Мистæ** — сосæггай ка хуардта, уæхæн лæг.

**Майфарн** — Мæйи фарнæ.

**Однард** — уоди арт.

**Сæрæгас** — тугъди æгасæй ка байзайуй, уой ном.

Нæ рагон фиддæлтæмæ берæ аллихузон нæмттæ адтæй.

Нарти кадæнгити ци нæлгоймæгти æма силгоймæгти нæмттæ ес, уонæн сæ фуддæр æнцæ рагон скифаг, сарматтаг, кенæ ба алайнаг нæмттæ.

Зæгъæн: **Урузмæг** — дигоронау Орузмæг, Орæзмæг.

Номи бундор Абайти Васомæ гæстæ æй **Уæраза**, æ нисанеуæг æвдесуй кабан.

**Хæмиц** — дигорæмæ амудта рехæ.

**Сослан** — арæх æмбæлуй нуртæкки дæр.

**Сирдон** — Нарти кадæнгитæй фæстæмæ некæми æмбæлуй.

**Ацæмæз** — арæх æмбæлуй нуртæкки дæр.

**Бердзенаг** — нæбал æмбæлуй.

**Ацæ** — арæх æй нæбал æвæрунцæ.

**Тотраз** — арæх æмбæлуй.

**Æхсæртæг** — арæх æмбæлуй.

**Æхсарæ** — арæх æмбæлуй.

Бафеппайун æмбæлуй, ном Æхсæртæг дæр Æхсарæй ке

равзурстæй, уой. Уойадæбæл бал нæ рагон нæмттæбæл историон рафæлгæсти фæдæн. Берæ æнæлухгонд фарстатæ ма си ес. Зонун æй. Фæндуй мæ, цæмæй ЗАГС-и сувæллони райгурди æвдесæндартæ дæттæй фулдæр ирон нæмттæ æвæрд цæуа.

Дæлдæр ба мæ фæндуй уæ тæрхонмæ ирон нæмтти дзурдуат рахæссун.

Феппайуйнаг: номи фæсте дамугъа (д) амонуй дигорон ном, дамугъа (х) хонсайраг ном.

Аци æрмæги кæд ести рæдудтитæ уагъд æрцудæй, уæд син ес банхæстæнæн. Уой фæрæзнæ ба уæхемæ 'й ирон-дигорон адæм. Коруи уи, æма нæмæ æрвететæ уæ феппайуйнæгтæ.

## ИРОН НÆМТТИ ДЗУРДУАТ

### 1. Силгоймæгти нæмттæ

**А.**

Агуындæ
Агъати
Адæ
Азæ
Азау
Азирæт
Алдæ
Аиссæ
Аланæ
Алимæт
Аллæ
Аминæт
Аннæ
Асиат
Асухан
Афассæ
Афирæт
Афинæт
Ацирохс (д.)
Ацырухс
Азаухан

**Æ.**

Æфсийнæ (д.)
Æхсийнæ (д.)

**Б.**

Бабале (д.)
Бабуца
Бади
Бæди
Бæдинæ
Бæла
Бæта
Бедуха
Беккæ
Белæ
Беринцæ (д.)
Биби
Бидæхан
Биндзæ (д.)
Бицкæ
Бига
Боли
Боренæ
Боркизгæ (д.)
Бубæ
Булкæ
Бурчызг
Буцæ
Белыкка
Бæдискæ

**В.**

Вала
Валентинæ
Вандæ
Варæ
Варкæ
Венерæ
Верæ

**Г.**

Гага
Галя
Гафе
Геге
Гыгы
Гима
Гита (д.)
Гогка
Госæда
Госæма
Гуæсæныгъуæ (д.)
Гуассæ
Гуасæгуз (д.)
Гуыбатæ
Гудза (д.)
Гузæ (д.)
Гулина
Гуыдзи
Гæлинæ

**Д.**

Дади
Дадинка (д.)
Дадка (д.)
Дакка
Далу
Данæ
Дари
Дарихан
Дати (д.)
Даухан
Дека
Дианæ
Дибæ
Дибæхан
Дигорхан (д.)
Динæ
Дофка
Дугус (д.)
Дудинæ
Дунетхан
Душинка

**Дж.**

Джетæ

**Дз.**

Дзабет
Дзабита
Дзалимæт (д.)
Дзана
Дзæнæт
Дзандзирахъ (д.)
Дзæнæт
Дзæнæтхан
Дзæринæ
Дзæлинæ
Дзерассæ
Дзегыдæ
Дзыгыда
Дзегæ
Дзегка
Дзибæ
Дзиллæ (д.)
Дзыллæ
Дзирæт
Дзифирæ
Дзылатæ
Дзукъула (д.)
Дзулæ (д.)
Дзыги
Дзыкъуыла

**Е.**

Езæ
Езетæ
Езетхан
Елда
Еленæ
Елмæсхан
Елдзæ
Еуæ

**З.**

Зали
Залихан
Заирæ
Залдуз
Замерет (д.)
Замирæ (х.)
Замирæт
Зарæ
Заремæ
Заретæ
Зариффæ
Зæйнап
Зæйнæт
Зæлда
Зæлинæ
Зæри
Зæринæ
Земæ
Земфирæ
Зетæ
Зибæ
Зинæ
Зирæ
Зирæт
Зойæ
Зуретæ (д.)
Зурмæ (д.)
Зурмæхан (д.)

**И.**

Идæ
Изæ
Изетæ
Илонæ
Инæ
Ингæ
Индирæ
Иннæ
Ирæ
Ирхан

**К.**

Кати
Катйа
Кафетæ (д.)
Кæзо
Кæрдæг
Кизгæ (д.)
Кимæ
Кирæ
Клавæ
Клавдйа
Косер
Косерхан
Ксенйа
Кудзин (д.)
Куыдзын
Кукла

**Л.**

Лерæ
Ладинка
Ладимхан
Лазинка
Лалæ
Ларæ
Ларисæ
Леза
Лези
Лезинка
Лемæ (д.)
Ленæ
Леска
Лианæ
Лидæ
Лизæ
Лили
Липæ
Лирæ
Любæ
Людæ
Линæ

**М.**

Милуся
Мади
Мазинкæ
Майæ
Малинæ
Марйæ
Маринæ
Маса

Мæдинæ (х.)
Мæдинæт
Мæйрухс
Медæ (д.)
Меретхан
Майрæтхан
Мирæ
Мисорæт (д.)
Мисурæт
Мисирхан (д.)
Мысырхан
Музæ
Малка

**Н.**

Нагъо
Надйа
Наденка
Надизæ
Назирæт
Наташæ
Нафирæт
Ненуца
Нинæ
Ниффæ
Немыца
Нуца
Нукка
Нитæ

**О.**

Огка
Озинкæ
Озинцæ
Ола
Оля
Олинка
Оличкæ
Олычкæ

**П.**

Пари
Пæсæ
Поли
Пæлинæ
Пуцыр
Пушкæ

**Р.**

Радимхан
Разетæ
Разиат
Райæ
Рæхимæт
Раисæ
Райхан
Розæ
Роксанæ

**С.**

Саидæ
Сæниаг
Саринка (д.)
Сатана
Саучызг
Сатæгсау
Саудат
Саукизгæ (д.)
Сафетка
Сафирæт
Сафиаг
Сахар
Сасинкъа
Сæлимæт
Сæнйат
Светланæ
Серафин
Сериффæ
Симæ
Сона
Софья
Сугъзæр (д.)
Сурæ
Сæлизæт

**Т.**

Таирæ
Таиссæ
Тамарæ
Терезæ
Тимæ
Томæ
Тонйа
Тамуся
Тауырзæт
Тамирæт
Таузан

**У.**

Уарзетæ
Уафи
Уæзæфтауæ (д.)
Уæздинцæ
Уæлинка
Уæрцæ (д.)
Уынагæ
Уæлацкæ

**Ф.**

Фари
Фаризæт
Фаринæ (д.)
Фаруз
Фатимæ
Фатьимæт
Фатка
Файæ
ФæрыгФæрдыг
Фирузæ
Фузæ
Фырдæ
Фырдæхъыз
Фаинæ

**Х.**

Хабибæт
Хабибæ
Хадизæт
Хадзигъæд (д.)
Хадзыгуа
Хадзыгуассæ
Хаирхъыз
Ханысиат
Хангуассæ
Ханиффæ
Хорческæ
Хуарæ

**Хъ.**

Хъаллæ
Хъызмыдæ

**Ц.**

Циалкæ
Цицилиа
Цона
Царицæ

**Ч.**

Чабæ
Чабæхан
Чендзе

**Э.**

Эльвирæ (д.)
Эльзæ
Эльмæ
Эзæ

**Ю.**

Юлиа
Юлианæ

**Я.**

Янæ

# НÆЛГОЙМÆГТИ НÆМТТÆ

## А.

Абади
Абай
Абаци
Абег
Абисал (д.)
Абдул
Абхаз
Аврам
Аго
Агко
Агубечыр
Агуыбе
Агуыдз
Агыса
Адам
Азæмæт
Адылджери
Азамбег
Азгери (д.)
Азджери
Азнаур
Айдар
Аким
Алан
Алоег
Алек (д.)
Алыксандр
Али
Алибек
Алик
Алим
Алимырза
Алихан
Алмахсит
Алхаз
Алыкка
Амур
Амыран
Амырхан
Анатоли
Андрей
Анзор (д.)
Арахцау
Арисхан
Арсæмæг
Арсен
Асæго
Асæх
Асæхмæт
Аслан
Аслæнбег
Аслæнджери
Астан
Атарбек (д.)
Ауызби
Афай (д.)
Афæхъо
Афон
Ахболаг
Ахуырбег
Ацæ
Ацæмæз.

## Æ.

Æмбал
Æмзор
Æсмалий (д.)
Æхсар
Æхсарæ (д.)

## Б.

Баба
Бабо
Бабуче (д.)
Бад
Батджери
Бадзи
Бадри
Байтугъан
Бала
Бало
Барис
Барысби
Барто
Батал
Батæр (д.)
Батгерий (д.)
Батрадз
Батыр
Батырбег
Бæбæ
Бæбу
Бæза
Бæлæу (д.)
Бæппу
Бæтæ
Бæтæхъо
Бебо
Бедта
Бекирбек (д.)
Бекир (д.)
Бечырби
Бечмырзæ
Бекызæ
Бекка
Берд
Бесæ
Бестау
Бетта
Бечыр
Бибо
Бига
Бидзина (д.)
Бимболат
Бимбодт
Битар
Битто
Бласка (д.)
Бодзи
Бола
Борæ
Борис
Борнæф
Борсæр(д.)
Ботаз
Ботас
Боци
Бубæ
Бубу
Будзи
Булат
Бухар
Бындз
Бубула
Бесæгъуыр
Бексолтан

## В.

Вадим
Валентин
Валерæ
Валодя
Вано

Васил
Васо
Вассо(д.)
Вахтанг (Уæхтæнг)
Виктор
Витали
Владимир
Владислав
Вячеслав
Валодя

Г.

Габо
Гагуыдз
Гала
Гаппо
Гайси
Гаисын
Газакк
Гæбис (Гæбыс)
Гæвди
Гæвдын
Гæдо
Гæлæу
Гæстæн
Гæтæг
Гена
Георги
Герой
Гиго
Гоги
Горга
Григори
Губади(д.)
Гуйман(д.)
Гудзуна(д.)
Гайто
Гуыргъохъо
Габола
Гуыба

Д.

Дзабег
Даукуй(д.)
Дадо
Данел
Дата
Дауырбег
Дауыт
Дæбе
Дафа
Дæхци
Дæхцыхъо
Дебола
Дидо
Дмитри
Доди
Додтан
Додти
Дрис
Дудар
Дула
Дударыхъо
Дудикк
Дж.
Джабраил
Джемал
Джена
Джерихан

Дз.

Дзабо
Дзагко
Дзадте
Дзамболат
Дзандар
Дзандзе
Дзантемыр
Дзанхот
Дзасар(д.)
Дзаххот
Дзасар(д.)
Дзæрæхмæт
Дзæуæг
Дзибо
Дзибус
Дзиу
Дзыбыртт
Дзыбын

Е.

Евген
Егор
Елбрус
Ебыздыхъо
Елдзарыхъо
Елизбар
Елмæрза
Елхъан
Емæза
Енвер
Еристау(д.)
Ермак
Есе
Ефим

З.

Залун(д.)
Залым
Зарбег
Зауыр
Захар
Зевæг(д.)
Зелим
Знауыр
Зураб

И.

Ибрагим
Иван
Измаил
Ила
Илас
Ило
Инал
Индрис
Инус
Иосиф
Иран
Ирбег
Иссæ
Исахъ
Ислам
Исламбег
Иуане
Индырбег
Ирызбег

К.

Кабæ
Кала
Кермен(д.)
Керым
Ким
Клим
Коки
Кола
Кота
Кудза
Кудзиго (д.)
Куыдзæг
Куыдзыго
Куыдзой
Куыртта

Куыцыкк
Керымбег

**Къ.**

Кьабе
Къанц
Къæдзæх
Къæлæу
Къобор
Къозе
Къоста
Къола

**Л.**

Лаврент
Ладемыр
Лади
Лексо
Леуан
Лола
Лухьман

**М.**

Маме
Маме
Майор
Майрæм
Майрæнсау (д.)
Майрæнхъул (д.)
Македон
Максим
Мали
Малхаз
Малцæг
Мами
Мамсыр
Марат
Матæрса
Мате
Махар
Мæза
Мæир
Мæрза
Мæхæмæт
Мæцыхьо
Мими
Мир
Мирон
Михаил
Моисей
Морат(д.)
Мукара
Мулдар
Мурат
Мустафа
Муссæ
Мухар
Мухарбег
Мырзабег
Мысост
Мысырби
Мæхæмæтджери

**Н.**

Наге
Налыхъ
Науырыз
Нафи
Нæуæг
Николай
Ноги
Нох(д.)

**О.**

Оба
Олег
Орæзмæг(д.)
Ораз(д.)
Осмæн
Отар

**П.**

Павел
Пепе
Писыр
Пши
Пысыма

**Р.**

Рагим
Радион
Разден
Рамазан
Раман
Рæмон
Резо(х.)
Ренат
Реуаз(х.)
Роман
Ростик
Ростом(х.)
Руслан
Рустам(хъ.)
Рушан(х.)
Рустамбег

**С.**

Саба(х.)
Сабаз
Сабан(д.)
Сабе
Садуллæд
Салам
Саламгери(д.)
Саламджери
Салат
Сана
Санге
Сандыр
Сапсыхъо
Сардо(х.)
Сауи(х.)
Саукуй(д.)
Саукуыдз
Саулæг
Саулох(х.)
Сахълæу
Сафар
Сафарбег
Сафарби
Сафонка
Саханджери
Сахъман
Сæге
Сæлæдин
Сæрæби
Сæрмæт
Сæуа
Сæууай
Сæхмæт
Себа(х)
Семен
Секъа
Серафим
Сергей
Симон(х.)
Сирдон(д.)
Слан
Смел
Соби
Сограт(х.)
Соза
Созрухъо(д.)
Созыр
Созырыхъо
Солæман

Соломон
Солтан
Солтанбег
Сослан
Сосланбег
Спартак
Степан(х.)
Сулейман
Султан(д.)
Сумахуæ(д.)

**Т.**

Табег
Тауе
Таджи
Тазæрет(д.)
Тазе
Таймаз(д.)
Таймураз
Тамби
Тамерлан
Тапсыхъо
Тасолтан
Тæга
Тæгæ
Тæтæри
Тебо
Тего
Тедо(х.)
Тембол
Темболат
Темыр
Темырболат
Темирсолтан(д.)
Темырби
Темырсолтан
Темырхъан
Тепсарыхъо
Тепсыхъо
Теса
Тимофей
Томай
Тотырадз
Тотырбег
Тох
Тугъан
Тузар
Тымыгъ
Тъепа
Темырби

**У.**

Уаз
Уари
Уæрæзмæг(д.)
Уæрхæг
Уба
Угъалыхъ
Умар
Умарбег
Уырызмæг
Уырысби
Уырысхан

**Ф.**

Фарн
Фацбай(д.)
Федар(д.)
Федыр
Фырауыз

**Х.**

Хабек
Хабос
Хаджи
Хаджибар(д.)
Хаджибекир(д.)
Хаджимурзæ(д.)
Хаджумар
Хадзарет(д.)
Хадзырæт
Хадзыбатыр
Хадзыбечыр
Хадзымурат
Хадзымæт
Хадзымырзæ
Хадзимуссæ(д.)
Хадзысмел
Хазби
Хайман
Хамби
Хамырзæ
Ханби(д.)
Ханджери
Хари
Харитон
Хасæхъо
Харум(д.)
Хасан
Хасанбег
Хатæхцыхъо
Хату
Хæба
Хæмæт
Хæмæтхъан
Хæмиц(д.)
Хæрис
Хæсанæ
Хетæг
Хози
Хох
Хосдзау
Хусин(д.)
Хуысинæ

**Хъ.**

Хъаз
Хъазан
Хъазыбег
Хъазгерий(д.)
Хъазджери
Хъази
Хъазмæхæмæт
Хъайсæн(д.)
Хъайсын
Хъайтар
Хъайтыхъо
Хъамболат
Хъанте
Хъантемыр
Хъарадзау
Хъарман
Хъасай
Хъасбол
Хъасболат
Хъауырбег
Хъæвдын
Хъæрæсе
Хъуыдайнаг
Хъуыбады
Хъуыдæбер(д.)
Хъуырігъохъо
Хъыбыл
Хъызбег
Хъылци
Хъылцыхъо
Хъырым
Хъырымсолтан

**Ц.**

Цагко
Цæра
Цæрай(д.)

Цæргæс
Цæттæлæг
Цикъæ
Ципкæ
Цицкæ
Цола
Цомахъ
Цоцко

**Цъ.**

Цъæхлæг
Цъæхил
Цъибит (х.)
Цъицъа(х.)

**Ч.**

Чака(х.)
Чали(х.)
Чапка(х.)
Челемет
Чермен
Чех
Чингиз
Чоча(х.)

**Ш.**

Шакро(х.)
Шалва(х.)
Шамил
Шикъо(х.)
Шота(х.)
Шошка(х.)

**Э.**

Эдуард
Эльбрус
Элызбар(х.)
Энвер
Эристау(д.)

**Ю.**

Юрæ
Юрий

**Я.**

Яков
Япон
Ясон(х.)

# ИМИСУЙНÆГТÆ

*Дегъуаты Соня*

## ЦÆРЫНЫ АККАГ ГУЫРД УЫД БÆРГÆ...

Æрæджы чингуыты тæрхæгыл ме 'мкаст фæци Доцоты Зояйы чиныг "Дзæгъæлдзу дымгæ". Райстон та йæ мæ къух-мæ, æмæ арф ныуулæфыдтæн: "Цы хъæбултæ дын вæййы æмæ кæмæйты бавдæлон вæййыс, нæ Иры уæзæг!

Нæ бангыст Зояйæн йæ бæллицтæ æмæ йæ фæндтæ кæронмæ сæххæст кæнын. Хорз рæстæг нæ фæзынд а ду-немæ, нæ Райгуырæныл æппæтæй зындæр рæстæджытæ куы скодта, туг ныл донау куы уарыд фашистон Германы аза-рæй, уæд ма йæ ныййарæджы фæдджийыл хæцыд Зоя, уæд æрхызт йæ хъæбысæй. Æмæ ма цавæр рæвдыд æййæфтаид, кæй ма æвдæлд уымæ, фыды рæвдыд æппындæр нал бан-къардта, фæлæ йæ ныййарæгæй дæр. Æмæ йын йæ саби-дуджы фыд рæстæг æмæ хъизæмайраг цæрдтытæ æгъаты-рæй сæ фæд ныууагътой йæ хъысмæтыл.

Йæ къахайст кæмæн фæрæстмæ вæййы йæ райгуырæн къонайæ йе 'ркуæн хæдзармæ, уыдонæй иуыл нымадта йæхи йæ ныййарæг Цæлыккаты Рæдимхан, Доцоты Дудары къæй-рæбынмæ кæй æркуывта, уымæй. Фæрнджын бинонтыл нымадтой сæхи, сæ ног царды быдур æвæрынмæ "а" æмæ "о"-йæ куы бавнæлдтой, уæдæй фæстæмæ. Дыууæйæ дæр кодтой рухс та-уыны куыст, куыстой ахуыр-гæнджытæй. Стæй ма уымæй уæлдай Дудар йæ хъус дардта сфæлдыстадмæ. Фыста радзыр-дтæ, уацтæ, фе-льетонтæ. Мы-хуыр ын сæ кодтой журнал "Мах дуг", га-зеттæ...



*Зоя е 'нсувæри хæццæ*

Бындзарæй нынкъуыст Рæдимхан æмæ Дудары ногамад царды бындурдæр бирæ кæйдæртау фашистон Германы мæлæтхæссæг уады уынæрæй. Фыццаг фæдисонтимæ æмбойны фæраст Дудар дæр хæсты быдырмæ, ногуагъд карчы цъиутау, йе 'нахъом сабитæ 'мæ æвæрæз цардæмбалы æцæгæлон хъæуубæстимæ фæуадзгæйæ — Мызуры куыста уæд ахуыргæнæгæй.

Куыннæ батыхстаид дыууæ æнахъом сабиимæ Зояйы ныййарæг — сæ иу йæ хъæбысы, иннæ йæ фæдджийыл хæцгæйæ, уæды рæстæджы зын цæрдтыты. Æхсæвы бакондæм бон ссарды хуызæн каст, афтæмæй йыл ныддаргъ сты æнæхуыссæг æхсæвтæ æмæ æнæнцой бонтæ, йæ рæвдыдхъуаг сабиты раз къæмдзæстыгхуыз уæвгæйæ.

Фæци хæст, фæлæ уæддæр йæ гаччы нал сбадти бинонты цард, нал сæм æрбафтыд фыды æфтиаг, хъысмæты фидæхардæй фаг сахуыста Дудар: хæсты быдыр, уацайраджы къæлæт, тар ахæстон уæззау хъадамантимæ. Къахырæй базад бинонты къорд, зæрдæсастæй — йæ цардæмбал, рæвдыдхъуагæй — йæ байзæддаг. Æрмæст мады хидвæллой æмæ домаг цæстæнгасы фæрцы бахъомыл сты рæстудæй сабитæ.

О, æгæр раджы сахуыста Зоя царды хъыцъыдæттæй, æгæр раджы йын банкъардта йæ фыдæхард. Никуы райхъуыст сабийау йе 'мгæртты 'хсæнæй йæ хъæлдзæг худт, йæ цъæхснаг хъæлæс. Йæхимæ хъусыныл фæци чысылæй фæстæмæ. Нæ балæууыд, хъæуккаг чызг уæвгæйæ, никуы ирон хъæзты кæрон, нæ дзы афæлвæрдта йе 'мбæлттау, йæ арæхст равдисыныл. Уый нæ, фæлæ ма йын нæ фæци, кæд бирæты цæстæнгас химæ здæхта, уæддæр йæхицæн барыхай равзарыны фадат дæр, йæ кар амонгæ уæвгæйæ. Нæ йæ 'вдæлд уыдæттæм. Æндæр уыдысты йæ бæллицтæ, æндæр уыд йæ фæндаг.

Æгæр раджы кæй райдыдта сауы урсæй иртасын, æвзæры хорзæй, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, Зояйæн феххуыс афоныл царды раст фæндаг равзарынæн. Хъæууон æнæххæст астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ Зоя ахуырмæ бацыд Орджоникидзейы педагогон училищемæ, йæ фыццаг бæллиц йæ ныййарæджы царды уæззау æргъом тагъддæр фæрогдæр кæнын кæй уыди, уымæ гæсгæ. Уый каст куы фæци, уæд кусын райдыдта ахуыргæнæгæй сæ-

химæ, Пысылмонхъæуы, ныртæккæ Ногхъæу кæй хонынц, уым.

Йæ дыккаг бæллиц та Зояйæн уыд сæ кæлæццаг хæдзары къуым раивын æмæ кусын куы райдыдта, ууыл бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ районы финансты хайадмæ курдиат бахаста: "Æфстау æхца мын раттут". Æвзонг чызджы йæ сæрæй йæ къæхтæм сбарстой æмæ йын загътой: "Æхца дын раттиккам бæгуы, фæлæ сæ фидгæ та чи бакæндзæн?"

— Фидгæ? Æз! Æз кусгæ кæнын! — ныфсджынæй сын дзуапп радта чызг. Æмæ та йæ дыккаг бæллиц дæр сæххæст Зояйæн. Фæстæдæр сæ хъæубæстæ фæфидауцджындæр, Зояйы тæлæссонд æвзонг уды фæллойæ арæзт агуыридуркъул бæстыхайæ.

Сæ царды фадæттæй йæ зæрдæ куы фæрухсдæр царджбæллон чызгæн, уыцы рæстæгмæ каст фæци педагогон институты фæсаууонмæ хайад дæр. Фæлæ та уый дæр æгъгъæдыл нæ банымадта Зоя, уыцы зонындзинæдтæ йын фадат нæ лæвæрдтой йе 'рдзон курдиат раргом кæнынæн. Æмæ 1967 азы, йæ куыст нæ ныууадзгæйæ, фæстæмæ ахуырмæ бацыд Мæскуыйы А.М.Горькийы номыл литературон институты фæсаууонмæйы хайадмæ æмæ йæ каст фæци 1972 азы.

Гъе, æрмæст йæ къухмæ нал райста Зоя, афтæ тынг кæмæ бæллыд, уыцы диплом, нал ын ыл бантыст бацин кæнын, нал æй нылхъывта йæ риумæ. Цыбыр рæстæгмæ, арвæй дур æрхауæгау, йæ цармы ампылд хъызтæфхæрд дидинæгау, фыднизæй. Батар ыл йæ бон æрдзы рæсугъддæр афон 9 апрелы 1972 азы. Йæ фырнымд æмæ йæ фыруæзданæй, æгæрыстæмæй, йæ удæгасæй йæ уацмысты æмбырдгонд чиныгæй рауадзыныл дæр нæ бацархайдта. Нал федта кæрдæджы цъæх, нал фехъуыста уазæгуаты фæзынæг тæхгæ мæргъты хъæлдзæг цъыбар-цъыбур. Нал ын бантыст, хи хъæбултау, фыццæгæм къласæй æстæм къласы онг, сæ хъуысты ныхæстæгæнгæ кæмæн фæцыд, сæ кæахдзæфтæ баргæйæ, уыцы ахуырдзауты дæсæм къласы онг фæхæццæ кæнын дæр. Бахъуыд сæ, цæссыгкалгæ, сæркъулæй йæ табæты раз æрлæууын.

Гъе, фæлæ кæд абон не 'хсæн нал ис Зоя, уæддæр йæ ном сæфт нæ уыдзæн, чи йæ зыдта æмæ йæ уацмыстимæ

зонгæ цы чиныгкæсджытæ сты, уыдонæй. Мысдзысты йæ хæдæфсарм, хæд–зонд, курдиатджын ныгуылд хуры ты–нæй. Кæд ын бирæ нæ бантыст, йæ бæллицты хал кæд æр–дæгыл фесктуыд, уæддæр йе 'рмдзæф фæзынд ирон литe–ратурæйы хуымгæнды, йе 'вæрæн бахаста аивады къæбиц–мæ, кæд дзы арф ауæдз акæнын йæ къухы нæ бафтыд, уæд–дæр.

Зояйы уацмыстæ фыццагдæр мыхуыры зынын райдыд–той 1965–1966 азты. Мыхуыргонд ын цыдысты "Мах дуд–жы", газеттæ "Рæстдзинад"–ы æмæ районы газеты. Уыцы рæстæг базонгæ дæн æз дæр йемæ, йæ уацмыстæ "Мах дуд–жы" редакцимæ хæссын куы райдыдта. Сабыргай–иу дуар бахоста, стæй–иу, ног чындзау, æфсæрмдзастæй нымдгæнгæ бахызт дуарæй, раст–иу цыма кувæндонмæ цыди, уыйау фæлмæн мидбыл худгæйæ. Афтæмæй уайы абон дæр мæ цæстытыл, кæд ын йæ мæрдон хуыз федтон, уæддæр.

Зояйы уацмыстæй къордимæ у зонгæ чиныгкæсæг: "Тæ–уырзæты чызг", "Гъа де 'лхуый!", "Сыгъзæрин цъарджын къафетт", "Хъохъо", "Сæрæн чызг дæн æз", "Гудочы та?", "Дæ цъис нæу", "Ханты цагъд", "Сыгъзæрин" æмæ æндæртæ. Уый йæ уацмысты хурмæ хаста, æнæуынон ын цы уыди цар–ды, йæ зæрдæ цæуылты æмæ кæуылты худт, уыдон къахд–зæфтæ. Худти æхсæнады исбон æмæ иумæйаг хъуыддагмæ бæхы марды цæстæй чи кæсы, царды гуылфæнтæ æмæ фæйлауæнты мулк йеддæмæ чи ницы уыны, кæмæй цы ра–тонон, уый йæ рухс бæллиц кæмæн у, арахъхъы къоппайыл йæ кад, йæ намыс чи ивы, ахæмтыл.

Бакæсæм ма йын мæнæ йæ уацмыстæй иу "Рекс", зæгъгæ, уымæй иуцалдæр рæнхъы: "О, фынддæс азы рацыд, мæ хицау мæ гыццыл къæбылайæ цъиуты базары куы балхæдта, уæдæй нырмæ. Хъуыды ма кæнын: иу уаргæ бон мæ æрбаласта сæхимæ, цавæрдæр æнуды тæфгæнаг чыргъæдгондæй мæ систа уазал къухæй æмæ уайтагъд мæ разы хъарм æхсыры къус февзæрд. Пъолыл дæр нæ – стъолыл, афтæмæй ты–харæзт мидбылхудтимæ æппæлыди йæ усæн:

– Зоныс, ныртæккæ нæ горæты раззагдæр хæдзæрттæй иу дæр æнæ мидæгæйдаргæ куыдз нал у... – Æмæ ныммайын райдыдта, куыйтæ кæмæ уыд, уыцы лæгты нæмттæ. Модæ... Куыйты модæ... Ацы горæты раззагдæр хæдзæрттæй иу дæр

ænæ mæ хуызæн куыдз нæу".

Ам Зояйы зæрдæ худы, модæты уацары чи бахауы æмæ æнад комдзаг æууилæгау, уазал зæрдæйæ, удгоймагау, Бархи цардæн лæвæрд цæрæгойæ йæхицæн цагъар чи саразы, йе 'мбынг æй чи 'рбадын кæны, йæ бынат ын зонгæ уæвгæйæ, уыцы афтидуд мулчы хицæуттыл. Ома йын æнæуынон, мыййаг нæу куыдз Зояйæн, фæлæ, чи цы царды фадæттæн равзæрд æмæ цы бынаты аккаг у, уыдон ын йæ зæрдæйæн адджындæр сты, хуыздæр ыл фидауынц. Байхъусæм ма мæнæ Рексæн йæхимæ: "Мæ зонгæ куыйтæ мæм хæлæг кæнынц, цы амонд, дам, дæ фæци, ома хъæздыг хæдзары кæй цæрын, уый тыххæй. Æдылы къоппатæ! Æз та уыдон æныгус цардмæ хæлæг кæнын. Цы у мæ цард. Бонæн йæ иу æмбис фынæй фæкæнын, иннæ та мыл тезгъо кæнынæй аивгъуыйы фондз уаты 'хсæн. Куы стъолы бын фæмидæг вæййын, куы бандоны къахмæ басмудын... Пъолыл цæуын дзы нæ хъæуы мыййаг — гауызтыл. Фæлæ диссаг сты. Иу дзаумайыл нæма сахуыр вæййын æмæ та сæ уайтагъд æндæртæй аивынц... Цы кæной уæвгæ дæр. Модæ".

Йæхи зондахаст, йæхи цæстæнгас ис Зояйæн цардмæ. Цы уыдта, йæ алыварс цытæ цыд, уыдон æндæргау сæ фæд уагътой йе 'нкъараг зæрдæйы, æмæ сæ лыстæг сасирæй луарæгау, йæ зондахасты джиппы уагъта. Цæуыл худти йæ зæрдæ, цæмæ хаста фау — нæ сæ уыд æнæзæгъгæ йæ бон, нæ сæм лæууыд йæ уайдзæфы хай æнæ баппаргæ.

Зын вæййы карджын адæймагæн, йæ царды фылдæр бонтæ кæм арвиты, йæ хъыг, йæ цин кæимæ фæдих кæны, къуыргтон каркау, йæ уырзбынтæ кæм баихсыйынц, хорзæй, æвзæрæй, уыцы хъæубæстæ, уыцы уæзæгæй фенкъуысын. Зынаргъ ын вæййынц йæхи хидвæллойæ ссаргæ царды фæрæзтæ, кæд ын дзы зæрдæзæгъгæ царды фадæгтæ нæ вæййы, уæддæр. Фæлæ, хъыгагæн, арæх хъуыддагмæ фæкæсынц уазал цæстæй, сæхи фæндæгтæ æхсæдгæйæ. Нæу семæ разы уыдонæн Зоя. Байхъусæм ма йын йæхимæ йæ радзырд "ханты цагъдæй" скъуыддзæгтæм:

"Ног хæдзармæ куы ивтой æндæраз Дзæлиготæ, уæд сæ фыдæлтыккон хæрзæгътæй иуы дæр нал бахастой уырдæм: къамоды зæрондæй уа, тъахтинæй, табуреткæйæ — иуыл дзы нал барвæссыдысты чындзытæ, ногæлхæд æрттивгæ дзау

матæ æрæвæрдтой алы уаты дæр. Искуы йæ чындздзон сын-тæгыл сыстырзæрдæ уыдзæн, уый æнхъæл никуы уыд Дзæ-лиго, фæлæ, тæригъæд ын ма уæд, сарайы чъылдыммæ ахаудп уый дæр. Уым кæрдо бæласы бын лæууы, мæгуырæг, сæр-дæй, зымæгæй. Уары йыл. Ныкъкъæдзтæ ис хурмæ, пыз-зылынтæ".

О, æвзæр цот не схъомыл кодтой Хæчъассæ æмæ Дзæ-лиго, адæмы æмрæгъ рацыдысты сæ цот æмхуызонæй дæр — æртæ чызджы æмæ æртæ лæппуйы. Ссардта сæ алчи дæр царды йæ бынат. Чызджытæ афоныл фæцыдысты æндæр хæдзæрттæм, ссардтой сæ амæндтæ. Лæппутæй, чи куыд арæхсти, афтæ алчи йæ зонындзинадмæ гæсгæ — фæлæу-уыд куысты, фæпырх сты алырдæмты царды фæндæгтыл. Фæлæ сæ рох никæмæй уыдысты сæ фыдæбонджын ныйй-арджытæ. Фæндыди салкæй дæр сæ барæвдауын, сæ фæл-лой бахатын, куы сæ баулæфын кодтаиккой сæ царды фæз-зæг, уый. Гъе, æрмæст сæ ферох иу хъуыддаг — хи уæзæг æмæ хидвæллой адæмагæн зынаргъ кæй сты. Лæппутæй алкæй дæр фæндыд Хæчъассæ æмæ Дзæлигойы сæхимæ аласын. Ома, хъæуккаг цард ницы у, цоппай дзы бирæ ис: кæм фосмæ зилын хъæуы, кæм пецимæ архайын зымæгон. Горæт та горæт у æмæ сулæфиккой. "Фæлæ Хæчъассæ ахæм фыд нæ уыд, дæлейæ уæлæмæ уынаффæ кæмæн кæной йæ фырттæ. Бахудти кæддæр сæ ныхасыл, дзургæ ницы скодта, фæлæ йæ бамбæрстой лæппутæ, дыккаг хатт уыцы кой кæ-нын кæй ницы радавдзæн, нал æй ской кодтой. Ныр уай-тагъд хæлттæ æппарынмæ фесты æртæ лæппуйы, мады сæ йæхимæ чи аласдзæн, уыил, фæлæ сæ Дзæлиго кой дæр нæ бауагъта.

— Нæ, мæ хуртæ, нæ. Уæ иумæ дæр нæ цæуын. Нырма ам фезмæлынхъом дæн, мæ зонд нæма цуды, — загъта сын æргом, сусæгæй йæ куатæйы фæдджийæ йæ цæссыгтæ асæрфгæйæ. Афæдз иунæгæй фæцард Дзæлиго, хистытæ фæкодта, фæлæ афæдзы фынджыдзаг куы скодта, уæд æй нал ныууагътой лæппутæ".

Мæнмæ та ма цæмæн æхсайой æниу сæ зæрдæтæ, афтæ дæр гыццыл куынæ сты сæ сагъæстæ, зæгъгæ, семæ сразы Дзæлиго æмæ кæстæр лæппуимæ ацæуыныл сразы. Фæлæ... "Дуары зæгæлтæ къуырын куы райдыдтой, уæд Дзæлиго

адæргæй йæхи уынгмæ айста, фæлæ уырдæм дæр [illegible] дзæбуджы зæрдæхалæн къуш — къуш, æмæ уæд нæ [illegible] æрбауынгæг. Хæчъассæйы мардыл дæр уыйас нæ [illegible] æвæццæгæн".

Ацыд æнæбары Дзæлиго, сæ арм ын фынгæн дардтой чындзæй, фыртæй, сабийæ, фæлæ сæм уæддæр йæ бын нæ 'рхъарм. Кæд ма сæмбæлдзæн йæ кæлæеццаг къуымыл, æх — сæвæй — бонæй йæ хъуыдытæ иуылдæр баст уыдысты уыцы хъуыдыимæ. Æмæ æппынфæстаг мæнæ йæ кæрт!... "Хæчъ — ассæйы хæрззылд кæрты нысыра астæуæй фæуæлдæр. Дыууæ цъæх хæрæджы йæ бæстастæу слæуыдысты æмæ цыдæр стон — стон кæнынц зæххæй".

Нæ байрох сты Зояйæ йе 'нæтавд сабидуджы хъизæ — майраг царды уавæртæ æмæ нывтæ, йе 'намонд ныййарæджы сонты фыдæбæттæ. Мысыд сæ фыдфынау. Уымæ гæсгæ хорз æнкъардта сабиты миддуне, зонгæ йын уыдысты сæ бæл — лицтæ, цардæн йе 'нæуынон цаутæ. Æмæ сæ фæдзæхста хи — стæртыл, ныййарджытыл, цæмæй се 'рдзон рухс зондахас — тыл ма фæзына тар æндæрг, æнæфыст гæххæттау сын баз — зайой сыгъдæгæй сæ мæнгæфсон цардбæллон зæрдætæ. Ма саходой царды фыдадæй. Уыдæттыл дзураг у йæ радзырд "Фыдæхсæв": "Тæрсын кæнынц Будзийы арвы знæт гæ — рæхтæ. Йæ цæстыты раз асыффытт ласынц æбуалгъ нывтæ: фесхъиудзæни нана арвы æрра цæлхъытæй... Фехъал уыд — зæн... Тыххæй байгом кæндзæн йæ хуыссæгхъуаг цæстытæ æмæ сонт каст скæндзæн къулмæ, стыр сахатмæ. Стæй уæд... Стæй, чи зоны, ногæй февналдзæн йæ кæнинагмæ. Кæнæ, чи зоны, афæлурс уыдзæн йæ цæсгом. Йæ цонг сбыцæу кæндзæн йæ сæрмæ æмæ кæсдзæн кæдæмдæр джихæй, дард кæмæдæр".

Ацы ран нæ зонгæ кæны Зоя уарзæгой зæрдæйы æнкъ — арæнтимæ. Куыд зын ын у йæ ныййарæджы æвадат зын царды фæрæзтæм кæсын:

"Сабыр, тынг сабыргай рабадт йæ хуыссæны Будзи. Йæ чысыл ногæлвыд сæр хъæвгæ æруагъта сынтæджы уазал чъилыл æмæ фестад æгуыппæг... Ардыгæй хорз уыны на — найы, хъусы йын йæ улæфт. Стъолыл даргæ цырагъы рух — смæ йæм зынынц йæ фæлурс уадултæ, мидæмæхауд тар цæсты бынтæ. Уыны йын, ныртæккæ дæр ма йе 'нгуылдзты

'хсæнæй дыууæ лыстæг телы кæмæн фертив – фертив кодта, уыцы къухтæ... Ныр сæ фæллад уадзынц. Æвæндон æмæ уæззауæй æрхаудысты йæ уæрджытыл.

Дысон дæр раст уым бадти нана. Бадти æнкъардæй æмæ быдта уыцы урс – урсид хъуырбæттæн. Будзи та йæм сусæгæй каст. Æмæ афтæ арæх кæй фæуадз – фæуадз кодта йæ куыст, уый нæ цыд лæппуйы зæрдæмæ. Цыфæнды гыццыл сыбырт æрбайхъуысæд æдде, æндæр – иу йæ хуыз ауад, кæнинаг – иу йæ уæрджытыл авæрдта æмæ – иу æнæуылæфгæйæ байхъуыста: кæд баба у...

Охх, куыд тынг фæндыдис Будзийы йæ мадæн зæрдæтæ авæрын. Фæлæ куыд?.. Йæхицæй хуыздæр чи зоны: уыцафонмæ бафæстиат баба кæмдæр, уæд æнæмæнг расыг у. Æмæ иугæр расыгæй куы 'рбацæуа, уæд та... Нæ, цыфæндыиæ дæр Будзи сфæнд кодта йæ мадæн баххус кæнын, хъал уæвын бабайы 'рбацыд..."

Къорд зæрдæмæдзæугæ, цардæй ист уацмысимæ нæ базонгæ кодта Зоя йе сфæлдыстадæй. Сæ фылдæр ын фыст сты рæзгæ фæлтæрæн, гом сын кæны сæ цæстытæ царды гуыргъахъ фæндæгтыл уæндон къахдзæфтæ кæнынмæ. Зонгæ сæ кæны, фидар царды бындур цæс ахсджиаг у адæймагæн йæ царды, æнæраст къахдзæф та йæ сæрсæфæны былмæ кæй сайы, дзæгъæлдзу дымгæйау, азимæг кæй фæвæййы йæ фæдонтæн дæр æмæ йæ ныййарджытæн дæр.

Уый бындурыл фыст у Зояйæн йæ радзырд "Дзæгъæлдзу дымгæ". Йæ уайдзæфы хай дзы кæны, сæ уды монцты зæрдæхудты бацæуыны бæсты, сæ сæры кад æмæ намыс ницæмæ даргæйæ, хæтæгхуаг царды сæр чи райсы, рог къахдзæфтæ кæнгæйæ, ахæмтæн.

"Мæ тæригъæд мæ фыртыл куы ныккæлид. Уый аххостæ мын сты, – дзæбæх нæма ахста йæ хъус дзыццайы ныхæстæ, се 'рдджытæ феккъуый – фескъуый кодтой, фæлæ сыл ахуыр у Аленкæ, иртæста сæ. – О! Арвыкæронмæ асхъиудта æхца кусыны æфсон, афтæмæй письмойы ххх дæр нал кæны. Мад дæр сæ ныууагъта. Йе 'фсымæртæ йæм æрхæццæ сты æмæ йæ акодтой. Лæппуйы хæсгæ кодта, фæлæ йын уый дæр кæбинкæйæ раппæрстой, сæ фыд, дам куы амæла..." ныр хæстæгæй хъуысыдысты дзыццайы ныхæстæ... Фанары рухсмæ фæзын – фæзын кодтой йæ даргъ къа –

байы фæдджитæ, иннæуыл цыбырдæр юбкæ... Чи уа? ... Уынæг фæци нæ чындзы горæты. Æрцæуинаг, дам, сæм у кæнынмæ æмæ бæргæ, уыцы хорз мыл куы 'рцæуид, цæ — лынмæ мын мæ туг нууылдæр нæ банызтой, уæдмæ".

Æрмæстдæр уæд бамбæрста сывæллон чызг йе 'фсымæр цы фæци, уый дзидцдайы ныхæстæ фехъусгæйæ æмæ фæ — ныфсджын. Бирæ йæ нал хъуыд ныхъхъæр кæнынмæ йæ дзыццамæ: "Акодта йæ уæдæ, акодта Жориччы!"

Ацы рап нæ Зоя зонгæ кæны, ныййарджыты цыбыр зонд æмæ æнæраст къахдзæфты азарæй хаттæн сабитæ хауæц — цаг куыд фæвæййынц, сæ саби дуг сын, зындон арты суд — зæгау, æнæуынон æмæ цæсты сындз куыд фесты, йæхицæн сæ зæнджы магъзыл цы хистæртæ фæнымайы, уыдоны та мæрдтыл кæй фефтауынц се 'нæбонæй.

Мыхуыры йын чи фæзынд, уыдонæй уæлдай Зояйæн, æрдæгæуууылд комдзæгтау, бирæ къухфыстытæ баззад æр — дæгфыстæй. Уыдонимæ радзырд "Норст цæхæр". Зын зæгъ — æн у, кæронмæ йын фыст куы фæцадаид, уæд ма нын дзы цытæ загътаид Зоя уый, фæлæ йын дзы цы бантыст ныф — фыссын, уым нæ уæлдай хатт зонгæ кæны сылгоймæджы æбардзинадимæ йæ амондыл сæмбæлыны сæрвæлтау. Йæ хъæлæсы бар ист у уыцы хъуыддаджы, фæлтау хъуамæ сойын цырагъау судза æмæ тайа йæ мидхъуырдухæны, фырнымд Дианæйау:

... Нал тавы хур Дианæйы, батар ыл йæ бон, скъуындæг ын цæрынæн дуне, нал уыны йæ развæндаг. Йе 'мбæлттæм бауайыны размæ дæр ма йæ риуыдзаг чи улæфыд, цæсты — рухсæй чи каст, йæ сæнтты уадсур æфсургъыл арвы цыппар къабазыл царды нæмгуытæ чи уыгъта, уыцы цардбæллон æвзонг чызг ныр æрчъидæджы æмпылд кæны йæ хъузджы, нал æй æндавы хуры тын:

"Бæргæ, куынæ бауадаин уыцы изæр фæсахуыр ме 'мбæлттæм мæхи аирхæфсынмæ. Саугуырм куы бацадаин фæлтау уыцы фыстæгмæ æркæсыны бæсты... Цы сын загъ — дæуа уыдонæн дæр, кæд сæ уымæй нæ фарсгон...

— О — о, дæ хъуыддаг раст æмæ нæм æгас цу, Дианæ! — æмхуызонæй фестадысты сæ бынæтгæй æмæ йæм дзуры сæ иу! Мæнæ нæм Ирыстонæй хуынды фыстæг! Шота нæ йæ чындзæхсæвмæ хоны. Æнæ сымах, дам, мын ад не скæн — дзæн мæ циндзинад!

— Цы–ы–ы?! Шота?! Чындзæхсæв?! — йæ зæрдæйы сонт цъæхахаст, фæдис хъæргæнæгау райхъуыст Дианæмæ, афтæмæй ма тыххæйты сфæрæзта уыцы ныхæстæ æмæ ризгæ къухæй февнæлдта фыстæгмæ. Дургом, æгуыппæгæй йыл ахаста йæ цæстæнгас æмæ йæ стъолыл авæрдта:

— Бахатыр кæнут лæппутæ, æнхъæлдæн, мæ иту... нæ рафтыдтон... — фæстæмæ фæзылди чызг æмæ феддæдуар. Йæ зæнгты тых цыдæр фæци, цæстытæ тартæ кæнынц æмæ къулы 'нцæйтты сабыргай йæхи йæ уæрджытыл æруагъта.

— Мæ арт бауазал Шота, уый цытæ хъусын?... Æцæг æви?.. Æмæ дæ уæд йæхицæн стыр ныфсытæ чи 'вæрдта, уый та?.. Цы фæуон уæд æз та?.. Ау, сайгæ мæ кодта мæ зæрдæ, гад–зрахатæй мыл цыди?.. Нæ, нæ... æгæр карз тæрхон ын у уый... нæ мæ уырны. Цы ма у уæд мæ цард хус сыфгæрау æнæ удæй?.. Кæй ма хъæуы... Авд дæлдзæхы фæу амæндтæ уарæг дæ хинтæ æмæ дæ кæлæнтимæ! Кæм дæ дытта, фæци йæ цард дæ чызгæн!.."

Ууыл фескъуыд йæ хъуыдыты хал Зояйæн йæ царды бон–гау, фæстаг стъæлф дзы нæ нывæргæйæ. Цас æй æххæс–тудæй радта — цы кондæй, цы уындæй, цы курдиатæй, уый ас æй цардамондæй бафхæрдта хъысмæт.

Фæлæ уæддæр цыбыр æмæ рæсугъд уыди йæ цардвæн–даг Зояйæн, цъæх арвы риуыл сæуæхсидты фæзындау.

Рох нæ уыдзæн йæ ном Иры дзыллæйæ, цæлынмæ ирон дзырды фарн лæггад кæна, уæдмæ, чи йæ зыдта, æмæ йын–иу йæ уацмысты фæзындмæ æнхъæлмæ чи каст, уыцы чин–гкæсджытæй æмæ йæ хъомылгæнинæгтæй.

# КУРУХОН ГЪУДИТИ ДУЙНЕЙ

*Малити Билар*

## СУГЪЗÆРИНÆ ГЪУДИТÆ

1. Хеуарзон неке уарзуй.
2. Арвæй дор æрхауæгау.
3. Æхе астъонæ ци цъеуæн нæ уа, е дзæгъæл æй.
4. Есгæбæлти цъифтæ калæг, æхебæл дæр цъæпп кæнуй.
5. Райгурæн бæстæ мадау æй, мадау æй гъæуай гъæуй.
6. Фæллойнæ кæми нæ уа, уоми амонд дæр нæййес.
7. Зæнхæ дзубандитæй не 'рхумæ кæндзæнæ.
8.Тиллæги еу бони куст анз хæссуй.
9. Хор бони къæвда уардау.
10. Саскъи фий си нæ балæссæнæй.
11. Фудгæнæгæн фуд фæуун тæрегъæд нæй.
12. Сæр ку уа, уæд ходæ дæр уодзæнæй.
13. Бæласæ æ едæгтæй иræзуй.
14. Цæргæс биндзитæ нæ ахæссуй.
15. Ревæд дзаумау гъæргæнагæ.
16. Тæрсагæ бæрзондмæ нæ хезуй.
17. Ка нæ зонуй, уой куст дзæгъæл æй.
18. Хе 'къæбæр еске æхцинæй хæлардæр æй.
19. Æрра бæхгин – донæсгарæг.
20. Хæрæги сæр фингæбæл неке æвæруй.
21. Сайæгой "мæ хæдзарæ содзуй", зæгъгæ, ку гъæр кæна, уæддæр ибæл неке бауæндздзæнæй.
22. Гъæлйæн "гъæла дæ", зæгъгæ, неке федис кæнуй.
23. Гъосгъонагæй фуддæр неци ес, æргом æзнагæй е тæс – сагдæр æй.
24. Гъосгъонагæ адæймаг æма маргæйдзæг хелагæ æм – хузæн æнцæ.
25. Гъосгъонагæ адæймаг бафхуæрунæн аргъ нæйес.
26. Бæласæн æ рæзæмæ гæсгæ, адæймагæн ба æ гъуд – дæгтæмæ гæсгæ аргъгæнгæ æй.
27. Хуарз æмбал зиндзийнæдти бæрæг кæнуй.
28. Фуд фæуун – феддуйнаг, хуарз фæуун – есуйнаг.
29. Æфхуæрæн загъд, къозойау, æ зæгъæгбæл фæстæ – мæ" схъеуй.

30. Къалеугун æма едаггин бæласи дон нæ ласуй.
31. Арф дон лæкъун нæ кæнуй.
32. Есгæмæн къагъд ку къахай, уæд æй дæхе акгаг кæнæ, дæхуæдæг си хаудзæнæ.
33. Адæймагæн е 'взаг цæхæн фæуй, æ зунд дæр уæхæн.
34. Дæ пъеретæбæл хуæцæ, е ба къæбæр хуæрай.
35. Хумæтæги фауæг – фудæзнаг, хумæтæги стауæг – ху – арзгæнæг.
36. Тухгин иуæнгтæй ес еу рамнурсæн, тухгин зундæй ба – сæдæ.
37. Лæгъузæн хуарз лимæнтæ нæ фæууй.
38. Лæгъузæн берæ бæрæггæнæнтæ фæууй.
39. Лæгъузæн æ куститæ дæр лæгъуз фæуунцæ.
40. Бæхи хуарздзинадæ догъи бæрæг кæнуй.
41. Бæрзонди рохс идардмæ зиннуй.
42. Лимæнтæн сæ рагæнгтæ хуæздæр æнцæ, дарæстæн ба – сæ нæуигутæ.
43. Хуарз зунд – хуарзи бундор.
44. Согтæ гъæдæмæ неке хæссуй.
45. Дон тæскъи хæссæгау.
46. Пурусатæ дæндагæй неке тонуй.
47. Берæ къохтæ къæдзæх дæр исæргъувунцæ.
48. Арф гъæди догъи неке уайуй.
49. Гæдзæгæнагæ стъалутæ ахæссуй.
50. Саг æгæр гæдзæгæнагæ ке адтæй, æнæкъæдзелæй уой бæлахæй байзадæй.
51. Хуарз тиллæг хуарз кустæй цæуй.
52. Фидæ æма фуртæ æмгарæ нæ фæуунцæ.
53. Ӕгæргæнæг – æгæнæг.
54. Фурдзæнхæ – æдзæнхæ.
55. Бера хуæрзтæ дæ ку гъæуа, уæд берæ хуæрзтæ кæнæ.
56. Хуцау раст адæймаги фарс æй.
57. Тиллæг гоморимæ æхуæдæг нæ цæуй.
58. Хуарзбæл фулдæр ихæстæ ес.
59. Дор хæрдмæ нæ зелуй.
60. Зелгæ дорбæл гъун нæ хуæцуй.
61. Хуцауи цæсти де 'нгулдзæ ма цæвæ.
62. Ӕлгъистæ – æлгъистæги.
63. Кæд къулух дæ – догъи ма уайæ.

64. Кæд хъæрæу дæ, уæд къæдзæхтæмæ ма хезæ.
65. Галгъæдæ уæсийнæбæл бæрæг æй.
66. Есге фудкойгæнагæ, æхе фуддæ нæ инагæ.
67. Хе къæбæр еске æхцинæй хæлардæр æй.
68. Бафæрсун кадæ, рæдуйун — æгадæ.
69. Зонис — дзорæ, нæ зонис — игъосæ.
70. Накæ кæнун ку нæ зонай — дони ма найæ.
71. Æнæ ахургæнгæй зонундзийнадæ нæ цæуй.
72. Цийнæн кæрон зонæ, зинæн ба — бухсун.
73. Хестæртæмæ игъосагæ — нæ рæдуйагæ.
74. Хæрд кæми ес, уоми урдӯг дæр ес.
75. Лимæни загъд — æргом, æзнаги загъд — фæсаонмæ.
76. Тæрсагæ æргом нæ цæуй.
77. Æнихæс лæг будургъæй уæлдай нæй.
78. Мæрдти бæсти — салдзабуртæ.
79. Хæрæгæн, дан, хахидæнттæ.
80. Маймули дарийти дæр маймули æй.
81. Есгæмæн хуарз ку фæууай — май дзорæ, есге дин хуарз ку фæууа — райдзорæ.
82. Игъосгæ лæмбунæг ка фæккæнуй, е дзоргæ дæр хуарз фæккæнуй.
83. Куст нæ зонис — май косæ, над нæ зонис — ма цо, дзорун нæ зонис — ма дзорæ.
84. Де 'знагмæ донгордæр ма цо.
85. Бæсти бекъæ æма коми дæгъæл æй.
86. Кæми уæрдун цæлхитæ фæлласунцæ, кæми ба цæлхитæ уæрдун.
87. Фагуси пуфæй аддæр — уоддæр нæй.
88. Уомæ дæр ма нæ кæсис, зугуни голлагау.
89. Берæгъ æфсæрми нæ лæдæруй.
90. Нур ба уæ куйтæ мегъæмæ рæйæнтæ.
91. Дæуухузæн лимæнтæ ба мин Китайи дæр — миллионтæ.
92. Куд мин æрдзæф кодтайтæ, уотæ ракафтон.
93. Æгадæн æ зундгин загъди дæр кадæ нæййес.
94. Мæгури хæдзарæ уазал æсмаг кæнуй.
95. Мæгурæн ци уй — сиуин сæрвасæн.
96. Æ мæгури хегъæ хуæруй.
97. Мæгури дуæрдтæ — хуæрзигон, гъæздуги дуæрдтæ — æмирæхгæд.

98. Берæгъ дæлисгæс искодтонцæ.

99. Неке гъæуи – робасæлдар.

100. Донбæл дæндтæ ку æфтуйа, уæд ивулуй.

101. Дзурд дзурдтæ къахуй.

102. Сæр, ци дæ нæмуй? Мæ цъух.

103. Маст рæдуйун кæнуй.

104. Масти фæдбæл цæуагæ – рæдуйагæ.

105. Ка тох кæнуй, уомæн саст фæуунæй тæссаг нæй, ка нæ, е ба цæттæ саст æй.

106. Кæд мæлгæ, уæд тохи, кæд цæргæ, уæдта сæреба – рæй.

107. Нæ зонаги сæр – нæ ресагæ.

108. Бера зонагæ – мадзора, минкъий зонагæ – дзорагæ.

109. Берæгъи мæлæтæй ку фæйервæзун кæнай, уæддæр дин дæ фустæбæл нæ байауæрддзæнæй.

110. Магоса мæгурдзинади мадæ æй.

111. Хуæддзо гъуддаг æнæ шофир машийни цудау æй.

112. Æмвæндæ ка нæ уа, уæхæн цауæйнæндтæ цауæни еумæ цæугæ нæй.

113. Давгутæ æмвæндæ ку нæ фæуунцæ, уæд ахæстдон – мæ хауунцæ.

114. Æзнаг хъаурæй басæддæг – хъаурæгин æй, зундæй басæддæг ба – зундгин.

115. Лæгъуз æмбалбæл зæрдæ дарун, тæнæг ехбæл цæ – уæгау æй.

116. Дæуæн еске ка рауæйæ кæна, е дæ рауæйæ кæнд – зæнæй.

117. Ку ницъцъифæ уай, уæд ницъцъифæ унæй мабал тæрсæ.

118.Дæ адæми æзнаг дæу æзнаг дæр æй.

119.Æ адæми æзнаги хæццæ лимæн ка кæнуй, е æ адæми æзнаг æй.

120. Дæ рæдудтитæ хъисмæти фуд ма кæнæ.

121. Тæссонд надбæл цæуæг – Уасгергий иуазæг.

122. Берæ дзæгъæлдзорæй еунæг гъæутæ загъд хуæздæр æй.

123. Ке хæццæ – зундули, дзилли"хсæн – æдули.

124. Дæ сосæг хабæргтæ æндæмæ ма уадзæ.

125. Кæбæл нигъгъæр кæнай, уомæн барæ дæддис дæ – хебæл дин нигъгъæр кæнунæн.

126. Ке ниццæвай, уомæн барæ дæддис дæхе дин ниц-цæвунæн.

127. Алли лæг дæр иннетæй цæмæйдæр лæгдæр æй, цæмæйдæрти ба — фæлмастдæр.

128. Æнæ еу лæгигъæдæ адæймаг нæйес.

129. Фудæнхитæ фудæнхитæй нæ састæ уй.

130. Цæмæй есге хæццæ еумæйаг æвзаг иссерай, ўой тух-хæй дæхе æвзагбæл фæххуæецæ.

131. Дæ лимæн де 'знаги лимæн ку исуа, уæд си тæрсæ.

132. Де 'знаги лимæнæй лимæн ма кæнæ.

133. Тухгин куй берæ нæ рæнуй.

134. Мадзора лæг æнæкаст киунугау æй.

135. Дуувæ гъуддаги хуарз нæ 'нцæ: мадзора ун, дзорун ку гъæуа, уæд, дзорагæ ун, мадзора ун ку гъæуа, уæд.

136. Адæймагæн дуувæ гъоси æма еу æвзаг уой туххæн лæвæрд æнцæ, цæмæй игъосгæ цæйбæрцæ кæнуй, дзоргæ ба уомæй дуувæ хатти минкъийдæр кæна.

137. Адæймаг дзорун цæмæй райдайа, уой туххæй æй фæгъгъæуй дуувæ анзи, цæмæй нигъгъос уа, уой туххæй ба — 80 анзи.

138. Дзубанди скъола æй: зундгин дзубанди игъосгути зундгин кæнуй, гъæла дзубанди ба — гъæла.

139. Мæтæ байтауæ — æрзайдзæнæй хъæппæрес, хъæппæрес байтауæ — æрзайдзæнæй уæлахез.

140. Цæмæй адæм дæ фæсте цæуонцæ, уомæй сæ разæй цæун гъæуй.

141. Фæстегæй размæ æрмæстдæр фонс фæттæрунцæ.

142. Хуарз разамонæг уæлахезтæй бæрæг кæнуй.

143. Хуарз сæрдари хуарз сæр гъæуй.

144. Берæ хæтти уæздан хецауи хуарздзийнæдтæ æ ху-æдæййевгутæ сæхе бози фæккæнунцæ.

145. Уæздан косгутæ уæлахезтæ æрхæссунцæ, налат хе-цæутæ ба хуæрзеугутæ райсунцæ

146. Еуетæ хумæ кæнунцæ, иннетæ ба хумидайæни кувд хуæрунцæ.

147. Еуетæ фонси фæдбæл хæтунцæ, иннетæ ба Фæл-вæрай туххæй фезонгутæ хуæрунцæ.

148.Дини косгутæ Хуцауи номæй адæми дæр сайунцæ, Хуцауи дæр сайунцæ.

149 Хæрсгæ гал цъæх хуасæ фæххуæруй, косгæ гал ба – уой фæлхуæрдтæ.

150. Еу фæйнæг фингæ исуй, иннæ фæйнæг ба – фагус – сæрфæн фиййаг.

151. Еу мехбæл кауæ бийæн нæййес.

152. Еу цъæхил кадгин лæдзæг исуй, иннæ цъæхил ба – хæрæгі сидзи тъиллинг.

153. Цийфæнди æмгусти дæр алке æхе куст кæнуй.

154. Хъæппæрес – бартæ æма ихæсти сувæллон æй.

155. Еуæй – еу дугкаг унæн игуруй, еуæй – еу ба – фиццаг унæн.

156. Мæнгæттæй дин сау ке хононцæ, е æцæгæй ба уорс фæууй.

157. Мæнгæттæн æ цæсгом инæ, æ нисан ба – лæдæрæ.

158. Мæнгæтти нисан – фудæнхæ.

159. Мæнгæтти къах цубур æй.

160. Фудæнхæ рæдудæй ку цæуа, уæддæр фудæнхæ æй.

161. Æивæндæ архайдæй зин гъуддаг дæр æнцонгæнæн æй, нихмитæй ба æнцон гъуддаг дæр зингæнæн æй.

162. Силгоймаги ку æфхуæрай, уæд ин дæ гъудити æ бæсти ниввæрæ дæ мади.

163. Кусти æхе мæтæ уæлдæр ка ивæра, уомæй хуарз косæг нæ уайуй.

164. Дзорагæ лæг игъосагитæ уарзуй.

165. Гъæргæнагæ хецау зин лæдæрæн æй.

166. Æвзедунæй кæнун хуæздæр æй.

167. Æвзедунæй дæ нæддæ æхгæнис.

168. Дзили фарнæй цард ивулуй.

169. Æлдар косæгæн æрмæстдæр æ куст инуй.

170. Косæги зунд – кустбæл, æлдари зунд – ухстбæл..

# ДЗУРДБИД




ГЮЛЬ

1. Ниуазæн. 2. Æгас зумæг æ лæгæти. 3. Гъæу Ирæфи районн. 4. Скъодтати Амурхани æмдзæвгæ. 5. Згелуй, къахуй, айдæнау æрттевуй. 6. Англисаг футболон клуб. 7. Францаг комедитæ фиисæг. 8. Бонæ тæлн æй, æхсæвæ – хелагæ. 9. Æртемæй фуддæр, фарастемæй ба минкъийдæр. 10. Уæзæласæн автомашинæ. 11. Хидирти Ехнай райгурæн гъæу. 12. Кений сæйраг горæт. 13. Уæззау æфсæйнаг. 14. Цадæ Финляндий. 15. Идард. 16. Албайнаг æхца. 17. Хамихъоти Хасанбеги æмдзæвгæ. 18. Æнæконгæ адæймаг. 19. Сирди муг–

гаг. 20. Бесати Тазей æмдзæвгæ. 21. Хуасæ кæрдæн бунат. 22. Нæдæр харбуз, нæдæр ниси. 23. Гурджибети Блашкай æмдзæвгæ. 24. Еу комæй иннæ коммæ бахезæн. 25. М.Ю. – Лермонтови æмдзæвгæ, кенæ ба бæхгин. 26. Евгъуд рæстæг. 27. Колити Виталий æмдзæвгæ. 28. Бæласи знаг. 29. Суд – зиндтæн сæ фидæ. 30. Адтæй XX – аг, ралæудтæй XXI – аг. 31. Устур горæт Турки. 32. Цъумур дон. 33. Æртайун иронау. 34. Бæласи муггаг. 35. Гурдзибети Бариси радзурд. 36. Нарти фазæндтæй сæ еуи ном. 37. Хуасдонæ. 38. 1900 анзи рап – гурдæй зундгонд... Абайти Василий. 39. Малити Геуæргий æмдзæвгæ. 40. Сурх уæс кæми исбадуй, уоми кæрдæг нæ рæзуй.

ДЗУÆППИТÆ

1. Сикъа. 2. Арс. 3. Секер. 4. Рагфæззæг. 5. Готон. 6. Нот – тингем. 7. Мольер. 8. Ронæ. 9. Æхсæз. 10. Зил. 11. Лескен. 12. Найроби. 13. Изди. 14. Инари. 15. Изол. 16. Лек. 17. Карк. 18. Кадæр. 19. Робас. 20. Саугъæди. 21. Игуæрдæн. 22. Насæ. 23. Æхсæвæ. 24. Æфцæг. 25. Русар. 26. Раги. 27. Ирæф. 28. Фæ – рæт. 29. Туасæ. 30. Æнос. 31. Стамбул. 32. Лæкъун. 33. Найын. 34. Назу. 35. Уадæ. 36. Æхсæртæг. 37. Гура. 38. Ахургонд. 39. Дзирасгæ. 40. Æртуат.

**Саразта æй**
**Хамихъоти Казбек**

## СÆРГÆНДТÆ

### ПОЭЗИ, ПРОЗÆ

Скъодтати Эльбрус. Æмдзæвгитæ.....3
Бицъоти Гриш. Ирон–дигорон дзубанди. Повесть.....20
Кокайти Тотраз. Æмдзæвгитæ.....75
Колити Витали. Радзурдтæ.....87
Годзойти Хасан. Æмдзæвгитæ.....104
Малити Леска. Амонди фæндагбæл. Аргъау.....110
Хъойбайти Сергей. Æмдзæвгитæ.....113
Келехсати Людмилæ. Къибирти Тимур нурикон литературон процесси.....117
Къибирти Тимур. Æмдзæвгитæ.....132

### НÆУÆГ ТÆЛМАЦТÆ

Михаил Зощенко. Кæттаг пъартфел. Пъесæ.....142

### НÆ ЮБИЛЯРТÆ

Джиккайти Шамил. Æмдзæвгитæ.....184

### ЛИТЕРАТУРОН БУНТÆЙ

Мамсурати Дæбе. Даухани скъола. Радзурд.....195
Оскар. Æнæрайхæлд гъудитæ.....199

### АДÆМОН СФÆЛДИСТАДÆ

### ПУБЛИЦИСТИКÆ

Гарданти Михал. Дигорон æвзаги истори.....226
Агънати Æхсарæ. Дзубанди ирон æма дигорон нæмтти туххæн.....240

### ИМИСУЙНÆГТÆ

Дегъуаты Соня. Цæруни аггаг игурд адтæй бæргæ.....253

### КУРУХОН ГЪУДИТИ ДУЙНЕЙ

Малити Батраз. Сугъзæринæ гъудитæ.....263
Дзурдбирд.....269